

Tatabasa Sunda Kiwari

Drs. Yayat Sudaryat, M.Hum.
Drs. H. Abud Prawirasumantri
Drs. H. Karna Yudibrata

PANGJAJAP

Tata basa mangrupa salasahiji dahan élmu basa anu medar seluk- beluk kaédah basa. Aya rupa-rupa kaédah basa, di antarana, tata sora (fonologi) anu ngulik adegan sora basa; tata kecap (morfologi) anu ngulik adegan kecap; tata kalimah (sintaksis) anu ngulik adegan kalimah; jeung tata wacana (pragmatik) anu ngulik adegan wacana. Jadi, aya unsur-unsur basa anu jadi garapan tata basa nya éta sora, morfém, kecap, frasa, klausa, kalimah, jeung wacana.

Adegan basa anu digambarkeun dina ieu buku ngajanggélék dina wangun pola-pola. Ngarumuskeun pola-pola téh didadasaran ku fénoména basa anu nyata; jadi, sipatna déskriptif. Najan kitu, teu kudu héran lamun aya data basa nu sipatna intuitif. Hal ieu dimeunangkeun lantaran nu nyusun ieu buku téh masih kénéh panyatur asli basa Sunda.

Conto-conto adegan basa anu dipidangkeun dina ieu buku dicutat tina wacana sastra, pangaweruh, jeung warta anu gelar dina buku-buku, majalah, koran, jeung hasil panalungtikan. Sanajan can bisa dicekel jadi padoman tata basa, hasil analisis déskriptif téh gedé gunana pikeun tatapakan enggoning nyusun kaédah basa atawa tata basa anu sipatna normatif atawa préskriptif. Tata basa baku, upamana, kudu disusun dumasar kana norma-norma anu galib dipaké dina komunikasi basa anu nyata, tangtuna baé sabada dikodifikasi luyu jeung tata cara standardisasi, sangkan kaédah anu dilakukeun téh henteu “ngangkang” tapi napak dina kanyataan. Tah, palebah dieu mah dipiharep ieu buku téh bisa mauran wawaran kana tarékah ngamumulé jeung mekarkeun basa Sunda katut élmunana.

Ku digelarkeunana ieu buku, lain duméh nu nyusunna luhur kaweruhna jembar panalarna, tapi éstuning hayang rumojong sasieureun sabeunyeureun kana tarékah ngamumulé basa Sunda. Atuh

teu kudu anéh mun dina ieu buku réa kurangna. Perkara éta mah moal rék disumputsalindungkeun, da geus nembrak ieu. Ku kituna, panggitik katut panyawad geusan nyarungsum ieu buku, pohara dianti-antina. Mugia aya mangpaatna. Cag!

Bandung, Désémber 2003

Pun panyusun,

AKY

DAFTAR EUSI

| | |
|--|----|
| PANGANTEUR..... | v |
| DAFTAR EUSI..... | vi |
| BAB I | |
| BUBUKA..... | 1 |
| 1.1 Kalungguhan jeung Pancén Basa Sunda..... | 1 |
| 1.2 Ragam Basa Sunda..... | 1 |
| 1.3 Basa Sunda anu Bener tur Merenah..... | 7 |
| 1.4 Basa Sunda Baku..... | 7 |
| 1.4.1 Ciri Basa Sunda Baku..... | 7 |
| 1.4.2 Tarékah Ngabakukeun Basa Sunda..... | 9 |
| 1.5 Ambahan Tata Basa Baku Basa Sunda..... | 11 |
| BAB II | |
| TATA SORA..... | 13 |
| 2.1 Ambahan Tata Sora..... | 13 |
| 2.2 Sora basa, Foném, jeung Aksara..... | 13 |
| 2.3 Alat Ucap..... | 14 |
| 2.4 Vokal..... | 16 |
| 2.4.1 Cara Ngawangun Vokal..... | 16 |
| 2.4.2 Sebaran Vokal..... | 23 |
| 2.5 Konsonan..... | 23 |
| 2.5.1 Cara Ngawangun Konsonan..... | 23 |
| 2.5.2 Sebaran Konsonan..... | 31 |
| 2.6 Runtuyan Sora, Engang, jeung Kecap..... | 32 |
| 2.6.1 Adegan Engang..... | 33 |
| 2.6.2 Runtuyan Sora..... | 34 |
| 2.6.2.1 Runtuyan Vokal..... | 34 |
| 2.6.2.2 Runtuyan Konsonan..... | 36 |
| 2.6.3 Kluster..... | 43 |
| 2.7 Ciri Supraségmétal..... | 46 |
| 2.8 Rinéka Sora..... | 47 |
| 2.8.1 Sirnaan..... | 48 |
| 2.8.2.1 Sirnapurwa..... | 48 |
| 2.8.2.2 Sirnamadya..... | 48 |
| 2.8.2.3 Sirnawekas..... | 48 |
| 2.8.2 Swarabakti..... | 48 |
| 2.8.2.1 Swarabakti Awal..... | 48 |

| | | | | | |
|---------|---|----|--------|---|-----|
| | 2.8.2.2 Swarabakti Tengah..... | 48 | | 3.5.3 Wangun Kecap Sipat..... | |
| | 2.8.2.3 Swarabakti Ahir..... | 48 | | 3.6 Kecap Bilangan (Numeralia)..... | |
| | 2.8.3 Bagentén..... | 49 | | 3.6.1 Wangenan Kecap Bilangan..... | |
| | 2.8.3.1 Bagentén Vokal..... | 49 | | 3.6.2 Wanda Kecap Bilangan..... | 132 |
| | 2.8.3.2 Bagentén Konsonan..... | 50 | | 3.6.3 Wangun Kecap Bilangan..... | 132 |
| | 2.8.4 Métatésis..... | 51 | | 3.7 Kecap Pancén (Partikel)..... | 136 |
| | 2.8.5 Asimilasi..... | 51 | | 3.7.1 Wangenan Kecap Pancén..... | 136 |
| | | | | 3.7.2 Wangun Kecap Pancén..... | 136 |
| BAB III | TATA KECAP..... | 48 | | 3.7.3 Wanda Kecap Pancén..... | 138 |
| | 3.1 Ambahan Tata Kecap..... | 48 | | 3.7.3.1 Kecap Panambah (Advérbia)..... | 138 |
| | 3.2 Kecap..... | 50 | | 3.7.3.2 Kecap Panyambung (Konjungsi)..... | 144 |
| | 3.2.1 Wangenan Kecap..... | 50 | | 3.7.3.3 Kecap Pangantét (Préposisi)..... | 146 |
| | 3.2.2 Pangwangun Kecap..... | 51 | | 3.7.3.4 Kecap Panyeluk (Interjéksi)..... | 160 |
| | 3.2.2.1 Morfém jeung Kecap..... | 51 | | | |
| | 3.2.2.2 Wujud Morfém: Morfem jeung Alomorf. | | BAB IV | TATA KALIMAH..... | 161 |
| | 3.2.2.3 Jangkar, Bakal, Bagal, Cakal, jeung Puhu. | | | 4.1 Hakekat Tata Kalimah..... | 161 |
| | 3.2.2.4 Wangun Asal jeung Wangun Dasar..... | | | 4.1.1 Wangenan Tata Kalimah..... | 161 |
| | 3.2.3 Pangwuwuh Kecap..... | | | 4.1.2 Ambahan Tata Kalimah..... | 161 |
| | 3.2.3.1 Afiks, Proléksém, Formatif, jeung Klitik... | | | 4.2 Frasa..... | 162 |
| | 3.2.4 Wangun Kecap..... | | | 4.2.1 Wangenan Frasa..... | 162 |
| | 3.2.4.1 Kecap Salancar..... | | | 4.2.2 Wanda Frasa..... | 162 |
| | 3.2.4.2 Kecap Rundayan..... | | | 4.2.2.1 Frasa Endosentrik..... | 163 |
| | 3.2.4.3 Kecap Rajékan..... | | | 4.2.2.2 Frasa Eksosentris..... | 166 |
| | 3.2.4.4 Kecap Kantétan..... | | | 4,2,3 Warna Frasa..... | 167 |
| | 3.2.4.5 Kecap Wancahan..... | | | 4.2.3.1 Frasa Nominal..... | 167 |
| | 3.2.5 Warna Kecap..... | | | 4.2.3.2 Frasa Verbal..... | 174 |
| | 3.3 Kecap Barang (Nomina)..... | | | 4.2.3.3 Frasa Adjektival..... | 180 |
| | 3.3.1 Wangenan Kecap Barang..... | | | 4.2.3.4 Frasa Numeral..... | 184 |
| | 3.3.2 Wanda Kecap Barang..... | | | 4.2.3.5 Frasa Preposisional..... | 187 |
| | 3.3.3 Wangun Kecap Barang..... | | | 4.3 Kalimah..... | 188 |
| | 3.4 Kecap Pagawéan (Verba)..... | | | 4.3.1 Wangenan Kalimah..... | 189 |
| | 3.4.1 Wangenan Kecap Pagawéan..... | | | 4.3.2 Unsur Kalimah..... | 190 |
| | 3.4.2 Wanda Kecap Pagawéan..... | | | 4.3.3 Wangun Kalimah..... | 194 |
| | 3.4.3 Wangun Kecap Pagawéan..... | | | 4.3.3.1 Kalimah Salancar..... | 194 |
| | 3.5 Kecap Sipat (Adjéktiva)..... | | | 4.3.3.1.1 Kalimah Basajan..... | 194 |
| | 3.5.1 Wangenan Kecap Sipat..... | | | 4.3.3.1.2 Kalimah Jembar..... | 194 |
| | 3.5.2 Wanda Kecap Sipat..... | | | | |

| | |
|---|-----|
| 4.3.3.2 Kalimah Rangkepan..... | 199 |
| 4.3.3.2.1 Kalimah Ngantet | 199 |
| 4.3.3.2.2 Kalimah Sumeler..... | 209 |
| 4.3.3.3 Kalimah Ringkesan..... | 219 |
| 4.3.3.3.1 Kalimah Singgetan..... | 219 |
| 4.3.3.3.2 Kalimah Runtuyan..... | 221 |
| 4.3.3.3.3 Kalimah Sambungan..... | 222 |
| 4.3.3.3.4 Kalimah Tambahan..... | 223 |
| 4.3.3.3.5 Kalimah Jawabann..... | 224 |
| 4.3.3.4 Kalimah Singget..... | 225 |
| 4.3.3.4.1 Kalimah Salam..... | 225 |
| 4.3.3.4.2 Kalimah Panyeluk..... | 225 |
| 4.3.3.4.3 Kalimah Panggero..... | 226 |
| 4.3.3.4.4 Kalimah Judul..... | 227 |
| 4.3.3.4.5 Kalimah Motto..... | 227 |
| 4.3.3.4.6 Kalimah Inskripsi..... | 228 |
| 4.3.4 Warna Kalimah..... | |
| 4.3.4.1 Kalimah Pagawean..... | |
| 4.3.4.1.1 Kalimah Ekalaju (Monotransitif)..... | |
| 4.3.4.1.2 KalimahDwilaju (Bitransitif)..... | |
| 4.3.4.1.3 Kalimah Madyalaju (Semitransitif).... | |
| 4.3.4.1.4 Kalimah Tanlaju (Intransitif)..... | |
| 4.3.4.1.5 Kalimah Migawe (Aktif)..... | |
| 4.3.4.1.6 Kalimah Dipigawe (Pasif)..... | |
| 4.3.4.1.7 Kalimah Migawe Maneh (Refleksif)... | |
| 4.3.4.1.8 Kalimah Silihbales (Resiprokal)..... | |
| 4.3.4.1.9 Kalimah Kahanan (Eksistif)..... | |
| 4.3.4.2 Kalimah Tanpagawean..... | |
| 4.3.4.2.1 Kalimah Barang..... | |
| 4.3.4.2.2 Kalimah Sipat..... | |
| 4.3.4.2.3 Kalimah Bilangan..... | |
| 4.3.4.2.4 Kalimah Pangantet..... | |
| 4.3.5 Wanda Kalimah..... | |
| 4.3.5.1 Kalimah Wawaran (Deklaratif)..... | |
| 4.3.5.2 Kalimah Pananya (Interogatif)..... | |
| 4.3.5.3 Kalimah Panitah (Imperatif)..... | |
| 4.3.5.4 Kalimah Ebrehan (Ekslamatif)..... | |

BAB V

| | |
|---|--|
| 4.3.5.5 Kalimah Anteban (Emfatik)..... | |
| 4.3.6 Transformasi Kalimah..... | |
| 4.3.6.1 Permutasi..... | |
| 4.3.6.2 Topikalisasi..... | |
| 4.3.6.3 Pamungkir (Negasi)..... | |
| 4.3.6.4 Delisi (Elipsis)..... | |
| TATA WACANA | |
| 5.1 Ambahan Tata Wacana..... | |
| 5.2 Wangenan Wacana..... | |
| 5.3 Wujudiah Wacana..... | |
| 5.3.1 Pakakas Wacana..... | |
| 5.3.2 Unsur-unsur Wacana..... | |
| 5.3.2.1 Dialog..... | |
| 5.3.2.2 Monolog..... | |
| 5.3.2.3 Paragraf..... | |
| 5.3.2.4 Kalimah..... | |
| 5.4 Kontéks Wacana..... | |
| 5.4.1 Undak usuk atawa Tatakrama Basa..... | |
| 5.4.2 Nu Maké Basa jeung Nu Dicaritakeun.. | |
| 5.4.3 Galur Omongan..... | |
| 5.4.4 Kasang Tukang Tempat, Waktu, Suasana. | |
| 5.4.5 Alat nu Digunakeun..... | |
| 5.4.6 Rasa, Nada, jeung Ragam Basa..... | |
| 5.4.7 Amanat jeung Tujuan Omongan..... | |
| 5.5 Adegan Wacana..... | |
| 5.5.1 Wangenan Adegan Wacana..... | |
| 5.5.2 Kohési..... | |
| 5.5.2.1 Kohési Gramatikal..... | |
| 5.5.2.2 Kohési Léksikal..... | |
| 5.5.2.3 Konjungsi..... | |
| 5.5.3 Kohérénsi..... | |
| 5.5.3.1 Kohérénsi Référénsial..... | |
| 5.5.3.2 Kohérénsi Tékstual..... | |
| 5.6 Ragam Wacana..... | |
| 5.6.1 Wanda Wacana..... | |

| |
|---------------------------------|
| 5.6.1.1 Wacana Lisan..... |
| 5.6.1.2 Wacana Tulis..... |
| 5.6.2 Wangun Wacana..... |
| 5.6.2.1 Wacana Narasi..... |
| 5.6.2.2 Wacana Deskripsi..... |
| 5.6.2.3 Wacana Eksposisi..... |
| 5.6.2.4 Wacana Argumentasi..... |
| 5.6.3 Warna Wacana..... |
| 5.6.3.1 Wacana Fiksi..... |
| 5.6.3.2 Wacana Non-fiksi..... |

| |
|---------------------|
| DAFTAR PUSTAKA..... |
|---------------------|

DAFTAR LAMBANG JEUNG SINGGETAN

| | |
|-------|---------------------------------|
| Ad | aditif |
| Al | alternatif |
| Apo | apositif |
| Atr | atribut |
| BS | basa Sunda |
| C | caritaan |
| Cak | cakal |
| D | dasar |
| FApo | frasa apositif |
| FAtr | frasa atributif |
| FKoor | frasa koordinatif |
| Ind | basa Indonésia |
| Ing | basa Inggris |
| J | jejer |
| Jw | basa Jawa |
| K | konsonan |
| KA | kecap panganteur |
| Kat | keterangan |
| KB | kecap barang |
| KBil | kecap bilangan |
| KP | kecap pagawéan |
| KPan | kecap panambah |
| KPang | kecap pangantét |
| KPany | kecap panyambung |
| KS | kecap sipat |
| Kw | basa Kawi |
| LBSS | Lembaga Basa jeung Sastra Sunda |
| N- | nasal |
| O | obyék |
| Pa | panglengkep |
| Pany | panyambung |
| Pran | basa Perancis |
| Pus | puseur |
| R | rajékan |
| Rdm | rajékan dwimurni |
| Rdp | rajékan dwipurwa |

| | |
|---------|----------------------------------|
| Rdr | rajékan dwiréka |
| Rtr | rajékan triréka atawa trilingga |
| Skr | basa Sanskerta |
| S | soraan; subyék |
| TS | teu soraan |
| U | udagan |
| UN | unsur |
| V | vokal |
| <-- | asalna tina |
| --> | obah jadi; ilikan |
| ↑ | bisa diganti ku; nuduhkeun |
| ↑ # | nada naék |
| ↓ # | nada turun |
| - | sandi kurang |
| + | sandi tambah |
| = | sarua jeung |
| = = | sawanda |
| x | lalawanan |
| (/) | sendi tunggal |
| (//) | sendi ganda |
| # | sendi képang rangkep |
| /.../ | ngahapit unsur fonémis (foném) |
| [...] | ngahapit fonétis (sora) |
| {...} | ngahapit unsur morfémis (morfém) |
| <...> | ngahapit unsur grafémis (abjad) |
| (...) | pilihan, atawa |
| 1, 2, 3 | tanda tingkatan nada |
| <---> | pakait atawa silihlingkepan |
| ↑ ↓ | bisa siligenti |
| ∅ | kosong |
| → | robah jadi, ngawangun |
| ← | asalna tina, robahan tina |

BAB I BUBUKA

1.1 Kalungguhan jeung Pancén Basa Sunda

Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunana. Jumlah panyaturna ogé kaitung réa, malah kaasup basa daérah kadua panggedéna di Indonésia sabada basa Jawa. Kalungguhan basa Sunda saméméh kamerdikaan nya éta salaku *basa pribumi*. Sabada puseur dayeuh Karesidénan Priangan dipindahkeun ti Cianjur ka Bandung, peranan kota Bandung téh dina ngamekarkeun budaya Sunda beuki undak. Basa Sunda di wewengkon Bandung leuwih undak kalungguhanana ti batan basa Sunda wewengkon séjénna. Samalah dina Lambaran Nagara (*Staatsblad*) No. 125 Taun 1893, Ayat 6, ditetepkeun yén “basa pribumi anu diajarkeun di sakola nya éta basa pribumi anu dianggap pangberesihna, saperti keur sakola-sakola di Jawa Barat kudu basa Sunda Bandung”. Nya ti harita munculna sesebutan *basa sakola*, nya éta basa anu diajarkeun di sakola-sakola. Ti dinya sesebutan basa sakola téh robah deui jadi *basa lulugu* atawa *basa baku*. Atuh basa Sunda wewengkon Bandung ogé robah jadi *basa Sunda lulugu*. Ari kuduna mah, istilah basa lulugu (baku) téh dipateungteungkeun jeung basa teu lulugu (baku). Ngan pédah dina kahirupan masarakat Sunda muncul istilah *basa Sunda wewengkon* minangka lalawanan tina basa Sunda lulugu téh.

Kiwari basa Sunda téh kaasup basa daérah nu masih dipiara tur diparaké ku masarakatna. Ku kituna, hirup-huripna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén “Di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rayatna kalawan hadé-hadé (upamana basa Jawa, Sunda, Madura, jeung sajabana), éta basa-basa téh bakal diajénan jeung dipiara ogé ku nagara.” Dipiarana basa Sunda ku masarakatna ébréh tina tarékah anu dipilampah ku LBSS jeung Lembaga Swadaya Masarakat (LSM) lianna, katut penerbit dina medalkeun buku-buku sarta kalawarta Sunda. Ari dipiarana basa Sunda ku pamaréntah ébréh tina ayana pangajaran basa Sunda di SD jeung SMP, ditambah ku sawatara SMU/SMK jeung paguron luhur saperti UPI, UNPAD, jeung UNPAS, sarta diadegkeunana Proyék Penelitian

Bahasa dan Sastra Indonésia dan Daérah-Jawa Barat Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Balai Bahasa Bandung, jeung Balai Pengembangan Bahasa Daérah Dinas Pendidikan Propinsi Jawa Barat. Bukti lian dipiarana basa Sunda ku pamaréntah nya éta kaluarana Perda Propinsi Jawa Barat Nomor 5 Tahun 2003 perkara *Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Aksara Daérah serta Petunjuk Pelaksanaannya*.

Hirup kumbuhna basa Sunda raket patalina jeung kahirupan sosial-budaya anu makéna. Ku kituna, jaba ti jadi unsur budaya Sunda, basa Sunda miboga fungsi jadi wahana pikeun mekarkeun budaya Sunda deuih. Jaba ti éta, basa Sunda anu mibanda kalungguhan jadi basa daérah téh sagulung-sagalang jeung basa Indonésia katut basa asing. Balukarna di antara éta basa-basa téh pasosok.

Dina kalungguhanana jadi basa daérah, saperti nu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jatidiri (idéntitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di sakola dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (ilikan Halim Ēd., 1980:151).

Perkara kalungguhan jeung fungsi basa Sunda kungsi ditandeskeun deui dina Kongrés Basa Sunda V taun 1988 di Cipayung Bogor ku *Aweuhan Cipayung*, anu eusina galeuhna nyoko kana tujuh hal, nya éta (1) basa Sunda miboga kalungguhan jadi basa daérah, (2) basa Sunda miboga fungsi nu tangtu, (3) basa Sunda jadi unsur budaya Sunda nu boga daya tur poténsi ngawewegkeun pribadi masarakat Jawa Barat dina ngukuhan katahanan nasional, (4) basa Sunda bisa dipaké pakakas dina ngadeudeul pangwangunan Jawa Barat, (5) basa Sunda ngeunteungkeun ajén-inajén budaya Sunda, (6) basa Sunda miboga adegan anu angger bari tetep nampa pangaruh luar, jeung (7) basa Sunda bakal leuwih mekar ku pangdeudeul rupining pihak.

1.2 Ragam Basa Sunda

Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh mibanda anéka-ragam basa. Ari ragam basa téh bisa disawang ti jihat nu makéna anu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna; basa tina jihat makéna anu nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sipat pasosokna.

Dipakéna basa Sunda téh keur sadirieun jeung keur ka batur. Keur sadirieun, nya éta dina waktu urang ngimpi, ngadunga, kukulutus, ngitung, jeung catetan poéan dina agénda pribadi. Keur ka batur, nya éta waktu urang palémék atawa komunikasi; nyatana pikeun alat campur gaul jeung papada urang Sunda atawa nu lain urang Sunda tapi geus bisa basa Sunda. Unggal golongan di masarakat Sunda, kayaning TNI, patani, pagawé, pajabat, pangusaha, guru, ulama, jeung murid, ngagunakeun basa Sunda dina ngabahas rupa-rupa jejer, saperti agama, pulitik, kamasarakatan, ékonomi, atikan, pangaweruh, jeung seni, sok sanajan ari lila jeung mindengna makéna basa Sunda mah béda-béda keur unggal golongan jeung unggal jejer téh.

Nurutkeun daérah dipakéna, basa Sunda téh leuwih loba dipaké di luar kota ti batan di jero kota. Unggal golongan masarakat anu aya di padésan, dina ngabahas rupa-rupa jejer téh, leuwih loba maké basa Sunda ti batan nu cicing di kota. Dipatalikeun kana kanyataan lolobana balaréa anu ngancik di padésan, atuh sabagian gedé padumuk Jawa barat téh condong maké basa Sunda mun medar rupa-rupa jejer téh.

Ragam basa anu dipaké di daérah atawa wewengkon téh geus lila disebut *basa Sunda wewengkon*. Ieu basa téh katangén tina lentong jeung kecap-kecapna. Perkara kecap-kecap basa Sunda wewengkon (lokabasa, dialék lokal, dialék régional, atawa régioléék) kungsi ditalungtik ku pokalna Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, di antarana, dialék Sumedang (1977), Cianjur (1979), Ciamis (1979), Sérang (1980), Bogor (1981), Cinajur (1982), Subang (1982), Tasikmalaya (1983), jeung Purwakarta (1983). Jaba ti éta, aya dialék lokal nu ditalungtik ku pribadi saperti basa Sunda dialék Cirebon (Ayatrohaédi, 1978).

Dina taun 1912 Pamaréntah Kolonial Walanda ngumumkeun yén salasihiji basa wewengkon nu aya di Tatar Sunda, nya éta basa Sunda di wewengkon Bandung jeung sabudeureunana, dijadikeun basa Sunda lulugu (baku atawa standar). Kituna téh dumasar kana tinimbangan yén basa Sunda wewengkon Bandung bisa nyumponan sarat jadi basa lulugu lamun disawang tina jihat (1) basa pamaréntahan alam harita, (2) jumlah panyatur, (3) basa anu diajarkeun di sakola-sakola, (4) réana buku anu ditulis ku basa Sunda, jeung (5) dipaké alat komunikasi nu bisa dipikaharti ku sakumna masarakat basa Sunda. Cindekna, geus diangken yén (a) sacara obyékif, basa Sunda wewengkon Bandung gedé kamungkinanana bisa tumuwuh tur mekar jadi basa sakola jeung basa lulugu; (b) sacara subyékif, kota Bandung jadi puseur kagiatan pulitik, pamaréntahan, katut budaya Sunda.

Ragam basa nurutkeun atikan formal ngabédakeun ayana *ragam basa nyakola* jeung *ragam basa teu nyakola*. Ragam basa ti panyatur anu nyakola ilaharna ébréh lebah ucapan foném-foném tina basa kosta, ngukuhan kaédah basa, boh tata basana boh undak usuk basana.

Ragam basa nurutkeun sikep panyatur raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, sarta lomana antara panyatur, pamiarsa, jeung jalma nu dicaritakeun, disebut *undak usuk basa* atawa *tata krama basa*. Undak usuk basa enas-enasna mangrupa sopan santun makéna basa. Ku kituna, undak usuk basa sok dipasing-pasing jadi *ragam basa lemes (hormat)* jeung *ragam basa kasar (loma, atawa teu hormat)*. Ragam basa lemes aya dua rupa, nya éta *lemes keur batur* jeung *lemes keur sorangan*, anu bisa katitén wujudna dina (a) lisan atawa kecap, (b) pasemon, (c) rengkuh jeung peta, sarta (d) lentong anu merenah.

Ragam basa nurutkeun warna makéna basa disawang tina jihat jejer omongan, médium atawa sarana, jeung sipat pasosokna. Disawang tina jejer omongan aya *ragam basa urang réa (balaréa)* anu ilahar dipaké sapopoé jeung *ragam basa urang aré* nu dipaké husus dina widang jurnalistik, paélmuan, sastra, jeung agama. Disawang tina médium makéna aya *ragam basa lisan* anu dipaké

dina paguneman atawa biantara, aya *ragam basa tulis* nu dipaké dina surat, koran, majalah, jeung buku.

Disawang tina jihat pasosokna, aya *ragam basa nyunda* jeung *ragam basa nu teu nyunda*. Ieu téh henteu ngandung harti masarakat Sunda ulah narima pangaruh tina basa lian. Nyerep unsur tina basa lian dimeunangkeun pisan, pangpangna dina hal pakeman-pakeman basa anyar dina basa Indonésia anu beuki loba tur popilér sarta dina basa Sunda tacan aya sawandana. Munasabah nepi ka kitu téh lantaran média geusan mopulérkeunana kawilang réa pisan, boh média citak boh média éléktronik. Katambah deuih ku rupa-rupa kasempetan nu sipatna resmi, boh dina rapat-rapat boh dina lumangsungna prosés diajar-ngajar. Balukarna mindeng para panyatur basa Sunda minda-basa (alih kode) ku maké pakeman basa Indonésia nu tacan aya sasruanana anu pas dina basa Sunda. Sasat jadi basa nu campur aduk, anu baréto sok disebut basa Sunda *kamalayon* jeung ayeuna meureun disebut basa Sunda *kéndonésén*, tegesna basa Sunda nu kapangaruhan pisan ku basa Indonésia.

Aya hal nu jadi pangdorong dipakéna basa Sunda téh, salasihijina patali jeung batur nyarita. Lamun batur nyarita saluhureun, dorongan nyarita ku basa Sunda leuwih gedé batan ka sahandapeun. Bisa katangén, hiji anak nyarita ka kolotna ku basa Sunda, tapi ari jeung dulurna atawa babaturanana mah maké basa Indonésia atawa basa Sunda dicampur ku basa Indonésia.

Ari digunakeunana basa Sunda kapangaruhan ku latar, nya éta naha di imah, di pakumbuhan, atawa di kantor. Imah jadi latar tempat panglobana dipakéna basa Sunda, ditéma ku latar pakumbuhan sapopoé, jeung pangsaeutikna nya éta di kantor. Jaba ti éta, basa Sunda téh gedé pisan kapakéna dina kajadian anu aya patalina jeung adat kabiasaan, upamana baé, dina ngalamar jeung seserahan. dalah di lingkungan nu sapopoéna geus kurang maké basa Sunda ogé, ari dina upacara-upacara kieu mah sok ngahaja ku basa Sunda.

Cindekna, basa Sunda dipaké ku balaréa, ti rupa-rupa golongan masarakat, boh di kota boh di pilemburan, dina nyaritakeun rupa-rupa jejer dina kahirupanana. Naon nu jadi jejer nu dicaritakeunana, ku saha nyaritana, di mana tempatna, iraha waktuna, patali jeung adat kabiasaan

atawa henteu, éta téh nangtukeun dina milih basa naon anu dipaké, naha basa Sunda atawa basa Indonésia. Hal lianna anu milu nangtukeun nya éta kamampuh panyatur dina maké basa Sunda jeung basa Indonésia.

1.3 Basa Sunda anu Bener tur Merenah

Pancén utama basa téh pikeun alat komunikasi. Ari komunikasi basa dina enas-enasna mah nepikeun amanat ka nu lian maké basa. Ngarah amanat téa nepina ka pamiarsa luyu jeung pamaksudan panyatur sarta teu matak pasalia paham, enggoning maké basa Sunda kudu bener tur merenah. *Basa anu bener* nya éta basa nu dipakéna kukuh kana aturan atawa kaédah basa. Ari *basa anu merenah* nya éta basa anu keuna larapna atawa luyu kana kontéks situasi makéna. Ku kituna, basa Sunda nu bener tur merenah kudu nyoko kana (1) undak-usuk basa, (2) saha nu maké basa jeung nu dicaritakeun, (3) galur omongan atawa adegan basa, (4) kasang tukang tempat, waktu, jeung suasana, (5) alat nu digunakeun, (6) rasa, nada, jeung ragam basa, sarta (7) amanat jeung tujuan omongan.

1.4 Basa Sunda Baku

1.4.1 Ciri Basa Sunda Baku

Basa baku atawa standar nya éta basa anu mibanda sipat vitalitas jeung inteléktualitas. Hiji basa disebut miboga sipat *vitalitas* lamun éta basa téh mampuh tumuwuh jeung mekar kalawan anteb luyu jeung kaédah basana nu rélatif angger, tapi henteu kaku lantaran bisa barobah pikeun narima pangaruh basa lian, boh kandaga kecapna boh adeganana. Ku kituna, basa baku kudu hirup barina hurip atawa *stabilitas dinamis* sipatna, anteb tur luwes kaédahna. Ari kaédah basa téh kudu mangrupa hasil tina kodifikasi basa, boh kodifikasi nu tumali jeung adegan basa boh kodifikasi nu tumali jeung bagbagan makéna basa.

Sipat anu kadua tina basa baku nya éta *intelétualitas*. Basa baku kudu boga kamampuh ilmiah nu bisa ngébréhkeun prosés mikir anu ruwed tina rupining kagiatan paélman, téknologi, informatika, jeung patali marga masarakatna. Ku kituna, masarakat nu intelék mah kudu maké basa kalawan éféktif, nya éta mampuh nepikeun amanat salobalobana ku wangunan basa nu ringkes tur keuna nepi ka teu nimbulkeun pasalia paham. Wujudiah basana ngébréhkeun daya nalar, pikiran anu ngéntép seureuh, tur manjing akal atawa logis.

Jaba ti éta, basa baku téh mibanda otonomi atawa wewenang pikeun tumuwuh jeung mekar di wewengkon masarakat nu makéna. Basa baku lain hiji-hijina ragam basa, ngan jadi calecer keur ragam basa lianna deuih. Basa baku leuwih nyoko kana ngaragemkeun jeung ngalulugukeun kaédah basa, tapi lain hartina ngakurkeun sakumna ragam basa.

Basa baku bisa tumerap kana basa naon baé, kaasup kana basa Sunda. Ari basa baku mangrupa salasahiji ragam basa nu geus ditetepkeun tur dikukuhan ku masarakat pikeun jadi calecer makéna. Basa Sunda baku miboga pancén pikeun ngaraketkeun tali mimitran di antara para panyatur basa Sunda, pikeun némbongkeun jatidiri para panyatur nu bisa ngandelan rasa kapribadian kasundaan, pikeun pananda komara atawa wibawa panyaturna, jeung pikeun calecer atawa raraga acuan maké basa anu bener. Ieu ragam basa téh ilaharna dipaké di lingkungan masarakat anu nyakola. Ku kituna, basa Sunda baku téh kudu nyoko kana sababaraha hal, di antarana,

- (1) basa Sunda anu kaharti ku masarakat Sunda anu mangkuk di wewengkon-wewengkon tur miboga basa Sunda wewengkon;
- (2) basa Sunda ragam tulis saperti anu dipaké dina bahasan, élmu pangaweruh, jeung buku pangajaran;
- (3) basa Sunda ragam lisan anu dipaké di hareupeun balaréa, saperti dina biantara jeung ngajar; jeung
- (4) basa Sunda anu ngukuhan kaédah basa, boh éjahan, tata basa, boh undak usuk basana.

1.4.2 Tarékah Ngabakukeun Basa Sunda

Basa Sunda terus tumuwuh tur mekar saluyu jeung mekarna kahirupan kabudayaan masarakatna. Mekarna basa Sunda ébréh pangpangna tina kandaga kecapna. Jaba ti kandaga kecapna, mekar jeung robahna basa Sunda ébréh tina sistem jeung adegan basana deuih. Upamana baé, adegan kalimah “*Ijidna téh jaba ti ka kuring, ogé ka pamajikan*”, kiwari geus ilahar dipaké ku panyatur basa Sunda. Padahal mah dina tata basa Sunda baku (heubeul), éta adegan kalimah téh kuduna “*Ijidna téh jaba ti ka kuring, ka pamajikan deuih*”. Ku ayana parobahan saperti kitu, para panyatur basa Sunda téh sok jadi mangmang dina milih kalimah mana anu adeganana bener, utamana mah keu para guru nu sapopoéna icikibung dina dunya atikan. Malah teu saeutik para panyatur basa Sunda nu sok tumanya, nu mana jeung nu kumaha ari basa jeung tata basa Sunda baku téh.

Kaayaan kitu téh tangtu baé lain antepun, tapi kudu gancang-gancang diungkulan. Salasahiji tarékahna ku cara nyusun tata basa baku Sunda, anu bisa ngajawab kalawan keuna sajumlahing masalah adegan basa. Ku kituna, tata basa baku kudu disusun dumasar kana kanyataan makéna basa sangkan bisa dipaké calecer ku para panyaturna.

Tarékah ngabakukeun basa Sunda geus ti béh ditu mula, malah ti mangsa kolonial Walanda kénéh, anu ayeuna dipilampah mah ngan sakadar lajuning laku tina tarékah anu geus aya saméméhna. Ku kituna, tulisan-tulisan anu geus nyampak boh nu mangrupa buku jeung artikel boh anu mangrupa hasil panalungtikan, rék dipaké babon.

Basa Sunda anu dibakukeun ilaharna tumali jeung kandaga kecap, éjahan, jeung tata basa. Kandaga kecap atawa kabeungharan kecap téh disusun nurutkeun abjad dina buku anu disebut *kamus*. Tarékah nyusun kamus kungsi dilaksanakeun ku Roorda (1841), Wilde (1841), Dalem Pancaniti (1843), Rigg (1862), Grashuis (1874), Blusse (1877), Geerdink (1862, 1875), Oosting (1879, 1882), Coolsma (1884), Kartawinata (1889), Brons Middel (1899, 1903), jeung Satjadibrata (1944). Ari kiwari nu dibakukeun tur diparaké ku

masarakat Sunda nya éta *Kamus Umum Basa Sunda* pedalan LBSS (1975).

Tumali jeung éjahan basa Sunda, kungsi disusun rencana éjahan ku Holle & Engelmann (1873) “Palanggeran Nuliskeun Basa Sunda ku Aksara Walanda” (Balé Pustaka, 1912), *Aturan Nuliskeun Basa Sunda ku Aksara Jawa* (Grashuis, 1882) jeung Djajadiredja (1927). *Palanggeran Ejaman Basa Sunda ku Aksara Jawa pikeun Sakola Dasar* (Soeria Di Radja, 1930), *Éjahan Basa Sunda ku Aksara Latén* (LBSS, 1959). *Palanggeran Nuliskeun Aksara Sunda ku Aksara Latén* (Tisnawerdaya, 1972), *Pedoman Umum Éjahan Basa Sunda yang Disempurnakan* (Lembaga Bahasa Nasional, 1974; Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, 1977), Ejaman basa Sunda nu dibakukeun tur diparaké kiwari nya éta *Palanggeran Éjahan Basa Sunda* (Jurusan Pendidikan Bahasa Sunda FPBS IKIP Bandung, 1989).

Tumali jeung tata basa Sunda, kungsi disusun buku-buku tata basa Sunda boh ku pribadi boh kelompok. Buku-buku tata basa nu kungsi medal, di antarana, karangan Coolsma (1873, 1904, 1985), Oosting (1884), Ardiwinata (1916, 1984), Kats & Soeriadiradja (1927), Lezer (1931), Adiwidjaja (1951), Nataprawira (1953), Sadkar (1955), Tisnawerdaya (1955, 1975), Wirakusumah & Djajawiguna (1969), Salmun (1969), Robins (1970, 1982), Permana (1981), Faturohman (1982), Sudaryat (1985, 1991), jeung Prawirasumantri (1990).

Jaba ti éta, teu saeutik hasil panalungtikan anu ngabahas perkara tata basa anu dilaksanakeun ku pokalna Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, di antarana, hasil panalungtikan Sutawijaya Spk. (1977, 1981, 1985), Prawirasumantri Spk. (1979, 1984, 1987), Marzuki (1980), Mulyono Spk. (1981), jeung Rusyana Spk (1985).

Sabada diténan, tétéla dina buku-buku tata basa téh loba istilah nu henteu persis sarua boh wangunna boh hartina, sanajan gejala basana mah sarua. Sok komo ari ambahan bahan jeung éntép sureuh (sistematika) katut pedaranana mah béda-béda pisan. Malah sakapeung mah aya nu tojaiah atawa patukang tonggong. Upamana waé, ngeunaan warna kecap, wangun kecap, warna kalimah, wangun kalimah, jeung rucatan kalimah. Dina kaayaan sarupa kitu, bisa jadi matak ngabingungkeun nu dialajar basa, komo bari jeung tacan sadia kamus

istilah tata basa mah, matak beuki lieur baé, ka saha nya kudu nanyakeun. Padahal pan ari basa Sundana mah éta-éta kénéh. Ku kituna, munasabah pisan lamun dina Kongrés Basa Sunda VI 1993 di Bandung diputuskeun kudu nyusun tata basa baku basa Sunda. Pikeun nyumponan éta kabutuh, nya disusun ieu buku tata basa Sunda.

1.5 Ambahan Tata Basa Sunda

Istilah *tata basa* miboga harti anu jembar jeung harti anu heureut. Dina harti anu jembar, tata basa téh sok disaruakeun jeung sistem basa atawa kaédah basa, nya éta aturan-aturan anu ngadumaniskeun sora jeung harti. Dina harti anu heureut, tata basa téh ngan ngawengku tata kecap jeung tata kalimah.


Dina ieu buku digunakeun istilah tata basa dina harti anu jembar, nya éta minangka sistem basa anu miboga sababaraha subsistem kayaning tata sora, tata kecap, tata kalimah, jeung tata wacana. Éta subsistem basa téh patali jeung *tata harti (sémantik)*. *Tata sora*, bisa ogé disebut *élmu sora (fonologi)*, nya éta ulikan cara ngawangun sora basa (*fonétik*) jeung cara nata sora basa (*fonémik*). Ieu subsistem raket patalina jeung *tata aksara (grafémik, grafologi)*, anu ngulik aksara katut éjahan. *Tata kecap (morfologi)* ngulik adegan kecap, ari *tata kalimah (sintaksis)* ngulik adegan kalimah.

Tata basa kaasup salasihiji hasil tina kodifikasi basa, anu eusina mangrupa raraga kaédah basa nu bakal didagingan ku *pakecapan, kandaga kecap*, atawa *léksikon*, anu diulik ku *léksikologi*. Pakecapan anu geus disusun kalawan alfabétis atawa nurutkeun runtuyan abjad Latén disebutna kamus, anu diulik ku tata kamus (*léksikografi*).

Adegan basa dipatalikeun kana makéna basa, boh lisan (nyarita jeung ngaregepkeun) boh tulisan (nulis jeung maca), ku kaédah husus nu disebut *pragmatik*. Kaédah pragmatik dipaké geusan nangtukeun luyu henteuna adegan basa jeung makéna basa dina hiji kontéks situasi; nangtukeun bener jeung merenah henteuna komunikasi basa. Pragmatik ngalibetkeun unsur basa pangjembarna nu disebut wacana. Ku kituna, sistem basa ogé ngawengku *pragmatik*

atawa *tata wacana*. Patalina subsistem basa jeung makéna basa bisa dibagankeun di handap ieu.

Bagan 1.1: Subsistem Basa



Ambahan tatabasa basa Sunda dina ieu buku kakara ngawengku opat widang, nya éta (1) tata sora (fonologi), (2) tata kecap (morfologi), (3) tata kalimah (sintaksis), jeung (4) tata wacana (pragmatik). Ieu subsistem basa téh masing-masing dipedar dina Bab II nepi ka Bab V.

BAB II TATA SORA

2.1 Ambahan Tata Sora

Kagunaan utama basa téh jadi alat campur gaul atawa komunikasi masarakat manusa. Minangka médium komunikasi, basa téh bisa lisan bisa tulisan. Komunikasi basa lisan dipilampah maké lambang sora basa (omongan), ari komunikasi basa tulisan dipilampah maké lambang aksara.

Sora basa téh sipatna miganda, nya éta *sora ucap (parole)* jeung *sora pikir (langue)*. Sora ucap atawa fon mangrupa sora anu dikedalkeun ku baham, anu diulik ku *tata sora (fonétik)*. Ari sora pikir atawa foném mangrupa sora anu kadéngéna béda atawa mirip tur sok ngabédakeun harti kecap, anu diulik ku *tata foném (fonémik)*. Tata sora jeung tata foném mangrupa bagian tina *élmu sora basa* atawa *fonologi*. Dina basa Inggris disebutna phonology, nu asalna tina basa Yunani *phone* = ‘sora’ + *logos* = ‘élmu’. Pihartieunana, fonologi téh nya éta élmu ngeunaan sora basa, prosésna, wujudiahna, selang surupna, gunana, jeung parobahana.

Dina ieu buku dipedar masalah tata sora, kaasup masalah tata foném, samalah disabit-sabit masalah tata aksara. Ku kituna, ambahan tata sora dina ieu buku ngawengku genep hal, nya éta (1) sora basa, foném, jeung aksara; (2) alat ucap; (3) warna foném (vokal jeung konsonan) katut cara ngawangunna; (4) runtuyan sora, engang, jeung kecap; (5) ciri-ciri supraségmental; jeung (6) rinéka sora.

2.2 Sora Basa, Foném, jeung Aksara

Unggal basa diwujudkeun ku sora. Ku kituna, ulikan sora basa atawa tata sora jadi dasar ulikan tulisan atawa tata aksara. Sora nu diulik téh teu sagawayah, tapi sora nu diwangun ku alat ucap, anu disebut *sora basa (fon)*. Sora basa aya anu béda kadéngéna, aya anu mirip. Sora basa anu kadéngéna béda atawa mirip tur bisa ngabédakeun harti kecap disebut *foném*. Foném sok ditulis di antara dua gurat condong /.../. Upamana baé, sora /a/, /i/, /u/, /o/, jeung /e/ dina basa Sunda mangrupa foném lantaran opatanana bisa

ngabédakeun harti kecap. Geura tengetan contona dina pasangan minimal ieu di handap.

/batak/


/batik/

/batuk/

/batok/

/batek/

Foném dina basa Sunda bisa mibanda rupa-rupa ucapan luyu jeung tempatna dina engang atawa kecap, ilaharna teu ngabédakeun harti. Variasi ucapan foném nu teu ngabédakeun harti disebutna *alofon*, sarta sok ditulis di antara dua kurung siku [...]. Upamana baé, sora /o/ dina kecap *boboko* jeung dina kecap *noong* aya bédana. Sora /o/ anu kahiji mah gembleng [o]; ari anu kadua mah teu gembleng, semu ngirung [ɔ]. Jadi, foném /o/ ngabogaan dua variasi ucapan, nya éta [o] jeung [ɔ]. Baganna kieu:



Foném aya bédana jeung grafém. *Foném* patali jeung sora omongan nu dipaké dina basa lisan, ari *grafém* patali jeung lambang foném ku aksara nu dipaké dina basa tulis. Aksara sok ditulis di antara tanda <...>. Dina ngalambangkeun sora basa, jumlah foném jeung aksara bisa sarua bisa béda. Upamana waé, kecap *kuda* diwangun ku opat aksara atawa hurup, nya éta <k>, <u>, <d>, jeung <a>, sarta kabeneran diwangun ku opat foném nya éta <k>, <u>, <d>, jeung <a>. Jaba ti éta, aya foném anu dilambangkeun ku dua aksara saperti foném /ŋ/ nu dilambangkeun ku aksara <ng>, foném /ñ/ nu dilambangkeun ku aksara <ny>, foném /ö/ dilambangkeun ku aksarana <eu>. Jadi, kecap *seungit* diwangun ku lima foném, nya éta /s/, /ö/, /ŋ/, /i/ jeung /t/; ari jumlah aksara mah aya tujuh nya éta <s>, <e>, <u>, <n>, <g>, <i>, jeung <t>.

2.3 Alat Ucap

Sora basa mangrupa salasihiji geteran hawa anu katarima ku panguping, anu muncul lantaran aya dua barang diadu atawa pagésrék. Ari alat nu dipaké ngawangun sora basa disebutna alat ucap. Sora basa anu diwangun ku alat ucap atawa pakakas ucap disebutna sora omongan (*fon*). Sora omongan anu geus dipaké dina komunikasi sarta ngabogaan pancén pikeun ngabédakeun harti kecap disebutna *foném*.

Dina ngawangun sora basa aya tilu perkara anu kalibet, nya éta (1) hawa nu kaluar tina bayah atawa paru-paru, (2) artikulator, jeung (3) tempat artikulasi. Alat ucap anu dipaké pikeun ngawangun sora basa bisa dibagankeun kieu.

Bagan 2.1: Alat Ucap



Salasihiji alat ucap nu gedé peranna dina ngawangun sora nya éta *pita sora*, wujudna ngenyod atawa élastis, ayana dina tungtung tikoro (*jakun*), cicingna datar, sarta boga lolongkrang anu disebut *glotis*. Kaluarna sora basa gumantung kana ngageter henteuna pita sora. Ari warna-warna sora anu muncul ilaharna dingaranan luyu jeung ngaran-ngaran alat ucap, sipat, katut paripolahna. Upamana waé, sora nu muncul ku cara ngantelkeun biwir handap kana biwir luhur disebut *sora bilabial*.

Sora basa atawa foném aya nu wujudna bisa katangén aya nu henteu. Sora basa anu wujudna katangén tur bisa dipisah-pisah disebut *sora ségméntal*, ari sora basa anu teu bisa katangén tur rada hésé dipisah-pisahna disebut *sora supraségméntal* atawa *sora prosodi*. Dumasar kana aya henteuna hahalang dina waktu ngucapkeunana, foném ségméntal bisa diwincik jadi dua rupa, nya éta *vokal* (*swara*) jeung *konsonan* (*wianjana*).

2.4 Vokal

2.4.1 Cara Ngagunakeun jeung Ngucapkeun Vokal

Vokal atawa *swara* nya éta sora basa nu diwangun ku hawa nu kaluar tina bayah sarta waktu ngaliwatan tikoro teu meunang hahalang. Dina ngawangun vokal aya tilu perkara anu mangaruhan ajén atawa kualitasna, nya éta buleud-gépéngna wangun biwir, maju-mundurna létah, jeung luhur-handapna létah. Ari vokal dina basa Sunda jumlahna aya tujuh siki saperti dilambangkeun dina tabél di handap ieu.

Bagan 2.2: Lambang Vokal

| Lambang | Vokal | | | | | | |
|----------|-------|-----|-----|-----|-----|-----|------|
| Grafémis | <a> | <i> | <u> | <é> | <o> | <e> | <eu> |
| Fonémis | /a/ | /i/ | /u/ | /ɛ/ | /o/ | /e/ | /eu/ |
| Fonétis | [a] | [i] | [u] | [ɛ] | [o] | [ɔ] | [ö] |

Waktu vokal diucapkeun, biwir bisa dibuleudkeun atawa diratakeun nepi ka kawangun vokal buleud /o/, /a/, /u/ jeung vokal teu

buleud /i/, /é/, /e/, jeung /eu/. Jaba ti éta, vokal diwangun ku cara ngasar-ngésérkeun létah, boh dipajukeun atawa dipundurkeun, boh dikaluhur-keun atawa dikahandapkeun. Ku ngamaju-mundurkeun létah, bakal kawangun (1) vokal luhur /i/, /eu/, /u/; (3) vokal tengah /é/, /o/, /e/; jeung vokal handap /a/. Ari ku ngaluhur-handapkeun létah bakal kawangun (1) vokal hareup /i/, /é/; (2) vokal puseur /a/, /e/, /eu/; jeung (3) vokal tukang /u/, /o/. Upama dibagankeun, tempat diwangunna vokal téh kieu.


Bagan 2.3: Posisi Vokal

| Wangun Posisi \ biwir | Luhur-handapna Létah | | | | | |
|--------------------------|----------------------|----|--------|----|--------|----|
| | Hareup | | Puseur | | Tukang | |
| létah tina lalangit | b | tb | b | tb | b | tb |
| Luhur | | i | | ö | u | |
| Tengah | | ε | | ð | o | |
| Handap | | | a | | | |

Keterangan: b : buleud
tb : teu buleud

Nilik kana tempat diwangunna, vokal dina basa Sunda bisa dibagankeun ku “juru tilu vokal” di handap.

Bagan 2.4: Juru Tilu Vokal



Waktu diruntuykeun kana konsonan atawa vokal lianna, ucapan vokal sok aya robahna, tapi teu ngarobah harti kecap. Ari

variasi ucapan vokal disebutna *alofon*. Di handap ieu didadarkeun rupining vokal katut alofonna.

Vokal /i/ kaasup kana *vokal luhur-hareup-teu buleud*. Diwangunna ku cara tungtung létah diangkat nepi ka antel kana lalangit bari dideukeutkeun kana gugusi sarta biwir ditarakeun. Vokal /i/ mibanda variasi ucapan kieu.

[iy] sora palatal /y/ mun dituturkeun ku vokal /u/, /eu/, /o/, /e/,

jeung /a/. Contona:

[diyuk] <diuk>

[liyör] <lieur>

[ciyos] <cios>

[riyðs] <ries>

[miya] <miang>

[i] sora nasal (ngirung) lamun dituturkeun ku konsonan /m/, /n/,

/ny/, /ng/. Contona:

[miyos] <mios>

[nulis] <nulis>

[?iñana?] <inyana>

[modal] <modal>

[i:] sorana manjangan (*makron*) lamun aya dina engang muka nu lain di ahir kecap, ilaharna dina engang kadua ti tukang.

Contona:

[kadu:pak] <kadupak>

[hari:ta?] <harita>

[?i] glotal awal lamun aya di awal kecap atawa dina awal sambungan engang nu sarua vokalna. Contona:

[?idðr] <ider>

[ki?ih] <kiih>

- [i?] glotal ahir lamun aya dina engang panungtung nu muka.
Contona:
[tadi?] <tadi>
[bati?] <bati>
- Vokal /u/** kaasup *vokal luhur-tukang-buleud*. Ari diwangunna ku cara tungtung létah dikaluhurkeun nepi ka antel kana lalangit bari ditarik ka béh tukang tur biwir dibuleudkeun. Vokal /u/ boga variasi ucapan kieu:
- [U] sora gembleng lamun aya di antara dua konsonan. Contona:
[rabUt] <rabut>
[walUh] <waluh>
- [ũ] aksén sirkompléks lamun aya dina engang muka nu dituturkeun ku konsonan. Contona:
[bukũ?] <buku>
[wulukũ?] <wuluku>
- [u] sora nasal lamun aya sanggeus konsonan nasal. Contona:
[muntan] <muntang>
[nitah] <nitah>
[kuñit] <kunyit>
[moloŋo?] <molongo>
- [?u] sora glotal awal lamun aya dina awal kecap atawa dina sambungan engang anu vokalna. Contona:
[?ulah] <ulah>
[su?uk] <suuk>
- [u?] sora glotal ahir lamun aya di tungtung kecap. Contona:
[suku?] <suku>
[huntu?] <huntu>
- [uw] sora labial lamun dituturkeun ku vokal Contona:

- [kuwir] <kuwir>
[kuweh] <kuwéh>
[kuwah] <kuwah>

Vokal /eu/ atawa [õ] kaasup kana *vokal luhur-puseur-teu buleud*. Diwangunna ku tungtung létah dikaluhurkeun nepi ka antel kana lalangit bari ditarik ka béh tukang sarta biwir diratakeun. Vokal /eu/ mibanda variasi ucapan kieu.

- [õ] sora gembleng lamun aya di antara dua konsonan. Contona:
[bõrõm] <beureum>
[parõm] <pareum>
- [?õ] sora glotal atawa hamzah awal lamun aya di awal kecap atawa dina sambungan engang anu sarua vokalna. Contona:
[?õpan] <eupan>
[hõ?õh] <heueuh>
- [õ?] sora glotal ahir lamun aya di tungtung kecap. Contona:
[sampõ?] <sampeu>
[sõwõ?] <seuweu>
- [‘õ] sora ngirung lamun aya tukangeun konsonan nasal. Contona:
[mõnan] <meunang>
[sõñõt] <seungeut>
[?õñõh] <eunyeuh>
[ninõŋ] <nineung>
[ñõrõyõh] <ngeureuyeuh>

Vokal /é/ atawa [ɛ] kaasup kana *vokal tengah-hareup-teu buleud*. Diwangunna ku cara dikaluhurkeunana tungtung létah bari dideukeutkeun kana tungtung gugusi sarta biwir diratakeun. Vokal /é/ mibanda variasi ucapan kieu.

- [ɛ] gembleng lamun aya di antara dua konsonan. Contona:

| | | |
|------|--|-----------|
| | [pɛntaʔ] | <pénta> |
| | [dɛŋdɛk] | <déngdék> |
| | [gɔgɔdɛn] | <gegedén> |
| [ʔɛ] | glotal awal lamun aya dina awal kecap. Contona: | |
| | [ʔɛlɛh] | <éléh> |
| | [ɛŋaŋ] | <éngang> |
| [ɛʔ] | glotal ahir lamun aya dina tungtung kecap. Contona: | |
| | [capɛʔ] | <capé> |
| | [tɛmpɛʔ] | <témpé> |
| [ɛy] | sora palatal lamun dituturkeun ku vokal /a/ jeung /o/. Contona: | |
| | [bɛyar] | <béar> |
| | [bɛyas] | <béas> |

Vokal /o/ kaasup kana *vokal tengah-tukang-buleud*. Ari diwangunna ku cara tungtung létah dikaluhurkeun bari ditarik ka tukang sarta biwir dibuleudkeun. Vokal /o/ mibanda variasi ucapan kieu:

| | | |
|------|--|----------------------|
| [O] | sora gembleng lamun aya dina engang anu muka. Contona: | |
| | [bObOkOʔ] | <boboko> |
| | [bOIhOʔ] | <boloho> |
| [yo] | sora palatal mun dipiheulaan ku vokal /i/ jeung /é/. Contona: | |
| | [ciyos] | <cios> |
| | [karɛyoʔ] | <kar ^ɿ o> |
| [ow] | sora labial lamun dituturkeun ku vokal /é/ jeung /a/. Contona: | |
| | [cowɛt] | <koét> |

| | | |
|------|---|-----------|
| | [bowaʔ] | <boa> |
| [o] | sora nasal lamun dipiheulaan ku konsonan nasal /m/, /n/, /ny/, jeung /ng/. | |
| | [moŋoŋ] | <monyong> |
| | [kɔmoŋ] | <kemong> |
| | [omɔŋ] | <ngomong> |
| [ʔo] | sora glotal awal lamun aya dina kecap atawa awal sambungan engang anu sarua vokalna. Contona: | |
| | [ʔopakʔ] | <opak> |
| | [ʔorokʔ] | <orok> |
| | [poʔos] | <poos> |
| [oʔ] | sora glotal ahir lamun aya ditungtung kecap. Contona: | |
| | [gadoʔ] | <gado> |
| | [satoʔ] | <sato> |

Vokal /e/ atawa [ɔ] kaasup kana *vokal tengah-puseur-teu buleud*. Ari diwangunna ku cara tungtung létah dikaluhurkeun bari rada dipundurkeun saeutik sarta biwir diratakeun. Vokal /e/ mibanda variasi ucapan kieu:

| | | |
|------|--|------------|
| [ɔ] | sora gembleng lamun aya di antara dua konsonan. Contona: | |
| | [gɔlɔbɔr] | <geleber> |
| | [bɔlɔgbɔg] | <belegbeg> |
| [ʔɔ] | sora glotal lamun aya di awal kecap. Contona: | |
| | [ʔɔmaʔ] | <ema> |
| | [ʔɔmban] | <emban> |
| [ɔʔ] | sora vokal luhur-puseur teu buleud tur glotal ahir lamun aya di tungtung kecap. Contona: | |
| | [ʔaktɔʔ] | <akte> |

[mɛtɔdɔʔ] <metode>

[haltɔʔ] <halte>

Vokal /a/ kaasup kana *vokal handap-puseur-buleud*.

Diwangunna ku cara tengah létah diangkat bari dipundurkeun sarta biwir dibuleud-keun. Vokal /a/ boga variasi ucapan kieu.

[ã] aksén sirkompléks lamun aya sanggeus konsonan atawa di antara dua konsonan. Contona:

[kotakʔ] <kotak>

[taktak] <taktak>

[ʔa] sora glotal lamun aya di awal kecap atawa dina awal sambungan engang anu sarua vokalna. Contona:

[ʔasal] <asal>

[saʔat] <saat>

[aʔ] sora glotal ahir lamun aya dina tungtung kecap. Contona:

[bapaʔ] <bapa>

[manaʔ] <mana>

2.4.2 Sebaran Vokal

Sakabéh vokal dina basa Sunda bisa sumebar di awal, tengah, jeung di tungtung kecap, kajaba vokal /e/ teu bisa nyicingan posisi di tungtung kecap. Najan kitu, ku pangaruh basa kosta vokal /e/ ogé aya nu cicing di tungtung kecap, tapi ucapanana sok robah jadi /eu/.

Contona:

[ʔaktɔʔ] <akte>

[haltɔʔ] <halte>

[mɛtɔdɔʔ] <métode>

Sebaran atawa distribusi vokal dina kecap basa Sunda bisa ditabélkeun di handap ieu.

Bagan 2.5: Sebaran Vokal dina Kecap

| Vokal | Posisi dina Kecap | | |
|-------|-------------------|----------|----------|
| | Awal | Tengah | Ahir |
| /i/ | /imah/ | /pinter/ | /lami/ |
| /eu/ | /eurih/ | /aceuk/ | /sampeu/ |
| /u/ | /ubar/ | /bukti/ | sapu/ |
| /é/ | /éra/ | /capék/ | /saé/ |
| /e/ | /ema/ | /asem/ | --- |
| /o/ | /oray/ | /gaplok/ | /alo/ |
| /a/ | /abus/ | /panto/ | /suka/ |

2.5 Konsonan

2.5.1 Cara Ngawangun jeung Ngucapkeun Konsonan

Konsonan atawa *wianjana* nya éta sora basa nu diwangun ku hawa nu kaluar tina bayah sarta waktu ngaliwatan tikoro meunang hahalang. Konsonan dina basa Sunda aya 18 nya éta: /b/, /c/, /d/, /g/, /h/, /j/, /k/, /l/, /m/, /n/, /ny/, /ng/, /p/, /r/, /s/, /t/, /w/, jeung /y/. Konsonan /w/ jeung /y/ sok disebut ogé semi-vokal atawa *madya-vokal*. Balukar ayana pangaruh basa asing, dina basa Sunda ogé sok kapanggih konsonan /f/, /q/, /v/, /x/, jeung /z/.

Aya tilu cara ngawangun konsonan minangka ajén atawa kualitasna, nya éta (1) kaayaan pita sora, (2) tempat artikulasi, jeung (3) cara artikulasi. Dumasar kana kaayaan atawa ngageter henteuna pita sora, aya *konsonan soraan* jeung *teu soraan*. Dumasar kana tempat artikulasina, aya *konsonan bilabial*, *labiodéntal*, *konsonan d^hntal*, *alvéolar*, *palatal*, *vélar*, *glotal*, jeung *konsonan laringal*. Dumasar kana cara artikulasina, aya *konsonan mandeg*, *gésér*, *sisi*, *geter*, *nasal*, jeung *sémivokal*. Tempat diwangunna konsonan téh bisa dibagankeun kieu.

Bagan 2.6: Posisi Konsonan

| Kahanan Pita Sora | | TEMPAT ARTIKULASI | | | | | | | |
|----------------------|----|-------------------|-----|---|-----|---|-----|-----|---|
| | | B | L | D | A | P | V | U | G |
| Cara Artikulasi | | i | a | é | l | a | é | v | l |
| | | l | b | n | v | l | l | u | o |
| | | a | i | t | é | a | a | l | t |
| | | b | o | a | o | t | r | a | a |
| | | i | d | l | l | a | | r | l |
| | | a | é | | a | l | | | |
| | | l | n | | r | | | | |
| | | | t | | | | | | |
| | | | a | | | | | | |
| | | | l | | | | | | |
| Mandeg (stop) | TS | p | | t | | c | k | (q) | ? |
| | S | b | | d | | j | g | | |
| Gésér (frikatif) | TS | | (f) | | (s) | | (x) | | h |
| | S | | (v) | | (z) | | | | |
| Sisi (lateral) | S | | | | l | | | | |
| Geter (trill) | S | | | | r | | | | |
| Irung (nasal) | S | m | | n | | ñ | ŋ | | |
| Semi- vokal | S | | w | | | y | | | |

Keterangan: S = soraan TS = teu soraan

Konsonan mandeg-bilabial /p/, /b/ diucapkeun ku cara biwir handap dirapetkeun kana biwir luhur nepi ka hawa nu kaluar téh kapendet saheulaanan. Ieu dua konsonan sorana bisa kedal (lepas) [p-], [b-] lamun diturkeun ku vokal; bisa teu kedal [-p], [-b] lamun aya di tungtung kecap. Contona:

[p-] [pipi?] <pipi>
[hapa?] <hapa>

[-p>] [hilap>] <hilap>
[hat√p] <hateup>
[b-] [bibi?] <bibi>
[loba?] <loba>
[-b] [sabab>] <sabab>
[?olab>] <olab>

Konsonan mandeg-déntal /t/ jeung /d/ diucapkeun ku cara tungtung léta diantelkeun kana gugusi keur nyandet hawa tina bayah saméméh diengabkeun. Ieu dua konsonan téh sorana kedal [t-], [d-] lamun diturkeun ku vokal; bisa teu kedal [-t], [-d] lamun aya ditungtung kecap. Contona:

[t-] [tilu?] <tilu>
[kitu?] <kitu>
[-t>] [koret>] <korét>
[kupati>] <kupati>
[d-] [ditu?] <ditu>
[tadi?] <tadi>
[-d>] [?udud>] <udud>
[koréd>] <koréd>

Konsonan mandeg-palatal /c/ jeung /j/ diucapkeun ku cara daun léta diantelkeun kana lalangit nepi ka hawa tina bayah kacandet saméméh diengabkeun. Ieu dua konsonan téh mibanda aksén sirkompléks [c-], [j-], lamun diturkeun ku vokal. Contona:

[c] [cobi?] <cobi>
[rucat] <rucat>
[j-] [jarami?] <jarami>
[baju?] <baju>

Konsonan mandeg-vélar /k/ jeung /g/ diucapkeun ku jalan ngantelkeun bagal létah kana lalangit hipu nepi ka hawa tina bayah kacandet saméméh diengabkeun. ieu dua konsonan téh sorana bisa kedal [k-], [g-] lamun dituturkeun ku vokal; bisa teu kedal [-k], [-g] lamun aya di tungtung kecap. Contona:

| | | |
|------|----------|----------|
| [k-] | [kuku?] | <kuku> |
| | [suka?] | <suka> |
| [-k] | [surak] | <surak. |
| | [ruksak] | <ruksak. |
| [g-] | [sugu?] | <sugu> |
| | {guru?} | <guru> |
| [-g] | [badag] | <badag> |
| | [ragrag] | <ragrag> |

Konsonan mandeg-glotal-teu soraan /ʔ/ diucapkeun ku jalan ngarapetkeun dua pita sora nepi ka hawa tina bayah kacandet saméméh diengabkeun. Ieu konsonan téh muncul saméméh jeung sabada vokal atawa di antara runtuyan dua vokal anu sarua. Sorana bisa kedal [ʔ-] lamun dituturkeun ku vokal atawa aya di antara dua vokal nu sarua [-ʔ-]; bisa teu kedal [-ʔ] mun aya di tukangeun vokal atawa engang anu muka. Contona:

| | | |
|-------|----------|----------|
| [ʔ-] | [ʔimah] | <imah> |
| | [ʔumur] | <umur> |
| | [ʔöwöh] | <euweuh> |
| | [ʔɛyan] | <éyang> |
| | [ʔndog>] | <endog> |
| | [ʔabah] | <abah> |
| [-ʔ-] | [siʔih] | <siih> |
| | [suʔuk] | <suuk> |
| | [lɛʔɛh] | <lééh> |

| | | |
|------|----------|----------|
| | [həʔəh] | <heeh> |
| | [toʔoŋ] | <toong> |
| | [saʔat] | <saat> |
| [-ʔ] | [batiʔ] | <bati> |
| | [batuʔ] | <batu> |
| | [sampöʔ] | <sampeu> |
| | [saɛʔ] | <saé> |
| | [bakoʔ] | <bako> |
| | [ragaʔ] | <raga> |

Konsonan nasal-glotal-teu soraan /ʔ/ atawa konsonan *ain* diwangun ku jalan ngarapetkeun dua pita sora keur nyandet hawa tina bayah saméméh diengabkeun nga-liwatan irung jeung baham. Ieu konsonan salawasna binarung jeung sora vokal. Sorana bisa kedal [ʔV] lamun dituturkeun ku vokal atawa aya di antara dua vokal [VʔV]; bisa teu kedal lamun aya di tungtung kecap. Contona:

| | | | |
|-----|-----------|----------|-----------------|
| [ʔ] | [ʔ'oaʔ] | <oa> | ‘sora orok’ |
| | [mariʔos] | <marios> | ‘arindit’ |
| | [saʔat] | <saʔat> | ‘waktu’ |
| | [daʔiʔ] | <daʔi> | ‘tukang daʔwah’ |

Bandingkeun jeung konsonan **mandeg-glotal-teu soraan [ʔ]**:

| | | | |
|-----|-----------|----------|-------------------|
| [ʔ] | [ʔ'oaʔ] | <'oa> | ‘sabangsa monyét’ |
| | [mariyos] | <marios> | ‘mariksa’ |
| | [saʔat] | <saat> | ‘taya caian’ |
| | [cayiʔ] | <cai> | |

Konsonan gésér-labiodéntal /f/ jeung /v/ diucapkeun ku jalan biwir handap diantelkeun kana huntu luhur nepi ka jalan hawa ngaheureutan sarta kaluar ngaliwatan lolongkrang biwir jeung huntu. Konsonan teu soraan /f/ diucapkeun /éf/, ari konsonan soraan /v/

diucapkeun /fé/. Dina ucapan teu baku konsonan /f/ jeung /v/ sok diucapkeun [p]. Contona:

| | |
|------------|------------|
| <vokal> | [vokal] |
| | [pokal] |
| <fakultas> | [fakultas] |
| | [pakultas] |

Konsonan gésér-alvéolar /s/ diucapkeun ku jalan ngantelkeun tungtung létah kana gugusi sangkan hawana kaluar tina sisi létah nepi ka sorana ngahéos. Konsonan teu soraan /s/ diucapkeun /és/. Ieu konsonan téh sorana gembleng boh aya saméméh vokal boh aya sanggeus vokal. Contona:

| | | |
|-----|---------|---------|
| [s] | [saha?] | <saha> |
| | [töyas] | <teuas> |

Konsonan gésér-palatal /z/ nu diucapkeun /jét/ diwangun ku jalan ngantelkeun létah kana lalangit, ari tungtungna kana gugusi. Dina ucapan teu baku, konsonan /z/ aya kalana diucapkeun /j/ jeung /s/ saperti dina kecap:

| | | |
|-----|----------|---------|
| [j] | [?inja?] | <inza> |
| [s] | [?insa?] | <inza> |
| [z] | [jakat] | <zakat> |

Konsonan gésér-vélar /x/ nu diucapkeun /éks/ diwangun ku jalan ngantelkeun puhu létah kana lalangit hipu sangkan rohanganana ngaheureutan nepi ka sora nu kaluar ngahéos. Contona:

| | | |
|-----|----------|---------|
| [x] | [scrok>] | <xérox> |
|-----|----------|---------|

Konsonan gésér-laringal /h/ diwangun ku jalan tengah létah diantelkeun kana lalangit ari tungtungna kana gugusi nepi ka posisi pita sora ngaheureutan. Sorana gembleng boh aya saméméh vokal boh aya sabada vokal. Contona:

| | | |
|-----|---------|---------|
| [h] | [hayam] | <hayam> |
| | [walUh] | <waluh> |

[jawUh] <jauh>

Konsonan nasal /m/, /n/, /ñ/, jeung /ŋ/ diwangun ku jalan ngaluarkeun hawa tina irung sarta pita sora milu ngageter nepi ka ngahasilkeun konsonan soraan. **Konsonan nasal-bilabial /m/** diwangun ku jalan ngarapetkeun biwir handap kana biwir luhur nepi ka hawana kaluar tina irung.

[m] Sorana gembleng [m] boh aya saméméh boh sabada vokal.
Contona:

| | |
|----------|---------|
| [manuk] | <manuk> |
| [tempo?] | <tempo> |
| [pelem] | <pelem> |

Konsonan nasal-alvéolar /n/ diwangun ku jalan ngantelkeun tungtung létah kana huntu nepi ka hawana kaluar tina irung. Konsonan /n/ mibanda variasi ucapan kieu.

[n] sora gembleng lamun aya saméméh atawa sabada vokal.

| | |
|----------|---------|
| [narah] | <narah> |
| [tanda?] | <tanda> |
| [lahUn] | <lahun> |

[ñ] sora palatal lamun aya saméméh konsonan /c/ jeung /j/.

Contona:

| | |
|------------|-----------|
| [kañci] | <kancing> |
| [pañja] | <panjang> |

Konsonan nasal-palatal /ny/ atawa [ñ] nu diucapkeun [eny] diwangun ku cara ngantelkeun tengah-tengah létah kana lalangit teuas nepi ka hawana kaluar tina irung. Konsonan /ny/ sorana gembleng lamun aya saméméh vokal.

| | | |
|-----|----------|----------|
| [ñ] | [ñabak>] | <nyabak> |
| | [ño?o?] | <nyoo> |

Konsonan nasal-velar /ng/ atawa [ŋ] nu diucapkeun /eng/ diwangun ku cara ngantelkeun puhu létah kana lalangit hipu nepi ka hawana kaluar tina irung. Konsonan /ng/ sorana gembleng lamun aya saméméh atawa sanggeus vokal. Contona:

[ŋ] [ŋala?] <ngala>
 [saŋsaŋ] <sangsang>
 [muntanŋ] <muntang>

Konsonan geter-alvéolar /r/ diwangun ku jalan ngantelkeun tungtung létah kana gugusi nepi ka hawana ngageter. Sorana gembleng boh aya saméméh vokal boh sabada vokal. Contona:

[r] [riwóh] <riweuh>
 [watir] <watir>
 [margi?] <margi>

Konsonan lateral-alvéolar /l/ diwangun ku jalan ngantelkeun tungtung daun létah kana gugusi nepi ka hawana kaluar tina sisi létah. Sorana gembleng boh aya saméméh vokal boh sabada vokal. Contona:

[l] [lamun] <lamun>
 [salsé?] <salsé>
 [kadal] <kadal>

Semivokal /w/ jeung /y/ diucapkeun kalawan pita sora milu ngageter. Dina ngawangun sora semi vokal téh teu meunang hahalang kawas ngawangun konsonan. Ku kituna, dina engang kadua, semivokal tara jadi puseur engang, tapi jadi sora panglancar. Lantaran bisa ngaruntuy jeung vokal dina ngawangun engang, semi vokal digolongkeun kana *konsonan*.

Semivokal labiodéntal /w/ diwangun ku jalan ngadeukeutkeun biwir handap kana biwir luhur jeung huntu luhur nepi ka hawa moncor kana sela-sela huntu jeung biwir. Ieu semi vokal téh sorana bisa kedal [w-] lamu dituturkeun ku vokal, bisa teu kedal [-w] lamun aya di tungtung kecap. Contona:

[w-] [wayaŋ] <wayang>
 [wawUh] <wawuh>
 [cəwaw] <cewaw>
 [gatöw] <gateuw>

Semivokal-palatal /y/ diwangun ku jalan ngadeukeutkeun tungtung létah kana lalangit teuas, tapi henteu nepi ka nyandet hawa nu kaluar tina bayah. Ieu semi vokal téh sorana bisa kedal [y] lamun aya saméméh vokal, bisa teu kedal [-y] lamun aya di tungtung kecap. Contona:

[y-] [yUswa?] <yuswa>
 [wayaŋ] <wayang>
 [kuya?] <kuya>
 [-y] [tuluy] <tuluy>
 [ŋacay] <ngacay>
 [lölöy] <leuleuy>

2.5.2 Sebaran Konsonan

Sakabéh konsonan dina basa Sunda bisa sumebar di awal, di tengah, jeung di tungtung kecap, iwal konsonan /c/, /ny/ jeung /j/. Balukar pangaruh basa kosta, aya konsonan /j/ anu cicing di tungtung kecap saperti *mahroj* jeung *mi'raj*. Sebaran konsonan dina kecap basa Sunda téh bisa dibagankeun kieu.

Bagan 2.8: Distribusi Konsonan

| KONSONAN | POSISI DINA KECAP | | |
|----------|-------------------|-----------|-------------|
| | Di Awal | Di tengah | Di Tungtung |
| /b/ | /bau/ | /ubar/ | /teurab/ |
| /c/ | /cokot/ | /buncis/ | --- |
| /d/ | /dasar/ | /adat/ | /bejad/ |
| /f/* | /fasilitas/ | /tafsir/ | /aktif/ |
| /g/ | /garu/ | /tugur/ | /bedug/ |
| /h/ | /hayang/ | /dahar/ | /waluh/ |
| /j/ | /jalan/ | /bagja/ | /mi'raj/ |
| /k/ | /kawas/ | /aki/ | /batuk/ |
| /l/ | /lamun/ | /alus/ | /bijil/ |
| /m/ | /mana/ | /ambu/ | /anom/ |
| /n/ | /naha/ | /manéh/ | /dusun/ |
| /ny/ | /nyiar/ | /anyar/ | --- |
| /ng/ | /ngan/ | /angeun/ | /soang/ |
| /p/ | /palay/ | /opak/ | /hilap/ |
| /q/* | /qur'an/ | /furqon/ | --- |
| /r/ | /réa/ | /urang/ | /pasir/ |
| /s/ | /sayur/ | /asem/ | /tiis/ |
| /t/ | /teuas/ | /batan/ | /urat/ |
| /v/* | /vokal/ | /lava/ | --- |
| /w/ | /wates/ | /sawah/ | /riceuw/ |
| /x/* | /xénon/ | /luxor/ | /xérox/ |
| /y/ | /yakin/ | /ayak/ | /bolay/ |
| /z/* | /zat/ | /azab/ | /juz/ |

2.6 Runtuyan Sora, Engang, jeung Kecap

Runtuyan sora, engang, jeung kecap téh raket patalina. Sora basa aya nu bisa madeg mandiri jadi engang aya nu kudu ngaruntuy heula jeung sora basa lianna. Kitu deui engang, aya nu langsung jadi kecap aya nu kudu ngaruntuy jeung engang séjénna. Cindekna, kecap diwangun ku runtuyan engang, ari engang diwangun ku runtuyan sora.

2.6.1 Adegang Engang

Engang dina basa Sunda umumna diwangun ku vokal (V) atawa réndonan vokal jeung konsonan (K). Upama dirumuskeun, adegan atawa kaédah engang dina basa Sunda téh kieu.

V : *i-eu, u-lah, é-ra, o-yék, eu-pan, a-bus.*

VK : *ab-di, um-pak, ém-pang, ong-koh, eun-teung.*

KV : *da-mar, ka-rung, sun-da, é-ra, na-on.*

KVK : *an-jeun, jang-kung, cang-kang, bu-dak*

KKV : *ge-bru, ti-bra, nyong-clo, num-pra*

KKVK: *nga-*jleng*, ra-*cleng*, tu-*bruk*, ke-*prak**

Balukar ayana pangaruh basa kosta, dina basa Sunda ogé sok kapanggih adegan engang kieu.

VKK : *ons, éks-tra*

KVKK : *teks, kon-*teks**

KKKV : *stra-té-gi, *stra-ta**

KKVKK : *kom-*pléks**

KKKVK : *struk-tur, in-*struk-tur**

KVKKK : *korps*

Dina basa Sunda adegan atawa pola engang nu nyoko kana kecap téh ngabogaan sawatara kaédah, di antarana baé:

- 1) Kecap asal réréana diwangun ku dua engang nepi ka tilu engang. Najan kitu, aya anu diwangun ku saengang, dua engang, nepi ka aya nu nepi ka lima engang. Contona:
 - (a) Kecap asal saengang : *jeung*
 - (b) Kecap asal dua engang: *ba-pa*
 - (c) Kecap asal tilu engang: *ka-la-pa*
 - (d) Kecap asal opat engang: *an-da-le-mi*
 - (e) Kecap asal lima engang: *mu-ru-ku-su-nu*
- 2) Vokal bisa madeg mandiri jadi engang. Upamana wae, *a*-ki, *é*-léh, *o*-sok, *u*-cing, *i*-tu, *eu*-ceu, *e*-ma.
- 3) Konsonan teu bisa madeg mandiri jadi engang.
- 4) Konsonan réndon (*kluster*) ilaharna aya dina awal engang saperti: *nyong-clo*. Najan kitu, aya kluster nu cicingna di ahir engang, ilaharna kluster nu asalna tina basa asing saperti *kompleks*.
- 5) Konsonan kadua dina kluster ilaharna konsonan /l/ jeung /r/. Sanajan kitu, aya konsonan nu kaduana /y/ saperti dina kecap *hyang*.

2.6.2 Runtuyan Sora

Boh vokal boh konsonan dina basa Sunda bisa ngantét jeung vokal atawa konsonan séjénna. Eta kantétan vokal téh bisa ngawangun diftong lamun ngantét jeung vokal séjénna anu béda, tapi lamun ngantét jeung vokal nu sarua bakal muncul sora glotal /ʔ/. Kawangunna diftong téh balukar munculna semivokal /w/ jeung /y/

minangka sora panglancar. Jadi anu dimaksud diftong téh nya éta réndonan vokal jeung semi vokal dina engang, lain réndonan dua vokal atawa leuwih. Upamana baé, dina kecap:

| | |
|---------|---------|
| [kuwɛh] | <kuéh> |
| [liyör] | <lieur> |

muncul diftong minangka réndonan semi vokal /w/ jeung vokal /é/ dina kecap sarta réndonan semi vokal /y/ jeung vokal /eu/ dina kecap *lieur*.

2.6.2.1 Runtuyan Vokal

Vokal dina basa Sunda téh bisa ngaruntuy jeung vokal séjénna. Runtuyan vokal téh ilaharna aya dina dua engang. Upama dirumuskeun, runtuyan vokal dina basa téh kieu.

Vokal /i/ bisa dituturkeun ku sakabéh vokal, iwal vokal /e/.

Contona:

| | | |
|-------|---------|---------|
| /ii/ | [tiʔis] | <tiis> |
| /ieu/ | [siön] | <sieun> |
| /ie/ | [kiðr] | <kier> |
| /io/ | [ciyos] | <cios> |
| /ia/ | [liyar] | <liar> |

Vokal /u/ bisa dituturkeun ku kabéh vokal, iwal ku vokal /e/ jeung /o/. Contona:

| | | |
|-------|---------|---------|
| /uu/ | [buʔuk] | <buuk> |
| /ui/ | [duwit] | <duit> |
| /ueu/ | [cuwöt] | <cueut> |
| /ué/ | [kuwɛh] | <kuéh> |
| /ua/ | [suwat] | <suat> |

Vokal /eu/ bisa dituturkeun ku vokal /eu/, /i/, jeung /a/. Contona

| | | |
|--------|---------|----------|
| /eueu/ | [sö?öi] | <seueul> |
| /eui/ | [döi?] | <deui> |
| /eua/ | [töas] | <teuas> |

| | | |
|-------|--------|---------|
| /aeu/ | [baöd] | <baeud> |
| /aé/ | [daék] | <daéék> |
| /ao/ | [naon] | <naon> |

Vokal /é/ bisa dituturkeun ku vokal /é/, /o/, jeung /a/.

Contona:

| | | |
|------|---------|---------|
| /éé/ | [lɛ?ɛh] | <lééh> |
| /éo/ | [kɛyɔŋ] | <kéong> |
| /éa/ | [lɛyah] | <léah> |

Vokal /o/ bisa dituturkeun ku sakabéh vokal, iwal ku vokal /eu/ jeung /e/. Contona:

| | | |
|------|---------|---------|
| /oo/ | [go?oŋ] | <goong> |
| /oi/ | [ko?id] | <ko'id> |
| /ou/ | [so'un] | <so'un> |
| /oé/ | [sowɛh] | <soéh> |
| /oa/ | [bowa?] | <boa> |

Vokal /e/ ngan bisa dituturkeun ku vokal /e/ wungkul.

Contona:

| | | |
|------|---------|--------|
| /ee/ | [he?ɛh] | <heeh> |
|------|---------|--------|

Vokal /a/ bisa dituturkeun ku sakabéh vokal, iwal ku vokal /e/. Contona:

| | | |
|------|---------|--------|
| /aa/ | [ca?ah] | <caah> |
| /ai/ | [laIn] | <lain> |
| /au/ | [lawuk] | <lauk> |

2.6.2.2 Runtuyan Konsonan

Konsonan dina basa Sunda bisa ngaruntuy jeung konsonan lianna, boh nu ngawangun konsonan réndon (kluster) boh henteu. Tina salapan belas konsonan anu asli basa Sunda, aya tilu konsonan anu teu bisa dituturkeun ku konsonan séjénna, nya éta konsonan mandeg glotal /ʔ/, konsonan nasal palatal /ɲ/, jeung konsonan semi vokal labiodéntal /w/. Semi vokal palatal /y/ ngan bisa dituturkeun ku konsonan /h/> Runtuyan konsonan dina basa Sunda téh lengkepna mah kieu.

Konsonan /p/ bisa dituturkeun ku konsonan /t/, /g/, /s/, /h/, /y/, /l/, jeung /r/. Contona:

| | | |
|--------|------------|------------|
| /-pt-/ | [tuptɛp] | <tuptép> |
| /-pg-/ | [gupgap] | <gupgap> |
| /-ps-/ | [napsu] | <napsu> |
| /-ph-/ | [haphap] | <haphap> |
| /-py-/ | [karapyak] | <karapyak> |
| /-pl-/ | [gaplɛh] | <gapléh> |
| /-pr-/ | [?aprak] | <aprak> |

Konsonan /t/ bisa dituturkeun ku konsonan /p/, /b/, /d/, /w/, /m/, jeung /r/. Contona:

| | | |
|--------|-------------|-------------|
| /-tp-/ | [putpet] | <putpet> |
| /-tb-/ | [butbet] | <butbet> |
| /-td-/ | [randutdut] | <randutdut> |

/-tw-/ [satwa?] <satwa>
 /-tm-/ [ʔatma?] <atma>
 /-tr-/ [ʔatra?] <atra>

Konsonan /c/ ngan bisa dituturkeun ku konsonan /l/ jeung /r/.

Contona:

/-cl-/ [ʔaclɔ |] <ancleng>
 /-cr-/ [kɔcrot] <kecrot>

Konsonan /k/ bisa dituturkeun ku konsonan /p/, /t/, /c/, /b/, /d/, /g/, /s/, /w/, jeung /ny/. Contona:

/-kp-/ [pok] <pokp^hk>
 /-kt-/ [taktak] <taktak>
 /-kc-/ [cɛkcok] <c^hkcok>
 /-kb-/ [bukbak] <bukbak>
 /-kd-/ [takdir] <takdir>
 /-kg-/ [gukgok] <gukgok>
 /-ks-/ [paksa?] <paksa>
 /-kw-/ [dakwa?] <dakwa>
 /-kny-/ [ɲarakɲak] <nyaraknyak>

Konsonan /b/ bisa dituturkeun ku konsonan /d/, /h/, /y/, /l/, jeung /r/. Contona:

/-bd-/ [sabda?] <sabda>
 /-bh-/ [halabhab] <halabhab>
 /-by-/ [gebyar] <gebyar>

/-bl-/ [jeblog] <jeblog>
 /-br-/ [gebru?] <gebru>

Konsonan /d/ bisa dituturkeun ku konsonan /h/, /y/, /m/, /n/, /l/, jeung /r/. Contona:

/-dh-/ [hodhod] <hodhod>
 /-dy-/ [madya?] <madya>
 /-dm-/ [padmi?] <padmi>
 /-dn-/ [nolednad] <no^hdnad>
 /-dl-/ [ludlod] <ludlod>
 /-dr-/ [lɔdrɔk] <ledrek>

Konsonan /j/ bisa dituturkeun ku konsonan /l/ jeung /r/. Contona:

/-jl-/ [ʔajlɔ |] <ajleng>
 /-jr-/ [gɔjrɛt] <gejr^ht>

Konsonan /g/ bisa dituturkeun ku konsonan /d/, /j/, /y/, /m/, /l/, jeung /r/. Contona:

/-gd-/ [dugdeg] <dugdeg>
 /-gj-/ [jagjag] <jagjag>
 /-gy-/ [yogiya?] <yogyia>
 /-gm-/ [melegmeg] <melegmeg>
 /-gl-/ [sɔglɔŋ] <seglong>
 /-gr-/ [sɔgruk] <segruk>

Konsonan /s/ bisa dituturkeun ku konsonan /p/, /t/, /k/, /b/, /h/, /w/, /m/, /n/, /l/ jeung /r/. Contona:

| | | |
|---------|--------------|-------------|
| /-sp-/ | [waspada?] | <waspada> |
| /-st-/ | [wasta?] | <wasta> |
| /-sk-/ | [saniskara?] | <saniskara> |
| /-sb-/ | [?asbak] | <asbak> |
| /-sh-/ | [haroshos] | <haroshos> |
| /-sw-/ | [waswas] | <waswas> |
| /-sm-/ | [tasma?] | <tasma> |
| /-sn-/ | [pulasna] | <pulasna> |
| /-sl -/ | [?asli?] | <asli> |
| /-sr-/ | [k@srak] | <keusrak> |

Konsonan /h/ bisa ngantét jeung konsonan /p/, /t/, /k/, /b/, /d/, /g/, /s/, /w/, /m/, /n/, //, /l/ jeung /r/. Contona:

| | | |
|---------|-------------|----------------------|
| /-hp-] | [rampohpoy] | <rampohpoy> |
| /-ht-] | [tahta?] | <tahta> |
| /-hk-] | [kahkeh] | <kahk ^h > |
| /-hb-] | [bihbul] | <bihbul> |
| /-hd-] | [dahdir] | <dahdir> |
| /-hg-] | [ŋahgar] | <ngahgar> |
| /-hs-] | [?ihsan] | <ihsan> |
| /-hw-] | [tawéhwoh] | <tawéhwoh> |
| /-hm -] | [b@rahma?] | <brahma> |
| /-hng-] | [ŋohŋor] | <ngohngor> |
| /-hn-] | [nahnay] | <nahnay> |
| /-hr-] | [muhrim] | <muhrim> |

Konsonan /y/ ngan bisa dituturkeun ku konsonan /h/. Contona:

| | | |
|---------|------------|------------|
| /-yh -] | [harayhay] | <harayhay> |
|---------|------------|------------|

Konsonan /m/ bisa dituturkeun ku konsonan /p/, /c/, /b/, /j/, /s/, /h/, /y/, /l/, jeung /r/. Contona:

| | | |
|--------|------------|-----------|
| /-mh-/ | [tempo?] | <tempo> |
| /-mc-/ | [camcawuh] | <camcauh> |
| /-mb-/ | [tamba?] | <tamba> |
| /-mj-/ | [jamjam] | <jamjam> |
| /-ms-/ | [samsu?] | <samsu> |
| /-mh-/ | [jamhur] | <jamhur> |
| /-my-/ | [?umya] | <umyang> |
| /-ml-/ | [?amles] | <amles> |
| /-mr-/ | [?amrin] | <amrin> |

Konsonan /n/ bisa dituturkeun ku konsonan /p/, /t/, /c/, /k/, /d/, /j/, jeung /r/. Contona:

| | | |
|--------|-----------|----------|
| /-np-/ | [tanpa?] | <tanpa> |
| /-nt-/ | [huntu?] | <huntu> |
| /-nc-/ | [nanceb] | <nanceb> |
| /-nk-/ | [hunkue?] | <hunkué> |
| /-nd-/ | [tanda?] | <tanda> |
| /-nj-/ | [nanjak] | <nanjak> |
| /-ns-/ | [tansah] | <tansah> |

Konsonan /ng/ bisa dituturkeun ku konsonan /p/, /t/, /c/, /k/, /b/, /d/, /j/, /g/, /s/, /h/, /y/, /l/ jeung /r/. Contona:

| | | |
|---------|-----------|------------|
| /-ngp-/ | [pinpin] | <pingpin> |
| /-ngt-/ | [tantu?] | <tangtu> |
| /-ngc-/ | [caŋcaŋ] | <cangcang> |
| /-ngk-/ | [naŋka?] | <angka> |
| /-ngb-/ | [baŋbuŋ] | <bangbung> |
| /-ngd-/ | [daŋdan] | <dangdan> |
| /-ngj-/ | [jaŋji?] | <jangji> |
| /-ngg-/ | [gaŋgu?] | <ganggu> |
| /-ngs-/ | [suŋsaŋ] | <sungsang> |
| /-ngh-/ | [cɛŋhar] | <cnghar> |
| /-ngy-/ | [saŋyang] | <sangyang> |
| /-ngl-/ | [maŋlɛ?] | <manglé> |
| /-ngr-/ | [caŋra?] | <cangra> |

Konsonan /l/ bisa dituturkeun ku konsonan /p/, /t/, /c/, /k/, /b/, /j/, /g/, /s/, /h/, /m/, jeung /n/. Contona:

| | | |
|---------|------------|-----------|
| /-lp-/ | [?alpuket] | <alpuket> |
| /-lt-/ | [tultel] | <tultel> |
| /-lc-/ | [culcel] | <culcel> |
| /-lk-/ | [polka?] | <polka> |
| /-lb-/ | [bolbol] | <bolbol> |
| /-ld-/ | [kaldɛ] | <kaldé> |
| /-lj-/ | [juljo] | <juljol> |
| /-ls-/ | [salsɛ] | <salsé> |
| /-lh -/ | [?ilham] | <ilham> |
| /-lm-/ | [jalma?] | <jalma> |

| | | |
|--------|---------|---------|
| /-ln-/ | [jolna] | <jolna> |
|--------|---------|---------|

Konsonan /r/ bisa dituturkeun ku konsonan /p/, /t/, /c/, /k/, /b/, /d/, /j/, /g/, /s/, /h/, /w/, /y/, /m/, /n/ jeung /l/. Contona:

| | | |
|---------|------------|-----------|
| /-rp-/ | [garpuh] | <garppuh> |
| /-rt-/ | [harti?] | <harti> |
| /-rc-/ | [nirca?] | <nirca> |
| /-rk-/ | [perkara?] | <perkara> |
| /-rb-/ | [perbawa?] | <perbawa> |
| /-rd-/ | [perdana?] | <perdana> |
| /-rj-/ | [sarjana?] | <sarjana> |
| /-rg-/ | [margi?] | <margi> |
| /-rs -/ | [kersa?] | <kersa> |
| /-rh-/ | [gerhana?] | <gerhana> |
| /-rw-/ | [garwa?] | <garwa> |
| /-ry-/ | [karya?] | <karya> |
| /-rm-/ | [darma?] | <darma> |
| /-rn-/ | [warna?] | <warna> |
| /-rl-/ | [lurlar] | <lurlar> |

2.6.2.3 Kluster

Runtuyan konsonan nu kahijina konsonan mandeg sarta konsonan kaduana /r/, /l/, jeung /y/ ilaharna ngawangun **gunduk wianjana** (*kluster*). Ari kluster téh nya éta runtuyan dua konsonan atawa leuwih anu diucapkeun sawaktu tur aya dina hiji engang. Dumasar kana warna konsonan kaduana, kluster dina basa Sunda téh bisa diwincik kieu.

(a) Gundukan konsonan mandeg jeung latéral /l/ bisa ngawangun

kluster:

| | | |
|--------|------------|-----------|
| /-pl-/ | [ga[p]lok] | <gaplok> |
| /-cl-/ | [ʔa[c]lok] | <aclok> |
| /-bl-/ | [ge[b]lug] | <geblug> |
| /-jl-/ | [gajlɔŋ] | <gajleng> |
| /-gl-/ | [sɔgloŋ] | <seglong> |

(b) Gundukan konsonan mandeg jeung geter /r/ ngawangun kluster:

| | | |
|--------|-------------|----------|
| /-pr-/ | [kɔ[p]rok] | <keprok> |
| /-tr-/ | [pu[t]ɔraʔ] | <putra> |
| /-cr-/ | [gɔ[c]ruk] | <gecruk> |
| /-kr-/ | [gɔ[b]ro] | <gebro> |
| /-dr-/ | [ga[d]rah] | <gadrah> |
| /-br-/ | [gɔ[j]rɛt] | <gejrét> |

(c) Gundukan konsonan mandeg géser jeung semi-vokal /y/ bisa

ngawangun kluster:

| | | |
|--------|-------------|-------------|
| /-py-/ | [ko[p]yok] | <kopyok> |
| /-by-/ | [gɔ[b]iyar] | <gebyar> |
| /-dy-/ | [ma[d]iya] | <madya> |
| /-hy-/ | [sanhyar] | <sanghyang> |

Kluster-kluster anu ditataan bieu téh bisa nuturkeun *konsonan nasal*, tapi henteu ngawangun kluster lantaran konsonan nasalna mah kabawa kana engang saméméhna. Geura tengetan contona:

| | | |
|---------|------------|------------|
| /-mpl-/ | [tam-plok] | <tamplok> |
| /-mbl-/ | [gambluŋ] | <gamblung> |

| | | |
|----------|-----------|---------------|
| /-ngkl-/ | [ŋaŋklɔŋ] | <ngangkleung> |
| /-ncl-/ | [kɔncliŋ] | <kencling> |
| /-njl-/ | [gɔŋjlɔŋ] | <geunjleung> |
| /-mpr-/ | [ʔamprok] | <amprok> |
| /-mbr-/ | [gambreŋ] | <gambréng> |
| /-ntr-/ | [kɔntron] | <kentrong> |
| /-ndr-/ | [gondron] | <gondrong> |
| /-njr-/ | [gɔŋjriŋ] | <genjring> |
| /-ngkr-/ | [noŋkron] | <nongkrong> |

2.6.3 Rucatan Engang dina Kecap

Rucatan atawa panggilan kecap téh raket patalina jeung engang. Rucatan patali jeung kecap minangka unsur basa tinulis, ari engang patali jeung kecap minangka unsur basa lisan. Ku kituna, rucatan kecap kudu luyu jeung kaédah atawa pola engang, najan henteu salawasna. Contona waé, kecap *keprok* anu diucapkeun [kɔ[p]-rok] dirucatna <*keprok*>.

Kaédah rucatan kecap gurat badagna mah aya dua rupa nya éta rucatan kecap asal jeung rucatan kecap rundayan.

2.6.3.1 Rucatan Engang dina Kecap Asal

Cara ngarucat engang dina kecap asal jeung kecap rundayan téh aya bédana. Ari cara ngarucat engang dina kecap asal téh kaédahna kieu.

(1) Mun di tengah kecap aya dua vokal anu ngantét, cara misahkeunana

kudu di antara éta dua vokal. Contona:

da-un <daun>
leu-it <leuit>

(2) Mun di tengah kecap aya konsonan di antara dua vokal, cara misah-

keunana kudu saméméh éta konsonan. Contona:

a-di <adi>
sa-reng <sareng>
wa-yang <wayang>

(3) Mun di tengah kecap aya konsonan nu dilambangkeun ku dua aksara, éta réndonan aksara téh henteu dirucat. Ari ngarucatna saméméh atawa sabada éta réndonan aksara. Contona:

di-nya <dinya>
te-ngah <tengah>

(4) Lamun di tengah kecap aya dua konsonan anu lain konsonan réndon, cara misahkeunana di antara éta dua konsonan. Conto:

ang-klung <angklung>
sar-ta <sarta>
ték-tek <tékték>

(5) Lamun di tengah kecap aya dua konsonan atawa leuwih nu mangrupa gunduk wianjana, éta konsonan réndon teu dirucat. Ari ngarucatna saméméh éta gunduk wianjana. Contona:

am-prok <amprok>
ga-plék <gaplék>
nam-bru <nambru>

2.6.3.2 Rucatan Engang dina Kecap Rundayan

Cara ngarucat engang dina kecap rundayan téh miboga rupa-rupa kaédah, di antarana, dipidangkeun di handap ieu.

(1) Rarangkén hareup, rarangkén tukang, jeung partikel anu biasa ditulis dihijikeun kana kecap asalna, cara misahkeunana kudu mandiri. Contona:

di-ba-wa <dibawa>
da-har-eun <dahareun>
da-han-na <dahanna>

(2) Rarangkén hareup, rarangkén tukang, jeung partikel anu ngalaman parobahan wangun ditulis saperti kieu.

pa-na-nya <pananya>
pa-nga-la <pangala>
da-har-eun-a-na <dahareunana>

(3) Rarangkén tengah nu ditulis ngantét jeung kecap asalna, ngarucatna kawas ngarucat kecap asal. Contona:

ba-ra-la <barala>
da-la-har <dalahar>
gu-meu-lis <gumeulis>
pi-nang-gih <pinanggih>

(4) Rarangkén tengah anu barobah tempatna ka hareupeun kecap asalna, dianggap sarua jeung rarangkén hareup. Contona:

ar-u-lin <arulin>
al-u-dur <aludur>
ra-cleng <racleng>
um-a-mis <umamis>


2.7 Ciri Supraségmental

Sora basa téh aya nu bisa dipasing-pasing aya nu henteu. Sora basa nu bisa dipasing-pasing saperti vokal jeung konsonan disebut sora

supraségmental, ari nu teu bisa dipasing-pasing saperti tekanan, dangka, randegan, jeung wirahma disebut *sora-supraségmental*.

Tekanan téh tumerapna kana kecap. Henteu unggal kecap dina kalimah dibéré tekanan, ilaharna anu dibéré tekanan (aksén) téh kecap-kecap nu dipentingkeun. Tekanan (bedas alonna sora) sok babarengan jeung dangka (panjang pndokna sora) katut *wirahma* (naék turunna sora). Hiji engang bakal kadéngé béda lamun diucapkeun dina dangka anu leuwih panjang batan engang séjénna. jaba ti éta, dina omongan téh sok kadéngé ayana randegan (jeda, kesenyapan) di antara babagian éta omongan. Randegan nu dipaké ngamimitian jeung mungkas kalimah nya éta sendi képang rangkep (#), anu dipaké di antara babagian kalimah nya éta sendi rangkep (/), anu dipaké diantara dua gundukan kecap atawa frasa nya éta sendi tunggal(/), ari anu dipaké di antara engang nyaéta sendi tambah (+) atawa sendi bantuan (-).

Tekanan minangka bedas-alonna sora dina omongan bisa digambarkeun kieu.



Dangka téh nya éta cara ngedalkeun omongan nu salasahiji engangna dikedalkeun leuwih panjang. Gambarana kieu:

(03) Ih, teu boo oo ooga anu kitu mah.

Kecap *boga* bisa dicirian ku titik dua (:) kawas kieu:

(04) [bo:ga?] <boga>

Wirahma minangka naék turunna sora sok digambarkeun ku notasi angka 1 (nada handap), 2 (nada sedeng), 3 (nada luhur) atawa skala blok not musik. Geura tengetan contona:

(05) [Duwa?] <Dua.>

[2] 3 1

(06) [Di mana?]

[2] 3 3

Binarungna tekanan, dangka, randegan, jeung wirahma téh ngaangun lentong atawa intonasi. Ari lentong téh tumerapna dina kalimah. Eta sababna, kalimah sok dibéré wangenan runtuyan sora basa nu dipungkas ku randegan panjang sarta binarung jeung wirahma ahir turun atawa naék. Pola lentong kalimah téh gambarana kieu.

(06) Kuring rék indit ka Bandung

[2] 3 // [2] 3 1

(07) Korsi manéhna?

[2] 3 // [2] 3 2

(08) Indit!

[2] 3

2.8 Rinéka Sora

Rinéka sora atawa gejala fonologis patali jeung parobahan sora basa, boh vokal boh konsonan. Ari parobahan sora basa téh bisa muncul ku jalan leungitna foném, tambahna foném, pindahna tempat foném, atawa bagantina foném jeung foném séjénna. Dumasar kana cara diwangunna, rinéka sora téh bisa diwincik kieu.

2.8.1 Sirnaan

Sirnaan nya éta rinéka sora anu diwangun ku jalan ngaleungitkeun sawatara foném tina kecap, boh di awal kecap, di tengah kecap, boh di ahir kecap. Ku kituna, sirnaan bisa mangrupa sirnapurwa, sirnamadya, jeung sirnawekas.

(a) *Sirnapurwa* (aférésis) nya éta leungitna foném di awal kecap.

Conto:

/examen/ → /samen/
 /umilu/ → /milu/
 /ksatria/ → /satria/

(b) *Sirnamadya* (sinkope) nya éta leungitna foném di tengah

kecap. Contona:

/banderol/ → /banrol/
 /kolonél/ → /kolonél/
 /officiér/ → /opsir/

(c) *Sirnawekas* (apokope) nya éta leungitna foném di tungtung kecap.

Contona:

/bénzine/ → /bénsin/ → /béngsin/
 /presidént/ → /presidén/ → /persidén/
 /régent/ → /régén/

2.8.2 Swarabakti

Swarabakti nya éta rinéka sora anu diwangun ku jalan nambahkeun foném kana kecap, boh di awal, di tengah, boh di tungtung kecap. Ku kituna, swarabakti bisa mangrupa sawarabakti awal, swarabakti tengah, jeung sawarabakti ahir.

(a) *Swarabakti awal* (*protésis*) nya éta tambahna foném di awal kecap.

Contona:

/stri/ → /istri/
 /stal/ → /istal/
 /kool/ → /engkol/

(b) *Swarabakti tengah* (*épétésis*) nya éta tambahna foném di tengah

kecap. Contona:

/blok/ → /belok/
 /grendél/ → /géréndél/
 /trommel/ → /torombol/

(c) *Swarabakti ahir* (*paragoge*) mun tambahna foném di tungtung

kecap. Contona:

/bank/ → /bangku/
 /das/ → /dasi/
 /method/ → /metode/

2.8.3 Bagentén

Bagentén atawa alternan nya éta sora diwangun ku jalan nganganti hiji foném ku foném lianna, boh vokal ku vokal boh konsonan ku konsonan.

2.8.3.1 Bagentén Vokal

Bagantina vokal jeung vokal dina basa Sunda miboga kaédah saperti di handap ieu.

(a) Vokal /u/ baganti jeung vokal /o/, /e/, jeung /a/. Contona:

/surung/ → /sorong/
 /pungkur/ → /pengker/
 /sebut/ → /sebat/

(b) Vokal /a/ baganti jeung vokal /i/, /é/, jeung /u/. Contona:

/utama/ → /utami/
/begang/ → /begéng/ → /begung/

(c) Vokal /i/ atawa /o/ baganti jeung vokal /é/. Contona:

/itung/ → /étang/
/nongtot/ → /néngtét/

(d) Vokal /eu/ baganti jeung vokal /e/. Contona:

/heueuh/ → /heeh/

(é) Vokal /eu/ baganti jeung vokal /é/. Contona:

/ceuk/ → /cék/
/heug/ → /hég/

2.8.3.2 Bagentén Konsonan

Bagantina konsonan jeung konsonan dina basa Sunda mibanda kaédah di handap ieu.

(a) Konsonan /b/ baganeu jeung konsonan /w/ jeung /h/. Contona:

/belas/ → /welas/
/babut/ → /rabut/
/banjat/ → /hanjat/

(b) Konsonan /p/ baganti jeung konsonan /k/. Contona:

/pompa/ → /kompa/

(c) Konsonan /c/ baganti jeung konsonan /j/ jeung /w/. Contona:

/carang/ → /jarang/
/caringin/ → /waringin/
/caduk/ → /waduk/

(d) Konsonan /k/ baganti jeung konsonan /g/ jeung /r/. Contona:

/kumasép/ → /gumasép/

/waka/ → /wara/

(e) Konsonan /h/ baganti jeung konsonan /s/. Contona:

/heug/ → /seug/
/hang/ → /sang/
/hieng/ → /sieng/

(f) Konsonan /r/ baganti jeung konsonan /d/, /l/, /c/, /b/. Contona:

/iser/ → /ised/
/raris/ → /laris/
/ragap/ → /cagap/
/ruhun/ → /buhun/

2.8.4 Méta-tésis

Méta-tésis nya éta rinéka sora nu diwangun ku jalan matukeurkeun tempat foném dina jero kecap. Contona:

/aduy/ → /ayud/
/daluh/ → /ladu/
/léor/ → /réol/
/presidén/ → /presidén/
/rontal/ → /lontar/

2.8.5 Asimilasi

Asimilasi nya éta rinéka sora nu diwangun ku jalan nayarukeun foném nu béda kana foném tukangeunana, ilaharna di antara foném nu aya dina daerah ucapan nu sarua saperti /b/ jeung /m/, /d/ jeung /n/, sarta /g/ jeung /ng/. Contona:

/gambar/ → /gamar/
/gamblung/ → /gamlung/

| | | |
|------------|---|-----------|
| /kadéron/ | → | /kanéron/ |
| /kendang/ | → | /kenang/ |
| /sanggeuk/ | → | /sangeuk/ |
| /sanggup/ | → | /sangup/ |

BAB III TATA KECAP

3.1 Ambahan Tata Kecap

Istilah *tata kecap* diwangun ku dua kecap, nya éta *tata* ‘bérés, aturan, kaédah’ jeung *kecap* (Sunda buhun: *kcep*) ‘ucap, omong’. Saujratna mah, *tata kecap* téh mangrupa aturan atawa kaédah ngawangun kecap, ku kituna, sok disebut *tata wangun kecap*. Dina basa Indonésia disebutna *morfologi*, minangka serepan tina basa Inggris *morphology*. Ari asal-muasalna mah tina basa Yunani, nya éta tina kecap *morpho* = ‘wangun’ jeung *logos* = ‘élmu’. Jadi, morfologi téh élmu perkara wangun.

Tata kecap mangrupa salasahiji bagian tina tata basa, anu maluruh kecap, cara ngawangunna, selang-surupna, sarta patula-patalina kana harti jeung warna kecap. Lebah dieu katangén yén *tata kecap* téh maluruh kecap katut unsur-unsur pangwangunna. Cindekna, *tata kecap* téh ngulik jeung medar perkara adegan kecap katut cara ngawangunna.

Ditilik tina kalungguhanana, *tata kecap* mangrupa bagian tina tata basa, anu raket patalina jeung bagian tata basa lianna, boh tata sora boh tata kalimah. Patalina *tata kecap* jeung *tata sora* nya éta lebah wangunanana. *Tata kecap* mangrupa panerus tina *tata sora*. Kecap anu diwangun ku morfém-morfém téh, dina dasarna diwangun ku runtuyan sora-sora. Ari ulikan patalina antara *tata kecap* jeung *tata sora* téh disebutna *morfofonologi* atawa *morfofonémik*.

Patalina *tata kecap* jeung *tata kalimah* nya éta lebah gunana. *Tata kecap* mangrupa dadasar dina *tata kalimah*. Ari sababna, *wangun kecap* minangka bahan ulikan tina *tata kecap*, mangrupa salahsahiji tina opat pakakas kalimah atawa alat sintaksis. Ari tilu alat sintaksis lianna nya éta *lentong*, *kecap pancén (partikel)*, jeung *runtuyan kecap*. Ulukan patalina *tata kecap* jeung *tata kalimah* sok disebut morfosintaksis.

Minangka alat sintaksis, wangun kecap bisa dipaké nyirian kalimah, upamana, bédana kalimah aktif jeung kalimah pasif. Contona baé, anu ngabédakeun kalimah aktif

(01) Kuring *meuli* baju.
jeung kalimah pasip

(02) Baju *dibeuli* ku kuring.
nya éta lebah wangun kecap nu jadi caritaan. Dina kalimah (01), caritaan *meuli* mangrupa kecap rundayan dirarangkénan hareup *N-*. Ari dina kalimah (02), caritaan *dibeuli* mangrupa kecap rundayan nu dirarang-kénan *di-*. Tangtu waé aya pangbéda lianna, nya éta *runtuyan kecap*.

Ambahan tata kecap anu dipedar ngawengku dua hal utama, nya éta wangun kecap jeung warna kecap. Ari pedaranana diadumaniskeun sarta ngurung perkara:

- a. kecap, anu ngawengku
 - (1) wangenan kecap,
 - (2) pangwangun kecap,
 - (3) pangwuwuh kecap,
 - (4) wangunan kecap, jeung
 - (5) warna kecap;
- b. kecap barang (nomina),
- b. kecap pagawéan (vérba),
- c. kecap sipat (adjéktiva),
- d. kecap bilangan (numeralia), jeung
- e. kecap pancén (partikel).

3.2 Kecap

3.2.1 Wangenan Kecap

Kecap mangrupa bagian kalimah pangleutikna anu sipatna bébas sarta ngandung harti anu tangtu. Dumasar kana éta wangenan bisa disebutkeun tilu ciri kecap dina basa Sunda.

- a. Kecap mangrupa bagian kalimah anu pangleutikna.
- b. Kecap mibanda sipat bébas dina leunjeuran kalimah, nya éta:
 - (1) bisa madeg mandiri dina kalimah,
 - (2) bisa dipisahkeun cicingna, jeung
 - (3) bisa dipatukeurkeun tempatna.
- c. Kecap miboga harti nu tangtu, boh harti léksikal boh harti gramatikal. Contona baé, unsur *kuring, meuli, baju, kamari, ti, jeung pasar* dina kalimah:
 - (03) Kuring meuli baju kamari ti pasar.masing-masing bisa disebut kecap lantaran mangrupa bagian pangleutikna dina éta kalimah.

Lamun kecap disebut bagian kalimah pangleutikna, tangtu aya bagian kalimah lianna. Bagian kalimah lianna ilaharna mangrupa gundukan kecap anu disebut frasa jeung klausa. Contona, dina kalimah (03) wangunan *ti pasar* mangrupa frasa, ari wangunan *kuring meuli baju kamari ti pasar* tanpa dibarengan ku lentong (intonasi) disebutna klausa.

Minangka bagian kalimah pangleutikna nu sipatna bébas, kecap bisa madeg mandiri lantaran bisa dikedalkeun sorangan tanpa dibarengan unsur lian. Kecap ogé bisa dipisahkeun cicingna atawa bisa disela ku unsur lian. Upama baé, antara kecap *kuring* jeung *meuli* bisa disela ku kecap *tas* saperti ébréh dina kalimah di handap.

(04) Kuring (*tas*) meuli baju kamari ti pasar.

Jaba ti éta, kecap ogé bisa dipatukeurkeun tempatna dina leunjeuran kalimah. Contona, kecap *kamari* dina kalimah di handap.

(05) a. Kuring meuli baju *kamari* ti pasar.

b. *Kamari* kuring meuli baju ti pasar.

c. Kuring *kamari* meuli baju ti pasar.

d. Kuring meuli baju ti pasar *kamari*.

Tina conto (05)a-d jelas yén kecap téh cicingna bisa dipatukeurkeun, tangtu baé dumasar kaédah nu tangtu. Upamana baé, antara caritaan *meuli* jeung udagan *baju* teu bisa diseselan ku kecap lian. Ku kituna, kalimah (04) di handap ieu teu bisa ditarima nurutkeun kaédah tata basa (*ungrammatical*).

(06) * Kuring meuli *kamari* baju ti pasar.

Kecap-kecap anu aya dina leunjeuran kalimah miboga harti nu tangtu, boh harti léksikal boh harti gramatikal. Harti léksikal nya éta harti nu langsung nuduhkeun konsép nu tangtu tina hiji obyék, ilaharna sok didaptar dina kamus. Ari harti gramatikal nya éta harti anu muncul balukar tepungna unsur-unsur katatabasaan. Kecap *kuring, meuli, baju, kamari, jeung pasar*, masing-masing miboga harti léksikal. Sabalikna, kecap *ti* teu boga harti léksikal, tapi harti gramatikal lantaran muncul sabada tepung jeung kecap *pasar*.

3.2.2 Pangwangun Kecap

3.2.2.1 Morfém jeung Kecap

Kecap diwangun ku unsur-unsur anu disebut *morém*, aya nu hiji morfém aya nu leuwih. Kecap nu diwangun ku hiji morfém disebut *kecap salancar*, ari anu diwangun ku dua morfém atawa leuwih disebut *kecap rékaan*. Kecap bisa sarua jeung morfém bisa henteu. Henteu kabéh morfém mangrupa kecap. Ari sababna, anu disebut kecap mah ngan morfém bébas wungkul, nya éta morfém anu bisa madeg mandiri dina omongan atawa kalimah. Cindekna, kecap téh sarua jeung morfém bébas atawa unggal morfém bébas mangrupa kecap.

Morfém mangrupa wangun basa pangleutikna nu ngandung harti. Bisa ogé disebutkeun yén morfém téh nya éta pangwangun kecap anu ngandung harti, boh harti léksikal boh harti gramatikal. Morfém nu miboga harti léksikal disebut *morfém léksikal*, ari morfém anu mibanda harti gramatikal disebut *morfém gramatikal*. Contona baé, kecap *meuli* diwangun ku dua morfém, nya éta morfém léksikal *beuli* nu hartina ‘nukeuran barang ku duit’ jeung morfém gramatikal *N-* (anu robah jadi *m-*) nu hartina ‘kalakuan’.

Morfém téh aya nu sipatna bébas, kauger, jeung satengah bébas (*madyabébas*). *Morfém bébas* nya éta morfém anu bisa madeg mandiri dina leunjeuran kalimah, atawa morfém anu bisa langsung jadi kecap. Morfém bébas nu boga harti léksikal disebut *morfém bébas léksikal*, anu ilahar disebut *kecap asal* (saenyana mangrupa *asal* atawa *puhu kecap*) saperti *kuring*, *baju*, *pasar*, jeung *kamari*.


Morfém kauger nya éta morfém anu teu bisa madeg mandiri jadi kecap dina leunjeuran kalimah, ilaharna ngantét kana morfém lian.. Contona, dina kecap *meuli* aya dua morfém, nya éta morfém dasar *beuli* jeung morfém kauger *N-*, anu robah jadi */m-/* lantaran tepung jeung morfém dasar dimimitian ku konsonan */b/*. Morfém kauger anu miboga harti léksikal tur jadi dasar dina ngawangun kecap disebut *cakal*, ari morfém kauger anu miboga harti gramatikal tur diwuwuhkeun kana morfém dasar disebutna *rarangkén* (*afiks*). Aya deui morfém kauger anu miboga harti léksikal tur sok diwuwuhkeun kana morfém dasar, umumna jadi *pangdeudeul* atawa *proléksém*. Contona, *pada-*, *para-*, *sili(h)-*, *pili(h)-*, *barang-*, *swa-*, *tan-*, *pra-*, *dwi-*, *panca-*, *-man*, *-wan*.

Morfém madyabébas nya éta morfém anu satengah bébas, bisa miboga harti léksikal bisa harti gramatikal, tur geus aya

warnaan. Morfém madyabébas anu miboga harti léksikal tur jadi dasar dina ngawangun kecap disebut *bagal kecap*, saperti *cokot*, *sépak*, jeung *tajong*. Morfém madyabébas anu miboga harti léksikal, napel kana morfém liann, tur boga papasangan dina wangun morfém bébas disebut *klitik*, saperti *pun+*, *sim+*, jeung *tuang+*. Morfém madyabébas anu umumna miboga harti gramatikal, sok ngagondéng kecap, tur ilaharna jadi pakakas dina leunjeuran kalimah disebut *partikel* (*kecap pancén*), saperti *di*, *ka*, *jeung*, *arék*, *pikeun*, jeung *téh*.

Dumasar kana katerangan di luhur, wanda morfém bisa disinggetkeun dina bagan di handap ieu.

Bagan 3.1: Wanda Morfém



3.2.2.2 Wujud Morfém: Morf jeung Alomorf

Wangun basa anu ngandung harti, boh harti léksikal boh gramatikal, disebut *wangun katatabasaan* (*gramatikal*). Wangun gramatikal pangleutikna atawa wangun basa pangleutikna anu ngandung harti disebut *morfém*.

Minangka wangun katatabasaan pangleutikna, morfém miboga wujud nu tangtu. Wujud morfém bisa hiji bisa leuwih ti hiji. Morfém *kuring*, upamana, ngan miboga hiji wujud, nya éta *kuring*. Ari morfém *N-* miboga sababaraha wujud kayaning *m-*, *n-*, *ny-*, *ng-*, *nge-*, jeung *nga-*.

Patali jeung wujud morfém aya nu disebut *morf* jeung *alomorf*. Morf nya éta wujud nyata atawa fonémis tina hiji morfém anu can bisa ditangtukeun cicingna atawa distribusina dina kecap. Ari alomorf nya éta wujud nyata tina hiji morfém anu geus tangtu distribusina tur jadi anggota tina hiji morfém. Contona, morfém *N-* diwujudkeun ku morf *N-*, anu mibanda alomorf *m-*, *n-*, *ny-*, *ng-*, *nge-*, jeung *nga-*.


3.2.2.3 Jangkar, Bakal, Bagal, Cakal, jeung Puhu Kecap

Patali jeung bahan dasar dina ngawangun kecap, aya anu disebut *jangkar*, *bakal*, *cakal*, *bagal*, jeung *puhu kecap*. **Jangkar kecap** mangrupa engang anu jadi asal dina ngawangun bakal kecap. Jangkar kecap sipatna fonéstémis sarta jadi bakal kecap atawa kecap lamun geus diuwuhan ku *pamaseuk (formatif)*. Contona, *but*, *brut*, jeung *dug* dina kecap *gebut*, *sebrut*, jeung *beledug*.

Bakal kecap, anu sok disebut *léksém*, nya éta bahan baku dina ngawangun kecap anu ngandung harti léksikal, sipatna bisa bébas bisa kauger. Dipatalikeun kana ngawangun kecap, prosés morfologis, atawa morfémis, bakal kecap (*léksém*) mangrupa bahan dasar, ari kecap mangrupa hasil. *Léksém* mangrupa unsur pangleutikna tina léksikon, ari morfém mangrupa unsur pangleutikna tina morfologi. *Léksém* mangrupa bakal kecap atawa dasar kecap, ari morfém mangrupa bagian tina kecap. Ku kituna, umumna *léksém* téh sok disebut *morfém dasar*, malah aya nu nyebut *kecap asal*.

Patalina *léksém*, morfém, jeung kecap dina prosés morfémis, bisa dibagankeun di handap ieu.

Bagan 3.2: Galur Prosés Morfémis



Bakal kecap téh aya nu sipatna bébas aya nu kauger. Bakal kecap anu miboga harti léksikal, sipatna kauger, tur can bisa ditangtukeun warna kecapna, disebut *cakal (akar, prakategorial)*. Contona: *cucul*, *juang*, *gapay*, *guling*.

Bakal kecap anu miboga harti léksikal, sipatna rada bébas, katangén warna kecapna, tur bisa dijieun wangun paréntah, disebut **bagal kecap**. Contona: *akut*, *baca*, *cokél*, *jejek*, *tulis*, jeung *tajong*.


Jaba ti *cakal* jeung *bagal*, aya nu disebut *puhu kecap (pangkal, stem)*, nya éta bakal kecap anu miboga harti léksikal,

sipatna bébas, jelas warna kecapna, tur ilaharna langsung jadi kecap asal. Contona: *diuk*, *dahar*, *sasé*, *pugur*, *pukah*.

3.2.2.4 Wangun Asal jeung Wangun Dasar

Dina ngawangun kecap aya nu disebut wangun asal jeung wangun dasar. **Wangun asal** nya éta wangun salancar (tunggal) anu jadi asal atawa dasar dina ngawangun kecap. Jadi, sakabéh bakal kecap (*cakal*, *bagal*, jeung *puhu*) kaasup kana wangun asal. Contona: *diuk* dina kecap *ngadiukan* mangrupa wangun asal.

Wangun dasar nya éta wangun salancar atawa rundayan anu jadi dasar dina ngawangun kecap. Dina wangun dasar pasti aya wangun asal. Contona, wangun dasar tina kecap *dipangmeulikeun* nya éta *pangmeulikeun*, anu miboga wangun dasar *meuli*. Kecap *meuli* miboga wangun dasar *beuli*, anu sakaligus mangrupa wangun asal. Titénan baganna di handap ieu.



3.2.3 Pangwuwuh Kecap: Afiks, Proléksém, Formatif, jeung Klitik

Dina ngawangun kecap aya unsur-unsur anu diuwuhkeun kana wangun dasar, anu di dieu disebut *pangwuwuh kecap*. Ari anu kaasup kana pangwuwuh kecap nya éta afiks, proléksém, formatif, jeung klitik.

Afiks atawa *rarangkén* nya éta morfém kauger anu sok diuwuhkeun tur napel kana wangun dasar bari miboga harti gramatikal. Contona, *di-* dina kecap *dibaju*. Disawang tina cara jeung tempat napelna, aya lima rupa *rarangkén*, nya éta

- Rarangkén hareup (awalan, préfiks), anu napel di hareupeun dasar;
- Rarangkén tengah (seselan, infiks), nu diseselkeun di tengah dasar;
- Rarangkén tukang (ahiran, sufiks), anu napel di tukangeun dasar;

- (d) Rarangkén barung (barungan, konfiks), nu mangrupa rarangkén tunggal minangka barungan tina dua rarangkén, biasana napel di hareup jeung tukangeun dasar;
- (é) Rarangkén bareng atawa gabung (ambifiks), anu mangrupa gabungan dua rarangkén atawa leuwih tur napelna kana wangun dasar teu binarung, tapi bareng wungkul.

Rarangkén dina basa Sunda jumlahna leuwih ti opat puluh. Éta rupa-rupa rarangkén téh bisa ditabélkeun di handap ieu.

Bagan 3.3: Rarangkén

| RARANGKĒN | | | | |
|-----------|---------|---------|------------|------------------------|
| Awalan | Seselan | Ahiran | Barungan | Gabungan |
| ba- | -ar- | -an | ka--an | di++ar- |
| di- | -in- | -eun | kapi- | di- + -an |
| ka- | -um- | -keun | pa--an | di++ar++an |
| ti- | | -na | pang--na | di++keun |
| N- | | -(n)ing | pang--keun | di++ar++keun |
| pa- | | | pi--eun | di++pi- |
| pang- | | | pika- | di++pika- |
| per- | | | pika--eun | di- + pang++keun |
| pi- | | | sa--eun | di- + pang+ N++keun |
| sa- | | | sa--na | di+pang-N++ar++keun |
| sang- | | | | di+pang-N++ar++an+keun |
| si- | | | | N- + -ar- |
| ti- | | | | N++an |
| ting- | | | | N++ar++an |
| | | | | N- + -keun |
| | | | | N++ar++keun |
| | | | | N++ pi- |
| | | | | N++ pika- |
| | | | | N++ pang++keun |
| | | | | ka- + -keun |
| | | | | pa-+ N- |
| | | | | pang- + dipika- + -na |
| | | | | pang- + N++pika- + -na |
| | | | | ting- + -ar- |

Proléksém atawa *pangdeudeul* nya éta morfém kauger anu diuwuhkeun atawa ditapelkeun kana bakal kecap (cakal, bagal, atawa

puhu), teu bisa dijembaran, katangén warnana, sarta ngandung harti léksikal. Contona, *-wan* dina kecap *wartawan*.

Disawang tina warnana, aya tilu rupa proléksém nya eta (a) panyebut, (b) panglaku, jeung (c) pamilang. Wanda, wujud, katut conto proleksem bisa ditabelkeun di handap ieu.

Bagan 3.4: Wanda Proléksém

| Proléksém | Posisi | | Contona |
|-----------|---|-------------------|---|
| | Hareup | Tukang | |
| Panyebut | para-, pari-, pra-, pasca- | -man, -wan, -wati | <i>paraguru, paribasa, praduga, pascapanén, budiman, wartawan, seniwati</i> |
| Panglaku | barang-, pada-, sili(h)-, pili(h)- | | <i>barangbeuli, padadatang, silihsimbeuh, piligenti</i> |
| Pamilang | éka-, dwi-, tri-, catur-, panca-, dasa- | | <i>ékamorfém, dwifungsi, tridarma, caturtunggal, pancasila, dasasila</i> |

Formatif atawa *pamaseuk* mangrupa engang anu diuwuhkeun atawa diseselkeun kana jangkar kecap, cakal, atawa kecap panganteur. Hartina bisa katangén bisa henteu. Contona: *ge-* dina kecap *gebut* jeung *-or-* dina kecap *gorolong*. Dina tabél ieu dipidangkeun conto formatif.

Bagan 3.5: Wanda Formatif

| Pamaseuk | | Jangkar Kecap | Conto Kecap |
|-----------|-----------|---------------|-------------|
| Dwiengang | Triengang | | |
| be- | | cir | becir |
| | -el- | nyéh | belenyéh |
| | -er- | beng | berengbeng |
| bé- | -ér- | wék | béréwék |
| bu- | -ul- | bus | bulubus |
| | -ur- | but | burubut |
| ce- | | prut | ceprut |
| | -el- | ngok | celengok |
| ga- | | jleng | gajleng |
| ge- | | blok | geblok |
| | -el- | ber | geleber |
| Ha | | bek | habek |
| je- | | prut | jeprut |
| ka- | | plok | kaplok |
| | -al- | cat | kalacat |
| ke- | | clak | keclak |
| | -er- | lep | kerelep |
| se- | | brut | sebrut |
| su- | -ul- | sup | sulusup |
| to- | -or- | jol | torojol |

Klitik atawa *sénggéh* mangrupa morfém kauger nu diuwuhkeun kana kecap, geus miboga harti léksikal, biasana jadi gaganti milik tur aya pasanganana jeung kecap gaganti. Klitik anu diuwuhkeun hareupeun kecap disebut **proklitik**, ari nu diuwuhkeun tukangeun kecap disebut **énklitik**. Contona, proklitik *pun-*, *sim-*, *tuang-*, jeung énklitik *-na* dina kecap ***pun bapa***, ***sim kuring***, ***tuang putra***, jeung ***indungna***.

Tina katerangan di luhur jelas yén rupa-rupa unsur anu kalibet dina ngawangun kecap téh bisa ditabélkeun di handap ieu.

Bagan 3.6: Unsur Pangwangun Kecap


| Unsur | Wanda | Ugeran | Kajem | Warna | Harti | Contona |
|-------|-------|--------|-------|-------|-------|---------|
|-------|-------|--------|-------|-------|-------|---------|

| Pang-wangun | | | - baran | | | |
|--------------------|-------------------------|--------------------------|------------|----------|---------------------|---|
| Kecap | Kecap lulugu | Bébas | muka | miwarna | léksikal | <i>ema, maca, buku</i> |
| | Kecap Pancén | madya bébas | muka/nutup | miwarna | gramatikal léksikal | <i>arék, bisa, di, jeung</i> |
| Bakal Kecap | Puhu | Bébas | muka | miwarna | léksikal | <i>diuk, dahar</i> |
| | Bagal | madya bébas | muka | miwarna | léksikal | <i>baca, tulis</i> |
| | Cakal (Prawatégorial) | kauger afiks/morfém lain | muka | tanwarna | léksikal | <i>gapay, guling</i> |
| | Jangkar | Kauger | nutup | tanwarna | ikonis (misora) | <i>+lut, +but, +plak</i> |
| Pang-wuwuh | Klitik | kauger kecap | nutup | miwarna | léksikal | <i>sim+, pun+tuang+</i> |
| | Pangdeudeul (Proléksém) | kauger kana bakal kecap | nutup | miwarna | léksikal | <i>pada-, para-, dwi-</i> |
| | Pamaseuk (Formatif) | kauger kana cakal | nutup | tanwarna | ikonis (misora) | <i>ge[plak], gorolong</i> |
| | Rarangkén (Afiks) | kauger kana bakal kecap | nutup | tanwarna | gramatikal | <i>di-,ka-, -ar-, -in-, -an, di--keun</i> |

3.2.4 Wangun Kecap

Minangka bagian kalimah pangleutikna, kecap miboga wangun atawa adegan nu tangtu. Ari wangun atawa adegan kecap téh mangrupa wujud kecap disawang tina morfém anu jadi unsur pangwangunna. Kecap anu diwangun ku hiji morfém bébas disebut ***kecap salancar***, ari anu diwangun ku dua morfém atawa leuwih disebut ***kecap rékaan*** atawa ***kecap jembar***. Kecap rékaan dina basa Sunda ilaharna sok diwincik jadi kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, jeung kecap wacahan. Prosés ngawangun kecap atawa tata wangun kecap disebutna prosés morfémis atawa morfologis. Wangun kecap téh gurat badagna bisa dibagankeun kieu.

Bagan 3.7: Wangun Kecap



3.2.4.1 Kecap Salancar

Kecap salancar nya éta kecap anu diwangun ku hiji morfém dasar bébas, anu sok disebut léksém salancar, tanpa parobahan nanaon. Prosés ngawangun kecap salancar disebut *ngarékamaya (derivasi zero)*. Tina jumlah engangna aya rupa-rupa kecap salancar, di antarana baé:

- Kecap salancar saengang, contona: *ah, dug, jung, jig, jrut*;
- Kecap salancar dua engang, contona: *ucing, diuk, korsu*;
- Kecap salancar tilu engang, contona: *awéwé, olohok, teureugeus*;
- Kecap salancar opat engang, contona: *barakatak*;
- Kecap salancar lima engang, contona: *bolokotondo*.

3.2.4.2 Kecap Rundayan


Kecap rundayan nya éta kecap anu diwangun ku cara ngawuwuh-keun rarangkén (afiks) kana wangun dasarna. Prosés ngawangun kecap rundayan disebut *ngararangkénan (afiksasi)*. Dumasar kana wanda rarangkénna, kecap rundayan bisa diwangun ku lima cara, nya éta (1) ngararangkénan hareup (*préfiksasi*), (2) ngararangkénan tengah (*infiksasi*), (3) ngararangkénan tukang (*sufiksasi*), (4) ngararangkénan barung (*konfiksasi*), jeung (5) ngararangkénan bareng (*ambifiksasi*). Contona:

| | |
|--------------------------------------|----------------------------|
| baca + di- | → <i>dibaca</i> |
| tulis + -in- | → <i>tinulis</i> |
| karang + -an | → <i>karangan</i> |
| datar + pa--an | → <i>padataran</i> |
| ala + di-+ pang-+ N-+-ar-+-an + keun | → <i>dipangaralaankeun</i> |

3.2.4.3 Kecap Rajékan

Kecap rajékan nya éta kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung jeung robahna sora atawa rarangkén boh henteu. Prosés ngawangun kecap rajékan disebut *ngarajék (R(éduplikasi))*. Aya rupa-rupa kecap rajékan saperti ébréh dina bagan di handap ieu.

Bagan 3.8: Wanda Kecap Rajékan



Kecap rajékan gembleng anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna disebut *dwilingga (Rdl)*, ari anu nyebut tilu kali wangun dasarna disebut *trilingga (Rtl)*. Dwilingga nu teu robah sorana disebut *dwimurni (Rdm)*, ari anu robah sorana disebut *dwiréka (Rdr)*. Trilingga umumna robah sorana tina wangun dasarna, ku kituna sok disebut ogé *triréka (Rtr)* Contona:

| | | | | |
|--------|---|-----|---|----------------|
| bapa | + | Rdm | → | bapa-bapa |
| tajong | + | Rdr | → | tujang-tajong |
| pluk | + | Rtl | → | plak-plik-pluk |

Kecap rajékan sabagian diwangun ku cara malikan deui salasahiji engang tina wangun dasarna. Kecap rajékan sabagian anu diwangun ku cara malikan deui engang mimiti wangun dasarna disebut *dwipurwa (Rdp)*, jeung anu diwangun ku cara malikan deui engang tengah wangun dasarna disebut *dwimadya (Rdmy)*. Contona:

| | | | | |
|--------|---|-----|---|----------|
| tajong | + | Rdp | → | tatajong |
|--------|---|-----|---|----------|

sabaraha + Rdmy → *sababaraha*

Kecap rajékan sagemblengna atawa sabagian bisa babarengan atawa binarung jeung ngararangkénan. Ari rarangkén anu marengan ngarajék téh bisa rarangkén hareup, rarangkén tengah, rarangkén tukang, rarangkén barung, bisa rarangkén bareng. Contona:

udag + pa-Rdm → *paudag-udag*
balik + di-Rdr → *dibalik-balik*
kuda + Rdp-an → *kukudaan*
dagor + ti-Rdp-ar- → *tidadalagor*
jung + sa-R-eun → *sajung-jungeun*
asup + di-Rdm-keun → *diasup-asupkeun*

3.2.4.4 Kecap Kantétan

Kecap kantétan nya éta kecap anu diwangun ku cara ngantétkeun dua wangun dasar, boh cakal jeung cakal boh kecap jeung kecap, atawa campuran duanana, sarta ngandung harti hiji mandiri. Prosés ngawangun kecap kantétan disebut *ngantétkeun* (*komposisi*). Kecap kantétan boga dua ciri utama, nya éta ciri adegan (struktur) jeung ciri harti (sémantis).

a. Kecap kantétan umumna miboga adegan, di antarana,

(1) diwangun ku dua unsur nu disebut léksém: *pakan kundang*;

(2) patali unsur-unsurna mibanda sipat

(a) *katanseselan*, nya éta antar-unsurna teu bisa diseselan ku unsur lian. Contona, *ngégél curuk* → **ngégél (kana) curu*;

(b) *katanmulangan*, nya éta antar-unsurna teu bisa dibalikkeun sabab sok robah jadi frasa. Contona, *gedé hulu* → **hulu gedé*;

(c) *katanjembaran*, nya éta unsur-unsurna teu bisa dijembaran séwang-séwangan tapi kudu duanana. Contona:

huleng jentul → *panghulengjentulna*
**panghulengnajentul*
**huleng pangjentulna*

b. Kecap kantétan umumna ngandung hiji harti mandiri, nya éta harti

anu béda tina harti unsur-unsur pangwangunna. Contona, *amis budi* hartina ‘lain budina anu amis’, tapi ‘marahmay, soméah’.

Kecap kantétan dibédakeun jadi dua rupa, nya éta rakitan dalit (*kompositum*) jeung rakitan anggang (*anéksi*).

(1) *Rakitan dalit*, nya éta kecap kantétan nu sipatna éksosentris,

patali unsur-unsurna geus awor pisan nepi ka bener-bener mangrupa hiji kecap nu boga harti mandiri nu béda tina harti unsur-unsurna. Ku kituna, distribusina teu sarua jeung salasahiji atawa sakabéh unsurna. Contona, *panonpoé, kacapiring, parahulu, rajakaya*.

(2) *Rakitan anggang* nya éta kecap kantétan anu sipatna éndoséntris,

patali unsur-unsurna can awor pisan, harti éta kecap kantétan masih katitén tina unsur-unsurna. Ku kituna, distribusina sok sarua jeung salasahiji atawa sakabéh unsurna. Contona, *seuri konéng, taleus ateul, indung bapa*, jeung *panon hideung*.

3.2.4.5 Kecap Wacahan

Kecap wacahan nya éta kecap anu diwangun ku cara mondok-keun kecap atawa kantétan kecap. Prosés ngawangun kecap wacahan disebutna *ngawacahan* (*abréviasi*). Aya sababaraha rupa kecap wacahan, di antarana:

a. *Kecap tingkesan* (*akronim*), anu mangrupa kantétan aksara atawa engang nu diucapkeun jadi hiji kecap, contona:

Diknas ← Pendidikan Nasional

b. *Kecap singgetan*, anu mangrupa kantétan aksara atawa engang anu diéjah masing-masing, contona:

RRI ← Radio Républik Indonésia

c. *Kecap tangkesan* (*haplologi*), nu diwangun ku cara ngaleungitkeun sora atawa engang nu ngaruntuy babarengan, contona:

dékah ← déwék mah

d. *Kecap memet* (*réduksi*), anu diwangun ku cara nyokot engang penting tina kantétan kecap, contona:

kirata ← dikira-kira sugan nyata

e. *Kecap sirnaan*, anu diwangun ku cara miceun sawatara foném

tina kantétan kecap bari teu ngarobah harti, anu ngawengku:

- (1) *Sirnapurwa (aférésis)*, anu ngaleungitkeun fonem atawa engang mimiti tina hiji kecap, contona:
umilu → *milu*
- (2) *Sirnamadya (sinkope)*, anu ngaleungitkeun foném atawa engang tengah tina hiji kecap, contona:
niyata → *nyata*
- (3) *Sirnawekas (apokope)*, anu ngaleungitkeun foném atawa engang tungtung tina hiji kecap, contona:
benzine → *bén(g)sin*

3.2.5 Warna Kecap


Dina leunjeuran kalimah, kecap bisa dipasing-pasing jadi rupa-rupa, anu ilahar disebut *warna kecap*. Warna kecap mangrupa bagian kalimah atawa unsur sintaktis pangleutikna tur jadi tatapakan keur nangtukeun wangunan frasa jeung klausa. Mun aya kecap barang, upamana, aya frasa barang jeung klausa barang.

Papasingan warna kecap ditangtukeun dumasar kana wangun, sipat, fungsi, sarta paripolahna dina leunjeuran kalimah atawa konstruksi sintaktis. Najan kitu, dina nangtukeun warna kecap téh tampolana bangga. Ari sababna, aya kecap anu sipatna ganda, nya éta asup kana dua warna kecap anu béda. Upamana baé, kecap *mikanyaah* asup kana kecap pagawéan atawa kecap sipat? Éta kecap asup kana kecap pagawéan lantaran bisa dirobah tina pagawéan aktip jadi pagawéan pasip *dipikanyaah*. Kana kecap sipat ogé asup lantaran bisa diuji ku ciri kecap sipat saperti dirarangkénan *pang--na* jadi *pangmikanyaahna*.

Dumasar kana sipat, fungsi, sarta paripolahna dina leunjeuran kalimah, kecap dina basa Sunda bisa dipasing-pasing jadi dua warna, nya éta kecap lulugu jeung kecap pancén. *Kecap lulugu (utama)* nya éta warna kecap anu mibanda harti léksikal, sipatna peka alam, budaya, jeung tempat, sarta umumna bisa dirobah wangunna. Ari *kecap pancén (sarana, partikel)* nya éta warna kecap anu umumna jadi pakakas kalimah, ilaharna teu miboga harti léksikal, tapi harti gramatikal, sarta hésé dirobah wangunna.

Warna kecap lulugu jeung kecap pancén miboga subwarna. Ari anu ngaranna subwarna bisa jadi henteu sarua pisan, aya ciri hasna, ngan masih sagolongan kénéh. Najan kitu, subwarna kecap mah réa sasaruanaana jeung puhu kecapna. Lengkepna mah warna kecap dina basa Sunda bisa dibagankeun kieu.

Bagan 3.8: Warna Kecap



3.3 Kecap Barang (Nomina)

3.3.1 Wangenan Kecap Barang

Kecap barang nya éta sajumlah kecap anu sakurang-kurangna mibanda salasahiji ciri di handap ieu.

- a. Kecap barang mangrupa kecap nu nuduhkeun barang jeung naon-naon nu dianggap barang saperti jalma, sato, tutuwuhan, barang, tempat, jeung hal. Contona: *lurah, hayam, tangkal, cai, lembur, kahayang*.
- b. Kecap barang bisa dipiheulaan kecap bilangan saperti *lima* jeung *dalapan* dina wangunan: *lima imah, dalapan entragan*.
- c. Kecap barang bisa dipiheulaan kecap pangantét saperti *di, ka* jeung *ti* dina wangunan frasa: *di Bandung, ti lembur*.
- d. Kecap barang bisa dipiheulaan ku kecap pamungkir (negatif) saperti *lain, euweuh*, jeung *taya* dina frasa: *lain guru, euweuh béas, taya jalma*.
- e. Kecap barang bisa dituturkeun kecap gaganti milik saperti *kuring, anjeun*, jeung *manéhna* dina frasa: *lembur kuring*,

buku anjeun, baju manéhna.

- f. Kecap barang bisa dituturkeun ku kecap sipat, boh langsung boh disela ku kecap *nu* atawa *anu* saperti dina wanguna frasa: ***mobil alus*** atawa ***mobil (a)nu alus.***
- g. Dina wangun rundayan, kecap barang sok ngandung rarangkén *paN-*, *paN-an*, jeung *-na*. Contona: ***paneunggeul, panénjoan, gawéna***
- h. Kecap barang umumna sok jadi jejer (J) jeung udagan (U) dina leunjeuran kalimah. Contona, *manéhna* jeung *baju* dina kalimah:

| | | |
|----------------------------|---------|---------------------------|
| (07) <i>Manéhna</i> | meuli | <i>baju.</i> |
| J | C | U |
| (08) <i>Baju</i> | dibeuli | ku <i>manéhna.</i> |
| J | C | U |

3.3.2 Wanda Kecap Barang

Kecap barang bisa diwincik jadi opat subwarna, nya éta (1) kecap sesebutan, (2) kecap sulur, (3) kecap panuduh, jeung (4) kecap pananya.

3.3.2.1 Kecap Sesebutan

Kecap sesebutan nya éta kecap barang anu dipaké nyebutana hal-hal anu tangtu. Ari barang nu disebutanana bisa disawang tina segi (a) nyawaan atawa paéh, (b) ngaran macakal (pribadi) atawa ngaran diri, (c) nyata (konkrit) atawa maya (abstrak), (d) kabilang henteuna, jeung (e) gundukan (koléktif) lainna. Di handap ieu wincikanana.

a. Kecap Barang Nyawaan

Kecap barang nyawaan nyoko kana tilu sesebutan, nya éta:

- a) ***Sesebutan jalma (persona)***, anu ngawengku:

- (1) ngaran diri: *Anggara, Ajat, Icih, Adé;*
- (2) ngaran pancakaki: *ema, bapa, nini, aki, anak, incu, bibi,*
- (3) ngaran panggentra: *akang, tétéh, nyai, ujang, enéng;*

- (4) ngaran kasab (jabatan, gelar, pangkat): *guru, lurah, haji, doktor;*

- b) ***Sesebutan sastoan (fauna)***, saperti *bangkong, hayam, keuyeup;*
- c) ***Sesebutan tutuwuhan (flora)*** saperti *angkrék, jahé, kacapiring, rasamala, supa, kalapa, rambutan;*

b. Kecap Barang Paéh

Kecap barang paéh atawa teu nyawaan nyoko kana sesebutan bangsaning:

- a) ***Zat*** jeung ***babarangan***, saperti *cai, hawa, gas, beusi, pacul, semén;*
- b) ***Patempatan***, saperti *désa, kota, walungan, Bandung, Jawa Barat;*
- c) ***Waktu***, saperti: *ayeuna, peuting, isuk-isuk, Lohor, Salasa, Januari;*
- d) ***Ngaran lembaga***, saperti *DPR, Diknas, SMP, UPI;*
- e) ***Ngaran basa***, saperti *basa Sunda, basa Indonesia, basa Arab;*
- f) ***Panggolong***, saperti *karung, gram, méter, kali, turuy, urang.*

3.3.2.2 Kecap Sulur, Gaganti (Pronomina)

Kecap sulur atawa gaganti nya éta kecap anu dipaké nyuluran atawa ngaganti kalungguhan kecap barang. Kecap sulur anu nuduhkeun jalma disebut *kecap gaganti jalma*. Aya gaganti jalma kahiji (panyatur), gaganti jalma kadua (pamiarsa), jeung gaganti jalma katilu (nu dicaritakeun). Ari baganna kieu.

Bagan 3.9: Ma'na Kecap Gaganti Jalma

| Jalma | Ma'na | |
|---------------------------------|---|---|
| | Tunggal | Jama |
| <i>Kahiji (Panyatur)</i> | abdi, déwék, kuring, kula, kami, aing | urang, saréréa, urang saréréa, |
| <i>Kadua (Pamiarsa)</i> | anjeun, manéh, salira, (s)ilain, hidep, andika, | aranjeun, maranéh, (s)arilain, arandika |
| <i>Katilu (Nu dicaritakeun)</i> | anjeunna, inyana, manéhna, mantenna | aranjeunna, arinyana, maranéhna, marantenna |

3.3.2.3 Kecap Panuduh (Démonstrativa)

Kecap panuduh nya éta kecap anu dipaké pikeun nuduhkeun naon-naon anu aya jeroeun wacana (éndoforis) atawa luareun wacana (éksoforis). Kecap panuduh *éksoforis* nya éta kecap panuduh anu nuduhkeun naon-naon nu aya luareun wacana saperti *dieu, dinya, jeung ditu*. Kecap panuduh *éndoforis* nya éta kecap panuduh anu nuduhkeun naon-naon nu aya dina jeroeun wacana, biasana aya luareun kalimah (ékstra-kalimah). Kecap panuduh *éndoforis* anu nuduhkeun acuan nu aya saméméhna disebut *anaforis*, ari anu nuduhkeun acuan nu aya sabadana disebut *kataforis*.

Dumasar kana pernahna tina acuan (anaforis jeung kataforis) sarta jarak ti panyatur, nya éta deukeut (proksimal), anggang (semi-proksimal), jeung jauh (distal), kecap panuduh bisa ditabélkeun di handap ieu.

Bagan 3.10: Proksimitas Kecap Panuduh

| Pernahna Acuan | Jarak ti Panyatur | | | |
|----------------|-------------------|----------------|-------------------|------------|
| | Proksimal | Semi-proksimal | Distal | Teu tangtu |
| Anaforis | | éta | itu, kitu, sakitu | anu, saanu |
| Kataforis | ieu, kieu, sakieu | | | |

Disawang tina harti, kecap panuduh bisa nuduhkeun harti 'umum', 'tempat', 'hal/cara', jeung 'jumlah'. Dipatalikeun kana jarak ti panyatur (proksimitas), kecap panuduh bisa ditabélkeun di handap ieu.

Bagan 3.11: Ma'na Kecap Panuduh

| Ma'na | Jarak ti Panyatur | | | |
|----------|-------------------|----------------|--------|------------|
| | Proksimal | Semi-proksimal | Distal | Teu tangtu |
| Umum | ieu | éta | itu | anu |
| Tempat | dieu | dinya | ditu | --- |
| Hal/Cara | kieu | ---- | kitu | --- |
| Jumlah | sakieu | ---- | sakitu | saanu |

Kecap panuduh aya nu mangrupa wangun salancar saperti *ieu, éta, itu, jeung anu*, aya nu mangrupa wangun rékaan saperti *dieu, dinya, ditu, kieu, kitu, sakieu, sakitu, jeung saanu*. Kecap panuduh bisa jadi asalna tina hiji frasa, upamana baé:

- (1) *dieu, dinya, jeung ditu* asalna tina frasa **di** + [**ieu, inya, itu**];
- (2) *kieu jeung kitu* asalna tina frasa **ka** + [**ieu, itu**]; jeung
- (3) *sakieu, sakitu, jeung saanu* asalna tina **sa-** + [**kieu, kitu, anu**].

3.3.2.4 Kecap Pananya (Interogativa)

Kecap pananya nya éta kecap anu gunana pikeun nyuluran naon-naon anu hayang dipikanyaho ku panyatur atawa ngukuhan naon-naon anu dipikanyahona. Ari anu ditanyakeunana bisa sababaraha rupa, di antarana baé, jalma, sato, tutuwuhan, barang, hal, waktu, tempat,

jeung kajadian. Disawang tina acuan anu ditanyakeunana, kecap pananya bisa dipasing-pasing kieu.

Bagan 3.12: Fungsi Kecap Pananya

| No. | Kecap Pananya | |
|-----|---------------------------|---------------------------------|
| | Ma'na | Wujud |
| 1. | jalma, Pangéran, Malaikat | saha, ku saha, ti saha, ka saha |
| 2. | barang, tutuwuhan, sato | naon, tina naon, kana naon |
| 3. | pilihan | mana, nu mana |
| 4. | tempat | di mana, ti mana, ka mana |
| 5. | sabab atawa kalakuan | ku naon, naon sababna, naha |
| 6. | waktu | iraha, ti iraha, nepi ka iraha |
| 7. | cara atawa kaayaan | kumaha |
| 8. | jumlah atawa bilangan | sabaraha, sanaon, sakumaha |

Contona:

- (09) *Saha manéhna téh?*
- (10) *Ari nu sok nyeureud naon ngaranna?*
- (11) *Mana nu kamari dijangjikeun téa?*
- (12) *Kumaha mimitina?*
- (13) *Sabaraha harga lawon nu ieu?*
- (14) *Iraha rék mitembeyan dibuat téh?*
- (15) *Sakumaha rék méréna kitu?*

3.3.3 Wangun Kecap Barang

Kecap barang miboga lima wangun nya éta kecap salancar, kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, jeung kecap wacahan.

3.3.3.1 Kecap Barang Salancar

Kecap barang salancar nya éta kecap barang anu sipatna ékamorfémis atawa diwangun ku hiji morfém bébas. Ku kituna,

kecap barang salancar bisa madeg mandiri dina leunjeuran kalimah katut babagianana. Contona kecap *bapa, koran, jeung tepas*.

Disawang tina jumlah engangna, kecap barang salancar aya anu

- a. saengang, contona: *bab, hal, sal*;
- b. dua engang, contona: *aing, bapa, méja, imah*;
- c. tilu engang, contona: *kalapa, karamba, kosambi*.

3.3.3.2 Kecap Barang Rundayan

Kecap barang rundayan nya éta kecap barang anu geus dirarangkénan, boh rarangkén hareup, tengah, tukang, boh rarangkén barung. Ari wangun dasarna bisa kagolong kana kecap barang (KB), kecap pagawéan (KP), kecap sipat (KS), jeung kecap bilangan (KBil). Dumasar kana wangun dasarna, kecap barang rundayan bisa dipolakeun kieu.

- (a) **KB** = KB + *-ar-*
- (b) **KB** = KP + *pang-*
- (c) **KB** = [KB, KP] + [*pi-*, *-eun*, *per--an*]
- (d) **KB** = [KB, KS] + [*pi--an*]
- (e) **KB** = [KP, KS] + [*ka-*]
- (f) **KB** = [KB, KP, KS] + [*pa-*, *paN-*, *-an*, *ka--an*, *pa--an*, *pi--eun*]
- (g) **KB** = [KB, KP, KS, KBil] + *-na*

a. KB Wangun *ka-*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén hareup *ka-* tina dasar nu kagolong kana kecap sipat. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

$$\mathbf{KB} = \mathbf{KS} + \mathbf{ka-}$$

Contona:

$$\mathit{kasusah} = \mathit{susah} + \mathbf{ka-}$$

Ngararangkénan hareup *ka-* miboga harti:

- (1) 'hal nu patali jeung D': *kasusah, kaembung, kasakit*
- (2) 'hal nu dipi-D': *kaceuceub, kadeudeuh*.

b. KB Wangun *pa-*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén hareup *pa-* tina dasar **nu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KB = [KB, KP, KS] + *pa-*

Contona:

tugas + *pa-* → *patugas*
dagang + *pa-* → *padagang*
udur + *pa-* → *paudur*

Ngararangkénan hareup *pa-* miboga harti

- (1) 'jalma nu biasa ngalakukeun D': *padamel, padagang, patani*
- (2) 'jalma anu ngalakukeun D': *pajabat, patandang;*
- (3) 'hal anu jadi D': *paudur.*

c. KB Wangun *pang-*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén hareup *pang-* tina dasar nu kagolong kana kecap sipat jeung kecap barang. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KB = [KB, KS] + *pang-*

Contona:

awak + *pang-* → *pangawak*
agung + *pang-* → *pangagung*

Ngararangkénan hareup *pang-* miboga harti

- (1) 'jalma nu di-D-keun': *pangagung*
- (2) 'hal nu patali jeung D': *pangawak.*

d. KB Wangun *-ar-*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén tengah *-ar-* tina dasar nu kagolong kana kecap barang. Ngararangkénan tengah *-ar-* boga harti 'jama' (plural). Ari adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KB = KB + *-ar-*

Contona:

budak + *-ar-* → *barudak*

Rarangkén tengah *-ar-* sok pindah tempatna ka hareup jadi *ar-* lamun wangun dasarna dimimitian ku foném vokal. Contona baé:

andika + *-ar-* → *arandika*
inyana + *-ar-* → *arinyana*

e. KB Wangun *-an*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén tukang *-an* tina kecap barang, kecap pagawéan, sipat, jeung cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = [KB, KP, KS, Cak] + *-an*

Contona:

laut + *-an* → *lautan*
udag + *-an* → *udagan*
dedeg + *-an* → *dedegan*
lamun + *-an* → *lamunan*

Ngararangkénan tukang *-an* miboga harti

- (1) 'hal nu jadi D': *patokan, tahapan, lambaran, pingpinan;*
- (2) 'hal nu di-D-keun': *caritaan, omongan, pikiran, titipan;*
- (3) 'hal nu miboga D': *umpalan, rambutan, rohangan;*
- (4) 'hasil tina nga-D-keun': *rumusan, watesan, ukiran;*
- (5) 'kumpulan': *lautan;*
- (6) 'hal nu aya di D': *bawahan, atasan;*
- (7) 'hal nu di-D': *ajian, ageman, tujuan, udagan;*
- (8) 'tempat D': *tarétépan, kuburan;*
- (9) 'tiap-tiap D': *poéan, minggu, bulanan;*
- (10) 'alat atawa hasil tina D': *hiburan, aturan, ukuran;*
- (11) 'hal nu patali jeung D': *pujian, siksaan, urusan;*
- (12) 'aya dina hiji D': *entragan, tahapan.*

f. KB Wangun *-eun*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén tukang *-eun* tina dasar nu kagolong kana kecap barang jeung kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KB = [KB, KP] + *-eun*

Contona:

hareup + -eun → hareupeun
baca + -eun → bacaeun

Ngararangkénan tukang *-eun* miboga harti

- (1) 'tempat': *gigireun, hareupeun, luhureun*, tukangeun;
- (2) 'hal nu di-D-keun': *pikiraneneun, parabananeun, pakéaneun*;
- (3) 'hal nu bakal atawa pikeun di-D': *bacaeun, dahareun, inumeun*.

g. KB Wangun *-na*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén tukang *-na* tina dasar nu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, jeung kecap bilangan. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = [KB, KP, KS, KBil] + *-na*

Contona:

waktu + -na → waktuna
gelar + -na → gelarna
gagah + -na → gagahna
tujuh + -na → tujuhna

Ngararangkénan tukang *-na* miboga harti, di antarana,

- (1) 'milik' (posésif): *bedogna, beungeutna, dadana*;
- (2) 'nuduhkeun' (anafora): *anginna, léngkahna, bédana, duanana*.

h. KB Wangun *ka--an*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén barang *ka--an* tina dasar nu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = [KB, KP, KS] + *ka--an*

Contona:

seni + *ka--an* → kasenian
dahar + *ka--an* → kadaharan
jaya + *ka--an* → kajayaan

Balukar tepungna rarangkén barang *ka--an* jeung wangun dasar anu ditungtungan atawa dimimitian ku vokal nepi ka jadi runtuyan vokal, muncul prosés morfofonémis aworna foném. Upamana waé, aworna runtuyan vokal:

- | | | | |
|----------------|---|------------------------|--|
| (a) /aa/ → /a/ | : | kabudayaan → kabudayan | |
| | | kamulyaan → kamulyan | |
| | | kaanoman → kanoman | |
| (b) /ia/ → /é/ | : | kabupatian → kabupatén | |
| | | kaputrian → kaputrén | |
| | | kasaktian → kasaktén | |
| (c) /ua/ → /o/ | : | karatuan → karaton | |
| | | kadatuan → kadaton | |

Ngararangkénan barang *ka--an* miboga harti

- (1) 'hal nu patali jeung D': *kabudayaan, kapahlawanan, kaulinan*;
- (2) 'tempat D': *kacamatan, karaton, kaputrén*;
- (3) 'hal nu dibéré D': *kangaranan*;
- (4) 'hal nu di-D': *kadaharan, katuangan*;
- (5) 'hal nu lumangsung': *kajadian, kajantenan*.

i. KB Wangun *pa--an*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén barang *pa--an* tina dasar nu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KB = [KB, KP, KS] + *pa--an*

Contona:

dusun + *pa--an* → padusunan
gawé + *pa--an* → pagawéan
guyub + *pa--an* → paguyuban

Teu bina ti rarangkén *ka--an*, balukar tepungna rarangkén *pa--an* jeung wangun dasar anu ditungtungan ku vokal nepi ka jadi runtuyan vokal, sok muncul prosés morfofonémis aworna foném. Upamana, aworna runtuyan vokal

- | | | | |
|----------------|---|------------------------|--|
| (a) /aa/ → /a/ | : | pasébaan → paséban | |
| | | pasundaan → pasundan | |
| (b) /ia/ → /é/ | : | pasantrian → pasantrén | |
| (c) /ua/ → /o/ | : | paguruan → paguron | |

pamiluan → pamilon

Ngararangkénan barung *pa--an* miboga harti

- (1) ‘tempat D’: *padusunan, paguron, pasantrén, palabuan;*
- (2) ‘kumpulan D’: *pasawahan, pakampungan;*
- (3) ‘hal nu patali jeung D’: *padalangan, parobahan;*
- (4) ‘hal nu jadi D’: *pakarepan, pasualan;*
- (5) ‘hasil ngalakukeun D’: *pagawéan, paléstéran;*
- (6) ‘hal nu di-D(-keun)’: *pausahaan, pagawéan, patalukan;*
- (7) ‘tukang D’: *panayagan.*

j. KB Wangun *per--an*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén barung *per--an* tina wangun dasar nu kagolong kana kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontokeun kieu.

KB = KP + *per--an*

Contona:

tani + *per--an* → pertanian

Rarangkén barung (konfiks) serepan *per--an* miboga alomorf *pal--an* jeung *par--an* saperti ébréh dina conto di handap ieu.

atur + *pe--an* → peraturan → palaturan

adab + *per--an* → peradaban → paradaban

Ngararangkénan barung *per--an* miboga harti, di antarana,

- (1) ‘alat D’: *perhiasan, pertayaan;*
- (2) ‘hal nu patali jeung D’: *perdagangan, pertanian;*
- (3) ‘hasil D’: *palaturan, perhitungan;*
- (4) ‘tempat D’: *perkumpulan;*
- (5) ‘hal nu di-D-keun’: *pertunjukan.*

k. KB Wangun *pi--an*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén barung *pi--an* tina dasar anu kagolong kecap barang. Ngararangkénan barung *pi--an* miboga harti ‘kumpulan’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = KB + *pi--an*

Contona:

lembur + *pi--an* → pilemburan

ruruh + *pi--an* → piruruhan

l. KB Wangun *pi--eun*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén barung *pi--eun* tina dasar nu kagolong kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Ngararangkénan barung *pi--eun* boga harti ‘hal bakal D’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = [KB, KP, KS] + *pi--eun*

Contona:

huma + *pi--eun* → pihumaeun

hujan + *pi--eun* → pihujaneun

reueus + *pi--eun* → pireueuseun

m. KB Wangun *pa- + N-*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén gabung *pa- + N-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = [[KB, KP, Cak] + N-] + *pa-*

Contona:

[tumbak + N-] → numbak + *pa-* → panumbak

[cekel + N-] → nyekel + *pa-* → panyekel

[patil + N-] → matil + *pa-* → pamatil

Ngararangkénan gabung *pa- + N-* miboga harti, di antarana,

- (1) ‘alat keur ngalakukeun D’: *pangrojong, panyekel, paniir;*
- (2) ‘palaku D’: *pangurus, pamawa, pamingpin, pamanggul;*
- (3) ‘hasil tina D’: *pamanggih, panénjo, pamayar;*
- (4) ‘jalma nu biasa D’: *pangarang, pangusaha;*
- (5) ‘hal D’: *pangampura, pangrawat;*
- (6) ‘hal nu di-D-keun’: *panitah.*

n. KB Wangun *pa- + N- + an*

Ieu kecap barang diwangun ku rarangkén gabung *pa- + N- + an* tina dasar anu kagolong kana kecap barang, pagawéan, jeung sipat. Ieu kecap téh ngalaman dua kali prosés, nya éta (1) ngararangkénan *N-*

jeung (2) ngararangkénan *pa--an*. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = [[KB, KP, KS] + N-] + pa-an


Contona:

| | | | | | | |
|-------|---|----|---|----------|---|-------------|
| barak | + | N- | → | ngabarak | → | pangbarakan |
| patuh | + | N- | → | matuh | → | pamatuhan |
| sawér | + | N- | → | nyawér | → | panyawéran |

Kitu deui, balukar tepungna rarangkén *pa-+ N--an* jeung wangun dasar anu ditungtungan ku vokal nepi ka jadi runtuyan vokal, sok muncul proses morfofonemis aworna foném. Upamana waé, aworna runtuyan vokal:

/ia/ → /é/ : pangantian → pangantén

Prosés ngawangun kecap *pangantén* lamun digambarkeun ku diagram cagak bakal ébréh di handap ieu.



Ngararangkénan gabung *pa-+ N--an* miboga harti, di antarana,

- (1) 'hal nu patali jeung D': *pangajaran,, pangakuan, pamaréntahan;*
- (2) 'tempat D': *pangbarakan, pamatuhan, pamajikan, panyawéran;*
- (3) 'kaayaan D': *pangawakan;*
- (4) 'hal nu ka-D-an': *pangalaman;*
- (5) 'hal nu di-D': *pamandangan, panénjoan;*

(6) 'jalma nu milampah D': *pangantén, pamilon.*

3.3.3.3 Kecap Barang Rajékan

Kecap barang rajékan nya éta kecap barang anu diwangun ku cara malikan deui wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung ku robah sorana jeung rarangkén boh henteu. Dumasar kana prosésna, bisa dibédakeun opat rupa kecap barang rajékan, nya éta (1) kecap barang dwimurni, (2) kecap barang dwiréka, (3) kecap barang dwipurwa, jeung (4) kecap barang rajékan dirarangkénan.

a. Kecap Barang Dwimurni

Kecap barang dwimurni (dm) nya éta kecap barang rajékan (R) anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari teu robah sorana. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KB = KB + Rdm

Contona:

ibu + Rdm → ibu-ibu

Kecap barang rajékan dwimurni miboga harti, di antarana,

- (1) 'jama': *gunung-gunung, runtah-runtah, tamu-tamu;*
- (2) 'jama teu tangtu': *saha-saha, naon-naon;*
- (3) 'niru-niru': *bapa-bapa, kuda-kuda;*

b. Kecap Barang Dwiréka

Kecap barang dwiréka (dr) nya éta kecap barang rajékan (R) anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari robah sorana. Ari hartina 'rupa-rupa'. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = KB + Rdr

Contona:

| | | | | |
|---------|---|-----|---|------------------------|
| siluman | + | Rdr | → | <i>siluman-sileman</i> |
| tulang | + | Rdr | → | <i>tulang-taléng</i> |

c. Kecap Barang Dwipurwa

Kecap barang dwipurwa (dp) nya éta kecap barang rajékan (R) anu diwangun ku cara nyebut dua kali engang mimiti wangun

dasarna. Ari wangun dasarna bisa kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = [KB, KP, KS] + Rdp

Contona:

tunggul + Rdp → tutunggul
coba + Rdp → cocoba
sepuh + Rdp → sesepuh

Kecap barang dwipurwa miboga harti, di antarana,

- (1) 'hal nu dinggap D': *dadasar, pupuhu, sesepuh*;
- (2) 'hal nu biga sipat D': *papatih, tutunggul*;
- (3) 'hal nu mirupa D': *gegendir, lulumpang*;
- (4) 'hal nu patali jeung D': *wiwirang, wewenang*;
- (5) 'hal nu nyababkeun D': *wawangi*;
- (6) 'alat pikeun migawé D': *pepentung, cocolék*'
- (7) 'hal nu jadi D': *cocoba, gogoda*.

d. Kecap Barang Rajékan Dirarangkénan

Kecap barang rajékan dirarangkénan nya éta kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari binarung ku rarangkén, bisa dwimurni bisa dwiréka. Di handap ieu rupa-rupa kecap barang rajékan dirarangkénan.

(a) KB Wangun *sa-Rdp*

Ieu kecap barang diwangun ku ngarajék dwipurwa bari dirarangkénan hareup *sa-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontokeun di handap ieu.

KB = KB + *sa-Rdp*

Contona:

jalan + *sa-Rdp* → *sajajalan*

Kecap barang *sa-Rdp* miboga harti, di antarana,

- (1) 'sapanjang D': *sajajalan*;
- (2) 'unggal D': *sapopoé*.

(b) KB Wangun *Rdp-an*

Ieu kecap barang diwangun ku ngarajék dwipurwa bari dirarangkénan tukang *-an* tina dasar anu kagolong kana kecap

barang, pagawéan, jeung kecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = [KB, KP, KS, Cak] + *Rdp-an*

Contona:

rasa + *Rdp-an* → rarasaan
bawa + *Rdp-an* → babawaan
wani + *Rdp-an* → wawanén
layang + *Rdp-an* → langlayangan

Kecap barang *Rdp-an* miboga harti, di antarana,

- (1) 'hal nu patali jeung D': *rarasaan, tatanén, wawanén*;
- (2) 'rupa-rupa (nu) D': *bubuahan, sasatoan, kakayon, tutuwuhan*;
- (3) 'hal nu nyarupaan D': *kakapalan, kukudaan, céngcélengan*;
- (4) 'jalma/hal nu jadi D': *babaturan, cicirén, lalakon, papancén*;
- (5) 'hal nu teu saenyana': *cacariuan, cécékolan, paparikan*;
- (6) 'hal nu aya dina D': *wewengkon*.
- (7) 'hal nu di-D/ka-D': *dadamelan, guguritan, aambeuan*;
- (8) 'hal nu biasa di-/N-D(-an)': *papakéan, liliwatan, langklayangan*;
- (9) 'hasil ngalakukeun D': *tuturunan*;
- (10) 'sagala nu D': *seuseungitan, wawangian*;
- (11) 'hal nu dianggap D': *gegedén, lelembutan*.

(c) KB Wangun *Rdp-eun*

Ieu kecap barang diwangun ku ngarajék dwipurwa bari dirarangkénan tukang *-eun* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang. Kecap barang *Rdp-eun* miboga harti 'hal nu dijadikeun D'. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontokeun di handap ieu.

KB + *Rdp-eun* → KB rajékan

Contona:

jalan + *Rdp-eun* → *jajalaneun*
hala + *Rdp-eun* → *hahalaeun*

(d) KB Wangun *pa-R*

Ieu kecap barang diwangun ku ngarajék dwipurwa bari dirarangkénan hareup *pa-* tina dasar anu kagolong kana kecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KB = [KB, KS] + *pa-Rdp*

Contona:

rugi + *pa-Rdp* → *parurugi*

soré + *pa-Rdp* → *pasosoré*

Kecap barang *pa-Rdp* miboga harti, di antarana,

(1) ‘rada D’: *pabeubeurang, pasosoré*;

(2) ‘jadi ganti D’: *parurugi*.

(e) KB Wangun *sa-Rdm*

Ieu kecap barang diwangun ku ngarajék dwimurni bari dirarangkénan hareup *sa-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang. Kecap barang *sa-Rdm* miboga harti ‘jeung sakabéh D’. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontokeun di handap ieu.

KB + *sa-Rdp* → KB rajékan

Contona:

balad + *sa- + Rdm* → *sabalad-balad*

batur + *sa- + Rdm* → *sabatur-batur*

imah + *sa- + Rdm* → *saimah-imah*

(f) KB Wangun *pa-R*

Ieu kecap barang diwangun ku ngarajék dwimurni bari dirarangkénan hareup *pa-* tina dasar anu kagolong kana kecap sipat. Kecap barang *pa-Rdm* miboga harti ‘hal nu jadi D’. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontokeun di handap ieu.

KS + *pa-Rdm* → KB rajékan

Contona:

éling + *pa-Rdm* → *pangéling-ngéling*

inget + *pa-Rdm* → *panginget-inget*

(g) KB Wangun *R-an*

Ieu kecap barang diwangun ku ngarajék dwimurni bari dirarangkénan tukang *-an* tina dasar anu kagolong kana kecap barang jeung kecap pagawéan. jeungkecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KP = [KB, KP] + *Rdm-an*

Contona:

ubar + *Rdm-an* → ubar-ubaran

apal + *Rdm-an* → apal-apalan

Kecap barang *Rdm-an* miboga harti, di antarana,

(1) ‘hal nu dijadikeun D’: *ubar-ubaran, obat-obatan*;

(2) ‘hal nu di-D-keun’: *apal-apalan, omong-omongan*.

3.3.3.4 Kecap Barang Kantétan

Kecap barang kantétan diwangun ku jalan ngantétkeun keun bakal kecap jeung bakal kecap nepi ka ngahasilkeun harti mandiri anu béda jeung harti unsur-unsurna. Di handap ieu adegan kecap barang kantétan.

Bagan 3.13: Kecap Barang Kantétan

| Adegan Kecap Kantétan | | Contona |
|-----------------------|-----------|--|
| Unsur-1 | Unsur-2 | |
| KB | KB | panon poé, kaca piring, dunya barana, batu karang |
| | KP | daya cipta, batu tulis, suuk kulub, badak heuay |
| | KS | taneuh maneu, balé nyungcong, janari leutik |
| | Kbil | juru tilu, parapatan lima, kikiping dua |
| | Kpan | kedok bakal, |
| | Proléksém | sastrawan, wartawati, budiman |
| | Cakal | damar tumpuk, kanjut kundang |
| KP | KB | indit sirib, sindang raja |
| | KP | tanggung jawab, hakan paké |
| | KS | jaga baya, teureuy buleud |
| | Kbil | tabuh tilu, pukul dua |
| KS | KB | amis mata, beureum panon |
| | KP | haneut moyan, |
| Proléksém | KB | paraguru, paribasa, prasarat, pribumi, swadaya, pascasarjana, pancarakén |
| | KP | pancausaha |
| | Cakal | praduga |

| | | |
|-------|-------|----------------------------|
| Cakal | Cakal | pakan kundang, seluk-beluk |
|-------|-------|----------------------------|

Kecap barang kantétan miboga sababaraha harti, di antarana:

- (1) ‘tempat’: *buku tulis, méja makan, kamar mandi*;
- (2) ‘waktu migawéna’: *dahar isuk, solat peuting*;
- (3) ‘jinis’: *suuk kulub, sangu liwet, cau ambon*;
- (4) ‘hasil’: *kulub suuk, sangray jagong, seupan cau*;
- (5) ‘asal’: *dodol garut, tahu sumedang, peuyeum bandung*;
- (6) ‘jumlah’: *indung bapa, nini aki, adi lanceuk*;
- (7) ‘bahan’: *peti beusi, korsi hoé, jékét kulit*;
- (8) ‘saméméh’: *praduga, prasaran, prasajarah*;
- (9) ‘sabada’: *pascasarjana, pascapanén*;
- (10) ‘ahli/tukang’: *sastrawan, wartawati, budayawan, seniman*.

3.3.3.5 Kecap Barang Wacahan

Kecap barang wacahan diwangun ku cara mondokkeun kecap atawa kantétan kecap. Aya rupa-rupa kecap barang wacahan, di antarana, (1) kecap singgetan, (2) kecap tingkesan, (3) kecap tangkesan, (4) kecap memet, jeung (5) kecap sirnaan.

a. Kecap Singgetan

Kecap singgetan nya éta kecap barang wacahan anu mangrupa kantétan aksara atawa engang anu diéjah masing-masing. Contona:

| | | |
|---------------------------------|---|-------------|
| jeung sajabana ti éta | → | <i>jsté</i> |
| Lembaga Basa jeung Sastra Sunda | → | <i>LBSS</i> |
| Sakola Dasar | → | <i>SD</i> |

b. Kecap Tingkesan

Kecap tingkesan atawa *akronim* nya éta kecap wacahan anu mangrupa kantétan aksara atawa engang nu diucapkeun jadi hiji kecap. Contona:

| | | |
|-------------------------------|---|------------------------|
| Pendidikan Nasional | → | <i>Diknas</i> |
| Jalan Tol Padalarang-Cileunyi | → | <i>Jalan Tol Panci</i> |

c. Kecap Tangkesan

Tatabasa Sunda Kiwari

Kecap tangkesan atawa *haplologi* nya éta kecap wacahan anu diwangun ku cara ngaleungitkeun sora atawa engang nu ngaruntuy babarengan. Contona:

| | | |
|----------------------|---|------------------------|
| ceuk aing ogé | → | <i>cekéng gé</i> |
| ceuk manéhna mah | → | <i>cenah</i> |
| déwék mah | → | <i>dékah</i> |
| psikologi linguistik | → | <i>psikolinguistik</i> |

d. Kecap Memet

Kecap memet atawa *réduksi* nya éta kecap wacahan anu diwangun ku cara nyokot engang penting tina kantétan kecap atawa omongan. Contona:

| | | |
|-----------------------------|---|---------------|
| dikira-kira sugan nyata | → | <i>kirata</i> |
| kadaharan nu amis ti jerona | → | <i>misro</i> |

Lamun ditilik tina kantétan unsurna, nya éta kecap anteuran *gung* jeung *clo*, kecap *gungclo* mah bisa kaasup kana kecap kantétan.

é. Kecap Sirnaan

Kecap sirnaan nya éta kecap wacahan anu diwangun ku cara miceun sawatara foném tina kantétan kecap bari teu ngarobah harti. Kecap sirnaan ngawengku tilu rupa, nya éta:

- (1) *Sirmapurwa (afesis)*, anu ngaleungitkeun foném atawa engang mimiti tina hiji kecap, contona:

| | | |
|---------|---|---------------|
| ksatrya | → | <i>satria</i> |
| umilu | → | <i>milu</i> |
- (2) *Sirnamadya (sinkope)*, nu ngaleungitkeun foném atawa engang tengah tina hiji kecap, contona:

| | | |
|----------|---|---------------|
| banderol | → | <i>banrol</i> |
| koronél | → | <i>kornél</i> |
| lambut | → | <i>lamut</i> |

(3) *Sirnawekas (apokope)*, anu ngaleungitkan foném atawa engang tungtung tina hiji kecap, contona:

bénzine → *béngsin*
président → *présiden*

3.4 Kecap Pagawéan (Vérba)

3.4.1 Wangenan Kecap Pagawéan

Kecap pagawéan nya éta sajumlah kecap anu mibanda salasahiji ciri di handap ieu.

- Kecap pagawéan ngandung ma'na bawaan (inhéren) 'kalakuan', 'prosés', jeung 'kaayaan'. Contona: *lumpat*, *leyur*, jeung *resep*.
- Kecap pagawéan, utamana nu boga ma'na inhéren 'kalakuan', bisa dijadikeun wangun paréntah (imperatif). Conto: *Lumpat!*, *Asupkeun!*
- Kecap pagawéan bisa dipiheulaan kecap pamungkir (*hen*)*teu*. Conto: *henteu lumpat* jeung *teu leyur*.
- Kecap pagawéan bisa dipiheulaan ku kecap *bari*. Conto: *bari lumpat*
- Kecap pagawéan bisa dituturkeun ku frasa *kalawan* + **kecap sipat**. Contona: *nyarandé kalawan tumaninah*
- Kecap pagawéan umumna nyicingan fungsi caritaan atawa puseur caritaan dina kalimah. Conto: Mang Karta *keur ngala lauk* di Balong.

3.4.2 Wanda Kecap Pagawéan

Disawang tina ma'na inhérenna, kecap pagawéan bisa dipasing-pasing jadi dua rupa, nya éta kecap pagawéan dinamis (*binangkit*) jeung kecap pagawéan statif, anu miboga subwanda masing-masing.

Kecap pagawéan dinamis nya éta kecap pagawéan anu miboga wangun lumaju (*progrésif*), ilaharna bisa dicirian ku ayana

kecap pancén aspék duratif, upamana, (*eu*)*keur* saperti dina frasa **keur lumpat**. Kecap pagawéan dinamis aya lima rupa, nya éta:

- kecap pagawéan kalakuan (aktivitas)**, nu nuduhkeun kalakuan ti jejer-palaku, ilaharna bisa dijieun wangun paréntah. Contona: *dahar*, *maca*, *leumpang*, *macul*, jeung *nulis*.
- kecap pagawéan prosés**, anu ngagambarkeun robahna kaayaan anu kaalaman ku jejer. Contona: *gelar*, *leyur*, *lilir*, *maot*, jeung *pugur*.
- kecap pagawéan miraga (sénsasi awak)**, anu ngagambarkeun situasi nu katampa atawa karasa ku awak. Contona: *géték*, *linu*, jeung *lungsé*.
- kecap pagawéan mutatif (peristiwa transisional)**, anu ngébréhkeun robahna kaayaan atawa cicingna jejer. Contona: *anjog*, *hiber*, *labuh*.
- kecap pagawéan salumar (moméntan)**, anu ngébréhkeun kagiatan anu lumangsung sakeudeung. Contona: *babuk*, *badug*, *takol*, jeung *tajong*.

Kecap pagawéan statif nya éta kecap pagawéan anu nuduhkeun kaayaan tumetep (statis), ilaharna teu bisa dicirian ku kecap pancén aspék progrésif **keur*. Contona: *nyaho*, teu bisa dicirian ku **keur nyaho*. Kecap pagawéan statif aya dua rupa, nya éta:

- kecap pagawéan miindra**, anu ngagambarkeun katampana pangaweruh wawaran ngaliwatan pancaindra atawa pikiran nepi ka hiji jalma atawa jejer ngarandapan hiji situasi bari lain ku karepna sorangan. Contona: *inget*, *poho*, *nyaho*, *nampa*, jeung *narima*.
- kecap pagawéan tatalian (rélasional)**, anu siga nuduhkeun aya tatalian (rélasi) antara jejer jeung caritaan. Contona: *boga*, *mangrupa*.

Dumasar kana patalina jeung jejer, kecap pagawéan aktivitas bisa diwincik jadi opat rupa nya éta:

- kecap pagawéan migawé (aktif), anu nuduhkeun jejnerna ngalakukeun pagawéan, contona: *maca*, *nulis*, *méré*, *ngirimkeun*;
- kecap pagawéan dipigawé (pasif), anu nuduhkeun jejer kakeunaan pagawéan contona: *dibaca*, *ditulis*, *dibéré*, *dikirimkeun*;
- kecap pagawéan migawé manéh (répléksif), anu nuduhkeun jejnerna ngalakukeun jeung kakeunaan pagawéan, contona:

siduru, moyan, sibeungeut;

- 4) kecap pagawéan silihbales (résiprokal), nu nuduhkeun kalakuan silihbales, contona: *papelong-pelong, silihpelong, pateuteup.*

3.4.3 Wangun Kecap Pagawéan

Wangunan kecap pagawéan nya éta rupa-rupa kecap pagawéan disawang tina jumlah morfém anu jadi pangwangunna. Aya opat rupa wangun kecap pagawéan nya éta kecap salancar, kecap rundayan, kecap rajékan, jeung kecap pagawéan kantétan.

3.4.3.1 Kecap Pagawéan Salancar

Kecap pagawéan salancar nya éta kecap pagawéan anu diwangun ku hiji morfém bébas, atawa kecap salancar anu geus jadi kecap pagawéan. Contona: *dahar, diuk, saré, hudang, jeung indit*

3.4.3.2 Kecap Pagawéan Rundayan

Kecap pagawéan rundayan nya éta kecap pagawéan nu diwangun ku cara ngawuwuhkeun rarangkén kana wangun dasarna. Wangun dasarna bisa mangrupa kecap barang, pagawéan, sipat, bilangan, pancén (KPan), jeung cakal (Cak); ari rarangkénna bisa awalan, seselan, ahiran, barungan, jeung barengan. Dumasar kana wangun dasarna, prosés ngawangun kecap pagawéan rundayan umumna bisa dipolakeun kieu.

- 1) **KP** = KP + [*ka-, pa-*]
- 2) **KP** = [KP, KS] + [*-keun*]
- 3) **KP** = [KP, KPan] + [*-ar-*]
- 4) **KP** = [KP, Cak] + [*-in-*]
- 5) **KP** = [KB, KP] + [*ba-, si-*]
- 6) **KP** = [KB, KS] + [*-um-*]
- 7) **KP** = [KB, KP, KS] + [*-an*]
- 8) **KP** = [KB, KP, KBil] + [*di-*]
- 9) **KP** = [KB, KP, KS, KBil, KPan, Cak] + [*N-*]
- 10) **KP** = [Cak] + [*ti-, ting-*]

a. KP Wangun *ba-*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangken hareup *ba-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang jeung pagawéan, anu hartina ‘ngalakukeun D’. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

$$\mathbf{KB} = [\mathbf{KB}, \mathbf{KP}] + \mathbf{ba-}$$

Contona:

layar + *ba-* → balayar
rempug + *ba-* → barempug

b. KP Wangun *di-*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén hareup *di-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang, pagawéan, jeung bilangan. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

$$\mathbf{KP} = [\mathbf{KB}, \mathbf{KP}, \mathbf{KBil}] + \mathbf{di-}$$

Contona:

baju + *di-* → *dibaju*
dahar + *di-* → *didahar*
dua + *di-* → *didua*

Ngararangkénan hareup *di-* miboga harti, di antarana,

- 1) ‘(aktif) ngalakukeun D’: *digawé, diajar;*
- 2) ‘(aktif) maké D’: *dikopéah, disapatu;*
- 3) ‘(aktif) ngahasilkeun D’: *disada;*
- 4) ‘(pasif) kakeunaan pagawéan D’: *dibilang, diitung;*
- 5) ‘(pasif) kakeunaan pagawéan ku D’: *dikompa;*
- 6) ‘(pasif) dijadikeun D’: *diruksak.*

c. KP Wangun *ka-*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén hareup *ka-* tina dasar anu kagolong kana kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

$$\mathbf{KP} + \mathbf{ka-} \rightarrow \mathbf{KB}$$

Contona:

ambeu + ka- → *kaambeu*

dupak + ka- → *kadupak*

Ngararangkénan hareup *ka-* miboga harti, di antarana,

- 1) ‘nuju ka D’: *kaluar*;
- 2) ‘bisa di-D-(keun)’: *karasa, katémbong*;
- 3) ‘teu kahaja di-D’: *kagéléng, kadupak*.

d. KP Wangun N-

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén hareup *N-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang, pagawéan, sipat, bilangan, pancén, jeung cangkal. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KP = [KB, KP, KS, KBil, KPan, Cak] + N-

Contona:

pacul + N- → macul

baca + N- → maca

geulis + N- → ngageulis

dua + N- → ngadua

léos + N- → ngaléos

dago + N- → ngadago

Ngararangkénan hareup *N-* miboga sababaraha harti, di antarana,

- 1) ‘ngalakukeun (ku, di, dina) D’: *ngigel, macul, ngalayung*;
- 2) ‘lumaku jadi D’: *ngabdi*;
- 3) ‘nyieun jadi/nganggap D’: *ngaruksak, ngabentuk, ngahina*;
- 4) ‘méré D’: *meunteun, nganiléy*;
- 5) ‘aya dina kaayaan D’: *ngagebrét, ngalempréh*;
- 6) ‘meunang D’: *ngarasa*.

Rarangkén *N-* robah jadi sababaraha wangun atawa boga

alomorf *m-, n-, ny-, ng-, nga-*, jeung *nge-* lamun diuwuhkeun kana wangun dasar anu dimimitian ku konsonan nu luyu jeung daérah artikulasina. Kaédah robahna rarangkén *N-* katut conto makéna bisa ditabélkeun di handap ieu.

Bagan 3.14: Alomorf Rarangkén N-

| Rarangkén | | Kaédah Wangun Dasar | Conto Wangun Kecap | |
|-----------|----------|---------------------|--------------------|--------------|
| Morf | Alomorf | | Dasar | Rundayan |
| N- | m- | foném awalna /b/ | baca | maca |
| | | /p/ | pacul | macul |
| | | /f/ | fitnah | mitnah |
| | n- | foném awalna /t/ | tanya | nanya |
| | | | tonjok | nonjok |
| | ny- | foném awalna /c/ | cokot | nyokot |
| | | | sugu | nyugu |
| | ng- | foném awalna /k/ | kawih | ngawih |
| | | | karang | ngarang |
| | nga- | foném awalna | /b/ | bedah |
| /d/ | | | dahar | ngadahar |
| /g/ | | | golér | ngagolér |
| /h/ | | | huit | ngahuuit |
| /j/ | | | jorag | ngajorag |
| /l/ | | | lamar | ngalamar |
| /m/ | | | manah | ngamanah |
| /ny/ | | | nyatakeun | nganyatakeun |
| /r/ | | | rakit | ngarakit |
| /w/ | wajit | ngawajit | | |
| nge- | Saengang | yuga | ngayuga | |
| | | bom | ngebom | |
| | | cét | ngecét | |

e. KP Wangun *pa-*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén hareup *pa-* tina dasar anu mangrupa kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KP = KP + *pa-*

Contona:

amprok + *pa-* → *paamprok*

Ngararangkénan hareup *pa-* miboga harti, di antarana,

- 1) ‘dina kaayaan D’: *papisah, patepung*;
- 2) ‘pabales-bales/silih D’: *pateuteup*.

f. KP Wangun *si-*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén hareup *si-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang jeung kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KP = [KB, KP] + *si-*

Contona:

beungeut + *si-* → *sibeungeut*

duruk + *si-* → *siduru(k)*

Ngararangkénan hareup *si-* miboga harti, di antarana,

- 1) ‘ngalakukeun D’: *sideku, sidéngdang*;
- 2) ‘migawé manéh’: *sibeungeut, siduru(k)*.

g. KP Wangun *ti-*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén hareup *ti-* tina dasar anu kagolong kana cakal, anu hartina ‘kalakuan teu dihaja’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KP = Cak + *ti-*

Contona:

guling + *ti-* → *tiguling*

solédat + *ti-* → *titsolédat*

h. KP Wangun *ting-*

Tatabasa Sunda Kiwari

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén hareup *ting-* tina dasar anu kagolong kana cakal, anu hartina ‘kalakuan jama’. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan kieu.

KB = Cak + *ting-*

Contona:

gerendeng + *ting-* → *tinggerendeng*

Rarangkén *ting-* boga alomorf *pating-* saperti dina kecap pagawéan:

jurélat + (pa)*ting-* → (pa)*tingjurélat*

burudul + (pa)*ting-* → (pa)*tingburudul*

i. KP Wangun *-ar-*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén tengah *-ar-* tina dasar anu kagolong kana kecap pagawéan jeung kecap pancén, nu hartina ‘ngalakukeun jama ka/di D’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KP = [KP, KPan] + *-ar-*

Contona:

datang + *-ar-* → *daratang*

Rarangkén tengah *-ar-* boga alomorf *-al-*, *ar-*, jeung *ra-* saperti ébréh dina conto di handap ieu.

dahar + *-ar-* → *dalahar*

abus + *-ar-* → *arabus*

jleng + *-ar-* → *rajleng*

j. KP Wangun *-in-*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén tengah *-in-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang jeung cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KP = [KP, Cak] + *-in-*

Contona:

tulis + *-in-* → *tinulis*

Ngararangkénan tengah *-in-* miboga harti, di antarana,

- 1) ‘geus kakeunaan D’: *tinulis, sinerat*;
- 2) ‘aya dina D’: *tinemu, pinanggih*.

k. KP Wangun *-um-*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén tengah *-um-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang jeung kecap Sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KB = [KB, KS] + *-um-*

Contona:

kaula + *-um-* → *kumawula*

tetep + *-um-* → *tumetep*

Ngararangkénan tengah *-um-* miboga harti, di antarana,

- 1) 'ngalakukeun D': *lumampah, lumaku*;
- 2) 'ngalakukeun salaku D': *kumawula*;
- 3) 'dina kaayaan D': *gumantung*.

l. KP Wangun *-an*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén tukang *-an* tina dasar anu kagolong kana kecap barang, pagawéan, jeung sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KP = [KB, KP, KS] + *-an*

Contona:

wakil + *-an* → *wakilan*

paéh + *-an* → *paéhan*

leutik + *-an* → *leutikan*

Ngararangkénan tukang *-an* miboga harti, di antarana,

- 1) 'sangkan di-D': *tataan, sebuatan*;
- 2) 'sangkan dijadikeun D': *paéhan, leutikan*;
- 3) 'sangkan dibéré D': *wakilan, suluran*;
- 4) 'ngalakukeun D': *latihan, ujian*;

m. KP Wangun *-keun*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku rarangkén tukang *-keun* tina dasar anu kagolong kana kecap pagawéan jeung kecap Sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KP = [KP, KB] + *-keun*

Contona:

asup + *-keun* → *asupkeun*

raga + *-keun* → *ragakeun*

Ngararangkénan tukang *-keun* miboga harti, di antarana,

- 1) 'sangkan di-D': *tuliskeun, bacakeun*;

- 2) 'sangkan dilakukeun D': *kawihkeun, igelkeun*.

n. KP Wangun Rarangkén Ganda

Rarangkén ganda téh aya dua rupa, nya éta rarangkén barung (konfiks) jeung rarangkén bareng (ambifiks). Rarangkén barung mangrupa gabungan dua rarangkén atawa leuwih anu dipaké babarengan dina wangun kecap, ari rarangkén bareng mangrupa gabungan dua rarangkén atawa leuwih anu dipakéna teu babarengan. Contona, *di-+ar-* jeung *di-+pang-+N-+keun* dina kecap *dibaraca* jeung *dipangmacakeun*.

(a) KP Wangun $\left(\begin{array}{c} di- \\ N- \\ ting- \end{array} \right) + -ar-$

Ieu kecap pagawéan téh disusun ku rarangkén gabung, nya éta awalan *di-*, *N-*, atawa *ting-* jeung seselan *-ar-* tina wangun dasar anu kagolong kana cakal jeung kecap pagawan. Awalan *di-*, *N-*, jeung *ting-* bisa siligenti dipakéna. Najan kitu, awalan *ting-* dipakéna henteu sabébas awalan *di-* atawa *N-*. Geura titénan contona di handap ieu.

$\text{baca} + \left(\begin{array}{c} di- \\ N- \\ ting- \end{array} \right) + -ar- \rightarrow \left(\begin{array}{c} \text{dibaraca} \\ \text{maraca} \\ *tingbaraca \end{array} \right)$

$\text{kecewis} + \left(\begin{array}{c} di- \\ N- \\ ting- \end{array} \right) + -ar- \rightarrow \left(\begin{array}{c} *dikarecewis \\ ngarecewis \\ tingkarecewis \end{array} \right)$

Tina conto di luhur ébréh yén di antara rarangkén hareup *di-*, *N-*, jeung *ting-* bisa siligenti tur ngagabung jeung rarangkén tengah *-ar-*. Najan kitu, aya kecap nu bisa dirarangkénan *di-* jeung *N-*, tapi teu bisa ku *ting-*. Ogé aya kecap anu bisa dirarangkénan *N-* jeung *ting-*, tapi teu bisa dirarangkénan *di-*.

(b) KP Wangun $\left(\begin{array}{c} di- \\ N- \end{array} \right) + -ar- + \left(\begin{array}{c} -an \\ -keun \end{array} \right)$

Dina ieu pola kecap pagawéan aya dalapan rarangkén gabung nya éta (1) *di-+-an*, (2) *N-+-an*, (3) *di-+-keun*, (4) *N-+-keun*, (5) *di-+-ar-+-an*, (6) *N-+-ar-+-an*, (7) *di-+-ar-+-keun*, jeung (8) *N-+-ar-+-keun*. Ieu rarangkén gabung téh diwuwuhkeun kana wangun dasar anu kagolong kana kecap pagawéan, kecap sipat, kecap barang, jeung cakal. Contona: *didiukan, disaatan, ditempatan*, jeung *dicician*.

Kalawan lengkep ieu pola kecap pagawéan téh bisa dicontoan di handap ieu.

| | | | | |
|-------|---|--------------------|---|---------------|
| tulis | + | di- + -an | → | ditulisan |
| | | di- + -ar- + -an | → | ditarulisan |
| | | di- + -keun | → | dituliskeun |
| | | di- + -ar- + -keun | → | ditaruliskeun |
| tulis | + | N- + -an | → | nulisan |
| | | N- + -ar- + -an | → | narulisan |
| | | N- + -keun | → | nuliskeun |
| | | N- + -ar- + -keun | → | naruliskeun |

Umumna gabungan rarangkén nu dimimitian *di-* nuduhkeun harti ‘kalakuan pasif’, ari nu dimimitian *N-* nuduhkeun ‘kalakuan aktif’. Tambahna rarangkén tengah *-ar-* nuduhkeun harti ‘jama’. Di handap ieu rupa-rupa harti ngarangkénan gabung.

Rarangkén gabung *di-+-an* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘kakeunaan pagawéan D’: *didiukan, diiluan*;
- 2) ‘jama kakeunaan pagawéan D’: *disebutan*;
- 3) ‘dibéré D’: *dicician*;
- 4) ‘jama/sababaraha kali dijieunjadi D’: *dipotongan*;
- 5) ‘kakeunaan pagawéan D kalawan inténsif’: *ditengetan*.

Rarangkén gabung *di-+-keun* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘dijieun jadi ka-D’: *didaptarkeun*;
- 2) ‘dijeun jadi D’: *ditutupkeun*;
- 3) ‘kakeunaan pagawéan D’: *dipapagkeun*;
- 4) ‘dijieun jadi boga D’: *ditempatkeun*.

Rarangkén gabung *N-+-an* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘ngalakukeun D (pikeun)’: *nawaran, nyayagian*;
- 2) ‘sababaraha kali ngalakukeun D’: *milarian*;
- 3) ‘dina kaayaan D’: *méréan*;
- 4) ‘nyieun jadi D’: *nambahan, nyumponan*;
- 5) ‘méré D (ka)’: *nutupan, mangaruhan, nyuratan, nyaluyuan*;
- 6) ‘jadi D’: *nyaeutikan*.

Rarangkén gabung *N-+-keun* miboga harti, di antaran:

- 1) ‘nyieun jadi D’: *napsirkeun, ngagunakeun, ningkatkeun*;
- 2) ‘ngajadikeun D’: *ngabahayakeun*;
- 3) ‘ngalakukeun D kalawan inténsif’: *nanyakeun*;
- 4) ‘ngalakukeun D kalawan inténsif’: *ngadéngékeun*;
- 5) ‘nganggap D’: *ngaenyakeun*;
- 6) ‘nyebut D’: *ngabibikeun*;
- 7) ‘nepikeun D’: *ngabéjakeun*;
- 8) ‘nyieun jadi D’: *mukakeun*;
- 9) ‘ngahasilkeun D’: *ngucapkeun*.

(c) KP Wangun $\left(\begin{array}{c} di- \\ N- \end{array} \right) + pi- + ka-$

Dina ieu pola kecap pagawéan aya tilu rarangkén gabung nya éta (1) *pi-+ ka-*, (2) *di-+ pi-+ ka-*, jeung (3) *N-+ pi-+ ka-*, anu diwuwuhkeun

kana dasar nu kagolong kana kecap pagawéan, kecap sipat, atawa cakal. Ari hartina ‘dijadikeun ka-D’ jeung ‘ngarasa D ka’. Contona:

| | | | | | | | | |
|---------|---|---|---|---|---|-------------|---|---------------|
| cinta | + | $\left(\begin{array}{c} pi- + ka- \\ N- \end{array} \right)$ | + | $\left(\begin{array}{c} di- \\ N- \end{array} \right)$ | → | pikacinta | → | dipikacinta |
| | | | | | | | | mikacinta |
| meumeut | + | pi- + ka- | + | $\left(\begin{array}{c} di- \\ N- \end{array} \right)$ | → | pikatineung | → | dipikatineung |
| | | | | | | | | mikatineung |

hayang + pi- + ka- + $\left(\begin{array}{c} \text{di-} \\ \text{N-} \end{array} \right) \rightarrow \text{pikahayang} \rightarrow \begin{array}{l} \text{dipikahayang} \\ \text{mikahayang} \end{array}$

(d) KP Wangun $\left(\begin{array}{c} \text{di-} \\ \text{ka-} \\ \text{N-} \end{array} \right) + \text{pi-}$

Dina ieu pola kecap pagawéan aya tilu rarangkén gabung nya éta (1) *di-* + *pi-*, (2) *ka-* + *pi-*, jeung (3) *N-* + *pi-*, anu diuwuhkeun kana wangun dasar nu kagolong kana kecap pagawéan jeung kecap barang. Gabungan *di-*, *ka-*, jeung *N-* kana rarangkén *pi-* masing-masing ngahasilkeun harti ‘dianggap D’, ‘dijadikeun D’, jeung ‘nganggap D’. Contona:

$\left(\begin{array}{c} \text{éling} \\ \text{+ pi-} \end{array} \right) + \left(\begin{array}{c} \text{di-} \\ \text{ka-} \\ \text{N-} \end{array} \right) \rightarrow \text{piéling} \rightarrow \left(\begin{array}{c} \text{dipiéling} \\ \text{kapiéling} \\ \text{miéling} \end{array} \right)$
 $\left(\begin{array}{c} \text{indung} \\ \text{+ pi-} \end{array} \right) + \left(\begin{array}{c} \text{di-} \\ \text{ka-} \\ \text{N-} \end{array} \right) \rightarrow \text{piindung} \rightarrow \left(\begin{array}{c} \text{dipiindung} \\ \text{kapiindung} \\ \text{miindung} \end{array} \right)$

(e) KP Wangun $\left(\begin{array}{c} \text{di-} \\ \text{N} \end{array} \right) + \text{pang-} + \text{N-} + \text{-ar-} + \text{-an} + \text{-keun}$


Ieu kecap pagawéan diwangun ku gabungan genep rarangkén, nya éta rarangkén hareup, tengah, jeung tukang. Tina ieu pola kapanggih aya rarangkén gabung, nya éta (1) *pang-* + *-keun*, (2) *di-* + *pang-* + *-keun*, (3) *N-* + *pang-* + *-keun*, (4) *pang-* + *N-* + *-keun*, (5) *pang-* + *-an* + *-keun*, (6) *pang-* + *N-* + *-an* + *-keun*, (7) *N-* + *-ar-* + *-an*, (8) *N-* + *-ar-* + *-keun*.

Rarangkén gabung *pang-* + *-keun* jeung *pang-* + *N-* + *-keun* diuwuhkeun kana kecap pagawéan jeung cagal, anu hartina ‘nitah di-D’. Contona:

baca + *pang-* + *N-* + *-keun* → *pangmacakeun*
 guling + *pang-* + *N-* + *-keun* → *panggulingkeun*

Gabungan rarangkén *pang-*(*N-*)-*keun* jeung *di-* atawa *N-* ngahasilkeun harti ‘pagawéan keur batur’ (bénéfaktif). Bédana mah *N-* hartina ‘aktif’, ari *di-* hartina ‘pasif’. Gabunganana jeung rarangkén tukang *-an* nambahan harti ‘sababaraha kali’ (répétitif), ari jeung rarangkén tengah *-ar-* nambahan harti ‘jama’.

Rarangkén *di-* jeung *N-* dipakéna bisa siligenti, upamana, dina kecap *dipangmaracaankeun* jeung *mangmaracaankeun*. Baganna kieu.



(f) KP Wangun $\text{ka-} + \left(\begin{array}{c} \text{-an} \\ \text{-keun} \end{array} \right)$

Ieu kecap pagawéan téh miboga dua wangun, nya éta wangun *ka--an* jeung wangun *ka--keun*. Kecap pagawéan *ka--an* diwangun tina dasar anu kagolong kana kecap pagawéan jeung kecap barang, anu

hartina ‘kakeunaan kalakuan teu dihaja’. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontona kieu.

KP = [KP, KB] + ka--an

Contona:

asup + ka--an → kaasupan
peuting + ka--an → kaapuan

Kecap pagawéan *ka--keun* diwangun tina dasar anu kagolong kana kecap pagawéan, anu hartina ‘kakeunaan kalakuan teu dihaja di--keun’. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dintonan kieu.

KP = [KP] + ka--keun

Contona:

asup + ka--keun → kaasupkeun
impi + ka--keun → kaimpikeun

3.4.2.3 Adegan Kecap Pagawéan Rajékan

Kecap pagawéan rajékan nya éta kecap pagawéan anu diwangun ku cara malikan deui wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung ku robah sorana jeung rarangkén boh henteu. Dumasar kana prosésna, bisa dibédakeun opat rupa kecap pagawéan rajékan, nya éta (1) KP dwimurni, (2) KP dwiréka, (3) KP dwipurwa, jeung (4) KP rajékan dirarangkénan.

a. Kecap Pagawéan Dwimurni

Kecap pagawéan dwimurni (dm) nya éta kecap pagawéan rajékan (R) anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari teu robah sorana. Ari dasarna kagolong kana kecap barang jeung kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KP = [KB, KP] + Rdm

Contona:

imah + Rdm → *imah-imah*
nunggu + Rdm → *nunggu-nunggu*

Kecap pagawéan rajékan dwimurni miboga harti, di antarana,

- 1) ‘terus-terusan ngalakukeun D’: *tatan-tanan, siap-siap*;
- 2) ‘ngalakukeun D kalawan rinéh’: *jalan-jalan*;
- 3) ‘barang D’: *datang-datang*.

b. Kecap Pagawéan Dwiréka

Kecap pagawéan dwiréka (dr) nya éta kecap pagawéan rajékan (R) anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari robah sorana. Ari dasarna kagolong kana kecap pagawéan jeung cacal. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KP = [KP, Cak] + Rdr

Contona:

tanya + Rdr → *tunyu-tanya*
kutumuk + Rdp → *katamak-kutumuk*

Kecap pagawéan rajékan dwiréka miboga harti, di antarana,

- 1) ‘ngalakukeun rupa-rupa D’: *katamak-kutumuk*;
- 2) ‘sababaraha kali ngalakukeun D’: *tunyu-tanya, tunja-ténjo*;
- 3) ‘sagala di-D’: *tukal-takol, tujang-tajong*;
- 4) ‘terus-terusan ngalakukeun D’: *culak-cileuk*.

c. Kecap Pagawéan Dwipurwa

Kecap pagawéan dwipurwa (dp) nya éta kecap pagawéan rajékan (R) anu diwangun ku cara nyebut dua kali engang mimiti wangun dasarna. Ari wangun dasarna bisa kagolong kana kecap barang jeung kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KP = [KB, KP] + Rdp

Contona:

béja + Rdp → *bébéja*
tanya + Rdp → *tatanya*

Kecap pagawéan rajékan dwipurwa miboga harti, di antarana,

- 1) ‘sagala di-D’: *tatajong*,
- 2) ‘sababaraha kali ngalakukeun D’: *gogodeg, babagi*;
- 3) ‘nepikeun/méré D’: *bébéja, wawartos*;
- 4) ‘terus-terusan ngalakukeun D’: *kukumpul*.

d. Kecap Pagawéan Rajékan Dirarangkénan

Kecap pagawéan rajékan dirarangkénan nya éta kecap pagawéan rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari binarung rarangkén. Wangun rajékanana bisa dwimurni atawa dwiréka bisa dwipurwa. Kecap pagawéan rajékan dirarangkénan bisa dipasing-pasing di handap ieu.

(a) KP Wangun *di-R*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku ngarajék dwilingga (dwimurni atawa dwiréka) bari dirarangkénan hareup *di-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang, pagawéan, jeung cakal, anu hartina ‘terus-terusan kakeunaan D’. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

$$\text{KP} = [\text{KB}, \text{KP}, \text{Cak}] + \text{di-R}$$

Contona:

| | | | | |
|-------|---|------|---|----------------------|
| rasa | + | di-R | → | <i>dirasa-rasa</i> |
| pikir | + | di-R | → | <i>dipikir-pikir</i> |
| riung | + | di-R | → | <i>diriung-riung</i> |

(b) KP Wangun *di-R-keun*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku ngarajék dwilingga (dwimurni atawa dwiréka) jeung dwipurwa bari dirarangkénan gabung *di--keun* tina dasar anu kagolong kana kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

$$\text{KP} = \text{KP} + \text{di-R-keun}$$

Contona:

| | | | | |
|--------|---|-----------|---|---------------------------|
| asup | + | di-R-keun | → | <i>diasup-asupkeun</i> |
| beulit | + | di-R-keun | → | <i>dibulat-beulitkeun</i> |
| tawar | + | di-R-keun | → | <i>ditatawarkeun</i> |

Kecap pagawéan *di-R-keun* miboha harti, di antarana,

- 1) ‘jama dijieun jadi D’: *diasupkeun-asupkeun, disodor-sodorkeun*;
- 2) ‘terus-terusan kakeunaan D’: *ditatawarkeun*.

(c) KP Wangun *ka-R*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku ngarajék dwilingga (dwimurni atawa dwiréka) bari dirarangkénan gabung *ka-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang jeung kecap pagawéan, anu hartina ‘tutuluyan kakeunaan pagawéan teu dihaja’. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

$$\text{KP} = [\text{KB}, \text{KP}] + \text{ka-R}$$

Contona:

| | | | | |
|-------|---|------|---|----------------------|
| ombak | + | ka-R | → | <i>kaombak-ombak</i> |
| seuit | + | ka-R | → | <i>kaseuit-seuit</i> |

(d) KP = [KP, KS, Cak] + *N-R*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku ngarajék dwilingga (dwimurni atawa dwiréka) bari dirarangkénan gabung *N-* tina dasar anu kagolong kana kecap pagawéan, kecap sipat, jeung cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

$$\text{KP} = [\text{KP}, \text{KS}, \text{Cak}] + \text{N-R}$$

Contoana:

| | | | | |
|--------|---|------------|---|-------------------------|
| tunggu | + | <i>N-R</i> | → | <i>nunggu-nunggu</i> |
| béda | + | <i>N-R</i> | → | <i>ngabéda-béda</i> |
| banjel | + | <i>N-R</i> | → | <i>ngabanjel-banjel</i> |

Kecap pagawéan *N-R* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘nyieun jadi D kalawan inténsif’: *neger-neger, neges-neges*;
- 2) ‘lila ngalakukeun D’: *ngupah-ngapéh*;
- 3) ‘ngalakukeun D sahinasna’: *ngabanjel-banjel*;
- 4) ‘nyieun jadi D’: *ngabéda-béda*;
- 5) ‘ngalakukeun D kalawan inténsif’: *ngaku-ngaku, nunggu-nunggu*.

(e) KP Wangun *N-R-keun*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku cara ngarajék dwimurni bari dirarangkénan *N--keun* tina dasar nu mangrupa kecap pagawéan, anu hartina ‘ngalakukeun tutuluyan’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

$$\text{KP} = \text{KP} + \text{N-R-keun}$$

Contona:

asup + *N-R-keun* → *ngasup-ngasupkeun*
 sorot + *N-R-keun* → *nyorot-nyorotkeun*

(f) KP Wangun *pa-R*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku ngarajék dwilingga bari dirarangkénan hareup *pa-* tina dasar anu kagolong kana kecap sipat jeung cangkal. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

KP = [KS, Cak] + *pa-R*

Contona:

tarik + *pa-Rdl* → *patarik-tarik*
 heneng + *pa-Rdl* → *paheneng-heneng*

Kecap pagawéan *pa-R* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘paunggulan-unggulan’: *patarik-tarik, palambat-lambat*;
- 2) ‘pabales-bales’: *pacéntal-céntal*;
- 3) ‘dina kaayaan silih-D’: *paheneng-heneng*.

(g) KP Wangun *ti-R*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku ngarajék dwipurwa (Rdp) bari dirarangkénan hareup *ti-* tina dasar nu mangrupa kecap sipat jeung cangkal, nu hartina ‘dina kaayaan D’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KP = [Cak, KS] + *ti-R*

Contona:

porosé + *ti-R* → *tipoporosé*
 pétot + *-ar-* → *parétot* + *ti-R* → *tipaparétot*

(h) KP Wangun *R-an*

Ieu kecap pagawéan diwangun ku cara ngarajék dwilingga (Rdl) jeung dwipurwa (Rdp) bari dirarangkénan tukang *-an* tina dasar anu kagolong kana kecap barang, pagawéan, jeung cangkal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KP = [KB, KP, Cak] + *R-an*

Contona:

layar + *R-an* → *lalayaran*
 indit + *R-an* → *indit-inditan*
 ideug + *R-an* → *ideug-ideugan*

Kecap pagawéan *R-an* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘ngalakukeun pagawéan D’: *pepegatan*;
- 2) ‘tutuluyan ngalakukeun D’: *gagarayaman, kakawihan*;
- 3) ‘pura-pura ngalakukeun D’: *peupeureuman, sasandi-waraan*;
- 4) ‘lila ngalakukeun D (pikeun)’: *lalayaran, nyeungceu-rikan*;
- 5) ‘lila ngalakukeun D teu tangtu’: *indit-inditan, aprak-aprakan*;
- 6) ‘rupa-rupa ngalakukeun D jama’: *jujualan*;
- 7) ‘sababaraha kali ngalakukeun D’: *kukuliatan, ideug-ideugan*;
- 8) ‘dina kaayaan N-’: *kakandungan*.

3.4.2.4 Kecap Pagawéan Kantétan

Kecap pagawéan kantétan nya éta kecap pagawéan anu diwangun ku cara ngantétkeun bakal kecap jeung bakal kecap nepi ka ngahasilkeun harti mandiri nu béda tina harti unsur-unsurna. Dumasar kana warna dasarna, kecap pagawéan kantétan miboga adegan di handap ieu.

Bagan 3.15: Kecap Pagawéan Kantétan

| Adegan Kecap Kantétan | | Contona |
|-----------------------|---------|--|
| Unsur-1 | Unsur-2 | |
| KP | KB | <i>olah raga, nulak cangkéng, mandi getih,</i> |
| | KP | <i>usul periksa, medal sila</i> |
| | KS | <i>kutuk gendeng, diteureuy buleud</i> |
| | Cakal | <i>tepung lawung, ayun ambing</i> |
| KS | KB | <i>lepas tangan,</i> |
| | KP | <i>suka seuri</i> |
| Cakal | KB | <i>ulung tangan, oléng pangantén</i> |
| | KP | <i>ujuk uninga, uchang anggé</i> |
| | Cakal | <i>gulang gapér</i> |
| Proléksém | KP | <i>barangbére, barangbeuli, silihsimbeuh, silihdupak, pili(h)genti, pilihkasih, padalarang, padadatang</i> |

Kecap pagawéan kantétan boga sababaraha harti, di antarana,

- 1) ‘tambahan’: *tepung lawung*,
- 2) ‘alat’: *maén bal, ngadu panggaj*;
- 3) ‘ngeunaan (hal)’: *unjuk uninga*,

- 4) ‘pabales-bales’: *silihsimbeuh, silihgitik*;
- 5) ‘giliran’: *pili(h)genti, silihgenti*;
- 6) ‘paunggul-unggul (kompetitif)’: *silihudag*;
- 7) ‘kalakuan teu tangtu’: *barangtanya, barangbeuli*;
- 8) ‘jama ngalakukeun’: *padadatang, padamelong*;
- 9) ‘dina/kana’: *nulak cangkéng, nanggeuy gado, nangkeup harigu*;
- 10) ‘dina waktu’: *salat peuting, dahar soré*.

3.5 Kecap Sipat (Adjektiva)

3.5.1 Wangenan Kecap Sipat

Kecap sipat nya éta sajumlah kecap anu umumna miboga salasahiji ciri di handap ieu.

- a. Kecap sipat ngabogaan harti bawaan ‘sipat’ (kualitas) jeung ‘kaayaan’ (statif). Sipat jadi bagian langsung anu angger tur ngahiji jeung barang, sabalikna kaayaan mah henteu. Di handap ieu conto sipat (01) jeung kaayaan (02).
 - (01) leutik, beurat, beureum, buleud
 - (02) baseuh, beunghar, ramé
- b. Kecap sipat bisa dirarangkénan *pang--na* jeung *sa-R-na*, contona:
 - (03) alus + pang--na → pangalusna
 - (04) pinter + sa-R-na → sapinter-pinterna
- c. Kecap sipat bisa dipiheulaan ku kecap *leuwih* jeung *mani*, contona:
 - (05) ageung + leuwih → leuwih ageung
 - (06) luhur + mani → mani luhur
- d. Kecap sipat bisa dipiheulaan ku kecap *pohara + -na*, contona:
 - (07) gedé + pohara + -na → pohara gedéna
 - (08) alus + pohara + -na → pohara alusna
- e. Kecap sipat bisa dituturkeun ku kecap *pisan*, contona:
 - (09) bageur + pisan → bageur pisan
 - (10) gedé + pisan → gedé pisan
- f. Kecap sipat bisa dipiheulaan ku kecap pamungkir (*hen)teu*, contona:
 - (11) kasép + (hen)teu → (hen)teu kasép
 - (12) gedé + (hen)teu → (hen)teu gedé
- g. Kecap sipat bisa nerangkeun kecap barang, boh langsung boh dipiheulaan ku kecap (*a)nu*, contona:
 - (13)a. awak + cangker → awak cangker

- b. awak + (a)nu + cangker → awak (a)nu cangker

3.5.2 Wanda Kecap Sipat

Disawang tina watek semantisna, kecap sipat bisa dipasing-pasing jadi sababaraha rupa saperti dina tabél di handap ieu.

Bagan 3.16: Wanda Kecap Sipat

| Wanda | Subwanda | Contona |
|----------|-------------------------------------|---|
| Warna | Tulén | bodas, beureum, biru, hideung, gandola |
| | Racikan | héjo lukut, konéng umyang, beureum ati |
| Wangun | Barang | buleud, pénjol, pasagi, juru tilu |
| | Dedegan (postur) | gendut, begang, regéng, rengkung, gemburu, jangkorang, regung |
| Watek | Haté | soléh, sabar, takwa |
| | Pikiran | bodo, pinter, iceus, wacis, rancagé |
| | Sikep | bageur, bengal, cunihin, galak, lindeuk |
| Persépsi | Sandinétra | alus, ramé, tiiseun, haneuteun |
| | Sandirungu | halimpu, ngorok, peura, ngosom |
| | Sandirasa | amis, asin, haseum, pait, peuheur |
| | Sandirampa | kasar, korodok, lemes, léngang, leueur |
| | Sandiambeu | seungit, bau, biuk, hangseur |
| Rasa | Suasana Haté | bungah, gumbira, sedih, risi, rémpan |
| | Suasana Pikir | bangga, hésé babari, bingung, lieur |
| Ukuran | Jarak | jauh, deukeut, anggang, caket |
| | Panjang | panjang, pondok |
| | jangkung | jangkung, péndek, luhur, handap |
| | jero | jero, déét, lebet |
| | gedé | agung, alit, badag, gedé, leutik,. |
| | beurat | beurat, abot, hampang |
| | kandel | ipis, nyempring, kandel, kedeplik |
| | jumlah | réa, seueur, loba, saeutik, saalt, sakedik |
| | eusi | pinuh, kosong, lébér, suwung |
| | waktu | lila, lami, sakeudeung, sakedap |
| umur | kolot, ngora, anyar, heubeul, buhun | |
| gancang | gancang, énggal, alon. elat, boyot | |
| Umpak | | euceuy, ngagedod, cakeutreuk, ngagebay |

| | | |
|-------------|--|--|
| (élatif) | | nyempring, kedeplik, ngalanglaung |
| Klasifikasi | | buntu, gaib, jangkep, nunggal, mutlak, karamat |

3.5.3 Wangun Kecap Sipat

Wangun kecap sipat nya éta rupa-rupa kecap sipat disawang tina jumlah morfém anu jadi pangwangunna. Aya opat rupa wangun kecap sipat nya éta kecap salancar, rundayan, rajékan, jeung kecap kantétan.

3.5.3.1 Kecap Sipat Salancar

Kecap sipat salancar nya éta kecap sipat anu diwangun ku hiji morfém bébas. Disawang tina jumlah engangna, kecap sipat salancar umumna diwangun ku dua nepi ka tilu engang. Contona:

- (11) buleud, geulis, jauh, panjang, seungit
- (12) bahaya, jalingkak, talangké

3.5.3.2 Kecap Sipat Rundayan

Kecap sipat rundayan nya éta kecap sipat anu diwangun ku cara ngawuwuhkeun rarangkén kana wangun dasarna. Dumasar kana warna dasar jeung rarangkénna umumna kecap sipat rundayan boga pola kieu.

- 1) KS = KB + [pi-, -in-]
- 2) KS = [KB, KS] + ka--keun
- 3) KS = [KB, Cak] + sa-
- 4) KS = [KB, KS, Cak] + -an
- 5) KS = [KB, KP, KS, Cak] + [ka-, -um-, -eun, di--an, ka--an, N--an]
- 6) KS = [KB, KP, KS, KBil] + [N-, di-keun]
- 7) KS = [KP, KS] + [di-, pika--eun]
- 8) KS = KS + [pa-, -ar-, dipi-, dipika-, mang-keun, N++ pika-, pa--an, pang--na, pi--eun, sa--eun]
- 9) KS = [KS, KPan] + ting-
- 10) KS = [KS, KP, Cak] + sa--na
- 11) KS = KPan + sa--an

a. KS Wangun *di-*

Ieu kecap sipat diwangun ku rarangkén hareup *di-* tina dasar anu kaasup kana kecap pagawéan jeung kecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

$$\text{KS} = [\text{KP}, \text{KS}] + \text{di-}$$

Contona:

deugdeug + di- --> dideugdeug
 ogo + di- --> diogo

Kecap sipat wangun *di-* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘kakeunaan D’: *dideugdeug, diganggayong, dipercaya;*
- 2) ‘dijieun jadi D’: *diogo, disangsara;*
- 3) ‘dibéré D’: *dihormat.*

b. KS Wangun *ka-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén hareup *ka-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, pagawéan, sipat, jeung cangkal. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

$$\text{KS} = [\text{KB}, \text{KP}, \text{KS}, \text{Cak}] + \text{ka-}$$

Contona:

taji + ka- --> kataji
 paksa + ka- --> kapaksa
 mashur + ka- --> kamashur
 gagas + ka- --> kagagas

Kecap sipat dirarangkénan *ka-* miboga harti, di antarana,

- 1) ‘bisa di-D’: *karasa, katampung, katénjo;*
- 2) ‘kakeunaan D’: *kasidem, kapincut, kasenger, kamashur;*
- 3) ‘teu kahaja kakeunaan D’: *kapaksa, kakeueum;*

c. KS Wangun *N-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén hareup *N-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, pagawéan, sipat, bilangan, pancén, jeung cangkal. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

$$\text{KS} = [\text{KB}, \text{KP}, \text{KS}, \text{KBil}, \text{KPan}, \text{Cak}] + \text{N-}$$

Contona:

tanjung + N- --> *nanjung*
 ganggu + N- --> *ngaganggu*
 kedul + N- --> *ngedul*
 hiji + N- --> *ngahiji*
 burubut + N- --> *murubut*
 lempréh + N- --> *ngalempréh*

Kecap sipat rundayan wangun *N-* boga harti, di antarana:

- 1) 'jadi saperti (kana} D': *nyandu, ngajugbleg, nanjung*;
- 2) 'miboga D': *ngarasa, ngigama*;
- 3) 'jadi D': *ngalayan, ngagunduk, ngahiji*;
- 4) 'nganggap D': *ngamusuh*;
- 5) 'miboga sipat D': *nyeni*;
- 6) 'ngalakukeun saperti D': *ngawula*.
- 7) 'ngalakukeun D': *ngaganggu, ngaréwong, ngaginding, ngabetem*;
- 8) 'dina kaayaan D': *ngadadak, ngedul, nyorangan, murubut*
- 9) 'nyababkeun D': *ngageunjeungkeun, ngaruksak*.

d. KS Wangun *pa-*

Kecap sipat diwangun ku rarangkén hareup *pa-* tina dasar anu kaasup kana kecap sipat jeung kecap barang anu hartina 'aya dina kaayaan D'. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

KS = [KS, KS] + pa-

Contona:

tukang tonggong + pa- → *patukang tonggong*
 ciweuh + pa- → *paciweuh*

e. KS Wangun *pi-*

Kecap sipat diwangun rarangkén hareup *pi-* tina dasar anu kagolong kana kecap barang, nu hartina 'mentingkeun D'. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KB + pi-

Contona:

duit + pi- → *piduit*
 indung + pi- → *piindung*

f. KS Wangun *sa-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén hareup *sa-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang jeung cakal. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

KS = [KB, KS, KPAn] + sa-

Contona:

rupa + sa- --> *sarupa*
 imbang + sa- --> *saimbang*
 kotéap + sa- --> *sakotéap*

Kecap sipat wangun *sa-* miboga harti, di antarana:

- 1) 'sarua/hiji D': *sarupa, saimbang, sakotéap, sarimbang*;
- 2) 'saluyu jeung D': *satékah polah, sakuat tanaga*.

g. KS Wangun *ti-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén hareup *ti-* tina wangun dasar anu kagolong kana pancén jeung cakal, anu hartina 'teu dihaja/dina kaayaan'. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KPAn, Cak] + ti-

Contona:

seureuleu + ti- → *tiseureuleu*
 beubeut + ti- → *tibeubeut*

h. KS Wangun *(pa)ting-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *(pa)ting-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap sipat jeung kecap pancén. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KS, KPAn] + (pa)ting-

Contona:

baranang + (pa)ting- → *(pa)tingbaranang*
 Kecap sipat (p)ting- miboga harti, di antarana:

- 1) 'jama kaayaan D': *(pa)tingbaranang*;
- 2) 'jama tutuluyan, bareng': *tingsérédét, (pa)tingburinyay*

i. Kecap Sipat Wangun *-ar-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén tengah *-ar-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KS + *-ar-*

Contona:

bodo + *-ar-* → *barodo*
lieur + *-ar-* → *lalieur*

Rarangkén tengah *-ar-* miboga sababaraha wujud anggota atawa alomorf kayaning *ar-*, *ra-*, jeung *-al-*. Rarangkén tengah *-ar-* robah jadi

(a) *ar-* lamun wangun dasarna dimimitian ku vokal. Contona:

isin + *-ar-* → *ar-* → arisin

(b) *ra-* lamun wangun dasarna mangrupa kecap anteuran anu saaengang. Contona:

cleng + *-ar-* → *ra-* → racleng

(c) *-al-* lamun wangun dasarna mangrupa kecap dimimitian ku foném /l/ jeung ditungtungan ku foném /r/. Contona:

lieur + *-ar-* → *-al-* → lalieur

bageur + *-ar-* → *-al-* → balageur

Kecap sipat *-ar-* miboga harti, di antara:

- 1) ‘jama’: *barodo*, *raruksak*, *gareulis*;
- 2) ‘tutuluyan/rada/teu tangtu’: *nyanyeri*, *rariet*, *areungap*.

j. KS Wangun *-um-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *-um-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, kecap pancén, jeung cakal. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS, KPan, Cak] + *-um-*

Contona:

kawula + *-um-* → *kumawula*
sujud + *-um-* → *sumujud*
geulis + *-um-* → *gumeulis*
lenyap + *-um-* → *lumenyap*
tamprak + *-um-* → *tumamprak*

Kecap sipat *-um-* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘jadi’: *kuméok*;
- 2) ‘niru-niru nu D’: *gumeulis*, *gumasép*;
- 3) ‘lumampah saperti (ka) D’: *kumawula*, *gumusti*;
- 4) ‘dina kaayaan D’: *gumantung*;
- 5) ‘tutuluyan dina kaayaan’: *lumengis*, *lumenyap*;
- 6) ‘nyarupaan D’: *gumilang*;
- 7) ‘miboga D’: *rumasa*.

k. KS Wangun *-in-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén tengah *-in-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, anu hartina ‘miboga sipat D’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KB + *-in-*

Contona:

satria + *-in-* → *sinatria*
pandita + *-in-* → *pinandita*

l. KS Wangun *-an*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *-an* tina wangun dasar, nu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS] + *sa-*

Contona:

cahaya + *-an* → *cahayaan*
tampik + *-an* → *tampikan*
ogo + *-an* → *ogoan*

Kecap sipat *-an* miboga harti, di antaran:

- 1) ‘miboga D’: *cahayaan*;
- 2) ‘miboga sipat kawas D’: *kulit cakcakan*;
- 3) ‘biasa/boga bakat D’: *tampikan*, *loda*, *ogoan*;
- 4) ‘miboga sipat D’: *borangan*, *kandulan*, *rayungan*;
- 5) ‘dina kaayaan D pisan’: *enyaan*, *sakedapan*.

m. KS Wangun *-eun*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *-eun* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS] + *-eun*

Contona:

| | | | | |
|---------|---|------|---|-------------------|
| raheut | + | -eun | → | <i>raheuteun</i> |
| tinggal | + | -eun | → | <i>tinggaleun</i> |
| beurat | + | -eun | → | <i>beurateun</i> |

Kecap sipat *-eun* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘(jadi) ngarasa D’: *atoheun, ngeunaheun, taakeun*;
- 2) ‘(jalma katilu) dina kaayaan’: *éraeun, nyaatheun, wawuheun*;
- 3) ‘kakeunaan’: *tinggaleun*;

n. KS Wangun *dipi-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *di-* + *pi-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS] + *dipi-*

Contona:

| | | | | |
|----------|---|-------|---|---------------------|
| sari | + | dipi- | → | <i>dipisari</i> |
| ambek | + | dipi- | → | <i>dipiambek</i> |
| camplang | + | dipi- | → | <i>dipicamplang</i> |

Kecap sipat *dipi-* miboga harti, di antaran:

- 1) ‘kakeunaan D’: *dipiambek, dipideudeuh*;
- 2) ‘dianggap D’: *dipisari, dipicamplang, dipiamis*.

ny. KS Wangun *dipika-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén gabung *dipika-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap sipat, hartina ‘kakeunaan’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KS + *dipika-*

Contona:

| | | | | |
|---------|---|---------|---|----------------------|
| ceuceub | + | dipika- | → | <i>dipikaceuceub</i> |
| wanoh | + | dipika- | → | <i>dipikawanoh</i> |

ng. KS Wangun *di--an*

Tatabasa Sunda Kiwari

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *di--an* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, jeung cakal. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS, Cak] + *di--an*

Contona:

| | | | | |
|--------|---|--------|---|-------------------|
| harga | + | di--an | → | <i>dihargaan</i> |
| turut | + | di--an | → | <i>diturutan</i> |
| tenget | + | di--an | → | <i>ditengetan</i> |
| angson | + | di--an | → | <i>diangsonan</i> |

Kecap sipat *di--an* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘kakeunaan D’: *ditarurutan, ditengetan*;
- 2) ‘dijadikeun D’: *dieuyeuban, diénténgan*;
- 3) ‘tumuluy kakeunaan D’: *diméméngan*;
- 4) ‘dibéré D’: *diangsonan, ditawarkan*.

o. KS Wangun *di--keun*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *di--keun* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, kecap bilangan, kecap pancén, jeung cakal. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS, KBil, KPAn, Cak] + *di--keun*

Contona:

| | | | | |
|---------|---|----------|---|----------------------|
| dunga | + | di--keun | → | <i>didungakeun</i> |
| heureuy | + | di--keun | → | <i>diheureuykeun</i> |
| mulya | + | di--keun | → | <i>dimulyakeun</i> |
| sakali | + | di--keun | → | <i>disakalikeun</i> |
| kudu | + | di--keun | → | <i>dikudukeun</i> |
| jeujeuh | + | di--keun | → | <i>dijeujeuhkeun</i> |

Kecap sipat *di--keun* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘dijadikeun D’: *diheureuykeun, dibenerkeun*,
- 2) ‘dijadikeun D-an’: *diandelkeun*;
- 3) ‘dianggap D’: *diperlukeun, dimulyakeun*;
- 4) ‘kakeunaan D’: *dikudukeun, ditalingakeun*;
- 5) ‘dibere ka-D-an’: *dipercayakeun*.

p. KS Wangun *ka--an*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *ka--an* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap sipat, jeung cagal. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, Cak] + *ka--an*

Contona:

candu + *ka--an* → *kacanduan*
 panas + *ka--an* → *kapanasan*
 porot + *ka--an* → *kaporotan*

Kecap sipat *ka--an* miboga harti, di antarana:

- 1) 'kakeunaan D': *kacanduan, kabiruyungan*;
- 2) 'bisa kakeunaan D': *kasaksian, katulungan*;
- 3) 'miboga D': *kahutangan*,
- 4) 'teu dihaja D': *kabeneran, kalepasan, kaporotan*;
- 5) 'teu kahaja kakeunaan D': *kasiangan, kaleuwihan*;
- 6) 'bisa di-D-an': *kacumponan, kabandung*;
- 7) 'bisa di-D-keun': *kabuktian, kanyahoan*;

q. KS Wangun *ka--keun*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *ka--keun* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap sipat, jeung kecap pancen. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KS, KPan] + *ka--keun*

Contona:

bayang + *ka--keun* → *kabayangkeun*
 laksana + *ka--keun* → *kalaksanakeun*
 iwal + *ka--keun* → *kaiwalkeun*

Kecap sipat *ka--keun* miboga harti, di antaran:

- 1) 'bisa dijadikeun D': *kagambarkeun*;
- 2) 'bisa di-D-keun': *kalaksanakeun*;
- 3) 'kakeunaan D': *kaiwalkeun*.

r. KS Wangun *N- + pang--keun (mang--keun)*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *N- + pang--keun*, anu umumna robah jadi *mang--keun*, tina wangun dasar anu

kagolong kana kecap sipat, nu hartina 'milu ngarasa D'. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS + *mang--keun* → KS *rundayan*

Contona:

hanjakal + *mang--keun* → *manghanjakalkeun*
 handeueul + *mang--keun* → *manghandeueulkeun*

s. KS Wangun *N- + pika-*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *N- + pika-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap sipat, nu hartina 'neundeun rasa D'. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KS + *N- + pika-*

Contona:

nyaah + *N- + pika-* → *mikanyaah*
 resepe + *N- + pika-* → *mikaresepe*

t. KS Wangun *N--an*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *N--an* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, jeung cagal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS, KPAn, Cak] + *N--an*

Contona:

ajén + *N--an* → *ngajénan*
 tambah + *N--an* → *nambahan*
 lega + *N--an* → *ngalegaan*
 kurang + *N--an* → *ngurangan*
 kilung + *N--an* → *ngilungan*

Kecap sipat *N--an* miboga harti, di antarana:

- 1) 'méré D': *ngajénan, ngahargaan*;
- 2) 'nganggap D ka': *ngamusuhan*;
- 3) 'jadi D': *ngéléhan, ngalegaan*;
- 4) 'nyababkeun D': *ngagokan, ngahalangan*;
- 5) 'dina kaayaan D': *nyekapan*;
- 6) 'teu dihaja kakeunaan D': *meneran*.

u. KS Wangun *N--keun*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *N--keun* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, kecap bilangan, kecap pancén, jeung cakal. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS, KBil, KPan, Cak] + N--keun

Contona:

| | | | | |
|---------|---|---------|---|-----------------------|
| ciri | + | N--keun | → | <i>nyirikeun</i> |
| heureuy | + | N--keun | → | <i>ngaheureuykeun</i> |
| babari | + | N--keun | → | <i>ngababarikeun</i> |
| sakali | + | N--keun | → | <i>nyakalikeun</i> |
| wajib | + | N--keun | → | <i>ngawajibkeun</i> |
| jeujeuh | + | N--keun | → | <i>ngajeujeuhkeun</i> |

Kecap sipat *N--keun* miboga harti, di antarana:

- 1) 'ngajadikeun D (-an)': *ngarasakeun, ngandelkeun;*
- 2) 'nuduhkeun D': *nyirikeun;*
- 3) 'ngucapkeun D': *nganuhunkeun;*
- 4) 'nganggap D': *narimakeun, ngababarikeun;*
- 5) 'nyababkeun D': *nyugemakeun, nyusahkeun, nandeskeun.*

v. KS Wangun *pa--an*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *pa--an* tina wangun dasar, nu kagolong kana kecap sipat, nu hartina 'dina kaayaan D'. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KS + pa--an

Contona:

| | | | | |
|---------|---|---------|---|-------------------|
| cul-cil | + | pa- -an | → | <i>paculcilan</i> |
| mohal | + | pa--an | → | <i>pamohalan</i> |

w. KS Wangun *pang--na*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *pang--na* tina wangun dasar, nu kagolong kana kecap sipat, anu hartina 'paling'. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KS + pang--na

Contona:

| | | | | |
|---------|---|----------|---|----------------------|
| penting | + | pang--na | → | <i>pangpentingna</i> |
| weweg | + | pang--na | → | <i>pawewegna</i> |

y. KS Wangun *pang-+ dipika--na*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *pang-+dipika--na* tina dasar anu kagolong kana kecap sipat, anu hartina 'pohara dijadikeun D'. Ari adeganana bisa dipolakeun kieu.

KS = [KS + dipika-] + pang-na

Contona:

| | | | | | | |
|-------|---|---------|---|--------------------------|---|----------|
| resep | + | dipika- | → | <i>dipikaresep</i> | + | pang--na |
| | | | → | <i>pangdipikaresepna</i> | | |

z. KS Wangun *pang- + [N- + pika-] + -na*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *pang- [N-+ pika-] + -na* tina wangun dasar, nu kagolong kana kecap sipat, nu hartina 'pohara ngajadikeun'. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KS + pang- + (N- + pika-) + -na

Contona:

| | | | | | | |
|-------|---|------------|---|------------------------|---|----------|
| resep | + | N- + pika- | → | <i>mikaresep</i> | + | pang--na |
| | | | → | <i>pangmikaresepna</i> | | |

(a) KS Wangun *pika- -eun*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *pika--eun* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap pagawéan jeung sipat, anu hartina 'nyababkeun'. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KP, KS] + pika-eun

Contona:

| | | | | |
|-------|---|------------|---|---------------------|
| seuri | + | pika--eun | → | <i>pikaseurieun</i> |
| lucu | + | pika- -eun | → | <i>pikalucueun</i> |

(b) KS Wangun *pi--eun*

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *pi--eun* tina wangun dasar, nu kagolong kana kecap sipat. Ari adeganana bisa dipolakeun kieu.

KS = KS + pi--eun

Contona:

geulis + pi- -eun → *pigeuliseun*

Kecap sipat *pi-eun* miboga harti, di antarana:

- 1) ‘bakal D’: *pigedéun, pikuateun*;
- 2) ‘nyababkeun D’: *pikarunyaen, pikawatireun*.

(c) KS Wangun sa--an

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *sa--an* tina dasar, anu kagolong kana kecap pancén, nu hartina ‘saharita’ atawa ‘sawaktu’. Ari adeganana bisa dipolakeun kieu.

KS = KPan + sa--an

Contona:

bréh + sa--an → *sabréhan*

kolébat + sa--an → *sakolébatan*

(d) KS Wangun sa--na

Kecap sipat bisa diwangun ku rarangkén *sa--na* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap pagawéan, kecap sipat, jeung cangkal, nu hartina ‘aya di D’. Ari adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KP, KS, Cak] + sa-na

Contona:

kasampeur + sa--na → *sakasampeurna*

tarik + sa--na → *satarikna*

ujrat + sa--na → *saujratna*

(e) KS Wangun ting--ar-

Ieu kecap sipat diwangun ku rarangkén gabung *ting--ar-* tina dasar anu kagolong kana cangkal, hartina ‘jama’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = Cak + ting--ar-

Contona:

guher + *ting--ar-* → *tinggaluher*

kerut + *ting--ar-* → *tingkarerut*

perejel + *ting--ar-* → *tingparerejel*

3.5.3.3 Kecap Sipat Rajékan

Kecap sipat rajékan diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh robah sorana jeung dirarangkénan boh henteu. Posisi wangun dasarna aya di tukang, ari morfém pangrajékna aya di hareup. Contona:

éléngéh → *alangah-éléngéh*

dor → *dar-dér-dor*

3.5.3.3.1 Kecap Sipat Dwimurni

Kecap sipat dwimurni disusun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari teu robah sorana. Wangun dasarna mangrupa kecap sipat, pagawéan, jeung kecap pancén. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS, KBil] + Rdm

Contona:

ati + Rdm → *ati-ati*

buru + Rdm → *buru-buru*

leutik + Rdm → *leutik-leutik*

saeutik + Rdm → *saeutik-saeutik*

3.5.3.3.2 Kecap Sipat Dwiréka

Kecap sipat dwilingga-réka (dwiréka) bisa dirobah sorana. Ari wangun dasarna umumna kagolong kana kecap pancén jeung cangkal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KPan, Cak] + Rdr

Contona:

cikikik + Rdr → *cakakak-cikikik*

éléhéh + Rdr → *alangah-éléhéh*

3.5.3.3.3 Kecap Sipat Dwipurwa

Kecap sipat dwipurwa bisa dirobah sorana. Ari wangun dasarna umum-na kagolong kana kecap sipat jeung cangkal. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

KS = [KS, Cak] + Rdr

Contona:

| | | | | | |
|------------|---|-----|---|---------------------|-----|
| puguh | + | Rdp | → | <i>teu pupuguh</i> | /a/ |
| palingpang | + | Rdp | → | <i>papalingpang</i> | 1 |

3.5.3.3.4 Kecap Sipat Trilingga


Kecap sipat trilingga nya éta kecap sipat nu disusun ku cara nyebut tilu kali wangun dasarna bari robah sorana. Ku kituna, kecap rajékan trilingga sok disebut ogé kecap rajékan *triréka*. Wangun anu dirajékna kagolong kana kecap panganteur (KA), biasana aya dina posisi katilu, ari prosés kahiji jeung kadua dicirian ku morfém pangrajékna. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KA + Rtl

Contona:

dor + Rtl → *dar-der-dor*


Wangun dasar dina kecap sipat trilingga kagolong kana kecap pancen panganteur anu ngan saengang. Parobahan sora dina rajekan trilingga ilaharna nurutkeun kaédah posisi vokal dina daerah artikulasi. Ari vokal basa Sunda téh digambarkeun dina bagan juru tilu di handap.



Dumasar kana sora vokal anu aya dina wangun dasarna, kecap sipat trilingga bisa dirumuskeun kieu.

a. KS Trilingga Wangun /o/ → /a-é-o/

Lamun wangun dasarna miboga sora /o/, wangun pangrajékna anu kahiji sorana /a/, ari anu kadua sorana /é/. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.




Contona:

dar-dér-dor
trang-tréng-trong
brat-brét-brot
cas-cés-cos
blak-blék-blok

b. KS Trilingga Wangun /u/ → /a-i-u/

Lamun dasarna miboga sora /u/, wangun pangrajékna anu kahiji sorana /a/, ari nu kadua sorana /i/. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.




Contona:

plak-plik-pluk
gang-ging-gung
dag-dig-dug
ngak-ngik-nguk

c. KS Trilingga Wangun /e/ → /a-i-e/

Lamun dasarna miboga sora /e/, wangun pangrajékna anu kahiji sorana /a/, ari nu kadua sorana /i/. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.



/a/


1

Contona:

bak-bik-bek
blag-blig-bleg
cang-cing-ceng
jlak-jlik-jlek

d. KS Trilingga Wangun /eu/ → /a-i-eu/

Lamun wangun dasarna miboga sora /u/, wangun pangrajékna anu kahiji sorana /a/, ari anu kadua sorana /i/. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.



Contona:

ba-bi-beu
nang-ning-neung
wah-wih-weuh

3.5.3.3.5 Kecap Sipat Rajékan Dirarangkénan

Kecap sipat rajékan (R) dirarangkénan nya éta kecap sipat rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari binarung ku rarangkén.

a. KS Wangun *di-R*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *di-R* bisa disusun tina wangun dasar anu kagolong kana kecap sipat jeung cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KS, Cak] + *di-R*

Contona:

ugung + di-Rdm → *diugung-ugung*
wilah + di-Rdm → *diwilah-wilah*

b KS Wangun *ka-R*

Kecap sipat rajékan nu dirarangkénan *ka-R* bisa disusun tina dasar anu kagolong kana kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KP + *di-R*

Contona:

bantu + ka-Rdm → *kabantu-bantu*
candak + ka-Rdp → *kacacandak*

c. KS Wangun *mang-R*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *mang-R* bisa disusun tina dasar anu kagolong kana kecap barang. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KB + *mang-R*

Contona:

alam + mang-Rdm → *mangalam-alam*
abad + mang-Rdm → *mangabad-abad*

d. KS Wangun *N-R*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *N-R* bisa disusun tina wangun dasar anu kagolong kana kecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KS + *N-R*

Contona:

ngahening + N-Rdr → *ngahenang-ngahening*
leungit + N-Rdp → *ngaleuleungit*

e. KS Wangun *pa-R*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *pa-R* bisa disusun tina dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap sipat, jeung cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KS, Cak] + pa-R

Contona:

gigir + pa-Rdm → pagigir-gigir
ahéng + pa-Rdm → paahéng-ahéng
gulung + pa-Rdm → pagulung-gulung

f. KS Wangun *ti-R*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *ti-R* bisa disusun tina dasar anu kagolong kana cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = Cak + ti-R

Contona:

buranjat + ti-R → tibuburanjat
polotot + ti-R → tipopolotot

g. KS Wangun *R-um-*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *R-um-* bisa disusun tina dasar nu kagolong kana kecap pagawéan. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KP + R-um-

Contona:

tuluy + Rdm -um → tuluy-tumuluy

h. KS Wangun *R-an*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *R-an* bisa disusun tina dasar anu kagolong kana kecap barang, pagawéan, sipat, jeung cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KP, KS, Cak] + R-an

Contona:

sobat + Rdp-an → sosobatan
jjeun + Rdp-an → jijjeunan
gering + Rdp-an → gegeringan

acak + Rdm-an → acak-acakan

i. KS Wangun *R-eun*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *R-eun* bisa disusun tina dasar anu kagolong kana kecap barang, kecap sipat, jeung cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = [KB, KS, Cak] + R-eun

Contona:

lini + R-eun → lilinieun
jauh + R-eun → jajauheun
rumpah + R-eun → rurumpaheun

j. KS Wangun *R-na*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *R-na* bisa disusun tina wangun dasar anu kagolong kana kecap sipat. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = KS + R-na

Contona:

gedé + Rdp-na → gegevéna
dalit + Rdm-na → dalit-dalitna

k. KS Wangun *di-R-keun*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *di-R-keun* disusun tina wangun dasar anu kagolong kana cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = Cak + di-R-keun

Contona:

ésék + di-R-keun → diésék-ésékkeun

l. KS Wangun *N-R-keun*

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *N-R-keun* disusun tina dasar anu kagolong kana cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

KS = Cak + N-R-keun

Contona:

ésék + N-R-keun → ngésék-ngésékkeun

m. KS Wangun pang-R-na

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *pang-R-na* disusun tina wangun dasar anu kagolong kana kecap sipat, anu hartina ‘paling’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

$$KS = KS + pang-R-na$$

Contona:

$$\begin{aligned} \text{alus} + pang-R-na &\rightarrow \text{pangalus-alusna} \\ \text{bageur} + pang-R-na &\rightarrow \text{pangbageur-bageurna} \end{aligned}$$

n. KS Wangun sa-R-na

Kecap sipat rajékan anu dirarangkénan *sa-R-na* disusun tina wangun dasar anu kagolong kana kecap sipat, anu hartina ‘paling/sa-D mungkin’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

$$KS = KS + sa-R-na$$

Contona:

$$\begin{aligned} \text{hadé} + sa-R-na &\rightarrow \text{sahadé-hadéna} \\ \text{bisa} + sa-R-na &\rightarrow \text{sabisa-bisana} \end{aligned}$$

o. KS Wangun lain + R-eun

Ieu kecap sipat diwangun ku ngarajék dwimurni bari dirarangkénan tukang *-eun* jeung digondéng ku kecap *lain* tina dasar nu kagolong cangkal, hartina ‘lain keur di-D pisan’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

$$KS = Cak + lain R-eun$$

Contona:

$$\begin{aligned} \text{ungkul} + lain R-eun &\rightarrow \text{lain ungu-ungku-eun} \\ \text{bantrak} + lain R-eun &\rightarrow \text{lain bantrak-bantrakeun} \end{aligned}$$

p. KS Wangun teu R

Ieu kecap sipat diwangun ku ngarajék dwimurni bari digondéng ku kecap *teu* tina dasar nu kagolong cangkal, hartina ‘teu D pisan’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

$$KS = Cak + teu R$$

Contona:

$$\begin{aligned} \text{euleum} + teu R &\rightarrow \text{teu euleum-euleum} \\ \text{petot} + teu R &\rightarrow \text{teu petot-petot} \end{aligned}$$

c. KS Wangun (teu) R acan

Ieu kecap sipat diwangun ku ngarajék dwimurni bari digondéng kecap *acan*, malah dipiheulaan kecap *teu*, tina dasar nu kagolong kecap sipat, anu hartina ‘teu D pisan’. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.

$$KS = KS + (teu) R acan$$

Contona:

$$\begin{aligned} \text{bodo} + (teu) R acan &\rightarrow (teu) bodo-bodo acan \\ \text{alus} + (teu) R acan &\rightarrow (teu) alus-alus acan \end{aligned}$$

2.3.7 Kecap Sipat Kantétan

Kecap sipat kantétan nya éta kecap sipat anu diwangun ku cara ngantétkeun bakal kecap jeung bakal kecap nepi ka ngahasilkeun harti mandiri anu béda jeung harti unsur-unsurna.

Dumasar kana warna kecap unsur-unsurna, kecap sipat kantétan miboga sababaraha adegan saperti ébréh dina bagan di handap ieu.

Bagan 3.17: Adegan Kecap Sipat Kantétan

| Adegan | | Contona |
|---------|---------|-------------------------------|
| Unsur-1 | Unsur-2 | |
| KS | KS | sirik pidik, leuleus liat |
| | KB | gedé hulu, héjo tihang |
| | KP | pinter kodék, seukeut deuleu |
| | Kbil | beurat sabeulah, alus sawaréh |
| | Cak | runtut raut, handap asor |
| | KB | saur manuk, ngégél curuk |

| | | |
|-----|------|--------------------------------|
| KP | KP | welas asih, ngaleut ngeungkeuy |
| | KS | seuri konéng, kutuk gendeng |
| | Kpan | liwat saking |
| Cak | Cak | gurung gusuh, harung gampang |
| | Kpan | kejoj borosot, api lain |

Kecap sipat kantétan miboga harti, di antarana:

- 1) ‘jeung’: *handap asor, runtut raut, harung gampang*;
- 2) ‘saperti’: *saur manuk*;
- 3) ‘ka’: *beurat sabeulah*;
- 4) ‘ngeunaan’: *pinter kodék, seukeut deuleu, hideung santen*.

3.6 Kecap Bilangan (Numeralia)

3.6.1 Wangenan Kecap Bilangan

Kecap bilangan nya éta sajumlah kecap anu umumna miboga ciri-ciri, di antarana waé,

- a. nuduhkeun jumlah, beungkeutan, urutan, jeung tahapan tina barang.
- b. bisa dituturkeun kecap *kali*, nu hartina ‘titikelan’: *lima kali*;
- c. bisa dituturkeun kecap barang: *dalapan sakola*;
- d. bisa dirarangkénan *ka-* nu hartina ‘tahapan’: *kahiji*
- e. bisa dipiheulaan kecap *ngan* saperti *ngan lima*; jeung

3.6.2 Wanda Kecap Bilangan

Kecap bilangan bisa dipasing-pasing dumasar kana hartina, di antarana, ébréh di handap ieu.

- a. Kecap bilangan utama: *hiji, dua, tilu, opat, salapan, sarébu*;
- b. Kecap bilangan réndon: *welas, puluhan, ratusan, rébuan, jutaan*;
- c. Kecap bilangan recahan: *satengah, saparapat, sapertilu*;
- d. Kecap bilangan tahapan: *kahiji, kadua, katilu, kasarébu*;
- e. Kecap bilangan klitik: *éka-, dwi-, tri-, catur-, panca-, sapta-, dasa-*.

3.6.3 Wangun Kecap Bilangan

3.6.3.1 Kecap Bilangan Salancar

Kecap bilangan salancar nya éta kecap bilangan anu diwangun ku hiji morfém bébas. Contona: *hiji, dua, tilu, opat, lima, genep, jeung tujuh*.

3.6.3.2 Kecap Bilangan Rundayan

Kecap bilangan rundayan nya éta kecap bilangan anu diwangun ku cara dirarangkénan. Rarangkén anu dipaké pikeun ngawangun kecap bilangan, di antarana, *ka-*, *sa-*, jeung *-an* saperti dipedar di handap ieu.

a. KBil Wangun *ka-*

Ieu kecap bilangan diwangun ku rarangkén hareup *ka-* tina dasar anu kagolong kana kecap bilangan, anu hartina ‘tingkat’, ‘bagian’, atawa ‘nomor’. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

KBil + *ka-* → KBil

Contona:

hiji + *ka-* → *kahiji*
genep + *ka-* → *kagenep*

b. KBil Wangun *sa-*

Ieu kecap bilangan diwangun ku rarangkén hareup *sa-* tina wangun dasar anu kagolong kana kecap barang jeung cakal, anu hartina ‘hiji’. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

$\left(\begin{array}{c} \text{KB} \\ \text{Cak} \end{array} \right) + sa- \rightarrow \text{KBil}$ kilo + *sa-* → *sakilo*
welas + *sa-* → *sawelas*

c. KBil Wangun *-an*

Ieu kecap bilangan diwangun ku rarangkén hareup *-an* tina dasar anu kagolong kana kecap bilangan jeung cakal. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

$\left(\begin{array}{c} \text{KBil} \\ \text{Cak} \end{array} \right) + -an \rightarrow \text{KBil}$ dua + *-an* → *duaan*
ratus + *-an* → *ratusan*

- Kecap bilangan rundayan *-an* miboga harti, di antarana,
- 1) ‘diwangun ku D’: *tiluan, opatan, tujuhan*;
 - 2) ‘giliran’: *kaduakalian, katilukalian*;
 - 3) ‘jama teu tangtu’: *puluhan, ratusan, rébuan, jutaan*;
 - 4) ‘gundukan, jinis, atawa golongan’: *+ ratusan, + rébuan*.

3.6.2.3 Kecap Bilangan Rajékan

Kecap bilangan rajékan nya éta kecap bilangan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna, sagemblengna atawa sabagian, boh binarung ku rarangkén boh henteu. Kecap bilangan rajékan aya anu (1) dwimurni, (2) dwimadya, jeung (3) dirarangkénan.

a. Kecap Bilangan Dwimurni

Kecap bilangan dwilingga-murni atawa dwimurni diwangun ku cara nyebut dua kali sagemblengna wangun dasarna bari teu robah sorana. Wangun dasarna kagolong kana kecap bilangan, kecap sipat, jeung cangkal. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

$$\begin{pmatrix} \text{KBil} \\ \text{KS} \\ \text{Cak} \end{pmatrix} + \text{Rdm} \rightarrow \text{KBil}$$

Contona:

- hiji + Rdm → *hiji-hiji*
 saeutik + Rdm → *saeutik-saeutik*
 welas + Rdm → *welas-welas*

Kecap bilangan dwimurni miboga harti, di antarana,

- 1) ‘demi/masing-masing’: *hiji-hiji, saeutik-saeutik, satahap-satahap*;
- 2) ‘jam teu tangtu’: *pirang-pirang, welas-welas*.

b. Kecap Bilangan Dwimadya

Kecap bilangan dwimadya diwangun ku cara nyebut engang mimiti wangun dasarna nu kagolong kana kecap bilangan, anu hartina ‘jama teu tangtu’. Adegan kecapna bisa dipolakeun di handap ieu.

$$\text{KBil} + \text{Rdmy} \rightarrow \text{KBil}$$

Contona:

- sabaraha + Rdmy → *sababaraha*
 sakumaha + Rdmy → *sakukumaha*

c. Kecap Bilangan Rajékan Dirarangkénan

Ieu kecap bilangan rajékan diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari dirarangkénan *mang-*, *-an*, jeung *-na*. Wangun dasarna kagolong kana kecap bilangan jeung cangkal. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

$$\begin{pmatrix} \text{KBil} \\ \text{Cak} \end{pmatrix} + \begin{pmatrix} \text{mang-R} \\ \text{R-an} \\ \text{R-na} \end{pmatrix} \rightarrow \text{KBil}$$

Contona:

- réwu + mang-R → *mangréwu-réwu*
 likur + R-an → *likuran*
 hiji + R-na → *hiji-hijna*

Kecap bilangan rajékan dirarangkénan boga harti, di antarana,

- 1) ‘jama teu tangtu’: *mangréwu-réwu, likuran*;
- 2) ‘ngan/taya leuwihna’: *hiji-hijina*.

3.6.2.4 Kecap Bilangan Kantétan

Kecap bilangan kantétan diwangun ku cara ngantétkeun kecap bilangan jeung kecap bilangan atawa jeung kecap lianna. Adegan kecapna bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

$$\text{KBil kant} = \text{KBil} + \begin{pmatrix} \text{KBil} \\ \text{KB} \\ \text{Cak} \end{pmatrix} \begin{matrix} \text{lima puluh dalapan} \\ \text{dalapan urang} \\ \text{dua welas} \end{matrix}$$

Kecap bilangan kantétan miboga harti, di antarana,

- 1) ‘jumlah’: *sarebu lima ratus dua*;
- 2) ‘titikelan’: *dalapan urang, lima héktar*;
- 3) ‘jumlah bilangan kali hiji...’: *opat welas, lima ratus*;
- 4) ‘nepi ka/wates: dua tilu urang
- 5) ‘panyarta (ka-... jeung)’: *katilu budak*.

3.7 Kecap Pancén (Partikel)

3.7.1 Watesan Kecap Pancén

Kecap pancén atawa *partikel* nya éta kecap anu gunana pikeun ngajéntékeun kalimah katut babagianana. Kecap pancén umumna miboga ciri-ciri, di antarana, (1) mangrupa kecap salancar, (2) hésé dirobah wangunna, (3) mibanda harti gramatikal, (3) sok ngagondéng kecap lulugu, (4) dipaké pikeun nyelangsurupkeun kalimah katut babagianana, turta (5) mancén jadi panambah, panyambung, jeung pangantét.

3.7.2 Wangun Kecap Pancén

Najan umumna hésé dirobah wangunna, kecap pancén ogé aya nu mangrupa wangun rékaan. Ku kituna, najan jumlahna teu réa, jaba ti kecap pancén salancar, aya ogé kecap pancén rundayan, kecap pancén rajékan, jeung kecap pancén kantétan.

3.7.2.1 Kecap Pancén Salancar

Kecap pancén salancar nya éta kecap pancén nu diwangun ku hiji morfém madyabébas. Dumasar kana jumlah engangna, kecap pancén salancar aya nu diwangun ku saengang, dua engang, nepi ka tilu engang. Contona: *jung, lamun, lantaran*.

3.7.2.2 Kecap Pancén Rundayan

Kecap pancén rundayan nya éta kecap pancén anu diwangun ku cara dirarangkénan. Rarangkén nu ngawangun kecap pancén rundayan, di antarana, *sa-*, *si-*, *-in-*, *-eun*, *-keun*, *-na*, *sa--eun*, *sa--na*, *sa--ning*, jeung *N--an*. Wangun dasarna umumna mangrupa kecap pancén, sanajan aya ogé kecap barang jeung kecap pagawéan. Kecap pancén rundayan ébréh dina tabél di handap ieu.

Bagan 3.18: Kecap Pancén Rundayan

| Rarangkén | Dasar | Contona |
|-----------|-------|--|
| sa- | KPan | <i>saméméh, sabada, sa(e)nggeus, sanajan</i> |
| si- | KPan | <i>sihoréng</i> |
| ka- | KPan | <i>kajaba, kalawan</i> |
| -in- | KPan | <i>minangka</i> |
| -an | KPan | <i>malahan</i> |
| | Cakal | <i>bubuhan, lantaran</i> |
| | KB | <i>alatan</i> |
| -eun | KB | <i>gigireun, kéncaean, luhureun</i> |
| -keun | KPan | <i>sedengkeun</i> |
| -na | KPan | <i>tangtuna, biasana, kuduna, pangna</i> |
| | KB | <i>ahirna, tungtungna, mimitina</i> |
| | KS | <i>hadéna, alusna</i> |
| sa--eun | KB | <i>sagigireun, sakuloneun, sakéncaean</i> |
| sa--na | KPan | <i>sakuduna, saméméhna</i> |
| | KP | <i>saterusna, sanepina</i> |
| | KB | <i>sawadina</i> |
| sa--ning | KS | <i>sajeroning</i> |
| N--an | KP | <i>ngeunaan</i> |

3.7.2.3 Kecap Pancén Rajékan

Kecap pancén rajékan nya éta kecap pancén anu diwangun ku cara nyebut dua kali dasarna nu masih kagolong kana kecap pancén. Ditilik tina wangunna, aya kecap pancén dwimurni aya dwipurwa binarung rarangkén.

- Kecap pancén dwimurni, contona: *kari-kari, masing-masing, tiap-tiap, ujug-ujug, unggal-unggal*
- Kecap pancén *R-na*, contona: *pangpangna*.

3.7.2.4 Kecap Pancén Kantétan

Kecap pancén kantétan nya éta kecap pancén anu diwangun ku jalan ngantétkeun kecap pancén jeung kecap pancén atawa jeung kecap lianna. Kecap pancén kantétan miboga sababaraha adegan saperti dipolakeun dina bagan di handap ieu.

Bagan 3.19: Kecap Pancén Kantétan

| Unsur-1 | Unsur -2 | Unsur-3 | Contona |
|-----------|-----------|---------|---|
| KP | KPang | | nepi ka, aya ku |
| KPan | KPan | | moal boa, teu wudu, nga ukur |
| | KPang | | jaba ti, lian ti |
| | KPany | | sok sanajan |
| | KB | | nya éta, teu pati, teu sakumaha |
| KPang | KB | KPan | nya kitu kénéh, pon kitu deui, pon kitu kénéh |
| | KPang | | lian ti, sajaba ti |
| | KB | | di antarana, di hareupeun, ku jalan, ku cara, ku kituna |
| | KPany | | ku sabab, ku lantaran, ti barang |
| KPany | KPany | KB | ku sabab kitu, ku lantaran kitu |
| | KPan | | da bongan, nu matak mun seug, lamun seug, komo deui |
| Proléksém | Proléksém | | Singsarwa |
| KS | KBil | | sala(h)sahiji, sala(h)saurang |

3.7.3 Wanda Kecap Pancén

Kecap pancén téh gunana jadi pakakas kalimah atawa alat sintaktis, upamana waé, nambahan, ngantétkeun, nyambungkeun, atawa nyelangsurupkeun kalimah. Dumasar kana gunana dina leunjeuran kalimah dibedakeun opat rupa kecap pancén saperti diguar di handap ieu.

3.7.3.1 Kecap Panambah (Advérbia)

Kecap panambah nya éta kecap pancén anu umumna jadi panambah kana unsur puseur dina wangunan frasa atributif, jaba ti aya ogé nu jadi katerangan dina klausa. Cicingna tina unsur puseur, aya nu di hareup, di tukang, jeung aya nu bébas. Contona:

- (01) *rék* indit,
- (02) saré *kénéh*
- (03)a. *boa-boa* tinggaleun
- b. tinggaleun *boa-boa*

Disawang tina pancénna dina leunjeuran kalimah, aya tujuh rupa kecap panambah nya éta (a) panganteb, (b) panganteur, (c) panahap, (d) panangtu, (e) aspéktualitas, jeung (f) modalitas.

a. Kecap Panganteb

Kecap panganteb miboga pancén pikeun ngantebkeun babagian kalimah anu dipentingkeun. Umumna cicing tukangeun kecap atawa babagian kalimah saperti *atuh, tuh, baé, deui, deuih, ogé, gé, mah, téh, téa, waé, wé*, jeung *wéh*. Jaba ti éta, aya ogé nu cicing di hareup saperti *nya*. Contona:

- (04) *Nya* manéhna nu indit ti heula *téh*.
- (05) Kuring *mah* moal milu, *rék* cicing di imah *baé*.

Kecap panganteb miboga sababaraha harti, di antarana,

- 1) ‘pangwates’: *baé, bé, waé, wé, wéh*;
- 2) ‘sabab/alesan’: *da, kapan, kapanan, apan, pan, apanan*;
- 3) ‘wengkuan/mapakan’: *deui, deuih, gé, ogé, ongkoh*;
- 4) ‘bolay’: *kétah, kétang*;
- 5) ‘matotoskeun’: *nya, nyah, + lain, + sanés*;
- 6) ‘ngaenyakeun’: *heug, seug*;
- 7) ‘nenepkeun’: *téh*;
- 8) ‘babandingan’: *mah*;
- 9) ‘tangtu bari yakin’: *téa*.

b. Kecap Panganteur

Kecap panganteur miboga pancén pikeun nganteurkeun kecap pagawéan, sakapeung nganteurkeun kecap sipat, ilaharna miboga harti ‘aspék inkoatif’ (kalakuan mimiti). Cicingna hareupeun kecap pagawéan, sakapeung hareupeun jejer, malah mah sok ngawakilan kecap pagawéan. Contona:

- (06)a. Manéhna téh *belecet* lumpat.
- b. *Belecet* manéhna téh lumpat.

c. Manéhna téh *belecet* wéh.

c. Kecap Panahap

Kecap panahap miboga pancén pikeun nuduhkeun tahapan kaayaan atawa sipat hiji barang, umumna ngagondéng kecap sipat. Ari cicingna tina kecap sipat, aya anu hareup, di tukang, jeung aya anu nya di hareup nya di tukang. Contona:

- (07) *mani* alus
- (08) alus *pisan*
- (09) *mani* alus *pisan*
- (10) *pohara* alusna

Disawang tina wanda, harti, jeung posisina dina frasa sipat, kecap panambah panahap bisa diwincik saperti dina bagan di handap ieu.

Bagan 3.20: Wanda Kecap Panahap

| Fungsi | Harti | Posisi tina Kecap Sipat | | Contona |
|-------------|------------------------|--|---|---|
| | | Posisi Awal | Posisi Tukang | |
| Kualitas | Mamanis (Inténsif) | bener-bener enya-nya | | <i>bener-bener béda enya-nya bageur</i> |
| | Miyuni (Aténuatif) | rada semu teu pati teu sakumaha | meueusan saeutik | <i>rada alus alus meueusan</i> |
| | Miundak (Augmén-tatif) | beuki beuki...beuki... | | <i>beuki gedé beuki lila beuki alus</i> |
| | Kadalon (Éksésif) | kaliwat langkung-langkung | teuing liwat saking béak karep sakalangkung | <i>kaliwat bageur bageur teuing</i> |
| | Miluhur (Élatif) | mani aya ku (teuing) ku pohara ...+ -na kacida ...+ -na nataku ...+ -na kalintang ...+ -na | pisan kacida naker temen kabina-bina | <i>mani jangkung jangkung pisan pohara jangkungna</i> |
| Babandingan | Nyasama (Ékuatif) | sarua sarua + -na | | <i>sarua nyaah sarua nyaahna</i> |
| | Mileuwih (Kompáratif) | leuwih..(ti) batan (ti) manan alahbata alahmanan | | <i>leuwih alus batan itu leuwih gaya alahbata</i> |

| | | | | |
|--|---------------------|--------|--|---------------------|
| | Paling (Superlatif) | Paling | | <i>paling buhun</i> |
|--|---------------------|--------|--|---------------------|

d. Kecap Panangtu

Kecap panangtu atawa *determinator* miboga pancén pikeun nuduhkeun sesebutan, nangtukeun, milang, jeung ngawatesan kecap barang. Cicingna umumna hareupeun kecap barang, najan aya ogé nu cicing di tukang, malah aya nu bisa di hareup jeung di tukang. Contona:

- (11) *si Kabayan*
- (12) dina buku *séwang-séwangan*
- (13)a. *masing-masing* siswa
- b. siswa *masing-masing*

Disawang tina wanda, harti, jeung posisina, kecap panambah panangtu bisa diwincik saperti di handap ieu.

Bagan 3.21 : Kecap Panambah Panangtu

| Fungsi | Harti | Posisi tina Kecap Barang | | Contona |
|-------------------------|-------------------|---|-------------------------------|--|
| | | Di hareup | Di tukang | |
| Panyebut (Artikel) | 'Tangtu' (takrif) | si ki sakadang hiji | | <i>Si kabayan Ki adi sakadang kuya hiji mangsa</i> |
| Pangwates (Limitatif) | 'watesan' | mung, ngan, ukur, ngan ukur | wungkul | <i>mung anjeunna ngan ukur bapa</i> |
| Pamilik (Posésor) | 'milik' (posésif) | pun tuang | | <i>pun bapa tuang ibu</i> |
| Pamilang (kuantifikasi) | 'maneuh' | per, saban(-saban), tiap(-tiap), sakur, unggal(-unggal) | masing-masing séwang-séwangan | <i>saban poé tiap-tiap jalma pribadi séwang-séwangan</i> |
| | 'rupa-rupa' | pirang-pirang, mangpirang-pirang rupa-rupa, rupa-rupi | | <i>rupa-rupa hal</i> |
| | 'kabéh' | kabéh, sakabéh, sakumna, sadaya | | <i>sakumna daérah</i> |
| | 'gembleng' | sagala, samudaya, samukawis, saniskara | | <i>sagala kagiatan</i> |
| | 'sabagian' | sabagian, sajumlah sajumlah, sawaréh sababaraha, sawatara | | <i>sawatara poé</i> |
| | 'pilihan' | salasahiji, salah saurang, salah sawios | | <i>salasahiji cara</i> |

| | | | | |
|--|----------|---|--|------------|
| | 'jumlah' | loba. réa, seueur, saeutik, saalit, sakedik, saemét | | loba jalma |
|--|----------|---|--|------------|

e. Kecap Panambah Aspék(tualitas)

Kecap panambah aspék miboga pancén pikeun nuduhkeun lumangsungna kajadian, boh geus réngsé (pérféktif) boh can réngsé (impérféktif). Cicingna umumna hareupeun kecap pagawéan, najan aya ogé nu di tukang. Contona:

(13) *geus* datang

(14) *digawé kénéh*

Dina tabél ieu rupa-rupa papasingan kecap panambah aspék bisa ditengenan.

Bagan 3.22: Kecap Panambah Aspék

| Fungsi | Harti | Wujud | Conto Makéna |
|-------------|------------------------|--|---|
| Pérféktif | Awal (inkoatif) | jung léos mimiti | <i>jung</i> nangtung <i>léos</i> indit <i>mimiti</i> diuk |
| | Tengah (moméntan) | bari | [diuk] <i>bari</i> nyarandé |
| | Ahir (komplétif) | (eng)geus (paran)tos | (eng)geus indit (paran)tos mulih |
| Impérféktif | kabiasaan (habituatif) | biasana sok ilaharna | <i>biasana</i> datang <i>sok</i> indit <i>ilaharna</i> |
| | Sering (frékuéntatif) | mindeng, remen, tara, sering, osok, langka | <i>mindeng</i> gering <i>remen</i> datang <i>tara</i> mandi <i>langka</i> nyuratan |
| | Lumangsung (duratif) | (eu)keur, nuju, masih, kénéh, | <i>keur</i> mandi <i>masih</i> solat <i>digawé kénéh</i> |

f. Kecap Panambah Modalitas

Kecap panambah modalitas miboga pancén pikeun nuduhkeun sikep panyatur kana situasi nu karandapan. Cicingna umumna aya hareupeun kecap pagawéan, najan aya nu sipatan bébas. Contona:

(15) *bisa* datang

(16)a. *boa-boa* cilaka

b. cilaka *boa-boa*

Aya opat rupa modalitas, nya éta (1) *modalitas inénsional*, anu patali jeung maksud atawa kahayang, (2) *modalitas épistemis*, anu patali jeung kaweruh atawa kayakinan, (3) *modalitas déontis*, anu patali kawajiban, jeung (4) *modalitas dinamis*, anu patali jeung kamampuh. Fungsi jeung harti modalitas bisa diwincik dina bagan di handap ieu.

Bagan 3.23: Kecap Panambah Modalitas

| Fungsi | Harti | Wujud | Conto Makéna |
|-------------|--------------------------------------|--|--|
| Inténsional | 'kahayang' | hayang, arék, badé, eudeuk | <i>hayang</i> dahar <i>badé</i> angkat |
| | 'pangarep-ngarep' | muga(-muga), mugia, mugi(-mugi), pamugi, mudah-mudahan | <i>muga-muga</i> salamet <i>mugi</i> kersa ngahapunten <i>mugia</i> tinenangan |
| | 'pangajak' | mangga, hayu, yu | <i>mangga</i> calik <i>hayu</i> mandi |
| | 'paménta' | cing, cob, punten | <i>cing</i> pangnyandakkeun |
| | 'pangwawadi' | Kahadé, poma | <i>kahadé</i> bahé |
| Épistemis | 'kamungkinan' (kahamham/kacangcaya)' | asana, bisa jadi, kawasna, piraku, mungkin, rupina, meureun, panginten | <i>bisa jadi</i> datang <i>mungkin</i> pohoeun <i>kawasna</i> moal datang <i>mulih</i> panginten |
| | 'Kahariwang' (kainggis) | bisi, bilih, paur, boa-boa, palangsiang | <i>bisa</i> balik deui <i>bilih</i> kalangkung <i>boa-boa</i> cilaka |
| | 'kawajiban' | kudu, kedah, wajib, perlu, sawadina, misti | <i>kudu</i> datang <i>wajib</i> mayar <i>misti</i> kacerek |
| | 'kapastian' | tangtu, saenyana, tanwandé, pasti, moal boa | <i>tangtu</i> balik <i>pasti</i> ambek <i>moal boa</i> dibikeun |
| | 'kahanjakal' | hanas, boro | <i>hanas</i> lulumpatan <i>boro</i> dimodalan |
| | 'kahéran' | baruk, kutan, karah, geuning(a),(si)horéng, manahoréng | <i>baruk</i> can disunatan <i>geuning</i> teu datang <i>karah</i> ngawayuh <i>(si)horéng</i> gering |
| | Déontis | 'paidin' | meunang, bisa, tiasa, kénging |
| 'panyaram' | | entong, ulah, teu kénging | <i>entong</i> indit <i>ulah</i> ngojay |

| | | | |
|---------|-------------|---------------------------------|--|
| | 'pamungkir' | (hen)teu, lain, moal | (hen)teu daékeun lain guru, moal milu |
| Dinamis | 'kamampuh' | bisa, sanggup, mampuh, tiasa | bisa ngagawéan sanggup mayar |

3.7.3.2 Kecap Panyambung (Konjungsi)

Kecap panyambung nya éta kecap pancén anu gunana pikeun nyambungkeun babagian kalimah (kecap, frasa, jeung klausa). Ari cicingna dina leunjeuran kalimah nya éta di tengah frasa jeung di awal klausa atawa di awal kalimah jadi panganteur.

Disawang tina fungsi jeung posisina dina kalimah, aya opat rupa kecap panyambung, nya éta:

a. *Kecap panyambung satata (koordinatif)*, anu nyambungkeun

babagian kalimah anu satata. Ari cicingna aya di tengah frasa atawa dua klausa bébas. Contona:

(16) Kuring *jeung* manéhna jajan baso.

(17) Ayeuna mah jig geura bébérés *sarta* gancang geura miang.

b. *Kecap panyambung sumélér (subordinatif)*, nu nyambungkeun babagian kalimah anu teu satata, antara indung kalimah (klausa lulugu) jeung sélér kalimah (klausa sélér). Contona:

(18)a. *Basa* kuring indit ka sakola, manéhna saré kénéh.

b. Manéhna saré kénéh *basa* kuring indit ka sakola.

c. *Kecap panyambung papasangan (korélatif)*, anu dipaké pikeun nyambungkeun babagian kalimah anu satata, biasana sok papasangan tur cicingna misah di awal jeung di tengah klausa. Contona:

(19) *Boh* ema *boh* bapa sami-sami nuju teu damang.

d. *Kecap panyambung anteuran*, anu nyambungkeun kalimah-kalimah dina alinéa atawa paragraf. Contona:

(20) Unsur panggentra (vokatif) téh kaasup kana babagian sélér (satelit) dina kalimah. *Ku kituna*, nulisna ogé disela maké tanda koma.

Dumasar kana fungsi, harti, jeung posisina dina kalimah, kecap panyambung bisa diwincik saperti dina bagan di handap ieu.

Bagan 3.24 : Kecap Panyambung

| Wanda | Ma'na | Posisi | Contona | |
|------------------------|----------------------------------|--------------------------|--|---|
| Satata (koordinatif) | Jumlah (aditif) | di tengah | <i>jeung, sareng, katut, tur, turta, (ka)tambah-tambah, (ka)turug-turug</i> | |
| | Pamilih (alternatif) | di tengah | <i>atawa, atanapi</i> | |
| | Lalawanan (antitétik) | di tengah | <i>tapi, padahal, lain...tapi sedeng(keun)</i> | |
| | Tumuluy (kontinuatif) | di tengah | <i>tuluy, terus, laju</i> | |
| | Panandes | di tengah | <i>malah, malahan, samalah</i> | |
| Sumélér (subordinatif) | Waktu (témporal) | awal klausa | <i>basa, waktu, keur, salila, sajeroning, barang, (sa)méméh, sanggeus, nepi ka, (sa)badana, ti barang, saban(-saban)</i> | |
| | Sarat (kondisional) | awal klausa | <i>(la)mun, seug, mun seug, asal, (sa)upama, sok mun, dapon, bisi</i> | |
| | Tujuan (purposif) | awal klausa | <i>ambéh, ngarah, sangkan, supaya</i> | |
| | Sabab (kausatif) | awal klausa | <i>(ku) sabab, (ku) lantaran, bubuhan, pédah, alatan, da, bakat ku, duméh,</i> | |
| | Ngaku (konsésif) | awal klausa | <i>(sa)najan, sok sanajan, sangkilang, papadaning</i> | |
| | Akibat (konsécutif) | awal klausa kadua | <i>nepi ka</i> | |
| | Hasil (résultatif) | awal klausa | <i>nu matak, pang, pangna, mana</i> | |
| | Cara (sirkumtansial) | awal klausa | <i>bari, kalawan, ku jalan, ku cara</i> | |
| | Pertélaan/kuotatif | | <i>yén, majar</i> | |
| | Pangécés (rés-triktif, apositif) | awal klausa | <i>Nu, anu</i> | |
| | Guna (bénéfisial) | awal klausa | <i>pikeun, keur, kanggo</i> | |
| | Babandingan (similatif) | awal klausa | <i>cara, lir, kawas, siga, jiga, bangun, sakumaha, saperti</i> | |
| | Iwal (ékséptif) | awal klausa | <i>iwal, iwal ti, kajaba</i> | |
| | Papasangan-an (korélatif) | Pilih (alternatif) | awal jeung tengah klausa | <i>teuing...teuing..., duka...duka..., boh...atawa...</i> |
| | | Undak | awal jeung tengah klausa | <i>beuki...beuki...</i> |
| Jumlah (aditif) | | awal jeung tengah klausa | <i>boh...boh..., nya...nya...,</i> | |
| Anteuran | Panyindek | awal kalimah | <i>jadi, najan kitu, sanajan kitu, ku kituna, cindekna, ku sabab kitu</i> | |

3.7.3.3 Kecap Pangantét (Préposisi)

Kecap pangantét nya éta kecap pancén anu gunana pikeun ngantétkeun caritaan kana katerangan, ilaharna cicing hareupeun kecap barang. Kecap pangantét jadi pananda (diréktor) kana kecap barang minangka sumbu (aksis) nepi ka kawangun frasa pangantét. Cicingna kecap pangantét dina wangunan frasa bisa dipolakeun jeung dicontoan di handap ieu.

KPang + (KB Tempat) + KB → FPang

Contona:

(21) *di* Bandung

(22) *dina (luhureun)* méja

Dumasar kana pancénna dina leunjeuran kalimah, kecap pangantét miboga sababaraha harti, di antarana:

- 1) ‘tempat ayana’: *di, dina*;
- 2) ‘arah tujuan’: *ka, kana*;
- 3) ‘asal/awal’: *ti, tina* ;
- 4) ‘alat’: *ku, kana*;
- 5) ‘bahan’: *ti, tina, ku*;
- 6) ‘pangbanding’: *jiga, siga, kawas, ibarat, lir, saperti, batan, manan, ti batan, ti manan, alah manan*;
- 7) ‘panglaku’: *ku, salaku, sabagé*;
- 8) ‘pangiwal’: *iwal, jaba, kajaba*;
- 9) ‘pangwates’: *semet, nepi ka*;
- 10) ‘tujuan’: *keur, kanggo, pikeun*;
- 11) ‘panyarta’: *jeung, sareng*;
- 12) ‘pangjumlah’: *jaba ti, sajaba ti, salian ti*;
- 13) ‘pangrandap’: *ka*.

3.7.3.4 Kecap Panyeluk (Interjéksi)

Tatabasa Sunda Kiwari

Kecap panyeluk atawa interjéksi nya éta kecap pancén anu miboga fungsi pikeun ngébréhkeun sora bituna rasa panyaturna. Dina leunjeuran kalimah, kecap panyeluk téh taya hubungan langsung jeung kekecapan atawa babagian kalimah. Sipatna di luareun kalimah (ékstra-kalimah), umumna miheulaan kalimah, najan sok aya nu ditukangeun kalimah. Kecap panyeluk kaasup salasahiji ciri ragam basa lisan lantaran ieu kecap téh mimindengna digunakeun dina basa lisan. Dina ragam basa tulis, kecap panyeluk téh sok disela ku tanda koma (,). Contona:

(23) *Wah*, aya lauk badag-badag teuing!

(24) *Hih atuh*, wayahna baé kasép sing adék prihatin!,

Dumasar kana pancénna dina leunjeuran kalimah, kecap panyeluk miboga sababaraha harti, di antarana:

- 1) ‘bungah/gumbira’: *horé, horséh*;
- 2) ‘kagét’: *ambuing, lakadalah, (eu leuh, wah*;
- 3) ‘geuleuh’: *iy, éy, wéw, yéy*;
- 4) ‘keuheul’: *ih, na, yéh*;
- 5) ‘nyeri’: *aduh, alah, alahieung*;
- 6) ‘tumamprak’: *alhamdulillah, sukur*;
- 7) ‘neneda/meredih’: *Gusti, nun Gusti, ya Alloh*;
- 8) ‘umajak’: *yu, hayu, yu atuh, mangga*;
- 9) ‘karumasan’: *nuhun, hatur nuhun*;
- 10) ‘mupuas’: *puas, hag siah, euleuh*. jeung
- 11) ‘ngageuri’: *emh, hih, cing atuh*.

Jaba ti éta, dina kalimah lisan sok aya unsur nu mirip kecap panyeluk, disebutna *panggentra (vokatif)*. Panggentra nya éta unsur tambahan atawa sélér (satelit) tina kalimah, anu mangrupa kecap atawa frasa barang anu nuduhkeun jalma nu diajak nyarita. Sipatna manasuka, bisa aya bisa henteu, sarta cicingna bisa di hareupeun, tengah-kalimah, jeung di tungtung kalimah. Contona:

(25) *Jang*, cing pangmeulikeun obat batuk!

(26) Iraha sumping ti Batawi, *Kang?*

(27) Upami teu kaabotan, *Bapa*, saur pun biang badé

nambut motor.

Unsur panggentra henteu jadi bagian langsung atawa gembleng tina kalimah, katempona siga bubuntut, jadi mangrupa sélér (satelit). Dina basa lisan ébréh tina lentongna, ari dina basa tulisan dicirian ku tanda koma (.). Gunana panggentra téh ditujukeun ka nu diajak nyarita sangkan aya perhatian, utamana lamun aya pamiarsa lian. Wujud panggentra bisa rupa-rupa kayaning:

- 1) ngaran jalma, boh aya gelaran boh euweuh, saperti *Angga, Pa Haji*;
- 2) istilah pancakaki saperti *Ma, Pa, Mang, Bi, Kang, Ceu, Ayi, Aki*;
- 3) kedaling kasab atawa propési saperti *Pa Kadés, Jang Guru, Bu Bidan*;
- 4) kedaling kanyaah saperti *Néng, Geulis, Kasép, Bageur*; jeung
- 5) kedaling kakeuheul saperti *Bebel, Kéhéd, Sirit, Begu, Kunyuk*.

BAB IV TATA KALIMAH

4.1 Ambahan Tata Kalimah

Isitilah *tata kalimah* sinonim jeung *sintaksis*, anu dina basa Inggrisna disebut *syntax*, dina basa Walandana *syntaxis*. Ari kecap *syntaxis* asalna tina basa Yunani *sun* 'babarengan' jeung *tattein* 'nempatkeun'. Jadi, nurutkeun étimologina, tata kalimah atawa sintaksis téh ngandung harti nempatkeun kecap-kecap babarengan jadi kantétan kecap sarta kantétan-kantétan kecap jadi kalimah. Dina élmu basa tata kalimah sok dihartikeun (1) ulikan ngeunaan pola-pola nyusun kecap jadi kalimah, (2) pedaran ngeunaan wangun basa anu bébas, jeung (3) pedaran ngeunaan tanda-tanda basa anu dipaké pikeun ngébréhkeun tatali harti antarkecap dina kalimah.


Tata kalimah téh bisa ogé dihartikeun hiji subsistem basa nu ngawengku konstruksi-konstruksi gramatik saluhureun kecap, nya éta konstruksi-konstruksi gramatik anu mangrupa frasa, klausa, jeung kalimah. Ku lantaran kitu, tata kalimah atawa sintaksis téh sok dihartikeun bagian tina élmu basa anu medar frasa, klausa, jeung kalimah.

Di luhur geus ditétélakeun yén tata kalimah téh mangrupa bagian tina élmu basa anu medar frasa, klausa, kalimah, jeung wacana. Dina gurat badagna pedaran tata kalimah téh patali jeung masalah-masalah ieu di handap.

- a. Kumaha gawéna katut paripolahna kecap-kecap dina enggoning ngawangun konstruksi (wangunan, adegan) sintaktis?
- b. Kumaha ngawangun atawa nyusun frasa-frasa, kumaha wujudna, jeung kumaha patali harti katut fungsi antarunsurna?
- c. Kumaha ngawangun atawa nyusun klausa-klausa, kumaha wujud konstrusina, jeung harti gramatikal unsur-unsurna?
- d. Kumaha ngawangun kalimah-kalimah patali jeung gawéna pikeun alat komunikasi?

Cindekna, tata kalimah téh ngulik, maluruh atawa nalungtik, jeung medar sistem ngawangun konstruksi sintaktis--nya éta wangunan-wangunan atawa adegan-adegan basa anu aya dina widang sintaksis

atawa tata kalimah--katut patalina antarkonstruksi sintaktis téa. Ari konstruksi sintaktis teh, upama ditetek ti nu pangleutikna nepi ka nu panggedéna, ngawengku kecap, frasa, klausa, jeung kalimah. Ku kituna, pedaran bab tata kalimah téh ngawengku éta konstruksi-konstruksi téa. Tapi, dina ieu buku pedaran tata kalimah téh ngan ngawengku frasa jeung kalimah lantaran kecap geus dipedar dina bab tata kecap. Klausa henteu dipedar husus, tapi disigeung di mana perlu baé lantaran dina sawatara hal, pangpangna klausa bébas, klausa téh idéntik jeung kalimah.



Bagan 4.1: Wanda Frasa

4.2 Frasa

4.2.1 Wangenan Frasa

Anu dimaksud ku frasa di dieu nya éta konstruksi gramatik anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih anu henteu prédikatif sarta nyicingan hiji fungsi dina kalimah atawa runtuyan kecap. Contona, runtuyan kecap *buku anyar* dina kalimah *Buku anyar geus leungit deui*. Éta runtuyan kecap téh mangrupa konstruksi gramatik anu diwangun ku dua kecap anu henteu prédikatif atawa anu henteu nuduhkeun patali subjék-prédikat atawa jejer-caritaan (*buku* lain jejer, *anyar* lain caritaan) sarta nyicingan hiji fungsi dina éta kalimah, nya éta nyicingan fungsi jejer (subjék) kalimah. Lamun éta kalimah dirucat nurutkeun fungsi unsur-unsurna, hasilna saperti kieu: *buku anyar* = jejer (subjék), *geus leungit deui* = caritaan (prédikat).

4.2.2 Wanda Frasa

Nurutkeun sasaran distribusi jeung unsurna, frasa téh bisa dibédakeun jadi dua wanda atawa tipe konstruksi, nya éta (1) frasa éndoséntrik jeung (2) frasa éksoséntrik. Frasa éndoséntrik, nurutkeun struktur internalna atawa patali gramatik antarunsurna, bisa dibédakeun jadi (a) frasa koordinatif, (b) frasa apositif, (c) frasa atributif, (d) frasa objéktif atawa kompléméntatif, jeung (e) frasa konéktif. Ari frasa éksoséntrik, nurutkeun struktur internalna atawa patali gramatik antarunsurna, ngan aya sarupa, nya éta frasa rélasional (sok disebut ogé frasa diréktif atawa frasa rélator aksis). Pancakakina éta wanda frasa-frasa téh bisa dibagankeun saperti kieu.

4.2.2.1 Frasa Ęndoséntrik

Frasa éndoséntrik nya éta frasa anu distribusina atawa paripolah sintaktisna sarua jeung salahsahiji atawa sakabéh unsurna. Dina larapna dina omongan atawa kalimah unsur frasa éndoséntrik téh (salahsahiji atawa kabéhananana) bisa ngawakilan frasana téa. Contona, dina kalimah *Kuring rék piknik ka Bali* frasa *rék piknik* mangrupa frasa éndoséntrik lantaran distribusina sarua jeung *piknik*, anu mangrupa salahsahiji unsurna. Kecap *piknik* dina éta kalimah bisa ngawakilan frasa *rék piknik*. Hal ieu bisa dibuktikeun ku kalimah-kalimah ieu di handap.

- (1) Kuring rék piknik ka Bali.
- (2) Kuring - piknik ka Bali.

Éta dua kalimah téh sarua pada-pada gramatis, pada-pada bisa ditarima ku panyatur, luyu jeung kaédah tata basa, sarta kaharti maksudna.

4.2.2.1.1 Frasa Koordinatif

Frasa koordinatif nya éta frasa endosentrik anu unsur-unsurna satata atawa sadarajat. Ieu frasa téh diwangun ku dua unsur puseur atawa leuwih, maké panyambung atawa henteu. Panyambung anu sok dipaké nya éta *jeung* atawa *tur* (tipe aditif) jeung *atawa* (tipe alternatif). Pola dasar adegan ieu frasa bisa digambarkeun ku formula saperti ieu di handap.

[1a] FKoor Ad => UN-1: Pus-1 + (<jeung/tur>) + UN-2: Pus-2

[1b] FKoor AI => UN-1: Pus-1 + (<atawa>) + UN-2: Pus-2

Contona:

- (3) kolot budak
- (4) gancang tur bérés
- (5) sakola jeung digawé
- (6) mahasiswa atawa dosén
- (7) buku, patlot, jeung jidar

4.2.2.1.2 Frasa Apositif

Frasa apositif nya éta frasa éndoséntrik anu unsur kaduana mangrupa aposisi atawa pangganti unsur anu kahiji sarta sakalian jadi katerangan pikeun unsur anu kahiji téa (nu jadi puseurna). Béda jeung frasa koordinatif, unsur-unsur frasa apositif mah henteu bisa dikantétkeun ku kecap *jeung* atawa *tur* lantaran unsur-unsurna nuduhkeun référénsi anu sarua. Ku lantaran kitu, unsur-unsur frasa apositif téh bisa dikantétkeun ku kecap *atawa*, sarta sok diheuleutan ku randegan rada panjang. Frasa apositif téh pola dasar adeganana bisa digambarkeun ku formula saperti kieu.

[2] FApo => UN-1: Pus + UN-2: Apo

Contona:

- (8) urang, bangsa Indonésia
- (9) Bandung, Kota Kembang
- (10) Suharto, Présidén RI

4.2.2.1.3 Frasa Atributif

Frasa atributif téh nya éta frasa éndoséntrik anu diwangun ku unsur anu diterangkeun, anu sok disebut puseur atawa poko, jeung unsur anu nerangkeun, anu sok disebut atribut atawa panyiri. Unsur-unsurna henteu bisa dikantétkeun boh ku kecap *jeung* boh ku kecap *atawa*. Sakapeung di antara dua unsurna téh sok bisa diseselan kecap *nu*. Tempat unsur atributna lolobana tukangeun unsur puseurna, tapi aya ogé nu tempatna hareupeun puseurna. Pola adeganana bisa digambarkeun ku fomula ieu di handap.

[3a] FAtr => UN-1: Pus + (<nu>) + UN-2: Atr

[3b] FAtr => UN-1: Atr + UN-2: Pus

Contona:

- (11) budak pinter
- (12) sakola nu unggul
- (13) keur dialajar

4.2.2.1.4 Frasa Objéktif/Kompléméntatif

Frasa objéktif atawa frasa kompléméntatif nya éta frasa éndoséntrik anu unsur kaduana jadi panglengkep kana unsur kahijina nu jadi puseurna. Unsur kahiji téh biasana mangrupa kecap pagawéan transitif, semitransitif, atawa semiintransitif anu nuduhkeun migawé atawa dipigawé. Ari unsur kaduana mangrupa kecap barang anu nuduhkeun nu ngarandapan atawa nu ngalakukeun. Pola adeganana saperti anu katangén dina formula ieu di handap.

[4] FOb/Kom => UN-1: Pok + UN-2: Pan

Contona:

- (14) *Maca koran* geus jadi kabiasaan urang kota.
- (15) *Dagang sapi* kauntunganana lumayan.
- (16) *Digégl anjing* matak katularan panyakit rabiés.

4.2.2.1.5 Frasa Konéktif

Frasa konéktif nya éta frasa éndoséntrik anu diwangun ku konéktor atawa panyambung jeung aksis atawa sumbu. Konéktor miboga fungsi nyambungkeun jejer atawa subjék kana aksis atawa sumbu frasa anu jadi bagian caritaan atawa prédikat. Ku lantaran kitu, pola adegan frasana bisa diformulasikeun saperti ieu di handap.

[5] FKon => UN-1: Kon + UN-2: Aks

Contona:

- (17) Anakna téh *jadi dokter*.
- (18) Korupsi téh *mangrupa kajahatan*.
- (19) Nu nulungan anjeun téh *nya éta Damin téa*.

4.2.2.2 Frasa Éksoséntrik

Frasa éksoséntrik nya éta frasa anu distribusina atawa paripolah sintaktisna henteu sarua jeung sakabéh unsurna. Ieu frasa téh henteu ngandung unsur anu nerangkeun jeung anu diterangkeun atawa unsur puseur jeung panambah. Unsur-unsurna sarua pentingna, tapi henteu

bisa dibagénkeun, unsur nu hiji teu bisa ngaganti unsur séjénna, atawa salah sahiji unsurna teu bisa ngawakilan frasana téa. Contona, frasa *ka Bali* dina kalimah *Kuring rék piknik ka Bali* kaasup frasa éksoséntrik lantaran distribusina henteu sarua jeung sakabéh unsurna, boh jeung *ka* boh jeung *Bali*, anu mangrupa unsur-unsurna téa. Hal ieu bisa dibuktikeun ku kalimah-kalimah ieu di handap.

(20) Kuring rék piknik ka Bali.

(21) *Kuring rék piknik ka -

(22) *Kuring rék piknik - Bali.

Kalimah (21) jeung (22) di luhur henteu mangrupa kalimah anu gramatis. Éta dua kalimah téh moal bisa ditarima benerna ku panyatur basa Sunda.

Frasa éksoséntrik téh konstruksina diwangun ku dua unsur; unsur kahiji mangrupa rélator (pameungkeut) atawa diréktor (pananda), ari unsur kaduana mangrupa aksis (sumbu). Ku lantaran kitu, ieu frasa téh sok disebut frasa rélator aksis (pameungkeut sumbu), frasa rélasional, atawa frasa diréktif. Adegan frasa rélasional atawa frasa diréktif téh bisa digambarkeun ku formula saperti ieu di handap.

[6] FRéla/Dir => UN-1: Réla/Dir + UN-2: Aks

Contona:

(23) di Bandung

(24) ka pasar anyar

(25) tina buludru beureum


4.2.3 Warna Frasa

Frasa éndoséntrik bisa ogé dibédakeun nurutkeun sasaranana jeung katégori atawa warna kecap anu jadi unsur pokona atawa puseurna. Nurutkeun ieu patokan, frasa éndoséntrik téh bisa dibédakeun jadi opat katégori atawa opat warna, nya éta (1) frasa barang atawa nominal, (2) frasa frasa pagawéan atawa vérbal, (3) frasa sipat atawa adjéktival, jeung (4) frasa bilangan atawa numeral.

Ari frasa éksoséntrik katégorina henteu bisa dipasing-pasing saperti frasa éndoséntrik lantaran henteu ngandung unsur anu jadi puseur frasana. Sanajan kitu, kategori atawa warna ieu frasa téh sok dipasing-pasing nurutkeun kategori kecap nu jadi rélator atawa diréktorna (pameungkeut atawa panandana). Dumasar kana kategori kecap anu jadi rélatorna atawa diréktorna téa, frasa éksosentrik bisa

dibedakeun jadi tilu warna, nya éta (1) frasa pangantét atawa préposisional, (2) frasa panyambung atawa konjungsional, jeung (3) frasa gaganti panyambung atawa pronominal rélatif.

Écésna, warna frasa téh bisa dititénan dina bagan ieu di handap.



Bagan 4.2: Warna Frasa

4.2.3.1 Frasa Barang (Nominal)

Frasa barang atawa frasa nominal nya éta frasa anu distribusina atawa paripolah sintaktisna sarua jeung kecap barang (KB) atawa nomina (N). Contona, *budak pinter* mangrupa frasa barang lantaran distribusina sarua jeung kecap *budak* anu mangrupa KB, saperti anu katangén dina kalimah *Manéhna téh budak pinter* → *Manéhna téh budak*. Nya kitu deui frasa *nu diuk* kaasup frasa barang lantaran paripolah sintaktisna sarua jeung KB, saperti anu katangén dina kalimah *Kuring nangtung hareupeun nu diuk* → *Kuring nangtung hareupeun budak*.

Nurutkeun patali sémantisna atawa patali harti antarunsurna, frasa barang téh bisa dibédakeun jadi frasa barang jumlah, pamilih, sasaran, pangjéntré, milik, tujuan, bahan, asal, panangtu, hasil, sesebutan, jeung pamungkir.

4.2.3.1.1 Frasa Barang Jumlah

Frasa barang jumlah nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun jumlah. Ieu frasa barang téh diwangun ku KB jeung KB anu béda référénsina. Antara éta dua KB bisa jeung biasa diseselan kecap *jeung* atawa *katut*, saperti frasa *indung bapa*, anu diwangun ku KB kahiji *indung* jeung KB kadua *bapa*, bisa ditambahan kecap *jeung* atawa *katut* jadi frasa *indung jeung bapa*, *indung katut bapa*. Struktur adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[7] **FB Jum** → **KB-1** + (<jeung/katut>) + **KB-2**

Contona:

- (26) sandang pangan
- (27) ulama katut umaro
- (28) kuring, Ani, jeung Momo

4.2.3.1.2 Frasa Barang Pamilih-1

Frasa barang pamilih nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun pamilih. Ieu frasa barang téh diwangun ku dua KB sarta di antara éta dua KB téh aya kecap *atawa*. Upamana, frasa *mobil atawa imah* diwangun ku KB kahiji *mobil* jeung KB kadua *sawah* sarta di antara eta dua KB téh aya kecap panyambung *atawa*. Lamun kecap *atawa* dileungitkeun tina ieu konstruksi, maksudna bisa pahili jeung konstruksi FB Jum di luhur, saperti frasa *indung atawa bapa* → *indung bapa* sarua hartina jeung *indung katut bapa*. Struktur adegan frasa bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

[8] **FB Pil-1** → **KB-1** + <atawa> + **KB-2**

Contona:

- (29) kuring atawa manéh
- (30) nu éta atawa nu itu
- (31) dosén, karyawan, atawa mahasiswa

4.2.3.1.3 Frasa Barang Pamilih-2

Ieu frasa barang téh diwangun ku dua KB anu béda référénsina, anu masing-masing dipiheulaan kecap *boh*, anu nétélakeun yén éta dua KB teh disagolongankeun. Contona, frasa *boh lalaki boh awéwé* diwangun ku KB kahiji *lalaki* jeung KB kadua *awéwé*, anu masing-masing dipiheulaan ku kecap *boh*. Strukturna bisa digambarkeun saperti kieu.

[9] **FB Pil-2** → <boh> **KB-1** + <boh> **KB-2**

Conto séjénna:

- (32) boh méja boh korsi
- (33) boh urang kampung boh urang kota
- (34) boh nu itu boh nu ieu

4.2.3.1.4 Frasa Barang Sasaruuan

Frasa barang sasaruuan nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun sasaruuan. Ieu frasa barang téh diwangun ku KB-1 jeung KB-2 anu nuduhkeun référénsi anu sarua. Ku lantaran kitu, antara KB-1 jeung KB-2 bisa diseselan kecap *atawa*, sarta lamun diucapkeun sok maké randegan rada panjang, lamun ditulis sok maké tanda koma di antara éta dua KB téa. Upamana, frasa *Mégawati, Présidén RI*, anu diwangun ku KB kahiji *Mégawati* jeung KB kadua *Présidén RI*, bisa dirobah jadi frasa *Mégawati atawa Presiden RI*. Struktur adeganana saperti kieu.

[10] **FB Sas** → **KB-1x** + (<atawa>) + **KB-2x**

Contona:

- (35) Ali, tukang cukur
- (36) Bung Karno, Présidén RI anu kahiji
- (37) Bandung, Kota Kembang

4.2.3.1.5 Frasa Barang Pangjéntré

Frasa barang pangjéntré nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun pangjéntré. Ieu frasa barang téh diwangun ku KB jeung kecap pagawéan (KG) atawa kecap sipat (KS, kecap bilangan (KBil), jeung frasa pangantét (FPang). Di antara KB jeung KG, KS, KBil, jeung FPang téa bisa diseslekeun partikel *nu*. Upamana, frasa *budak ceurik*, anu diwangun ku KB *budak* jeung KG *ceurik*, bisa dirobah jadi *budak nu ceurik*. Struktur adeganana kieu.

[11] **FB Pangjen** → **KB** + (<nu>) + **KG/KS/KBil/FPang**

Contona:

- (38) jalma ngumbara
- (39) budak pinter
- (40) cau sasikat
- (41) jelema jugala
- (42) lauk tina balong urang
- (43) duit nu sapuluh rébu

4.2.3.1.6 Frasa Barang Milik-1

Frasa barang milik nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun milik. Ieu frasa barang téh diwangun ku KB jeung KB, kecap sulur (KSu), atawa kecap (gaganti) pananya (KPana). KB kahiji aya nu bisa ditambahan klitik *-na* sarta di antara KB kahiji jeung KB kadua, KSu, atawa KPana-na bisa diseselkeun partikel *nu*. Upamana, frasa *sawah Si Damin* anu diwangun ku KB kahiji *sawah* jeung KB kadua *Si Damin* bisa dirobah konstruksina kalawan henteu robah hartina jadi *sawahna Si Damin* atawa *sawah nu Si Damin*. Formula strukturna saperti kieu.

[12] **FB Mil-1** → **KB-1** + (<*-na/nu*> + **KB-2/KSu/KPana**

Contona:

- (44) panto tepas
- (45) buku kuring
- (46) sawah saha
- (47) imahna Mang Dasé
- (48) mobil nu lembaga

4.2.3.1.7 Frasa Barang Milik-2

Ieu frasa barang téh diwangun ku partikel *nu*, anu bisa diganti ku kecap *bogana*, jeung KB, KSu, jeung KPana. Upamana, frasa *nu balaréa* diwangun ku partikel *nu*, anu bisa diganti ku kecap *bogana*, jeung KB *balarea*. Jadi, *nu balaréa* → *bogana balaréa*. Struktur adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[13] **FB Mil-2** → <*nu*>/(<*bogana*>) + **KB/KSu/KPana**

Contona:

- (49) nu barudak sakola
- (50) nu urang Bandung
- (51) nu silaing
- (52) nu saha

4.2.3.1.8 Frasa Barang Tujuan

Frasa barang tujuan mangrupa frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun tujuan, guna, atawa mangpaat. Ieu frasa barang téh diwangun ku KB jeung KB atawa KG. Di antara KB jeung

KB atawa KG-na téa bisa jeung biasa diseselkeun kecap *keur*, *tempat*, *geusan*, atawa *pikeun*. Upamana, frasa *gedong olah raga* diwangun ku KB *gedong* jeung KG *olah raga*, anu di antara éta KB jeung KG téh bisa diseselkeun kecap *tempat* nepi ka jadi frasa *gedong tempat olah raga*. Strukturna saperti kieu.

[14] **FB Tuj** → **KB** + (<*keur/tempat/geusan/pikeun*>) + **KB/KG**

Contona:

- (53) lapang maén bal
- (54) piala keur hadiah voli
- (55) jalma geusan pamuntangan
- (56) buruan tempat ulin
- (57) kabersihan pikeun balaréa

4.2.3.1.9 Frasa Barang Bahan

Frasa barang bahan nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun bahan. Ieu frasa barang téh diwangun ku KB jeung KB. Antara KB kahiji jeung KB kadua bisa diseselan kecap *tina*; upmana frasa *korsi hoé* diwangun ku KB kahiji *korsi* jeung KB kadua *hoé*, sarta di antara éta dua KB téh bisa diseselkeun kecap *tina* jadi frasa *korsi tina hoé*. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[15] **FB Bah** → **KB-1** + (<*tina*>) + **KB-2**

Contona:

- (58) geulang bahar
- (59) manisan balingbing
- (60) sepatu tina kulit imitasi

4.2.3.1.10 Frasa Barang Asal

Frasa barang asal nya éta frasa barang anu patali harti antarunsurna nuduhkeun asal, hasil, atawa buatan. Ieu frasa barang téh diwangun ku KB jeung KB. Di antara KB kahiji jeung KB kadua bisa diseselkeun kecap *buatan*. Contona, frasa *kopeah Iming* diwangun ku KB kahiji *kopéah* jeung KB kadua *Iming*, sarta di antara éta dua KB téh bisa diseselkeun kecap *buatan* jadi frasa *kopeah buatan Iming*. Strukturna bisa digambarkeun saperti kieu.

[16] **FB As** → **KB-1** + (<*buatan*>) + **KB-2**

Conto séjénna:

- (61) bedog Ciwidey
- (62) colénak Murdi
- (63) sapatu Cibaduyut

4.2.3.1.11 Frasa Barang Panangtu-1

Frasa barang panangtu nya éta frasa barang anu patali harti antarunurna ngébréhkeun panangtu, panuduh, atawa panganteb. Ieu frasa barang téh diwangun ku KB, KSu, atawa KPanu, jeung KPanu atawa KPanam. Contona, frasa *imah éta* diwangun ku KB *imah* jeung KPanu *éta*. Strukturna bisa digambarkeun kieu.

[17] **FB Panang-1** → **KB/KSu/KPanu/KPana + KPanu/KPanam**

Conto séjénna:

- (64) buku ieu
- (65) kuring téh
- (66) éta mah
- (67) saha téa

4.2.3.1.12 Frasa Barang Panangtu-2

Ieu frasa barang téh diwangun ku partikel *nu* jeung KG, KS, KBil, KPanu, KPana, atawa FPang. Contona, frasa *nu ngalantung* diwangun ku partikel *nu* jeung KG *ngalantung*. Adeganana saperti kieu.

[18] **FB Panang-2** → **<nu> + KG/KS/KBil/KPanu/KPana/FPang**

Conto séjénna:

- (68) nu nangtung
- (69) nu calakan
- (70) nu salawé pérak
- (71) nu kumaha
- (72) nu éta
- (73) nu dina boboko

4.2.3.1.13 Frasa Barang Hasil

Frasa barang hasil nya éta frasa barang anu patali harti antarunurna nuduhkeun hasil. Ieu frasa barang téh diwangun ku KB

jeung KB. Antara KB kahiji jeung KB kadua bisa diseselan kecap *hasil*; upamana, frasa *putusan rapat* diwangun ku KB kahiji *putusan* jeung KB kadua *rapat*, di antarana bisa diseselkeun kecap *hasil* jadi *putusan hasil rapat*. Strukturna bisa digambarkeun saperti kieu.

[19] **FB Has** → **KB-1 + (<hasil>) + KB-2**

Contona:

- (74) karangan rékaan
- (75) sawah warisan
- (76) tatal panyuguan

4.2.3.1.14 Frasa Barang Sesebutan

Frasa barang sesebutan nya éta frasa barang anu patali harti antarunurna nuduhkeun sesebutan. Ieu frasa barang téh diwangun ku kecap sesebutan (KSes) jeung KB; upamana, frasa *Sanghyang Borosngora* diwangun ku KSes *sanghyang* jeung KB *borosngora*. Strukturna bisa digambarkeun kieu.

[20] **FB Ses** → **KSes + KB**

Contona:

- (77) Sakadang Peucang
- (78) Si Damin
- (79) Létkol Sudarman

4.2.3.1.15 Frasa Barang Pamungkir

Frasa barang pamungkir nya éta frasa barang anu patali harti antarunurna nuduhkeun pamungkir atawa négatif. Ieu frasa barang téh diwangun ku kecap pamungkir *lain* jeung KB. Kecap pamungkir *lain* gunanana pikeun nganékatifkeun KB-na téa. Upamana, frasa *lain momobilan* diwangun ku kecap pamungkir *lain* jeung KB *momobilan*. Adeganana saperti kieu.

[21] **FB Pamung** → **<lain> + KB**

Contona:

- (80) lain jelama joré -joré
- (81) lain karéta api
- (82) lain nu keur diajar

4.2.3.2 Frasa Pagawéan (Verbal)

Frasa pagawéan atawa frasa vérbal nya éta frasa anu distribusina sarua jeung unsur puseurna anu mangrupa kecap pagawéan (KG) atawa vérbal. Contona, frasa *geus balik* kaasup frasa pagawéan lantaran distribusina sarua jeung *balik* (unsur puseurna) anu mangrupa KG, saperti katangén dina kalimah *Mang Kurdi geus balik ti Mekah* → *Mang Kurdi balik ti Mekah*.

Dumasar kana patali harti antarunsurna, frasa pagawéan téh bisa dibédakeun jadi lima rupa, nya éta frasa pagawéan jumlah, pamilih, pamungkir, aspék, jeung modalitas, anu pola dasar adeganana bisa digambarkeun saperti anu katangén dina pedaran ieu di handap.

4.2.3.2.1 Frasa Pagawean Jumlah

Frasa pagawéan jumlah nya éta frasa pagawéan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun jumlah. Ieu frasa pagawéan téh diwangun ku KG jeung KG sarta éta dua KG téh disambungkeun ku kecap *jeung*; upamana farsa *maca jeung nulis* diwangun ku KG kahiji *maca* jeung KG kadua *nulis*, anu disambungkeun ku kecap *jeung*. Pola dasar adeganana saperti kieu.

[22] FG Jum → KG-1 + <jeung> + KG-2

Contona:

- (83) dahar jeung maké
- (84) ditulis jeung diketik
- (85) nyentak jeung nyarékan

4.2.3.2.2 Frasa Pagawéan Pamilih-1

Frasa pagawéan pamilih nya éta frasa pagawéan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun pamilih. Ieu frasa pagawéan téh diwangun ku KG jeung KG anu dikantétkeun ku kecap *atawa*; upamana frasa *indit atawa balik* diwangun ku KG kahiji *indit* jeung KG kadua *balik* anu dikantétkeun ku kecap *atawa*. Adeganana bisa digambarkeun kieu.

[23] FG Pil-1 → KG-1 + <atawa> + KG-2

Contona:

- (86) rék sakola atawa rék digawé
- (87) urang ngobrol atawa ngawangkong
- (88) bisa diketik atawa ditulis

4.2.3.2.3 Frasa Pagawean Pamilih-2

Ieu frasa pagawéan téh diwangun ku KG jeung KG anu masing-masing dipiheulaan ku panyambung *boh*. Ccontona, frasa *boh indit boh balik* diwangun ku KG kahiji *indit* jeung KG kadua *balik*, anu masing-masing dipiheulaan ku kecap panyambung *boh*. Adeganana bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

[24] FG Pil-2 → <boh> KG-1 + <boh> KG-2

Conto séjénna:

- (89) boh dahar boh maké
- (90) boh nganteurkeun boh mapagkeun
- (91) boh meuli boh ngajual

4.2.3.2.4 Frasa Vérbal Pamungkir

Frasa pagawéan pamungkir nya éta frasa pagawéan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun pamungkir atawa négatif. Ieu frasa pagawéan téh diwangun ku KG jeung KPanam négatif (pamungkir), saperti *henteu, acan, moal*. Contona, frasa *henteu bébéja* diwangun ku KG *bébéja* jeung KPanam *henteu* anu nuduhkeun ingkar. Adeganana bisa digambarkeun kieu.

[25] FG Pamung → <henteu/acan/moal> + KG

Conto séjénna:

- (92) henteu indit
- (93) moal bisa milu
- (94) acan daratang

4.2.3.2.5 Frasa Pagawéan Aspék

Frasa pagawéan aspék nya éta frasa pagawéan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun aspék éta, nya éta nuduhkeun lumangsungna hiji kajadian, kagiatan, prosés, atawa kaayaan geus dilakukeun, keur dilakukeun, rék dilakukeun, jeung saterusna. Ieu frasa pagawéan téh diwangun ku KG jeung KPanam anu nuduhkeun aspék. Contona, frasa *bakal ngapung* diwangun ku KG *ngapung* jeung KPanam *bakal* anu

nuduhkeun aspék (futuratif). Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[26] FG Asp → KPanam Asp + V

Conto séjénna:

(95) rék balik

(96) keur mandi

(97) geus dibaréjaan

Aspék téh loba rupana, di antarana aspék inkoatif, komplétif, duratif, futuratif, frékuéntatif, iteratif, spontanitas, répétitif, jeung habituatif.

a. Aspék Inkoatif

Aspék inkoatif téh nétélakeun yén hiji kajadian mimiti pisan lumangsungna. Biasana aspék inkoatif téh diébréhkeun ku kecap-kecap panganteur pagawéan atawa kaayaan saperti *gék, jung, jleng, prak, sup, berebet*, jeung sajabana. Contona:

(98) gék diuk

(99) bray muka

(100) bus diabuskeun

(101) jleng luncat

(102) barakatak seuri

b. Aspék Komplétif

Aspék komplétif atawa aspék perféktif nétélakeun yén hiji prosés atawa hiji kajadian geus réngsé atawa geus ngahontal ahirna. Aspék komplétif sok diébréhkeun ku kecap-kecap *geus, enggeus, tos, atos, parantos*. Contona:

(103) geus dibéakkeun

(104) parantos sumping

(105) enggeus dioméan

(106) tos dipasihkeun

c. Aspék Duratif

Aspék duratif atawa aspék impérféktif nétélakeun yén hiji

prosés atawa kagiatan keur lumangsung kajadianana. Aspék duratif téh biasana diébréhkeun ku kecap-kecap *keur, eukeur, masih, keneh, nuju*. Contona:

(107) keur istirahat

(108) nuju aya

(109) masih kénéh hog-hag

(110) eukeur dibeberik kénéh

d. Aspék Futuratif

Aspék fururatif nétélakeun yen hiji kajadian atawa kagiatan bakal atawa rek lumangsung. Aspék futuratif téh biasana diébréhkeun ku kecap-kecap *rék, érék, bakal, baris, badé*. Contona:

(111) bakal dikoroyok

(112) baris diterangkeun

(113) rék tijongklok

(114) badé sumping

é. Aspék Frékuéntatif

Aspék frékuéntatif nétélakeun yén hiji kajadian atawa kagiatan lumangsung sababaraha kali. Aspék frékuéntatif téh sok diébréhkeun ku kecap-kecap *mindeng, langka, arang, kadangkala, kungsi, awis-awis*. Contona:

(115) kungsi ngahukuman

(116) langka lalajo

(117) mindeng dianteur

(118) arang balik

f. Aspék Iteratif

Aspék itératif nétélakeun yén hiji kajadian atawa kagiatan lumangsungna tuluy-tumuluy, teu eureun-eureun, atawa teu petot-petot. Aspék itératif téh biasana diebrehkeun ku kecap-kecap *hantem, haben, teu weleh, teu petot, tansah*. Contona:

(119) hantem dipépénta

(120) teu weléh didu'akeun

(121) tansah diantos-antos

(122) haben dikoréhan

g. *Aspék Spontanitas*

Aspék spontanitas nétélakeun yén hiji kajadian atawa kagiatan lumangsungna ngadadak. Aspék spontanitas téh biasana diébréhkeun ku kecap-kecap *ngdadak, dumadakan, dadaksakala, ngadak-ngadak, ujug-ujug*. Contona:

- (123) ngadadak eureun
- (124) ujug-ujug ngambek
- (125) dumadakan balik deui
- (126) dadaksakala ngagoak

h. *Aspék Répétitif*

Aspék répétitif nétélakeun yén hiji kajadian atawa kagiatan lumangsungna dibalikan deui. Aspék répétitif téh biasana diébréhkeun ku kecap *deui*. Contona:

- (127) nguat-nguat manéh deui
- (128) kadéngé deui
- (129) datang deui
- (130) pangalakeun deui

i. *Aspék Habituatif*

Aspék habituatif nétélakeun yén lumangsungna hiji kajadian atawa kaayaan geus mangrupa kabiasaan. Aspék habituatif téh biasana diébréhkeun ku kecap-kecap *biasa, biasana, sok, osok, tara*. Contona:

- (131) sok ngaliwat
- (132) tara mandi
- (133) biasana dipihapékeun
- (134) biasa ka dieu

4.2.3.2.6 Frasa Pagawéan Modalitas

Frasa pagawéan modalitas téh nya éta frasa pagawéan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun modalitas, nya éta nuduhkeun sikep, pamadegan, atawa tapsiran subjéktif panyatur kana omongan anu diucapkeun ku manéhna atawa kana lumangsungna kajadian atawa kaayaan anu diebrehkeun dina hiji omongan. Ieu frasa pagawéan téh diwangun ku KG jeung KPanam anu nuduhkeun modalitas, saperti

bisi, pasti, kudu. Contona, frasa *bisi tikoséwad* diwangun ku vérba *tikoséwad* jeung KPanam *bisi* anu nuduhkeun modalitas (kahariwang). Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[27] FG Mod → KPanam Mod + V

Conto séjénna:

- (135) *bisi balik*
- (136) *pasti datang*
- (137) *kudu ngajawab*

4.2.3.3 Frasa Sipat (Adjéktival)

Frasa sipat atawa frasa adjéktival nya éta frasa anu sarua distribusina jeung unsur puseurna anu mangrupa kecap sipat (KS) atawa adjéktiva. Contona, frasa *alus pisan* mangrupa frasa sipat lantaran distribusina sarua jeung kecap *alus* anu mangrupa KS atawa adjéktiva saperti anu katangén dina kalimah *Pagawéanana alus pisan* → *Pagawéanana alus*.

Frasa sipat téh bisa dipasing-pasing nurutkeun patali harti antarunsurna. Ditilik tina ieu patokan, frasa sipat téh bisa dibédakeun jadi frasa sipat jumlah, pamilih, tingkat, undak, panangtu, jeung aspék, anu pola dasar adeganana bisa digambarkeun ku formula-formula saperti anu katangén dina pedaran ieu di handap.

4.2.3.3.1 Frasa Sipat Jumlah

Frasa sipat jumlah nya éta frasa sipat anu patali harti antarunsurna nuduhkeun jumlah. Ieu frasa sipat téh diwangun ku KS jeung KS sarta éta dua KS téh dikantétkeun ku konjungsi (kecap panyambung) *katut, jeung, atawa tur*. Contona, frasa *beunghar tur balabah* diwangun ku KS kahiji *beunghar* jeung KS kadua *balabah* sarta dikantétkeun ku konjungsi *tur*. Adeganana bisa digambarkeun kieu.

[28] FS Jum → KS-1 + <katut/jeung/tur> + KS-2

Conto séjénna:

- (138) *agréng katut harénghéng*
- (139) *pinter tur bageur*
- (140) *lalega jeung bareresih*

4.2.3.3.2 Frasa Sipat Pamilih-1

Frasa sipat pamilih nya éta frasa sipat anu patali harti antarunurna nuduhkeun pamilih. Ieu frasa sipat téh diwangun ku KS jeung KS sarta éta dua KS téh dikantétkeun ku kecap *atawa*. Contona, frasa *gedé atawa leutik* diwangun ku KS kahiji *gedé* jeung KS kadua *leutik*, anu dikantetkeun ku kecap *atawa*. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[29] FS Pil-1 → KS-1 + <atawa> + KS-2

Conto séjénna:

- (141) bener atawa salah
- (142) éra atawa sieun
- (143) terus terang atawa balaka

4.2.3.3.3 Frasa Sipat Pamilih-2

Ieu frasa sipat téh diwangun ku KS jeung KS, anu masing-masing dipiheulaan ku konjungsi *boh*; upamana, frasa *boh gedé boh leutik* diwangun ku KS kahiji *gedé* jeung KS kadua *leutik*, anu dikantétkeun ku konjungsi *boh*. Adeganana saperti kieu.

[30] FS Pil-2 → <boh> KS-1 + <boh> KS-2

Contona:

- (144) boh beunghar boh miskin
- (145) boh beureum boh hideung
- (146) boh lila boh sakeudeung

4.2.3.3.4 Frasa Sipat Tingkat-1

Frasa sipat tingkat nya éta frasa sipat anu patali harti antarunurna nétélakeun tingkat. Ieu frasa sipat téh diwangun ku KS sarta dipiheulaan ku KPanam *mani*, *leuwih*, *rada* atawa/jeung dituturkeun ku KPanam *naker*, *pisan*, atawa *teuing*. Contona, frasa *beureum naker* diwangun ku KS *beureum* anu dituturkeun ku KPanam *naker*, frasa *rada beureum* diwangun ku KS *beureum* anu dipiheulaan ku KPanam *rada*, ari frasa *rada beureum teuing* diwangun ku KS *beureum* anu dipiheulaan ku KPanam *rada* jeung dituturkeun ku KPanam *teuing*. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[31] FS Ting-1 → (<rada/leuwih/mani>) + KS + (<naker/pisan/teuing)

Conto séjénna:

- (147) konéng teuing
- (148) luhur pisan
- (149) leuwih jangkung
- (150) rada luhur teuing
- (151) mani getol pisan

4.2.3.3.5 Frasa Sipat Tingkat-2

Frasa sipat pola ieu diwangun ku KS anu dipiheulaan ku KPanam *aya ku*, *carék ku*, atawa *teuing ku*. Contona, frasa *teuing ku amis* diwangun ku KS *amis* anu dipiheulaan ku KPanam *teuing ku*. Adeganana bisa digambarkeun kieu.

[32] FS Ting-2 → <aya ku/carek ku/ teuing ku> + KS

Conto séjénna:

- (152) teuing ku lengger
- (153) aya ku bageur
- (154) carék ku bodo

4.2.3.3.6 Frasa Sipat Tingkat-3

Ieu frasa sipat téh diwangun ku KS anu maké sufiks (rarangén tukang) *-na* jeung dipiheulaan ku KPanam *kacida* atawa *pohara*. Upamana, frasa *kacida malaratna* mangrupa frasa sipat anu diwangun ku KS *malarat* make sufiks *-na* sarta dipiheulaan ku KPanam *kacida*. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[33] FS Ting-3 → <kacida/pohara> + KS + <-na>

Contona:

- (155) kacida getolna
- (156) pohara bedegongna
- (157) pohara gembulna

4.2.3.3.7 Frasa Sipat Undak

Frasa sipat anu patali harti antarunurna nuduhkeun undak, ningkat, nambahan, atawa mekar disebut frasa sipat undak. Ieu frasa sipat téh diwangun ku KS anu dipiheulaan ku KPanam *beuki* atawa *tambah* (lemes: *wuwuh*, *mingkin*, *tambah*). Contona, frasa *beuki ngagelebug* mangrupa frasa sipat anu diwangun ku KS *ngagelebug* sarta dipiheulaan ku KS *beuki* (anu nuduhkeun undak atawa ningkat). Struktur adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[34] FS Und → <beuki/tambah> + KS

Conto séjénna:

(158) beuki genah

(159) tambah susah

(160) beuki jempling

4.2.3.3.8 Frasa Sipat Pamungkir

Frasa sipat pamungkir nya éta frasa sipat anu patali harti antarunsurna nuduhkeun pamungkir, panolak, atawa negatif. Ieu frasa sipat téh diwangun ku KS anu dipiheulaan ku KPanam *henteu*, *acan*, atawa *moal*. Contona, frasa *henteu palinter* mangrupa frasa sipat pamungkir anu diwangun ku KS *palinter* sarta dipiheulaan ku KPanam *henteu* (anu nuduhkeun négatif atawa ingkar). Adeganana bisa digambarkeun kieu.

[35] FS Pamung → <henteu/acan/moal> + KS

Conto séjénna:

(161) henteu wani

(162) acan beunghar pisan

(163) moal sangsara teuing

4.2.3.3.9 Frasa Sipat Aspék

Frasa sipat aspék nya éta frasa sipat anu patali harti antarunsurna nuduhkeun aspék. Ieu frasa sipat téh diwangun ku KS anu dipiheulaan ku KPanam anu nuduhkeun aspék. Contona, frasa *reup geuneuk* mangrupa frasa sipat aspék anu diwangun ku KS *geuneuk* sarta dipiheulaan ku KPanam *reup* anu nuduhkeun aspék inkoatif. Adegan ieu frasa sipat téh bisa digambarkeun saperti kieu.

[36] FS Asp → KPanam Asp + KS

Cconto séjénna:

(164) bray caang

(165) keur lieur

(166) bakal senang

(167) geus poék teuing

4.2.3.4 Frasa Bilangan (Numeral)

Frasa bilangan atawa frasa numeral nya éta frasa anu distribusina sarua jeung numeralia atawa kecap bilangan (KBil). Contona, frasa *opat puluh lima urang* mangrupa frasa bilangan lantaran distribusina sarua jeung KBil atawa numeralia, saperti anu katangén dina kalimah *Jumlahna opat puluh lima urang → Jumlahna opat puluh lima*.

Nurutkeun patali harti antarunsurna, frasa bilangan téh bisa dibédakeun jadi frasa bilangan titikelan, jumlah, pamilih, wates, aspék, jeung pamungkir, anu adeganana bisa digambarkeun saperti anu katangen dina pedaran ieu di handap.

4.2.3.4.1 Frasa Bilangan Titikelan

Frasa bilangan titikelan nya éta frasa bilangan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun titikelan. Ieu frasa bilangan téh diwangun ku KBil jeung KB. Contona, frasa *dua koper* mangrupa frasa bilangan titikelan anu diwangun ku KBil *dua* jeung KB *koper*, anu bisa dihartikeun “dua kali hiji koper”. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[37] FBil Tit → KBil + KB

Conto séjénna:

(168) opat puluh dinten

(169) genep puluh umpi

(170) dalapan jongko

4.2.3.4.2 Frasa Bilangan Jumlah

Frasa bilangan jumlah nya éta frasa bilangan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun jumlah. Ieu frasa bilangan téh diwangun ku KBil jeung KBil sarta antara éta dua KBil téa bisa diseselan kecap *jeung*. Contona, frasa *saratus dalapan puluh* mangrupa frasa bilangan anu diwangun ku KBil kahiji *saratus* jeung numeralia kadua *dalapan puluh*, anu bisa diseselan kecap *jeung* nepi ka jadi *saratus jeung dalapan puluh*, anu ngandung harti “saratus ditambah dalapan puluh”. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[38] FBil Jum → KBil-1 + (<jeung>) + KBil-2

Conto séjénna:

(171) dua puluh rébu lima ratus

(172) lima ton saparapat

(173) dua bulan jeung opat poé

4.2.3.4.3 Frasa Bilangan Pamilih

Frasa bilangan pamilih nya éta frasa bilangan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun pamilih. Ieu frasa bilangan téh diwangun ku KBil jeung KBil sarta di antara éta dua KBil téa bisa diseselan kecap *atawa*. Contona, frasa *sarebu dua rébu pérak* mangrupa frasa bilangan pamilih anu diwangun ku KBil kahiji *sarébu* jeung KBil kadua *dua rébu pérak* sarta di antara éta dua KBil téa bisa diseselkeun kecap *atawa* nepi ka jadi frasa *sarébu atawa dua rébu pérak*, anu ngandung harti milih “sarébu” atawa “dua rébu pérak”. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[39] **FBil Pil** → **KBil-1** + (<atawa>) + **KBil-2**

Conto séjénna:

(174) dua tilu kilo

(175) opat lima kilometer

(176) salapan urang atawa sapuluh urang

4.2.3.4.4 Frasa Bilangan Wates

Frasa bilangan wates (limitatif) nya éta frasa bilangan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun wates. Ieu frasa numeral téh diwangun ku KBil anu dipiheulaan ku KPanam *ngan* atawa *ukur*. Contona, frasa *ngan sapuluh rim* mangrupa frasa bilangan wates anu diwangun ku KBil *sapuluh rim* sarta dipiheulaan ku KPanam *ngan*, anu ngandung harti “henteu leuwih ti sapuluh rim”. Adeganana bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

[40] **FBil Wat** → <**ngan/ukur**> + **KBil**

Conto séjénna:

(177) ngan lima welas meter

(178) ukur opatan

(179) ngan dua ratus lima puluh

4.2.3.4.5 Frasa Bilangan Aspék

Frasa bilangan aspék nya éta frasa bilangan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun aspék. Ieu frasa bilangan téh diwangun KBil anu dipiheulaan ku KPanam aspék. Contona, frasa *geus saminggu* mangrupa frasa bilangan anu diwangun ku KBil *saminggu* jeung KPanam anu nuduhkeun aspék (perféktif) *geus*. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[41] **FBil Asp** → **KPanam Asp** + **KBil**

Conto séjénna:

(180) rék lima puluh

(181) kakara salapan likur

(182) badé opat welas

4.2.3.4.6 Frasa Bilangan Pamungkir

Frasa bilangan pamungkir nya éta frasa bilangan anu patali harti antarunsurna nuduhkeun pamungkir. Ieu frasa numeral téh diwangun ku KBil anu dipiheulaan ku KPanam pamungkir (négatif) *lain* atawa *henteu*. Contona, frasa *lain saratus* mangrupa frasa bilangan pamungkir anu diwangun ku KBil *saratus* jeung KPanam *lain*. Adeganana bisa digambarkeun kieu.

[42] **FBil Pamung** → <**lain//henteu**> + **KBil**

Conto séjénna:

(183) lain duaan tiluan

(184) henteu sorangan

(185) henteu ngan sapuluh dua puluh

4.2.3.5 Frasa Pangantét (Préposisional)

Frasa pangantét atawa frasa préposisional nya éta frasa éksoséntrik anu rélatorna (pameungkeutna) atawa diréktorna (panandana) mangrupa préposisi atawa kecap pangantét (KPang). Contona, frasa *ka sawah* mangrupa frasa pangantét lantaran rélatorna (*ka*) mangrupa KPang atawa préposisi.

Frasa pangantét bisa diklasifikasikeun dumasar kana fungsi semantis KPang anu jadi rélatorna atawa diréktorna. Nurutkeun fungsi semantis KPang téa, frasa pangantét téh bisa dibédakeun jadi sababaraha rupa, di antarana, nya éta frasa pangantét tempat, arah, awal, ahir, bahan, alat, panglaku, pangrandap, sabab, tujuan, pangbarung, babandingan, jumlah, jeung iwal. Struktur éta frasa-frasa pangantét téh sarua, mangrupa KPang anu nuduhkeun fungsi semantis anu rélevan dituturkeun ku KB, FB, atawa anu disagolongankeun jeung KB. Ku lantaran kitu, sacara umum adeganana bisa digambarkeun ku formula saperti kieu.

[43] FPang X → KPang X + KB/FB

Dina formula di luhur KPang X nuduhkeun KPang anu ngandung fungsi semantis anu rélevan jeung FPang X. Lamun FPang X teh mangrupa frasa pangantét tempat, nya KPang X-na mangrupa KPang tempat, nya éta *di* atawa *dina*, anu adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[44] FPangTem → <di/dina> + KB/FB

Contona:

(186) di tepas

(187) dina méja bapa

(189) di Bandung Kidul

Supaya ringkes, KPang anu fungsi semantisna rélevan jeung jinis frasa-frasa pangantétna jeung conto-conto frasana diébréhkeun dina Tabel 1.4 ieu di handap. Ku jalan ngalarapkeun KPang-KPangna nu

aya dina éta tabél téh, urang bisa ngagambarkeun adegan-adegan frasa pangantét saperti formula [44].

Bagan 4:3:
Pangantét Pangeusi Frasa Pangantét

| No. | Frasa Pangantét | Pangantét nu Rélevan | Conto Frasa |
|-----|-----------------|------------------------|---|
| 1. | Tempat | di, dina | di sawah, dina korsi |
| 2. | Arah | ka, kana, ti, tina | ka kuring, kana kenténg, ti Bandung, tina keretas |
| 3. | Awal | ti | ti sakola, ti baheula |
| 4. | Ahir | nepi ka | nepi ka ayeuna, nepi ka dieu |
| 5. | Bahan | ku, tina | tina katun, ku tipung ketan |
| 6. | Alat | ku, kana | ku lambit, kana parahu |
| 7. | Panglaku | ku | ku manéhna, ku akang |
| 8. | Pangrandap | ka | ka baraya, ka kolot |
| 9. | Sabab | ku | ku tétélo, ku caah déngdéng |
| 10. | Tujuan | keur, pikeun | keur dunungan, pikeun pangwangunan |
| 11. | Pangbarung | jeung | jeung babaturan, jeung aki |
| 12. | Babandingan | manan, batan, ti batan | manan kuring, batan itu |
| 13. | Jumlah | jaba, jaba ti, lian ti | jaba ti kuring, jaba sawah, lian ti anjeun |
| 14. | Iwal | iwal, kajaba | iwal buku ieu, kajaba mobil |

| | | | |
|--|--|--|--|
| | | | |
|--|--|--|--|

4.3 Kalimah

4.3.1 Wangenan Kalimah

Umumna anu disebut kalimah téh nya éta wangunan-wangunan basa anu miboga ciri-ciri ieu di handap:

- mangrupa konstruksi gramatik, nya éta wangunan basa anu ngandung harti atawa maksud;
- mangrupa wangunan basa anu maksimum, nya éta wangunan basa anu pikeun ngébréhkeun harti anu dipimaksud ku éta wangunan téa henteu perlu ditambahan deui atawa dilégaan deui;
- ngabogaan lentong pamungkas turun atawa naék, anu nétélakeun yén éta konstruksi gramatik téh enggeus réngsé;
- rélatif bisa madeg mandiri, bisa diisolasikeun atawa dipisahkeun kalawan hartina henteu leungit atawa henteu robah;
- mangrupa bagian pangleutikna tina hiji omongan atawa wacana, anu diwatesanan ku randegan panjang, anu ngandung pikiran anu gembleng atawa lengkep nurutkeun katatabaaan.

Tina katerangan di luhur bisa dicindekkeun yén anu disebut kalimah téh nya éta konstruksi gramatik maksimal, anu mangrupa bagian pangleutikna anu ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacana, anu diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu rélatif bisa madeg mandiri.

4.3.2 Unsur Kalimah

Umumna kalimah téh diwangun ku sababaraha unit atawa beungkeutan katatabasaan. Upamana, kalimah

(190) Kuring maca buku.

diwangun ku tilu unit katatabasaan anu mangrupa kecap: *kuring*, *maca*, jeung *buku*. Eta unit-unit katatabasaan anu ngawangun hiji

konstruksi atawa adegan kalimah téh disebut unsur atawa konstituén pangwangun kalimah.

4.3.2.1 Unsur Langsung jeung Unsur teu Langsung

Unsur kalimah téh aya anu torojogan atawa langsung ngawangun hiji adegan kalimah, aya ogé anu henteu torojogan. Unsur anu torojogan ngawangun hiji adegan kalimah disebut unsur langsung. Ieu unsur téh enggoning ngawangun adegan hiji kalimah henteu ngaliwatan unsur séjénna atawa unsur antara. Ari unsur anu henteu torojogan ngawangun hiji adegan kalimah disebut unsur teu langsung. Ieu unsur téh enggoning ngawangun adegan kalimah kudu maké unsur antara. Contona, dina kalimah

(191) Kuring téh keur maca koran di kamar hareup.

susunan kecap *kuring téh, keur maca koran, di kamar hareup* mangrupa unsur langsung éta kalimah.; ari kecap-kecap *kuring, téh, keur, maca, koran, di, kamar, hareup* mangrupa unsur teu langsung éta kalimah. Kecap *kuring* jeung *téh*, upamana, dina ngawangun éta kalimah kudu ngaliwatan heula susunan kecap *kuring téh* anu jadi unsur antara éta dua kecap téa.

4.3.2.2 Unsur Wajib jeung Unsur Wenang

Unsur-unsur anu ngawangun kalimah aya anu wajib ayana, tapi aya ogé anu wenang ayana dina adegan kalimah. Unsur anu wajib ayana dina adegan hiji kalimah disebut unsur wajib. Ieu unsur téh henteu bisa dileungitkeun tina adegan hiji kalimah kalawan henteu ngaruksak atawa ngabalukarkeun leungitna status éta adegan salaku kalimah. Ari unsur anu wenang ayana dina hiji adegan kalimah disebut unsur wenang. Ieu unsur téh henteu wajib ayana sarta bisa dileungitkeun tina adegan hiji kalimah kalawan henteu ngabalukarkeun ruksakna atawa leungitna status éta adegan salaku kalimah téa. Upamana, dina kalimah

(192) Manéhna téh meuli mobil kamari.

(193) Manéhna téh meuli mobil.

(194) *(Manéhna téh) meuli mobil kamari.

(195) *(Manéhna téh) meuli mobil (kamari).

susunan kecap *manéhna teh jeung meuli mobil* mangrupa unsur wajib, ari kecap *kamari* mangrupa unsur wenang éta adegan kalimah. Kalimah-kalimah (194) jeung (195), anu dileungitkeun unsur wajibna, mangrupa kalimah-kalimah mandiri anu henteu gramatikal. Ari kalimah (193), sanajan dileungitkeun unsur wenangna, éta kalimah téh angger mangrupa kalimah mandiri anu gramatikal.

4.3.2.3 Wujud Unsur Kalimah

Nurutkeun wangunna atawa wujud adeganana, unsur kalimah téh aya rupa-rupa, nya éta kecap, frasa, jeung klausa. Kecap mangrupa bagian kalimah pangleutikna anu sipatna bébas sarta ngandung harti anu tangtu; ari frasa mangrupa konstruksi gramatik anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih anu sipatna henteu prédikatif (Ilikan pedaran ti heula). Klausa mangrupa konstruksi gramatik anu diwangun ku subjék jeung prédikat dibarengan atawa henteu ku objék, panglengkep, jeung katerangan. Contona, kalimah

(196) Basa manéhna nelepon, kuring keur mandi.

diwangun ku tilu unsur langsung, nya éta *basa manéhna nelepon* anu mangrupa klausa, *kuring* anu mangrupa kecap, jeung *keur mandi* anu mangrupa frasa.

Lian ti mangrupa kecap, frasa, jeung klausa, aya deui unsur kalimah anu séjénna anu mangrupa intonasi (lentong atawa lagu kalimah). Ieu unsur téh mangrupa unsur supraségmental lantaran henteu bisa dipisah-pisahkeun atawa diisolasikeun. Enggoning ngawangun kalimah, ieu unsur téh gumulung jeung unsur ségméntal anu mangrupa kecap, frasa, atawa klausa téa. Lentong atawa intonasi kalimah mangrupa unsur anu pohara pentingna lantaran dua konstruksi katatabasaan anu anu sarua kecap-kecapna, upamana, bakal béda maksudna ku sabab béda intonasina. Jaba ti éta, intonasi final atawa lentong pamungkas bakal ngarobah kecap, frasa, atawa klausa jadi kalimah. Contona kalimah

(197) Bangsatna katéwak.

béda maksudna jeung kalimah

(198) Bangsatna katéwak?

lantaran intonasina béda. Kalimah (197) ngandung harti ngawawarkeun lantaran intonasina mangrupa intonasi wawaran, ari kalimah (198) mah ngandung harti nanyakeun lantaran intonasina mangrupa intonasi pananya.

4.3.2.4 Fungsi, Kategori, jeung Harti Unsur Kalimah

Unsur-unsur anu ngawangun kalimah téh miboga fungsi, kategori, jeung harti gramatikal. Fungsi gramatikal mangrupa pancen anu kacangking ku hiji unsur kalimah dina leunjeuran hiji adegan atawa konstruksi kalimah, anu biasa disebut subjék (jejer), prédikat (caritaan), objék (udagan), komplemén (panglengkep), jeung advérbial (katerangan). Ieu unsur téh disebut unsur fungsional atawa fungtor sarta ayana ngan dina kalimah-kalimah anu winangun klausa atawa kalimah mayor. Kategori gramatikal mangrupa warna kecap, frasa, jeung klausa saperti nomina (nominal, barang), vérba (vérbal, pagawéan), adjéktiva (adjéktival, sipat, kaayaan), jeung numeralia (numeral, bilangan). Ieu unsur téh disebut unsur kategorial. Harti gramatikal mangrupa harti unsur-unsur kalimah anu medal ku lantaran patepungna unsur nu hiji jeung nu séjénna dina leunjeuran adegan kalimah. Ieu unsur téh disebut unsur harti atawa unsur semantis. Cotona, kalimah

(199) Manéhna ngala rambut.

anu diwangun ku tilu unsur, nurutkeun unsur fungsionalna, diwangun ku subjék (jejer) + prédikat (caritaan) + objék (udagan); nurutkeun unsur kategorialna, diwangun ku nomina (kecap barang) + vérba (kecap pagawéan) + nomina (kecap barang); nurutkeun unsur semantisna, diwangun ku agén (panglaku) + aksi (pagawéan) + pasién (pangrandap).

Dina adegan kalimah ieu tilu unsur téh silihlingkepan: unsur fungsional mangrupa wadah, eusina unsur kategorial jeung unsur semantis. Ku lantaran kitu, dina déskripsi struktur kalimah éta tilu unsur téh bisa diintegrasikeun jadi ruas-ruas leunjeuran kalimah. Kalimah (199), upamana, bisa didéskripsikeun adeganana saperti kieu: S:N/Pang + P:V/Pag + O:N/Pangr.

Ngeunaan unsur fungsional kalimah saperti subjék, prédikat, objék, komplemén, jeung katerangan, di handap ieu dipedar ciri-cirina, wangunna, warnana, hartina, jeung paripolah sintaktisna.

4.3.2.4.1 Subjék (Jejer)

Subjék atawa jejer nya éta unsur kalimah (klausa) anu nuduhkeun naon-naon anu dicaritakeun ku panyatur. Contona dina kalimah

(200) Hujan poyan ngaleutikan.

panyatur nyaritakeun *hujan poyan*. Ieu frasa téh (*hujan poyan*) disebut subjék.

Subjék atawa jejer téh biasana mangrupa kecap atawa frasa barang (nomina atawa nominal) jeung klausa nominal, tapi mindeng ogé mangrupa kecap atawa frasa séjénna anu dianggap barang atawa dibarangeun (nominalisasi). Sakapeung jejer téh sok ditandaan ku klitik *-na*, atawa ku kecap panuduh *ieu* atawa *éta*, atawa ku kecap panangtu (panganteb) *téh*, *téa*, *mah*, atawa *ogé*. Tempat subjek umumna dina awal klausa atawa hareupeun predikat. Contona:

(201) *Barudak* keur arulin

(202) *Leumpangna* kendor pisan.

(203) *Maca téh* henteu babari.

Subjék atawa jejer ngandung rupa-rupa harti gramatikal, di antarana, nuduhkeun panglaku, alat, parobot, sabab, pangrandap, hasil, tempat, panarima, nu ngalaman, nu kagolongkeun, jeung nu kajumlahkeun. Contona:

(204) *Para siswa* keur dialajar.

(205) *Treuk butut* ngakutan runtah.

(206) *Banjir* ngaruksak pasawahan.

(207) *Si Damin* dicabok ku Mang Kurdi.

(208) *Eta masjid téh* diadegkeun ku Haji Komar.

(209) *Kebonna* dipelakan ganas.

(210) *Kuring* dibéré buku ku Kang Jalal.

(211) *Manéhna téh* panas tiris.

(212) *Bapana mah* guru SD.

(213) *Incuna téh* opat welas.

4.3.2.4.2 Prédikat (Caritaan)

Prédikat atawa caritaan nya éta unsur kalimah atawa klausa anu nuduhkeun naon-naon anu ditétélakeun ku panyatur ngeunaan subjék atawa jejer. Upamana, dina kalimah

(214) Hujan poyan ngaleutikan.

panyatur nyaritakeun *hujan poyan* anu mangrupa subjék atawa jejer. Ngeunaan *hujan poyan* téa panyatur nétélakeun yén *hujan poyan* téh *ngaleutikan*. Ieu kecap téh, nya éta *ngaleutikan*, disebut prédikat atawa caritaan.

Prédikat atawa caritaan téh bisa mangrupa kecap atawa frasa pagawéan (vérba atawa vérbal), kaayaan (adjéktiva atawa adjéktival), bilangan (numeralia atawa numeral), barang atawa nu dianggap barang (nomina atawa nominal), jeung frasa pangantét (préposisional). Tempat prédikat biasana tukangeun subjék. Sakapeung prédikat téh miheulaan subjék, nya éta dina kalimah invérsi. Contona:

(215) Barudak sakola *keur maraén bal*.

(216) Palataran *lalening*.

(217) Anakna *lima*.

(218) *Di sawah* Mang Karta téh.

(219) Bapa kuring téh *guru SMU*.

Prédikat atawa caritaan téh ngandung rupa-rupa harti gramatikal, di antarana nya éta nuduhkeun pagawéan, kaayaan, kahadiran, panggolong, jumlah, jeung miboga. Contona:

(220) Barudak mah *laleumpang*.

(221) Hawana *tiis pisan*.

(222) Dulurna mah *aya* di Jakarta.

(223) Si Odi téh *supir taksi*.

(224) Sarung cap gajah *sapuluh kodi*.

(225) Bibina mah *bogaeun* toko busana.

4.3.2.4.3 Objék (Udagan)

Objék atawa udagan nya éta unsur kalimah atawa klausa anu ngalengkepan prédikat atawa caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan (vérba atawa vérbal) transitif sarta bisa dirobah jadi subjék atawa jejer kalimah pasif. Objék biasana mangrupa kecap atawa frasa barang (nomina atawa nominal). Contona frasa *eusi lomarina* dina kalimah

(226) Kuring mérésan *eusi lomarina*.

Eta frasa téh (*eusi lomarina*) ngalengkepan caritaan anu mangrupa vérba transitif (*méréсан*) sarta bisa dirobah jadi subjék atawa jejer dina kalimah pasifna:

(227) *Eusi lomarina dibérésan* ku kuring.

Objék atawa udagan téh ngandung rupa-rupa harti gramatikal, di antarana nya éta nuduhkeun pangrandap, panarima, tempat, alat atawa pakakas, jeung hasil. Contona:

(228) Kuring ngaluarkeun *notes*.

(229) Dudu mangmeulikeun sapatu *keur alona*. é

(230) Patani melakan *kebonna* ku kalapa sawit.

(231) Pulisi mabukkeun *pepentung* kana sirah demonstran.

(232) Jang Suha keur nyieun *kamar kontrakan*.

4.3.2.4.4 Panglengkep (Komplemén)

Komplemén atawa panglengkep nya éta unsur kalimah atawa klausa anu ngalengkepan prédikat atawa caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan (vérba atawa vérbal) sémitransitif, bitransitif, jeung kecap atawa frasa kaayaan (adjéktiva atawa adjéktival). Lamun kalimahna bisa dipasifkeun, panglengkep téh henteu robah jadi subjék atawa jejer (teu bisa dijadikeun subjék atawa jejer). Komplemén bisa mangrupa nomina, vérba, adjéktiva, atawa numeralia, boh winangun kecap boh winangun frasa. Contona:

(233) Manéhna boga *kongkorong titinggal indungna*.

(234) Salim mangnyieunkeun *langlayangan* keur anakna.

(235) Kuring rumasa *salah*.

Dina kalimah (233) frasa *kongkorong titinggal indungna* ngalengkepan prédikat atawa caritaan anu mangrupa vérba sémitransitif (*boga*); dina kalimah (234) *langlayangan* ngalengkepan prédikat atawa caritaan anu mangrupa vérba bitransitif; ari dina kalimah (235) adjéktiva *salah* ngalengkepan prédikat anu mangrupa adjéktiva.

Komplemén atawa panglengkep téh ngandung rupa-rupa harti gramatikal, di antarana, nya éta nuduhkeun pangrandap, panglaku, alat atawa parobot. Contona:

(236) Akang téh keur diajar *basa Inggris*.

(237) Tadi téh budakna digégél *anjing édan*.

(238) Si Inem mah ditiung *anduk*.

4.3.2.4.5 Katerangan

Katerangan téh bagian kalimah atawa klausa anu ngajéntrékeun prédikat, anu méré informasi tambahan ngeunaan naon-naon anu dituduhkeun ku prédikat, saperti ngeunaan waktuna, tempatna, carana, tujuanana, jeung sapapadana. Katerangan téh mangrupa unsur kalimah atawa klausa anu ngajéntrékeun konstruksi gramatik (wangun katatabasaan) subjék-prédikat, subjék-prédikat-objék/komplemén. Ku lantaran kitu, tempatna dina kalimah atawa klausa kacida bébasna: bisa di hareup, di tengah, atawa di tukang. Ditilik tina hartina atawa maksudna, katerangan téh dibédakeun jadi sababaraha rupa, nya éta katerangan tempat, waktu, cara, tujuan, pangbarung, alat atawa parobot, jumlah atawa frekuensi, babandingan, sabab, iwal, aspék, jeung modalitas. Contona:

(239) Budak téh sakola *di Yogyakarta*.

(240) *Ayeuna* Bapa rék ka Jakarta.

(241) Yudi *gura-giru* indit ka sakola.

(242) Kuring meuli buku *keur perpustakaan sakola*.

(243) Nani lulumpatan di buruan *jeung batur ulinna*.

(244) Getih téh disusutan *ku bajuna*.

(245) Sasmita téh disuntik ku dokter Éka *saminggu sakali*.

(246) Si Uca runyah-renyoh *kawas monyét*.

(247) Tihang téh geus raropoh *ku rinyuh*.

- (248) *Iwal kuring saréréa teu meunang asup ka dinya.*
- (249) *Gék manéhna diuk gigireun kuring.*
- (250) *Pasti silaing bakal dikoroyok.*

4.3.2.5 Unsur Maneuh jeung Unsur Obah

Nurutkeun tempatna dina leunjeuran kalimah, unsur-unsur kalimah téh aya anu angger tempatna, aya ogé anu bisa pindah-pindah tempat. Unsur anu angger tempatna disebut unsur maneuh. Ieu unsur téh henteu bisa dipindahkeun tempatna kalawan henteu ngabalukarkeun ruksakna struktur kalimah. Unsur anu bisa pindah-pindah tempat disebut unsur obah. Ieu unsur téh tempatna bisa dipindahkeun kalawan henteu ngaruksak kagramtikalan kalimahna. Contona:

- (251) Jang Syarif dagang parobot di Cicadas.
- (252) Di Cicadas Jang Syarif dagang parobot.
- (253) *Jang Syarif parobot dagang di Cicadas.

Kalimah (251) diwangun ku unsur fungsional subjék (*Jang Syarif*) + prédikat (*dagang*) + komplemén (*parobot*) + advérbia (*di Cicadas*). Dina éta kalimah unsur komplemén (*parobot*) mangrupa unsur maneuh; ari unsur advérbia (*di Cicadas*) mangrupa unsur obah. Ieu hal bisa katangén dina kalimah-kalimah (252) jeung (253).

4.3.2.6 Kasaluyuan Unsur Kalimah

Enggoning ngawangun kalimah anu gramatikal, anu bisa ditarima ku panyatur, unsur-unsur kalimah téh kudu ngandung kasaluyuan boh hartina boh wangunna. Kasaluyuan harti patali jeung kabiasaan, kaweruh, atawa budaya anu aya di lingkungan panyatur; ari kasaluyuan wangun patali jeung kaédah katatabasaan. Contona, kalimah-kalimah

- (254) *Daging ngakan ucing.
- (255) *Kuring sieuneun kadupak.

mangrupa kalimah-kalimah anu henteu lumrah di lingkungan panyatur basa Sunda lantaran antara sawatara unsurna henteu aya kasaluyuan. Dina kalimah (254) henteu aya kasaluyuan antara unsur *daging* anu ngandung ciri paéh (henteu nyawaan) jeung unsur *ngakan* anu meredih ayana ciri hirup (nyawaan). Dina kalimah (255) unsur *kuring* anu ngandung ciri jalma kahiji henteu luyu jeung unsur *sieuneun* anu meredih ayana ciri jalma katilu.

4.3.3 Wangun Kalimah

Nurutkeun jumlah jeung kalengkepan unsur pangwangunna, kalimah téh bisa dibédakeun jadi kalimah salancar, kalimah rangkepan, kalimah ringkesan, jeung kalimah singget. Kalimah salancar nya éta kalimah au diwangun ku hiji klausa; kalimah rangkepan nya éta kalimah anu diwangun ku dua klausa atawa leuwih; kalimah ringkesan nya éta kalimah anu dileungitkeun salah sahiji unsur wajibna; ari kalimah singget nya éta kalimah-kalimah anu parondok (lain beunang mondokkeun atawa ngaringkeskeun). Eta kalimah-kalimah téh dipedar ieu di handap.

4.3.3.1 Kalimah Salancar

Kalimah salancar nya éta kalimah anu diwangun ku hiji klausa. Nurutkeun kalengkepan unsur klausana, kalimah salancar téh bisa dibédakeun jadi kalimah basajan jeung kalimah jembar.

4.3.3.1.1 Kalimah Basajan

Kalimah basajan nya éta kalimah anu diwangun ku unsur-unsur fungsional wajib wungkul, anu mangrupa subjék (jejer), prédikat (caritaan), objék (udagan) atawa komplemén (panglengkep). Unsur subjék, prédikat, objék, atawa panglengkep téh bisa dieusian ku kecap atawa frasa. Contona:

- (256) Barudak Cikonéng geus daratang.
- (257) Kuring mah meresan surat-surat penting.
- (258) Urang dinya mah daragang barang-barang barabandan.

Di antara kalimah-kalimah basajan aya kalimah anu biasa disebut kalimah dasar, nya éta kalimah anu ngandung ciri-ciri (1) diwangun ku hiji klausa, (2) unsur-unsurna lengkep, (3) mangrupa kalimah wawaran, (4) mangrupa kalimah aktif (lamun prédikatna vérbal), (5) mangrupa kalimah afirmatif (positif), (6) susunan unsurna pangumumna.

Nurutkeun susunan unsur-unsurna, adegan kalimah dasar téh aya opat pola saperti anu katangén ieu di handap.

a. Pola Subjék-Prédikat

Kalimah pola ieu diwangun ku subjék jeung prédikat. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[45] Kal Das => S + P + In Fi

Contona:

(259) Barudak maraén bal.

(260) Maranehna émprak.

(261) Bapana guru.

b. Pola Subjék-Prédikat-Objék

Kalimah pola ieu diwangun ku subjék, prédikat, jeung objék. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu

[46] Kal Das => S + P + O + In Fi

Contona:

(262) Si Salim nyieun langlayangan.

(263) Mobil téh ngakutan koral.

(264) Manéhna ngarang novél.

c. Pola Subjék-Prédikat-Komplemén

Kalimah pola ieu diwangun ku subjék, prédikat, jeung komplemén . Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[46] Kal Das => S + P + Kom + In Fi

Contona:

(265) Si Damin tumpak mobil.

(266) Akang mah dagang roko.

(267) Lanceukna jadi supir angkot.

d. Pola Subjék-Prédikat-Komplemén-Objék

Ieu kalimah téh diwangun ku subjék, prédikat, komplemén, jeung objék . Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[47] Kal Das => S + P + Kom + O + In Fi

Contona:

(268) Mang Kurdi mangnyieunkeun imah keur anakna.

(269) Manéh mah mawa balangsak ka kolot.

(270) Kuring mangnyokotkeun duit keur Déwi.

4.3.3.1.2 Kalimah Jembar

Kalimah jembar nya éta kalimah salancar anu diwangun ku unsur-unsur fungsional wajib jeung unsur fungsional wenang anu mangrupa advérbia (katerangan) jeung modalitas. Ku lantaran kitu, adeganana bisa mangrupa pola salah sahiji kalimah basajan anu dilegaan maké advérbia (katerangan) jeung atawa tanpa modalitas. Contona:

(271) Baudak téh maraén bal di lapang kidul.

(272) Barudak téh maraén bal di lapang kidul meureun.

Kalimah (271) mangrupa kalimah jembar anu diwangun ku subjék, prédikat, jeung katerangan; ari kalimah (272) mangrupa kalimah jembar anu diwangun ku subjék, prédikat, katerangan, jeung modalitas. Pola kalimah jembar umumna bisa digambarkeun kieu:

[49] Kal Jem => S + P + (Kom) + (O) + K + In Fi

anu ngandung maksud kalimah jembar diwangun ku subjék, prédikat, jeung katerangan, maké komplemén atawa henteu, jeung maké objék atawa henteu. Nilik susunan umumna, adegan kalimah jembar téh bisa mangrupa pola-pola kalimah saperti anu dipedar ieu di handap.

a. Pola Subjék-Prédikat-Katerangan

Ieu kalimah téh diwangun ku subjék, prédikat, jeung katerangan, anu bisa diformulasikeun saperti kieu.

[48] Kal Jem => S + P + K + In Fi

Contona:

(273) Beungeutna karadak kawas kedok bakal.

(274) Buukna camut-mut lir kapas.

(275) Pa Rustam téh angkat ka Singaparna.

b. Pola Subjék-Prédikat-Objék-Katerangan

Kalimah pola ieu diwangun ku subjék, prédikat, objék, jeung katerangan. Ieu kalimah téh bisa digambarkeun ku formula saperti kieu.

[49] Kal Jem => S + P + O + K + In Fi

Contona:

(276) Budak awéwé nyokot hihid tina pago.

(277) Manéhna nyaritakeun pangalamana di hareupeun barudak.

(278) Mang Kurdi ngasongkeun leungeunna ka kuring.

c. Pola Subjék-Prédikat-Komplemén-Katerangan

Kalimah pola ieu diwangun ku subjék, prédikat, komplemén, jeung katerangan. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[50] Kal Jem => S + P + Kom + K

Contona:

(279) Brudak mah tarumpak motor kamari téh

(280) Indungna dagang sangu konéng di terminal.

(281) Batur mah lalajo wayang golék peuting tadi téh.

d. Pola Subjék-Prédikat-Komplemén-Objék-Katerangan

Kalimah pola ieu diwangun ku subjék, prédikat, komplemén, objék, jeung katerangan, anu adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[51] Kal Jem => S + P + Kom + O + K + In Fi

Contona:

(282) Salakina téh ngiriman duit ka pamajikanana unggal bulan.

(283) Si Damin téh mangnyieunkeun rorodaan keur adina basa mangkukna.

(284) Emang téh mangneangankeun kamar kontrakan keur Si Dasim ka dieu téh.

Disawang tina harti atawa maksud anu dikandung ku kateranganana, kalimah jembar bisa dibédakeun jadi sababaraha rupa, nya éta kalimah jembar tempat, waktu, cara, tujuan, pangbarung, alat, jumlah, babandingan, sabab, iwal, aspék, jeung modalitas.

4.3.3.1.2.1 Katerangan Tempat

Katerangan tempat téh nétélakeun tempat lumangsungna hiji kajadian, pagawéan, atawa kaayaan, nya éta netelakeun tempat anu diancikkn, anu dituju, jeung anu ditinggalkeun. Katerangan tempat téh bisa dipaké ngajawab pananya: *di mana, ka mana, ti mana, beulah mana, dina naon, kana naon, tina naon*. Ieu katerangan téh sok ditandaan ku preposisi atawa kecap pangantét *di, dina, ka, kana, ti, tina*, jeung kecap-kecap anu nuduhkeun tempat atawa madhab mak

rarangkén *-eun*, saperti *handapeun, luhureun, tukangeun, hareupeun, gigireun, kaléreun, kiduleun, wétaneun*, jeung sajabana. Jadi, katerangan tempat téh wangunna mangrupa frasa preposisional. Contona:

- (285) Kuring neundeun duit *dina laci lomari*.
- (286) Bapa téh rék nyaba *ka Tokyo*.
- (287) Késang mani ngucur *tina awakna*.
- (288) Manéhna ngiuhan *handapeun tangkal kiara*.

4.3.3.1.2.2 Katerangan Waktu

Katerangan waktu nétélakeun waktu lumangsungna hiji pagawéan, hiji kajadian, atawa kaayaan, nya éta nuduhkeun waktu nu geus kaliwat, nu keur dialaman, nu bakal datang, jeung waktu lilana. Katerangan waktu téh bisa dipaké ngajawab pananya: *iraha, ti iraha, nepi ka iraha*. Ieu katerangan téh ilaharna ditetelakeun ku kecap atawa frasa nu nuduhkeun waktu, saperti jam (pukul, tabuh), poé, minggu, bulan, taun, minggu, jeung abad. Waktu nu geus kaliwat sok ditétélakeun ku kecap-kecap *baheula, baréto, kapungkur, harita, mangkukna, kamari, tadi, cikenéh, nembé*, jeung kecap-kecap anu nuduhkeun waktu ditambahan ku kecap *éta*, saperti *poé éta, minggu éta*, jeung sajabana. Waktu nu keur dialaman sok ditétélakeun ku kecap-kecap *ayeuna, kiwari*, jeung kecap-kecap anu nuduhkeun waktu ditambahan ku kecap *ieu*, saperti *poé ieu, minggu ieu*, jeung sajabana. Waktu nu bakal datang sok ditétélakeun ku kecap-kecap *engké, isuk, pagéto, jaga*, jeung kecap-kecap anu nuduhkeun waktu ditambahan ku kecap *hareup* atawa frasa *bakal datang*, saperti *Kemis hareup, Ahad nu bakal datang*. Waktu anu nuduhkeun lilana sok ditétélakeun ku kecap-kecap atawa frasa anu nuduhkeun waktu ditambahan ku kecap bilangan; contona: *sapoé* (tina *hiji poé*), *dua poé, tilu minggu, opat bulan, lima windu, sapuluh abad*, atawa frasa anu nuduhkeun waktu anu maké préposisi atawa kecap pangantét *dina* atawa *ti ... nepi ka ...*, saperti *dina bulan Agustus, dina sasih Rajab, ti tabuh salapan nepi ka tabuh sapuluh, ti ayeuna nepi ka jaga, ti kapungkur dugi ka ayeuna*. Contona:

- (289) *Tabuh dua belas* barudak kaluar ti sakola.

- (290) Manéhna *engké rék* kad dieu deui.
- (291) *Ti poe Senén kénéh* Yuni teu tembong-tembong.
- (292) Urang bakal tepung deui *bulan hreup*.

4.3.3.1.2.3 Katerangan Cara

Katerangan cara nétélakeun kumaha lumangsungna pagawéan, kajadian, atawa kaayaan anu diébréhkeun ku prédikat hiji kalimah atawa klausa. Katerangan cara biasana ditétélakeun ku kecap-kecap anu nuduhkeun sipat atawa kaayaan hiji kajadian atawa prosés, saperti *tarik, gancang, gura-giru, ngabaheuhay, nyangkéré*, jeung sajabana. Sakapeung katerangan cara diébréhkeun ku frasa atawa klausa (dina kalimah sumeler) anu dimitian ku kecap *kalawan, kalayan*, atawa *bari*. Contona:

- (293) Manéhna ngagorowok *tarik pisan*.
- (294) Bangsat téh lumpat *mani tipaparétot*.
- (295) *Kalayan hormat* sim kuring ngalulungsur Bapa.
- (296) Mang Darta *buru-buru* indit.

4.3.3.1.2.4 Katerangan Tujuan

Katerangan tujuan ngécéskeun maksud atawa tujuan lumangsungna pagawéan anu ditétélakeun ku prédikat hiji kalimat atawa klausa. Katerangan tujuan téh bisa dipaké ngajawab pananya *keur naon, keur saha, pikeun naon, pikeun saha* éta pagawéan anu diébréhkeun ku prédikat téh dilakukeun. Ieu katerangan biasana mangrupa frasa préposisional anu dimimitian ku *keur* atawa *pikeun*. Contona:

- (297) *Keur kapentingan umum* urang ngadegkeun ieu masjid.
- (298) Hansip téh diayakeun *pikeun kaaman daérah*.

4.3.3.1.2.5 Katerangan Pangbarung

Katerangan pangbarung ngajéntrékeun saha-sahana atawa naon-naonna nu marengan atawa maturan subjék ngalakukeun pagawéan anu

diébréhkeun ku prédikat dina hiji kalimah atawa klausa. Ieu katerangan téh biasana mangrupa frasa préposisional anu dimimitian ku kecap *jeung*. Contona:

- (299) Manéhna indit ka Jakarta *jeung kuring*.
- (300) Sukarta téh ngobrol *jeung dununganana*.

4.3.3.1.2.6 Katerangan Alat

Katerangan alat ngécéskeun naon anu jadi alat atawa parobot anu dipaké pikeun ngalakukeun pagawéan anu diébréhkeun ku prédikat dina hiji kalimah atawa klausa. Ieu katerangan téh ilaharna mangrupa frasa préposisional anu anu dimitian ku kecap *ku, kana*, atawa *maké*. Contona:

- (301) *Maké naon* nulis téh, Jang?
- (302) Barudak téh keur ngahias balandongan *ku janur*.
- (303) *Kana naon* urang balik téh?
- (304) Si Amang motongan kai *maké ragaji gobéd*.

4.3.3.1.2.7 Katerangan Frekuensi

Katerangan frekuensi nétélakeun sabaraha kali lumangsungna pagawéan anu diébréhkeun ku prédikat hiji kalimah atawa klausa. Ieu katerangan téh biasana mangrupa frasa anu maké kecap *kali* atawa *balikan*. Contona:

- (305) Sim kuring kantos tepang sareng anjeunna *dua kali*.
- (306) Manéhna mah *sabulan sakali* nyaba ka Singapura.
- (307) *Geus sabaraha balikan* silaing ngaliwat ka dinya?

4.3.3.1.2.8 Katerangan Babandingan

Katerangan babandingan nétélakeun saruana atawa bédana hiji hal atawa hiji kaayaan anu diébréhkeun ku prédikat hiji kalimah atawa klausa. Ieu katerangan téh sok ditandaan ku kecap-kecap *siga, jiga, kawas, lir, ibarat, saperti, batan, ti batan, tinimbang, manan*. Contona:

- (308) Awakna begang *siga régang garing*.
- (309) Lemburna leuwih jauh *batan lembur kuring*.

4.3.3.1.2.9 Katerangan Sabab

Katerangan sabab nuduhkeun hiji sabab lumangsungna pagawéan, kajadian, atawa kaayaan anu ditétélakeun ku prédikat hiji kalimah atawa klausa. Ieu katerangan téh biasana mangrupa frasa anu dimimitian ku kecap-kecap *ku, sabab, ku sabab, lantaran, ku lantaran, pédah*. Contona:

- (310) Bendungan téh bédah deui *ku caah déngdéng*.
- (311) *Ku lantaran hama wereng* panén taun ieu mah rugi.

4.3.3.1.2.9 Katerangan Iwal

Katerangan iwal nuduhkeun yen hiji hal henteu kaasup kana hal-hal anu kakeunaan atawa kawengku ku kaayaan, kajadian, atawa pagawéan anu diébréhkeun ku prédikat hiji kalimah atawa klausa. Ieu katerangan sok ditandaan ku kecap *iwal, jaba*, atawa *kajaba*. Contona:

- (312) Unggal poé ogé kuring mah ka pasar *kajaba poé Jumaah*.
- (313) *Iwal peuteuy* sagala kadaharan henteu dipantrang.

4.3.3.1.2.10 Katerangan Aspék

Katerangan aspék nétélakeun lumangsungna atawa kajadianana hiji pagawéan atawa kaayaan anu diébréhkeun dina hiji kalimah atawa klausa. Béda jeung katerangan séjénna, katerangan aspék mah kalolobaanana raket pisan patalina jeung prédikat nepi ka mangrupa hiji frasa jeung kecap anu jadi puseur prédikatna. Katerangan aspék anu mangrupa hiji frasa jeung prédikatna bisa dititénan dina pedaran frasa (hususna 4.2.3.2.5). Contona:

- (314) *Deregdeg* budak téh ngudag ka kuring.
- (315) *Bray* lambaran pangalamanana muka.
- (316) *Dumadakan* sado téh ngaliwat ka lebah dinya.
- (317) *Biasana mah* budak teh getol ngapalkeun.

4.3.3.1.2.11 Katerangan Modalitas

Keterangan modalitas nétélakeun sikep, pamadegan, atawa tapsiran subjéktif panyatur kana eusi omongan anu diucapkeun ku manehna atawa kana lumangsungna kajadian atawa kaayaan anu diébréhkeun dina predikat hiji kalimah atawa klausa. Dibandingkeun jeung aspék, dina ungkara atawa dina leunjeuran kalimahna modalitas mah tempatna leuwih bébas. Papadaning kitu, teu saeutik katerangan modalitas anu ngahiji jeung predikat nepi ka méh jadi hiji frasa.

Modalitas téh aya sababaraha rupa, di antarana baé, modalitas kapastian, kahangham, kainggis atawa kahariwang, kawajiban, paidin, pamungkir, kahéran, kahanjakal, jeung pangarep-ngarep, saperti dipedar ieu di handap.

1) *Modalitas Kapastian*

Modalitas kapastian nétélakeun yén hiji kajadian dianggap enya-nya lumangsungna. Kapastian téh sok diébréhkeun ku kecap-kecap *pasti, tangtu, moal boa, moal burung, tanwande*. Contona:

- (318) *Pasti* silaing bakal dikoroyok.
- (319) *Moal boa* budak téh minggat.
- (320) *Tanwandé* ka urang mah dibikeun.

2) *Modalitas Kahangham*

Modalitas kahangham nétélakeun yén panyatur ragu-ragu, hangham, asa-asa, atawa henteu pati yakin kana lumangsungna hiji kajadian anu ditétélakeun dina hiji omongan atawa kalimah. Kahangham téh diébréhkeun ku kecap-kecap *meureun, sigana, kawasna, rupina, panginten*. Contona:

- (321) *Meureun* embé téh dibaruang.
- (322) Geus dipulangkeun *meureun* rancatan téh.
- (323) *Kawasna* si éta mah moal datang deui.

3) *Modalitas Kainggis atawa Kahariwang*

Modalitas kainggis atawa kahariwang nétélakeun yén lumangsungna hiji kajadian dipikainggis, dipikarisi, atawa dipikahariwang ku panyatur. Kainggis atawa kahariwang téh ditétélakeun ku kecap-kecap *palangsiang, boa-boa, bilih, bisi, paur*. Contona:

- (324) *Bisi* manéhna balik deui.
- (325) *Palangsiang* barudak téh tabrakan.
- (326) *Boa-boa* manéhna téh nepi ka hanteuna.

4) *Modalitas Kawajiban*

Modalitas kawajiban nétélakeun yén lumangsungna hiji kajadian dianggap kudu atawa wajib ku panyaturna. Modalitas kawajiban diébréhkeun ku kecap-kecap *kudu (kedah), wajib, perlu, misti*. Contona:

- (327) Saréréa oge *wajib* ngabéla nagara.
- (328) Silaing *kudu* indit ayeuna kénéh.
- (329) *Perlu* saréréa ogé dibéjaan deui.

5) *Modalitas Paidin*

Modalitas paidin nétélakeun yén lumangsungna hii kajadian atawa pagawéan dimeunangkeun ku panyaturna. Paidin téh ditétélakeun ku kecap-kecap *meunang, bisa (tiasa, kéngéng)*. Contona:

- (330) *Meunang* kuring milu mairan?
- (331) *Bisa* silaing balik ayeuna?
- (332) Kamar téh *tiasa* dilebetan ku sasaha.

6) *Modalitas Pamungkir*

Modalitas pamungkir atawa sangkalan nétélakeun yén lumangsungna hiji kajadian atawa kaayaan disangkal, dibantah, atawa henteu ditarima ku panyaturna. Pamungkir téh diébréhkeun ku kecap-kecap *piraku, moal enya, mustahil*.

- (333) *Piraku* urang maké rék mundur deui.
- (334) *Moal enya* kuring kudu indit tengah peuting.
- (335) *Mustahil* aya jelema sisitan.

7) *Modalitas Kahanjakal*

Modalitas kahanjakal nétélakeun yén panyatur ngarasa hanjakal atawa kaduhung ku lumangsungna hiji kajadian atawa kaayaan anu diébréhkeun dina kalimahna. Kahanjakal téh diébréhkeun kecap *hanas* atawa *boro*. Contona:

- (336) *Hanas* rejeki saeutik gé diagéh-agéh.
- (337) *Boro* urang geus sasadiaan.
- (338) *Hanas* kuring teu barangbeuli.

8) **Modalitas Pangarep-ngarep**

Modalitas pangarep-ngarep nétélakeun yén lumangsungna hiji kajadian atawa kaayaan pohara diarep-arepna ku panyatur. Pangarep-ngarep téh diébréhkeun kecap-kecap *muga*, *mugi*, *mugia*, *muga-muga*, *mugi-mugi*, *mudah-mudahan*, *hayang téh*. Contona:

- (339) *Mugi* Engkang kersa ngahapunten ka jisim abdi.
- (340) *Muga-muga* urang saréréa ditangtayungan ku Mantenna.
- (341) *Hayang téh* manéhna datang deui ka dieu.

9) **Modalitas Kahéran**

Modalitas kahéran nétélakeun yén lumangsungna hiji kajadian atawa kaayaan dipikaneh, dipikahéran, atawa henteu disangka ti awalna ku panyatur. Kahéran téh diébréhkeun ku kecap-kecap *baruk*, *kutan*, *geuning*, *sihoréng*, *manahoréng*, *karah*. Contona:

- (342) *Baruk* si éta téh acan disunatan.
- (343) *Kutan* manéhna téh geus dikawinkeun.
- (344) *Karah* Pa Didi téh ngawayuh.

4.3.3.2 **Kalimah Rangkepan**

Kalimah anu diwangun ku dua klausa atawa leuwih di dieu disebut kalimah rangkepan. Antara klausa-klausa anu ngawangun éta kalimah téh aya patalina boh gramatik boh semantik.

Patali gramatik antarklausa dina kalimah rangkepan téh aya dua rupa: (1) koordinasi atawa ngantétkeun, (2) subordinasi atawa

sumélér. Koordinasi ngébréhkeun yén klausa-klausa anu ngawangun kalimah rangkepan téh sadarajat. Ari subordinasi ngébréhkeun yén klausa-klausa anu ngawangun kalimah rangkepan téa henteu sadarajat; salahsahiji klausana nyicingan salahsahiji fungsi tina klausa sejenna atawa tina kalimah rangkepanana, atawa bisa ogé disebutkeun salahsahiji klausana mangrupa bagian tina klausa séjénna. Koordinasi ngahasilkeun kalimah ngantét, ari subordinasi ngahasilkeun kalimah sumélér. Dina kalimah ngantét klausa-klausana dikantétkeun ku kecap panyambung koordinatif (koordinasi, koordinator), ari dina kalimah sumélér klausa-kalusa téh disambungkeun ku kecap panyambung subordinatif (subordinasi, subordinator).

Patali semantik antarkalusa dina kalimah rangkepan ngébréhkeun yén ngantétna atawa nyambungna klausa-klausa téh ngandung harti anu tangtu, saperti nuduhkeun waktu, sabab, akibat, lalawanan, jeung sajabana, anu kapanggih boh dina kalimah ngantét boh dina kalimah sumélér.

4.3.3.2.1 **Kalimah Ngantét**

Kalimah ngantét ngandung ciri sintaktis anu ngabedakeun ieu kalimah tina kalimah sumélér. Umumna kalimah ngantét téh miboga ciri-ciri ieu di handap.

a. ***Klausa-klausa anu ngawangun kalimah ngantet sarua tahapanana, satata, atawa sadarajat.***

Dina kalimah ngantét pasambungna dua klausa atawa leuwih henteu ngarobah status klausana. Unggal klausa dina kalimah ngantét tetep nyangking idéntitasna sorangan. Upamana kalimah

(345) Abu Nawas nanya, sedeng pikiranana mah terus ngalayang. klausa-klausana, nya éta (1) *Abu Nawas nanya* jeung (2) *pikiranana mah terus ngalayang*, sarua tahapanana. Eta dua klausa téh, anu dikantétkeun ku kecap panyambung atawa konjungsi *jeung*, statusna angger mangrupa klausa anu mandiri, henteu robah jadi bagian tina kalimah séjénna.

b. ***Tempat klausa katut kecap panyambungna dina kalimah ngantét umumna henteu bisa dipatukeurkeun.***

Klausa-klausa katut kecap panyambungna dina kalimah ngantét henteu bisa dipatukeurkeun tempatna, anu ngandung harti yén lamun dipaksa dipatukeurkeun, kalimahna jadi henteu gramatis, henteu bisa ditarima ku akal séhat panyatur. Upamana kalimah

(346) Eta duit téh dibeulikeun kana imah anu kacida agréngna, sarta sawaréh deui dibeulikeun kana batu ali anu kacida mahalna.

klausa-klausana, nya éta (1) *éta duit téh dibeulikeun kana imah anu kacida agréngna* jeung (b) *sawaréh deui dibeulikeun kana batu ali anu kacida mahalna*, anu dikantétkeun ku kecap panyambung *sarta*, henteu bisa dirobah jadi

(347)* *Sarta sawaréh deui dibeulikeun kana batu ali anu kacida mahalna, duit téh dibeulikeun kana imah anu kacida agréngna.*

c. **bisa miheulaan kecap barang Kecap sulur dina hiji klausa kalimah ngantét henteu anu disuluranana anu aya di na klausa séjénna.**


Dina kalimah ngantét mindeng aya kecap barang anu mangrupa ngaran dipakéna babarengan jeung kecap sulurna. Lamun kecap barang jeung kecap sulur dipaké dina dua klausa kalimah ngantét, kecap sulurna kudu ditempatkeun dina klausa sanggeus klausa ngandung kecap barangna téa. Contona kalimah ieu di handap.

(348) *Damin turun tina golodog, tapi kakara lima léngkah ogé manéhna balik deui.*

(349) *Manéhna turun tina golodog, tapi kakara lima léngkah ogé Damin balik deui.*

Dina kalimah (348) anu dimaksud ku *manéhna* téh moal boa *Damin*; ari dina kalimah (349) mah *manéhna* téh acan tangtu, bisa jadi *Damin*, bisa jadi ogé nu séjén. Lamun digambarkeun maké bagan, adegan éta kalimah ngantét téh saperti kieu.

Bagan 4.5: Kalimah Ngantét



Nurutkeun patali harti antarklausana, kalimah ngantét téh aya sababaraha rupa, nya éta kalimah jumlah, kalimah lalawanan, kalimah pilih, kalimah tumuluy, kalimah sinambung, jeung kalimah panandes.

4.3.3.2.1.1 Kalimah Jumlah

Kalimah jumlah, disebut ogé kalimah ajungtif, nya éta kalimah ngantét anu patali harti antarklausana nuduhkeun jumlah. Dina kalimah jumlah kagiatan, kajadian, prosés, atawa kaayaan anu diébréhkeun dina hiji klausa dijumlahkeun jeung kagiatan, kajadian, prosés, atawa kaayaan anu diébréhkeun dina klausa séjénna; atawa bisa ogé disebutkeun naon-naon anu ditétélakeun dina hiji klausa dijumlahkeun jeung naon-naon anu ditétélakeun dina klausa séjénna, maké konjungsi pangjumlah atawa henteu. Konjungsi atawa kecap panyambung anu sok dipaké ngantétkeun klausa-klausa kalimah jumlah téh nya éta *jeung*, *sarta*, *tur*, *katut*, *(ka)tambah-tambah*, *(ka)turug-turug*, *(sa)jaba* *(ti)*, *(pon) kitu deui*. Contona ieu kalimah di handap.

(350) *Ieu ponggawa téh kedah ditangkep, dilebetkeun kana pangbérokan, sarta saterusna kedah dipocot tina kapangkatanana.*

Kalimah (350) téh diwangun ku tilu klausa anu nétélakeun tilu kajadian: (a) *ieu ponggawa téh kedah ditangkep*, (b) *(ieu ponggawa téh) dilebetkeun kana pangbérokan*, jeung (c) *(ieu ponggawa téh) sterusna kedah dipocot tina kapangkatanana*. Eta tilu kajadian anu ditétélakeun ku tilu klausa dijumlahkeun atawa digabungkeun jadi hiji

kalimah maké kecap panyambung *sarta*. Adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[52] \text{ Kal Jum } \Rightarrow \text{ Kla-1 + Konj: } \left(\begin{array}{c} \langle \text{jeung} \rangle \\ \langle \text{sarta} \rangle \\ x \end{array} \right) + \text{ Kla-2 + In Fi}$$

Contona:

- (351) Mun ku Si Aki Pangebon mah runtah téh tacan karuhan beresih, jeung taneuh muncung tacan karuhan rata saperti nu dipimaksud ku aing.
- (352) Di hiji kampung seueur nu maot kalaparan, sarta seueur deui nu sanésna nu nandangan panyakit lapar.
- (353) Atuh kapaksa tabib téh ngider néangan ubar nu bakal bisa nyageurkeun putri, tur pamingpin pausahaanana daékeun méré potongan pikeun kauntungan dirina.

4.3.3.2.1.2 Kalimah Lalawanan

Kalimah lalawanan atawa kalimah antitétik nya éta kalimah ngantét anu patali harti antarklausana nuduhkeun lalawanan. Kalimah lalawanan téh biasana ngandung dua proposisi anu lalawanan; prposisi anu kahiji mangrupa tésis, ari anu kaduana mangrupa antitésis. Dina kalimah lalawanan klausa kaduana nétélakeun kaayaan atawa hal anu béda, tojaiah, papalingpang, atawa sabalikna tina kaayaan atawa hal anu ditétélakeun dina klausa kahiji. Contona kalimah ieu di handap.

(354) Indungna mah tegep, tapi bapana mah goréng patut.

Kalimah (341) diwangun ku dua klausa: (a) *indungna mah tegep*, (b) *bapana mah goréng patut*. Kaayaan anu diébréhkeun dina klausa kaduana, nya éta *goréng patut*, mangrupa kaayaan anu sabalikna tina kaayaan anu diébréhkeun dina klausa kahiji, nya éta *tegep*. Eta dua klausa anu ngandung dua kaayaan anu béda téh dikantétkeun ku kecap panyambung *tapi*.

Patali harti antarklausa anu nuduhkeun lalawanan téh aya rupa-rupa, nya éta lalawanan anu disebut opositif, kontrasitif, limitatif,

jeung implikatif, saperti anu katangén dina kalimah-kalimah ieu di handap.

- (355) Aya nu maksa bébéne sangkan teu jadi ka kuring, tapi kudu jadi ka manéhna.
- (356) Kitu lah jiga burok, ngan awakna lain kuda, tapi kawung.
- (357) Ari kawung Ki Jumsi enya jugrah, tapi lahangna kos nu atah raru, sok haseum baé.
- (358) Teu saeutik nu ngalandongan putri, tapi panyawatna tetep baé henteu ngurangan.

Jaba ti nu ditataan di luhur, aya deui kalimah lalawanan anu sok disebut kalimah kanyataan atawa kalimah faktif, nya éta kalimah ngantét anu klausa kaduana nétélakeun kanyataan atawa hal anu nyata, anu béda atawa papalingpang jeung kanyataan atawa hal anu diébréhkeun dina klausa kahiji. Klausa-klausa kalimah faktif téh sok dikantétkeun ku kecap panyambung *padahal* atawa *sedeng(keun)*, saperti anu katangén dina kalimah-kalimah ieu di handap. Contona:

- (359) Asa lila salat magrib teh, padahal angger sabiasa.
- (360) Manéhna téh geus balik, padahal pagawéanana can anggeus.
- (361) Jalma-jalma nu ngalandongan ti payun henteu dikua-kieu, padahal henteu mustahil nya maranéhanana anu ngalantarankeun tambih abotna putra gusti téh.

Sakapeung kalimah lalawanan téh sok babarengan jeung kalimah jumlah mangrupa kalimah lalawanan-jumlah atawa kalimah antitétik-aditif. Klausa-klausana sok dikantétkeun ku kecap panyambung *tapi ogé* atawa *tapi deuih*, saperti anu katangén dina kalimah-kalimah ieu di handap.

- (362) Muga tong poho singsaha anu bisa nyageurkeun putri ku kami bakal diangkat jadi mantri, tapi ogé singsaha nu teu bisa nyageurkeun putri dina jero tilu minggu bakal dihukum pati.
- (363) Bangsa urang mah gampang kawinna, tapi deuih babari pisan pepegatan.

Dumasar kana kanyataan di luhur, adegan kalimah lalawanan téh bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

$$[52] \text{ Kal Lal} \Rightarrow \text{Kla-1} + \text{Konj:} \begin{pmatrix} \langle \text{tapi} \rangle \\ \langle \text{padahal} \rangle \\ x \end{pmatrix} + \text{Kla-2} + \text{In Fi}$$

Conto nu séjénna:

- (364) Lurah santri bisa ngabutakan sirah anta, tapi anta mah saumur dumelah ogé kawasna moal mampuh males ngabutakan sirah lurah santri.
- (365) Atuh di kantor-kantor para padamel henteu didamel sakumaha mistina, naging kantor téh kalahka didamel tempat ngobrol.
- (366) Karasa obah, lain obah hayang lesot, tapi obah méréan.

4.3.3.2.1.3 Kalimah Pilih

Kalimah pilih atawa kalimah disjungtif nya éta kalimah ngantét anu patali harti antarunsurna nuduhkeun pilih, nya éta harti anu nétélakeun yén di antara sababaraha hal anu diébréhkeun dina klausa-klausa éta kalimah téh ngan salahsahiji baé anu dipilih atawa anu jadi kanyataan. Klausa-klausa kalimah pilih biasana ngébréhkeun hal-hal piliheun anu béda, papalingpang, atawa lalawanan. Sakapeung klausa-klausana téh ngébréhkeun dua hal piliheun anu nétélakeun yén salahsahiji di antarana leuwih hadé (positif) batan anu séjénna, atawa leuwih ngajéntrékeun hal anu séjénna. Contona ieu di handap.

- (367) Naha manéhna rék diturunkeun pangkatna, atawa rék dipindahkeun?
- (368) Manéh mah rék tetep di dieu, atawa rék pindah ti dieu, pék téh teuing.
- (369) Eta kalimah téh disebut kalimah déklaratif atawa kalimah wawaran.

Kalimah (354), upamana, ngandung dua klausa anu nuduhkeun dua hal anu béda, nya éta (a) *naha manéhna téh rék diturunkeun pangkatna*, jeung (b) *(naha manéhna téh) rék dipindahkeun*, anu dikantétkeun ku kecap panyambung *atawa*. Kalimah (356) diwangun ku dua klausa, nya éta (a) *éta kalimah téh disebut kalimah déklaratif*, (b) *(éta kalimah téh disebut) kalimah wawaran*, anu dikantétkeun ku

kecap panyambung *atawa*. Eta dua hal anu diébréhkeun ku dua klausa téh sarua maksudna, henteu béda, henteu mangrupa lalawanan, tapi salahsahiji di antarana dianggap bakal leuwih bisa ngajéntrékeun naon anu dimaksud ku éta omongan (proposisi) téa. Ku ditambahkeunana *kalimah wawaran*, naon anu dimaksud ku *kalimah déklaratif* teh dianggap bakal jadi leuwih jéntré.

Adegan kalimah pilih sakumaha anu dipedar di luhur téh bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[53] \text{ Kal Pil} \Rightarrow \text{Kla-1} + \text{Konj:} \langle \text{atawa} \rangle + \text{Kla-2} + \text{In Fi}$$

Jaba ti adegan saperti di luhur, aya deui adegan kalimah pilih modél séjén, anu bisa digambarkeun saperti ieu di handap

$$[54] \text{ Kal Pil} \Rightarrow \text{Konj:} \begin{pmatrix} \langle \text{teuing} \rangle \\ \langle \text{duka} \rangle \end{pmatrix} + \text{Kla-1} + \text{Konj:} \begin{pmatrix} \langle \text{teuing} \rangle \\ \langle \text{duka} \rangle \end{pmatrix} + \text{Kla-2} + \text{In Fi}$$

Contona:

- (370) Teuing kalah ku mindeng, teuing mémang geus waktuna, leungeun éta kawung téh nongtot.
- (371) Duka pédah Si Padil ngasongkeun tilepan kéréta titipan Bi Mu'ah, duka mémang mentalna geus pulih deui.
- (372) Duka pédah kuring katalian ku komara aki almarhum, duka mémang enya kataji ku pamilih kuring nu béda.

4.3.3.2.1.4 Kalimah Tummuluy

Kalimah tummuluy atawa kalimah kontinuatif nya éta kalimah anu patali harti antarklausana nuduhkeun yén kajadian, kagiatan, atawa prosés nu diébréhkeun dina hiji klausa dituluykeun ku kajadian, kagiatan atawa prosés anu diébréhkeun dina klausa séjénna. Contona ieu di handap.

- (373) Manéhna gancang malik deui, terus nyéréd ka Bi Mu'ah.

Kalimah (360) diwangun ku dua klausa, nya éta (a) *manéhna gancang malik deui*, (b) *(manéhna) nyéréd ka Bi Mu'ah*, anu dikantétkeun ku kecap panyambung *terus*. Klausa (a) nétélakeun hiji kagiatan, nya éta *malik deui*, anu dituluykeun ku kagiatan séjén, nya éta *nyéréd ka Bi Mu'ah*, anu ditétélakeun ku klausa (b).

Adegan kalimah tumuluy téh aya dua rupa , anu bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

$$[55] \text{ Kal Tum } \Rightarrow \text{Kla-1} + \text{Konj:} \begin{pmatrix} \langle \text{tuluy} \rangle \\ \langle \text{terus} \rangle \end{pmatrix} + \text{Kla-2} + \text{In Fi}$$

$$[56] \text{ Kal Tum } \Rightarrow \text{Konj:} \begin{pmatrix} \langle \text{sanggeus} \rangle \\ \langle \text{sabada} \rangle \end{pmatrix} + \text{Kla-1} + \text{Konj:} \begin{pmatrix} \langle \text{tuluy} \rangle \\ \langle \text{terus} \rangle \end{pmatrix} + \text{Kla-2} + \text{In Fi}$$

Conto kalimahna:

- (374) Kaciri Imas keukeureuceuman, tuluy ngabalieur.
- (375) Semah dimanggakeun sina diuk di tépas, terus manéhna ka dapur rék nyokot cai.
- (376) Sangeus ditaékkeun pangkatna, tuluy manéhna téh dipindahkeun.
- (377) Sabada nyembah, tuluy éta tabib téh permisi.

4.3.3.2.1.5 Kalimah Sinambung

Kalimah sinambung atawa kalimah korélatif nya éta kalimah ngantét anu patali harti antarklausana nuduhkeun yén hiji hal, kaayaan, atawa kajadian anu diébréhkeun dina hiji klausa sinambung atawa luyu jeung lumangsungna hiji hal, kaayaan, atawa kajadian anu diébréhkeun dina klausa séjénna, saperti anu katangén dina contona ieu di handap.

(378) Beuki loba jelema nu ngilu, beuki hésé ngaturna.

Kalimah (365) diwangun ku dua klausa, nya éta (a) *loba jelema nu ngilu*, (b) *hésé ngaturna*, anu ngébréhkeun dua kaayaan. Lumangsungna éta dua kaayaan téh sinambung atawa luyu, nya éta robahna kaayaan anu ditétélakeun dina klausa (a) sarua, saluyu, babarengan jeung robahna kaayaan anu diébréhkeun dina klausa (b); atawa lamun kaayaan anu diébréhkeun dina klausa (a) robah, kaayaan anu diébréhkeun dina klausa (b) ogé robah deuih. Ieu kanyataan téh nétélakeun ayana kasinambungan atawa

korélasi atara dua hal atawa dua kaayaan. Klausa-klausa kalimah sinambung téh sok dikantétkeun ku kecap panyambung *beuki*, *tambah*, atawa *mingkin*. Ku lantaran kitu, adeganana bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

$$[57] \text{ Kal Sin } \Rightarrow \text{Konj:} \begin{pmatrix} \langle \text{beuki} \rangle \\ \langle \text{tambah} \rangle \\ \langle \text{mingkin} \rangle \end{pmatrix} + \text{Kla-1} + \text{Konj:} \begin{pmatrix} \langle \text{beuki} \rangle \\ \langle \text{tambah} \rangle \\ \langle \text{mingkin} \rangle \end{pmatrix} + \text{Kla-2} + \text{In Fi}$$

Contona:

- (379) Beuki pageuh nyekel kana agama, beuki sieun ngalakukeun kajahatan.
- (380) Beuki gedé kasalahan, beuki gedé dosa aing téh.
- (381) Mingkin wengi kaayaan di eta lembur teh mingkin simpe.

4.3.3.2.1.6 Kalimah Panandes

Kalimah panandes téh nya éta kalimah ngantét anu patali harti antarklausana nétélakeun yén hal, kaayaan, kajadian, atawa prosés anu diébréhkeun dina hiji klausa mangrupa panandes kana hal, kaayaan, kajadian, atawa proses anu diébréhkeun dina klausa séjénna. Klausa anu ngébréhkeun panandes biasana ngandung hal atawa kaayaan anu leuwih teleb batan hal atawa kaayaan anu ditétélakeun dina klausa séjénna. Contona ieu di handap.

- (382) Bako téh makruh, malah aya nu ngaharankeun nanaon.

Dina kalimah (369) klausa *klausa bako téh makruh* kaayaanana ditandeskeun ku klausa *aya nu ngaharamkeun*. Kaayaan *haram* tanwandé leuwih teleb atawa leuwih banget batan *makruh*; larangan migawé hal anu diharamkeun leuwih banget batan larangan migawé hal anu dimakruhkeun. Kalimah panandes téh adeganana saperti ieu di handap.

[58] Kal Panan => Kla-1 + Konj: <malah> + Kla-2 + In Fi

Contona:

(383) Séba kangkang pindah diukna ka kuring, malah tuluy ngarangkul bari ngomong.

(384) Anjeunna kungsi dodongéng ka emang, ka akang, malah aya sababaraha urang santri milu ngabandungan.

(385) Mangkaning kawung geus ngaronjatkeun darajat aki di désa, malah julukan Kawung Ratu ogé geus kawangikeun.

4.3.3.2 Kalimah Sumeler

Kalimah sumélér miboga ciri sintaktis anu béda jeung ciri-ciri kalimah ngantét. Dina gurat badagna ciri kalimah sumélér téh dipedar ieu di handap

a. *Klausa-klausa kalimah sumélér henteu satata atawa henteu sadarajat.*

Dina kalimah sumélér aya klausa anu nyicingan salahsahiji fungsi atawa bagian fungsi tina klausa séjénna. Upamana dina kalimah

(386) Basa Imas sumping, Pangersa ngayakeun sukuran. klausa *basa Imas sumping* nyicingan fungsi atawa bagian tina klausa *Pangersa ngayakeun sukuran*, nya éta nyicingan fungsi katerangan. Eta klausa *basa Imas sumping téh* nétélakeun waktuna *Pangersa ngayakeun sukuran*. Eta klausa téh sarua, upamana, jeung *kamari, bulan tukang*, atawa *tadi*, anu miboga fungsi katerangan waktu dina kalimah-kalimah ieu di handap.

(387) Kamari Pangersa ngayakeun sukuran.

(388) Bulan tukang Pangersa nyayakeun sukuran.

(389) Tadi Pangersa ngayakeun sukuran.

b. *Tempat klausa katut kecap panyambungna dina kalimah sumélér umumna bisa dipatukeurkeun.*

Klausa-klausa katut kecap panyambungna dina kalimah sumélér bisa dipatukeurkeun posisina kalawan henteu ngarobah harti kalimahna, iwal klausa anu mangrupa bagian tina frasa anu nyicingan hiji fungsi klausa lulugu atawa kalimahna. Upamana klausa-klausa dina kalimah ieu di handap.

(390) Lantaran ngarep-ngarep Imas, kuring daék tugur wahangan ti isuk jedur nepi ka wayah kieu.

(391) Manéhna boga panyangka yén kuring rék ngusrukkeun. Klausa-klausa dina kalimah (377), nya éta klausa *lantaran ngarep-ngarep Imas* jeung *kuring daék tugur wahangan ti isuk jedur nepi ka wayah kieu*, bisa dipatukeurkeun posisina. Tapi, klausa-klausa dina kalimah (378) mah, nya éta klausa *manéhna boga panyangka* jeung *yén kuring rék ngusrukkeun*, henteu bisa dipatukeurkeun posisina kalwan teu ngarobah maksud éta kalimah. Titenan kalimah-kalimah ieu di handap.

(392) Kuring daék tugur wahangan ti isuk jedur nepi ka wayah kieu lantaran ngarep-ngarep Imas.

(393) * Yén kuring rék ngusrukkeun, manéhna boga panyangka.

b. *Kecap sulur dina hiji klausa kalimah sumélér bisa miheulaan kecap barang anu disuluranana anu aya dina klausa séjénna.*

Béda jeung dina kalimah ngantét, kecap sulur dina kalimah sumélér bisa miheulaan kecap barang anu disuluranana, atawa sabalikna, kalawan maksud kalimahna henteu matak samar. Upamana dina kalimah

(394) Sanajan manéhna tara diondang, Mang Damin mah sok datang baé.

kecap sulur *manéhna* geus tangtu nuduhkeun *Mang Damin*.

Ngarangkepna klausa sélér kana klausa lulugu dina kalimah sumélér aya dua rupa: (1) klausa sélér nyicingan hiji fungsi dina klausa

lulugu, (2) klausa sélér mangrupa bagian tina frasa anu nyicingan salahsahiji fungsi dina klausa lulugu. Contona ieu di handap.

- (395) *Waktu éta ponggawa ninggalkeun éta karaton, Kangjeng Sultan masih kénéh ngahuleng.*
 (396) *Béja yén Putri Nur Hasanah teu damang geus sumebar ka sakuliah Bagdad.*



Kalimah (382) diwangun ku dua klausa: (1) klausa lulugu, anu diwangun ku subjék (*Kangjeng Sultan*), prédikat (*masih kénéh ngahuleng*), jeung katerangan (*waktu éta ponggawa ninggalkeun éta karaton*); (2) klausa sélér, anu diwangun ku konjungtor (*waktu*), subjék (*éta ponggawa*), prédikat (*ninggalkeun*), jeung objék (*éta karaton*). Tétéla yén klausa sélér dina kalimah (382) téh mangrupa klausa anu nyicingan hiji fungsi dina klausa luluguna, nya éta fungsi katerangan (*waktu*).

Kalimah (383) diwangun ku dua klausa deuih: (1) klausa lulugu, anu diwangun ku subjék (*Béja yén Putri Nur Hasanah teu damang*), prédikat (*geus sumebar*), jeung katerangan (*ka sakuliah Bagdad*); (2) klausa sélér, anu diwangun ku konjungtor (*yén*), subjék (*Putri Nur Hasanah*), jeung prédikat (*teu damang*). Ecés pisan yén klausa sélér dina kalimah (383) téh mangrupa bagian tina hiji frasa anu nyicingan hiji fungsi dina klausa lulugu, nya éta bagian tina fungsi subjék.


Ku lantaran patali gramatik kalimah sumélér téh aya dua rupa, nya kalimah sumélér téh bisa dibédakeun jadi dua tipe: (1) kalimah sumélér sambung, nya éta kalimah sumélér anu klausa sélérna nyicingan hiji fungsi dina klausa lulugu; (2) kalimah sumélér sesel, nya éta kalimah sumélér anu klausa sélérna mangrupa bagian tina hiji frasa anu nyicingan hiji fungsi dina klausa lulugu.

Adegan kalimah (395)-(396) téh bisa diébréhkeun dina Bagan 4.6 jeung 4.7.

Bagan 4.6: Kalimah Sumélér-Sambung



Bagan 4.7: Kalimah Sumélér-Sesel



Ieu di handap conto-conto kalimahna. Kalimah (384)--(386) kaasup kalimah sumélér sambung, ari kalimah (387)--(388) kaasup kalimah sumélér sesel.

- (384) Hirup di dunya bakal leuwih ruksak *lamun henteu diaping ku élmu agama*.
- (385) Pikiranana henteu weleh muter néangan akal *sangkan sultan babalik pikir*.
- (386) *Lantaran hayang tepun jeung Imas*, kuring wani ngabohong ka lurah santri.
- (387) Putri nu jadi harepan sakumna rahayat Bagdad kiwari nandangan wuyung.
- (388) Anjeunna kagungan panyangka *yén para mantri jeung ponggawa, malah wazirna nu jadi kapercayaan anjeunna, henteu ngajalankeun sagala palaturan ktut kawijaksanaanana*.

Sakumaha anu geus ditétélakeun di luhur, klausa sélér dina kalimah sumélér téh bisa nyicingan hiji fungsi dina klausa luluguna atawa mangrupa bagian tina hiji frasa anu nyicingan salahsahiji fungsi dina klausa luluguna téa. Klausa sélér dina basa Sunda, di antarana, bisa nyicingan fungsi-fungsi saperti ieu di handap.

a. Klausa sélér mangrupa subjék.

Dina kalimah-kalimah ieu di handap klausa sélér téh nyicingan fungsi subjék atawa jejer dina kalimah atawa klausa luluguna.

Contona:

- (389) Ti kajauhan geus katémbong *yén di handapeun Kawung Ratu aya jelema*.
- (390) Béjakeun ka sakabéh rahayat *yén sultan bakal ngaroris*.
- (391) Ka sakumna rahayat Bagdad diumumkeun *yén Abu Nawas ngasupan saémbara*.

b. Klausa sélér mangrupa objék.

Dina kalimah-kalimah ieu di handap klausa sélér téh nyicingan

fungsi objék tina klausa luluguna. Upamana, dina kalimah (392) klausa *yén saréréa ogé taya nu wanieun deukeut-deukeut ka dinya*, anu mangrupa klausa sélér, nyicingan fungsi objék. Eta kalimah téh klausa luluguna diwangun ku subjék (*manéhna*), prédikat (*nyaritakeun*), jeung objék (*yén saréréa ogé taya nu wanieun deukeut-deukeut ka dinya*).

- (392) *Manéhna nyaritakeun yén saréréa ogé taya nu wanieun deukeut-deukeut ka dinya*.
- (393) Atuh ti sapat jalan katémbong barérés, némbongkeun *yén rahayat téh saréhat*.
- (394) Eta tabib téh nyebutkeun *yén ubar putri téh ayana lain di nagara beulah kulon, tapi di nagara beulah wétan*.

c. Klausa sélér mangrupa komplemén

Dina kalimah-kalimah ieu di handap klausa sélér téh nyicingan fungsi komplemén atawa panglengkep tina klausa luluguna. Upamana dina kalimah (395), anu diwangun ku subjék, prédikat, jeung komplemén, klausa sélérna *yén Sultan téh fitrahna mah jelema bageur* nyicingan fungsi komplemén. Lamun dirucat tina segi fungsi unsurana, klausa lulugu éta kalimah téh kieu: *manéhna* = subjék, *yakineun* = prédikat, *yén Sultan téh fitrahna mah jelema bageur* = komplemén.

- (395) *Manéhna yakineun yén Sultan téh fitrahna mah jelema bageur*.
- (396) *Manehna nyarita yén pangna jauh dijugjug anggang ditéang téh diutus ku Sultan Bagdad*.
- (397) *Aki Percaya pisan yén dawuh ratu mah sok saciduh metu, sabda ménak sok saucap nyata*.

d. Klausa sélér mangrupa katerangan.

Klausa seéer dina kalimah-kalimah ieu di handap nyicingan fungsi katerangan

dina klausa luluguna. Dina kalimah (398), upamana, klausa sélér *méméh jurut turun* nyicingan fungsi katerangan anu nuduhkeun waktu lumangsungna kagiatan anu diébréhkeun dina klausa lulugu: *manehna*

ngaharéwos. Klausa lulugu kalimah (398) diwangun ku subjék (*manéhna*), prédikat (*ngaharéwos*), jeung katerangan waktu (*méméh jrut turun*).

(398) *Méméh jrut turun*, *manéhna ngaharéwos*.

(399) *Asal Asép kersa leukeun*, Insya Allah dipaparin berkah.

(400) Imas sing sering tuang kopo *ambéh soantén langkung lemes*.

e. Klausa sélér mangrupa atribut.

Dina kalimah-kalimah ieu di handap klausa sélér téh nyicingan fungsi atribut

atawa panyiri nomina tina hiji frasa anu nyicingan hiji fungsi dina klausa luluguna. Dina kalimah (401), upamana, klausa sélér *anu geus bogaeun salaki* mangrupa atribut *awéwé* dina frasa *awéwé anu geus bogaeun salaki*, anu nyicingan fungsi objék dina klausa luluguna: *Sultan maksa awéwé anu geus bogaeun salaki*. Kalimah (401) téh klausa luluguna diwangun ku subjék (*sultan*), prédikat (*maksa*), jeung objék (*awéwé anu gus bogaeun salaki*).

(401) *Sultan maksa awéwé anu geus bogaeun salaki*.

(402) *Kaula téh utusan Sultan anu kudu mawa Siti Aisyah ka karaton*.

(403) *Kumahakeun komara aing nu kiwari geus ragrag di hareupeun mata rahayat*.

f. Klausa sélér mangrupa panglengkep nomina atawa frasa nominal.

Dina kalimah-kalimah ieu di handap klausa sélér téh nyicingan fungsi panglengkep nomina atawa frasa nominal anu babarengan jeung éta klausa sélér téa nyicingan hiji fungsi dina klausa luluguna. Contona, dina kalimah (404) klausa sélér *yén Putri Nur Hasanah teu damang* mangrupa panglengkep kecap *béja*, anu babarengan jeung éta klausa sélér téa nyicingan fungsi subjék dina klausa luluguna. Eta kalimah (404) téh klausa luluguna diwangun ku subjék (*béja yén*

Putri Nur Hasanah teu damang), prédikat (*geus sumebar*), jeung katerangan (*ka sakuliah Bagdad*).

(404) *Béja yén Putri Nur Hasanah teu damang geus sumebar ka sakuliah Bagdad*.

(405) *Anjeunna kagungan panyangka yén para mantri jeung ponggawa teu ngajalankeun sagala rupa palaturan jeung kawijaksanaanana*.

(406) *Ieu kaula Dalem Tasikmalaya, Wira Tanu Ningrat, méré béja yén gula ti anjeun geus katampa sarta kapuji ku dalem*.

Patali harti antara klausa sélér jeung klausa luluguna dina kalimah sumélér téh aya rupa-rupa, saperti nuduhkeun sabab, waktu, sarat, tujuan, jeung sajaba ti éta. Ku lantaran kitu, kalimah sumélér téh bisa diklasifikasikeun nurutkeun patali harti antarklausana. Ieu di handap dipedar hiji-hijina.

4.3.3.2.2.1 Kalimah Waktu

Kalimah waktu atawa kalimah témporal nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun waktu, atawa kalimah sumélér anu klausa sélérna mangrupa klausa katerangan waktu. Dina kalimah waktu klausa sélér téh nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian, kagiatan, atawa prosés anu diébréhkeun dina klausa luluguna. Contona, dina kalimah

(407) *Dina hiji poé, waktu Sultan nuju sinéwaka, jol Abu Nawas datang ka karaton*.

klausa *waktu sultan nuju sinéwaka*, anu mangrupa klausa sélér, nétélakeun waktu datangna Abu Nawas ka karaton. Harti ‘waktu’ dina éta klausa sélér kalimah (407) téh ditétélakeun kalawan éksplisit ku kecap panyambung *waktu*.

Waktu anu ditétélakeun dina klausa sélér téh rupa-rupa, nya éta waktu anu bareng, heulaeun, pandeurieun, ngadadak, mayeng, atawa mimitina, pamungkasna, jeung lilana, anu sok ditétélakeun kalawa

ékspilist ku kecap-kecap panyambung *waktu, basa, sabot, memeh, samemeh, bada, sabada, sanggeus, barang, saban, saban-saban, unggal, unggaul-unggal, ti barang, ti méméh, ti saparak, nepi ka, salila, sapanjang*, jeung sapapadana. Ieu di handap sawatara contona.

- (408) Poho deui karah, nyanghareup ka mana basa aki melak éta kawung, asa ngalér asa ngidul.
- (409) Saméméh ieu riungan bubar, Jang Aép jeung Jang Jumad wajib silihampura heula.
- (410) Sanggeus dipanganjukkeun roko dua batang ti warung Husna, Si Padil beuki hayang dipiandel.
- (411) Deregdeg sultan nyampeurkeun barang ku anjeunna katingali aya runtah ngunggul can dipiceun kana lombang.
- (412) Saban-saban kuring asup ka kamar panglinggihan Mama nu husus dianggé tempat anjeunna ngawuruk jeung nyimpen kitab, réréngan kamar sagigireunana sok katénjo oyag-oyagan.
- (413) Ti barang Sultan jalir jangji ka dirina, Abu Nawas tara ngelol-ngelol deui ka karaton.
- (414) Nepi ka maot indungna, Damin téh ngumbara di Kalimantan.
- (415) Salila ngubaran putri, éta tabib téh ditempatkeun di salahsahiji kamar karaton.

Adegan kalimah waktu téh bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[59] \text{ Kal Wak} \Rightarrow \text{Kla Lu} + \text{Kla Se Wak} \left(\begin{array}{c} \langle \text{waktu} \rangle \\ \langle \text{memeh} \rangle \\ x \end{array} \right) \text{ S P (O)(Kom)(K)} \\ + \text{In Fi}$$

4.3.3.2.2 Kalimah Sarat

Kalimah sarat nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun sarat; atawa kalimah sumélér anu klausa sélérna mangrupa katerangan sarat. Dina kalimah sarat

lumangsungna kaayaan, kajadian, atawa prosés anu diébréhkeun dina klausa sélérna mangrupa sarat pikeun lumangsungna kaayaan, kajadian, atawa prosés anu diébréhkeun dina klausa luluguna. Lamun kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa prosés anu diébréhkeun dina klausa sélér téh kalaksanakeun, nya kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa prosés anu diébréhkeun dina klausa lulugu ogé kalaksanakeun deuih. Patali harti anu nuduhkeun sarat téh aya dua rupa. Nu kahiji, sarat anu dilamun atawa diupamakeun lumangsungna (Indonésia: *diandaikan*), anu sok dijéntrékeun ku kecap-kecap panyambung *mun, lamun, mun seug, upama, saupama*; ari anu kadua, sarat anu saenyana, anu sok ditétélakeun ku kecap panyambung *asal*. Contona kalimah ieu di handap.

- (416) Mun teu kaburu dicokot ku Nyaina, engké peuting rék diyasinkeun calana téh.
- (417) Kuring daék dinganteurkeun suratna asal dibéré duit keur ongkosna.

Kalimah (416) diwangun ku dua klausa: (1) *mun teu kaburu dicokot deui ku Nyaina*, (2) *engké peuting rék diyasinkeun calana téh*. Kagiatan atawa kaayaan anu diébréhkeun dina klausa (1) mangrupa sarat anu diupamakeun pikeun lumangsungna kagiatan atawa kaayaan anu diébréhkeun dina klausa (2). Maksudna, lamun *calana téh kaburu dicokot*, nya *calana téh moal diyasinkeun*. Eta patali harti anu nuduhkeun lalamunan téh dijéntrékeun ku kecap panyambung

mun. Kalimah (417) ogé diwangun ku dua klausa: (1) *kuring daék nganteurkeun suratna*, (2) *asal dibéré duit keur ongkosna*. Kaayaan anu diébréhkeun dina klausa (2) mangrupa sarat anu kudu kacumponan sangkan kaayaan anu dibréhkeun dina klausa (1) bisa dilaksanakeun.

Kalimah sarat téh adeganana bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

$$[60] \text{ Kal Sar} \Rightarrow \text{Kla Lu} + \text{Kla Se Sar} \left(\begin{array}{c} \langle \text{lamun} \rangle \\ \langle \text{asal} \rangle \\ x \end{array} \right) \text{ S P (O)(Kom)(K)} + \text{In Fi}$$

Contona:

- (418) Lamun sakabéh palaturan katut kawijaksanaan anjeunna dijalankeun ku sakumna pagawé karajaan kalayan samistina, tangtu moal aya kajadian jelema maot kalaparan.
- (419) Lamun seug kabuktian, kabéh nu milu curak-curak bakal dipocot tina kapangkatanana.
- (420) Upama putri henteu cageur dina jero tilu minggu, jelema nu ngubaranana bakal dihukum pati.
- (421) Mun euweuh oray asup ka pondok santri awéwé, Kang Kamil moal bisa ngarampid calana.
- (422) Upama diitung ku harga gula mah, duit sabénggol téh, wah, teu kabual.
- (423) Kajeun jual jaar heula, asal bener keur kapentingan ngaji, waragadna moal dipogogan.
- (424) Tangtu baé daék mah asal andika enyaan bakal bisa nuduhkeun yén di Bagdad aya jelema nu kalaparan.

4.3.3.2.3 Kalimah Tujuan

Kalimah tujuan nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun tujuan; atawa kalimah sumélér anu klausa sélérna mangrupa katerangan tujuan. Dina kalimah tujuan téh kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa prosés anu diébréhkeun dina klausa sélér mangrupa tujuan atawa maksud lumangsungna kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa prosés anu diébréhkeun dina klausa lulugu. Patali harti anu nuduhkeun tujuan téh dijéntrékeun ku kecap panyambung *ambéh, ngarah, supaya, sangkan, malar, malahmandar*. Urang titénan contona ieu kalimah di handap.

- (425) Pikiranana teu weléh muter néangan akal sangkan Sultan babalik pikir, henteu ngantep dirina palid kabawa nyéotna caah kasarakahan.

Dina kalimah (425) klausa sélér *sangkan sultan babalik pikir henteu ngantep dirina palid kabawa nyéotna caah kasarakahan* mangrupa tujuan atawa maksud lumangsungna kagiatan anu

diébréhkeun dina klausa lulugu: *pikiranana teu weléh muter néangan akal*. Eta tujuan téh dijéntrékeun ku kecap panyambung *sangkan*.

Adegan kalimah tujuan téh bisa digambarkeun saperti kieu.

$$\begin{array}{l} [61] \text{ Kal Tuj} \Rightarrow \text{Kla Lu} + \text{Kla Se Tuj} \\ \text{In Fi} \end{array} \left[\begin{array}{c} \langle \text{ambéh} \rangle \\ \langle \text{ngarah} \rangle \\ \text{x} \end{array} \right] \text{ S P (O)(Kom)(K) +}$$

Contona:

- (425) Imas sing sering tuang kopo ambéh soantén langkung lemes!
- (426) Kang Aép jangji badé ngaos sing gétol ngarah énggal tamat, ngarah énggal janten kiyai.
- (427) Unggal-unggal tas salat, ana rék ngadu'a keur anta sangkan anta ginuluran topék jeung hidayah, dicaangkeun pikir dina ngaji kitab.
- (428) Kami mah ngabéjaan sotéh pédah ka andika sangkan ulah sologoto, gurunggusuh teu puguh kataji ku pangbibita.
- (429) Abdi gusti téh nuju ngadamel tempat reureuh para mantri, tempat macangkrama sukan-sukan supados maranéhanana teu weléh gumbira dina enggoning ngajalankeun padamelanana.

4.3.3.2.4 Kalimah Sabab

Kalimah sabab téh nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun sabab; atawa kalimah sumélér anu klausa sélérna mangrupa katerangan sabab. Dina kalimah sabab klausa sélérna nuduhkeun hal, kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa prosés anu ngalantarankeun lumangsungna hal, kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa prosés anu diébréhkeun dina klausa lulugu. Jadi kalimah sabab téh diwangun ku dua rupa klausa: (1) klausa sélér anu nuduhkeun sabab, (2) klausa lulugu anu nuduhkeun akibatna. Patali harti antarklausa anu nuduhkeun sabab teh biasana dijéntrékeun ku kecap panyambung *saba*,

lantaran, pedah, alatan, bubuhan, da, dumeh, bakat ku, jeung sabangsana. Urang titénan contona ieu di handap.

- (430) Kadoliman téh taya nu ngalaporkeun lantaran pada ngarasa sieun ku para ponggawa.

Dina kalimah (430) klausa *kadoliman téh taya nu ngalaporkeun* ngébréhkeun kaayaan anu mangrupa akibat lumangsungna kaayaan anu diébréhkeun dina klausa *lantaran pada ngarasa sieun ku para ponggawa*, anu ngébréhkeun kaayaan anu jadi sabab lumangsungna kaayaan anu ditétélakeun ku klausa *kadoliman téh taya nu ngalaporkeun téa*. Harti ‘sabab’ dina éta kalimah téh dijéntrékeun ku kecap panyambung *lantaran*.

Adegan kalimah sabab téh bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

$$[62] \text{ Kal Sab} \Rightarrow \text{Kla Lu} + \text{Kla Se Sab:} \left\{ \begin{array}{l} \langle \text{sabab} \rangle \\ \langle \text{lantaran} \rangle \\ \text{X} \end{array} \right\} \text{ S P (O)(Kom)(K) + In Fi}$$

Conto kalimahna:

- (431) Atuh aki téh aya harepan lantaran lahangna geus beunang dipercaya.
 (432) Lantaran santri laki haram asup ka pondok santri awéwé, kungsi aya kajadian susah.
 (433) Kaharti ku aki, Ki Tasrip téh sirik pédah kawungna teu meunang pris.
 (434) Ari aki bungah nu aya duméh kapercaya ku ménak ti dayeuh.
 (435) Sabab Kang Jaéni geus teu bogaeun béas, tong boro sapuluh leter, keur dahar gé geus dua poé ngéclokan ka batur, manéhna milih jadi patrol salila tilu bulan.

4.3.3.2.5 Kalimah Akibat

Kalimah akibat nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun akibat; atawa kalimah sumélér anu klausa sélérna mangrupa katerangan akibat. Dina kalimah akibat klausa sélérna nuduhkeun balukar atawa akibat lumangsungna kaayaan, kajadian, atawa kagiatan anu diébréhkeun dina klausa luluguna. Eta balukar atawa akibat téh dijéntrékeun ku kecap panyambung *nepi ka*. Contona dina kalimah

- (436) Inditna teh rurusuhan nepi ka teu kaburu mandi-mandi acan.

klausa *nepi ka teu kaburu mandi-mandi acan*, anu mangrupa klausa sélér, nuduhkeun balukar atawa akibat lumangsungna kaayaan anu diébréhkeun dina klausa luluguna: *inditna téh rurusuhan*. Harti ‘akibat’ atawa ‘balukar’ dina éta kalimah teh dijéntrékeun ku kecap panyambung *nepi ka*.

Adegan kalimah akibat téh bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[63] \text{ Kal Ak} \Rightarrow \text{Kla Lu} + \text{Kla Se Ak:} \langle \text{nepi ka} \rangle \text{ S P (O)(Kom)(K) + In Fi}$$

Contona:

- (437) Aing padangugung-ngugung , padamépendé nepi ka ngimpi asa di sawarga, dirubung-rubung ku widadari, dahareun ngaleuyah, sagala salieuk béh, sedeng rahayat katalangsara.
 (438) Padahal henteu mustahil nya maranéhna anu tos ngalantarankeun tambih abotna panyawat putru Gusti teh dugi ka teu tiasa damang ku ubar anu aya di jero nagara.
 (439) Di dinya muihna tarik pisan nepi ka dapuran awi Ki Darma kawas pocongan paré.

4.3.3.2.6 Kalimah Hasil

Kalimah hasil nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun hasil; atawa kalimah sumélér anu klausa

sélérna mangrupa katerangan hasil. Dina kalimah hasil klausa sélérna netelakeun hasil, akibat, putusan, atawa kacindekan tina kagiatan, kajadian, atawa kaayaan anu diébréhkeun dina klausa luluguna. Patali harti anu nuduhkeun hasil téh biasana dijéntrékeun ku kecap panyambung *nu matak*, *pang* atawa *pangna*, jeung *mana*. Upamana dina kalimah

- (440) Mana daékeun ka nu séjén gé, panginten manehna geus henteu butuheun deui ku diri abdi.

klausa *mana daékeun ka nu séjén gé* nétélakeun hasil atawa kacindekan tina kaayaan anu diébréhkeun dina klausa *panginten geus henteu butuheun deui ku diri abdi*. Harti ‘hasil’ atawa ‘kacindekan’ dina éta kalimah téh ditétélakeun ku kecap panyambung *mana*.

Kalimah hasil téh adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[64] \text{ Kal Has } \Rightarrow \text{ Kla Lu + Kla Se Has: } \left(\begin{array}{c} \langle \text{nu matak} \rangle \\ \langle \text{mana} \rangle \\ \text{x} \end{array} \right) \text{ S P} \\ \text{(O)(Kom)(K) + In Fi}$$

Contona:

- (441) Nu matak rurusuhan téh, kuring hayang buru-buru tepung jeung manéhna.
- (442) Manéhna téh rada éraeun ku kuring nu matak henteu ka dieu.
- (443) Pang kuring datang ka dieu téh, aya perlu anu kacida pentingna.
- (444) Nu mawi ngabantun seuseuheun ogé, tangtos abdi téh badé nyeuseuh.
- (445) Nu mawi ngahaja lolos, abdi téh bakat ku palay tepang sareng Endén!

Sakapeung kalimah hasil téh sok digabungkeun jeung kalimah sabab saperti anu katangén dina kalimah-kalimah ieu di handap.

- (446) Pangna wazir maréntah sawenang-wenang pédah ngan manéhna nu ku aing dibéré kakawasaan.
- (447) Nu matak kurng dianggap istimewa ku Pangersa Kiyai sabab ngan hiji-hijina santri nu nyorogkeun ilmu lughoh.

4.3.3.2.7 Kalimah Ngaku

Kalimah ngaku atawa kalimah konsésif nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun ngaku; atawa kalimah sumélér anu klausa sélérna mangrupa klausa katerangan ngaku, nya éta katerangan atawa harti anu nétélakeun yén kalah kumaha ogé, kaayaan atawa kajadian anu diébréhkeun ku klausa lulugu henteu kapangaruhan ku kaayaan atawa kajadian anu diébréhkeun dina klausa sélérna. Hartina, naon-naon anu diébréhkeun dina klausa sélér nuduhkeun kaayaan atawa kajadian anu ceuk pikiran logis mah bisa mangaruhan kana lumangsungna kaayaan atawa kajadian anu diébréhkeun dina klausa lulugu téa, tapi dina kanyataanana mah henteu mangaruhan. Ku lantaran kitu, bisa ogé disebutkeun yén klausa sélér téh nétélakeun sabab négatif, nya éta sabab anu henteu ngabalukarkeun akibat kana klausa luluguna. Patali harti ‘ngaku’ téh sok dijéntrékeun ku kecap panyambung *najan*, *sanajan*, *sok sanajan*, *papadaning*, atawa *sangkalang*. Contona, dina kalimah

- (448) Sanajan geus sakitu lilana, putri téh teu acan damang kénéh baé.

kaayaan putri anu ditétélakeun dina klausa lulugu, nya éta *teu acan damang kénéh baé*, henteu kapangaruhan ku kaayaan anu ditétélakeun dina klausa sélérna, nya éta *geus sakitu lilana*. Padahal, ceuk anggapan mah, ari dina waktu anu *geus sakitu lilana* mah, *putri téh kudu geus damang*.

Kalimah ngaku téh adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[65] \text{ Kal Ngak } \Rightarrow \text{ Kla Lu + Kla Se Ngak } \left(\begin{array}{c} \langle \text{sanajan} \rangle \\ \langle \text{najan} \rangle \end{array} \right) \text{ S P (O)(Kom)(K)} \\ \text{+ In Fi}$$

Contona:

- (449) Manéhna terus leumpang sanajan tuurna geus nyorodcod capéun dibawa leumpang.
- (450) Najan yakin oray geus euweuh, barudak santri awéwé can waranieun asup deui.
- (451) Papadaning Kang Aép butak sabeulah, Imas entong ngantunkeun.

Lamun anu jadi sabab négatif téa mangrupa hiji atawa sababaraha kalimah anu diutarakeun saheulaeun kalimah ngaku, éta sabab négatif téh sok diragum ku kecap *kitu* nepi ka klausa sélér téh adeganana jadi *sanajan kitu*, *najan kitu*, jeung sabangsana saperti anu katangen dina kalimah ieu di handap.

- (452) Teu saeutik para ponggawa anu dicarékan laklakdasar di hareupeun jelema réa kalawan teu puguh alesanana. Puguh baé para ponggawa téh ari di jero haténa mah ngageremet. Tapi, *sanajan kitu*, taya saurang-urang acan anu wanieun ngedalkeun kateungeunahna.

Kalimah ngaku mindeng dibarengan ku kalimah lalawanan nepi ka patali

harti antarklausana nuduhkeun ngaku jeung lalawanan. Kalimah ngaku modél kitu disebut kalimah ngaku-lalawanan atawa kalimah konsésif-antitétik. Ieu contona di handap.

- (453) Sanajan eusina meleg-meleg papatah wungkul, tapi teu asa mapatahan.
- (454) Cek wiwilanganana, sanajan manéhna téh tukang ngangon domba, tapi lamun bisa nyageurkeun putri, ku kami bakal diangkat jadi mantri.
- (455) Sanaos dina tatalepana mikabutuh waktos anu lami, nanging cek émutan abdi gusti mah teu kinten saéna upami ngagaleuh landong teh sakantenan kanggo sasadiaan.

4.3.3.2.8 Kalimah Cara

Kalimah cara atawa kalimah sirkumstansial nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun cara; atawa kalimah sumélér anu klausa sélérna mangrupa katerangan cara. Dina kalimah cara klausa selerna netelakeun kumaha lumangsungna atawa dilaksanakeunana kagiatan anu diébréhkeun dina klausa luluguna. Patali harti anu nuduhkeun cara téh dijéntrékeun ku kecap panyambung *bari*, *kalawan*, atawa *ku jalan*. Upamana dina kalimah

(456) Abu Nawas nanya bari menerkeun kancing bajuna. klausa *bari menerkeun kancing bajuna*, anu mangrupa klausa sélér, nétélakeun kumaha lumangsungna kagiatan nanya anu diébréhkeun dina klausa lulugu: *Abu Nawas nanya*. Harti ‘cara’ dina kalimah (456) téh dijéntrékeun ku kecap panyambung *bari*.

Adegan kalimah cara téh bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[66] \text{ Kal Ca} \Rightarrow \text{Kla Lu} + \text{Kla Se Ca} \left(\begin{array}{c} \langle \text{bari} \rangle \\ \langle \text{kalawan} \rangle \\ \text{x} \end{array} \right) \text{ S P (O)(Kom)(K) + In Fi}$$

Contona:

- (457) Nyampak Si Padil keur mesék kuntung bari nyanghareupan kitab nu tadi diaji.
- (458) Bari popoyongkodan, para ponggawa téh indit ninggalkeun Wazir
- (459) Kalawan tatag, Abu Nawas cedok nyembah, pok nyarita.
- (460) Eta niat dukir direngga-renggi kalawan iklas rido lillahita’ala.
- (461) Nya ku jalan nyamur sareng mios rerecepnan, abdi gusti tiasa nuduhkeun jalmi nu kakirangan tetaeun.

4.3.3.2.9 Kalimah Pertélaan


Kalimah pertélaan atawa kalimah kuotatif nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun pertélaan. Dina kalimah pertélaan klausa sélér nétélakeun atawa ngajéntrékeun naon-naon anu diomongkeun, dicaritakeun, ditanyakeun, diucapkeun, diébréhkeun,

dirasa, dipikanyaho, dianggap, jeung sapapadana anu diébréhkeun dina klausa luluguna. Upamana dina kalimah

- (462) Eta tabib téh nyebutkeun yén ubar putri téh ayana lain di nagara beulah kulon, tapi di nagara beulah wétan.
- (463) Manéhna nyaritakeun yén pangna jauh dijugjug anggang ditéang téh diutus ku Sultan Bagdad pikeun meuli ubar keur ngubaran Putri Nur Hasanah jeung keur ngajaga bisi panyakit téh tatalépa ka sakumna rahayat Bagdad.

klausa sélér yén ubar putri téh ayana lain di nagara beulah kulon, tapi di nagara beulah wetan nétélakeun naon anu disebutkeun ku éta tabib, nya éta anu dimaksud ku klausa luluguna: *éta tabib téh nyebutkeun* (kalimah 462); klausa sélér yén pangna jauh dijugjug anggang ditéang téh diutus ku Sultan Bagdad pikeun meuli ubar keur ngubaran Putri Nus Hasanah jeung keur ngajaga bisi panyakit téh tatalépa ka sakumna rahayat Bagdad nétélakeun naon anu dicaritakeun ku *manéhna*, nya éta naon anu dimaksud ku klausa luluguna: *manéhna nyaritakeun* (kalimah 463). Boh dina kalimah (462) boh dina kalimah (463), klausa sélér téh mangrupa ucapan henteu langsung, nya éta omongan *éta tabib*, *manéhna*, anu geus diropéa atawa dirobah ku nu nyaritakeun deui (nu séjén). Ku lantaran kitu, éta kalimah téh sok disebut kalimah pertélaan teu langsung (*indirect quotative sentence*).

Klausa sélér anu nuduhkeun pertélaan téh sok dimimitian ku kecap panyambung yén atawa *majar*, atawa dimimitian ku kecap pananya, saperti *naon*, *kumaha*, jeung sajabana lamun éta klausa anu nuduhkeun pertélaan téh mangrupa klausa pananya. Ku lantaran kitu, adegan kalimah pertélaan téh bisa digambarkeun saperti kieu.



Contona:

- (464) Ti kajauhan geus katémbong yén di handapeun Kawung Ratu aya jelema.

- (465) Bójakeun ka sakumna rahayat Bagdad yén Kangjeng Sultan bakal ngaroris.
- (466) Panginten ku Kangjeng Gusti oge karaos kumaha capéna diulinkeun ku laporan palsu.
- (467) Dikotéktak naon sababna pang Wazir téh méngpar tina nu geus digariskeun ku manéhna.
- (468) Ka dieu mah kabójakeun majar Ki Kanta téh ngagantung manéh.

Klausa sélér dina kalimah pertélaan téh miboga sababaraha fungsi, nya éta mangrupa subjék, objék, komplemén, bagian subjék, bagian objék, bagian komplemén, jeung bagian katerangan. Dina kalimah-kalimah (464)—(468) klausa sélér pertélaan téh miboga fungsi jejer. Conto-conto ieu di handap nuduhkeun fungsi-fungsi sejenna.

- (469) Kagagas ngadéngé kolot pok deui-pok deui nyebutkeun yén kuring pibakaleun gunung pananggeuhan saréréa.
- (470) Kabéh urang Désa Mandalasari nepi ka Desa Puspahiang ogé geus nyarahoeun yén aki meunang pris.
- (471) Béja yén Putri Nur Hasanah teu damang geus nyebar ka sakuliah Bagdad.
- (472) Ieu kaula Dalem Tasikmalaya, Wira Tanu Ningrat, méré béja yén gula ti anjeun geus katampa sarta kapuji hadéna.
- (473) Katambah-tambah para ponggawa téh ngarupahan manéh ku anggapan yén pangna Sultan sok bendu baé teu pupuguh téh lantaran kacida deudeuhna ka nu janten putrana, Putri Nur Hasanah.

4.3.3.2.10 Kalimah Pangecés

Kalimah pangécés nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun pangécés. Dina kalimah pangécés klausa sélérna ngécéskeun atawa ngajéntrékeun salahsahiji unsur anu mangrupa bagian tina klausa lulugu. Unsur anu dijéntrékeun atawa diécéskeun téh umumna mangrupa kecap atawa frasa barang (nomina atawa nominal). Eta kecap atawa frasa barang katut klausa sélérna ngawangun hiji frasa atributif atawa apositif: kecap atawa frasa barangna mangrupa unsur puseur, ari klausa selerna mangrupa atribut

atawa aposisi. Ieu klausa sélér anu mangrupa atribut atawa aposisi teh mangrupa klausa kauger adjéktival sarta sok disebut klausa rélatif. Pancén klausa rélatif téh rupa-rupa, nya éta mangrupa bagian subjék, prédikat, objék, komplemén, jeung bagian katerangan, atawa ngécéskeun nomina subjék, prédikat, objék, komplemén, jeung nomina bagian katerangan. Ieu sawatara contona.

- (473) Ari dadakuna ka Sultan mah majarkeun téh lila néangan ubar nu bener-bener bakal bisa nyageurkeun putri.
- (474) Kami, nu geus meunang kapercayaan pikeun ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara, bet henteu bisa ngajalankeun pamaréntahan nu adil.

Dina kalimah (474) klausa sélér *nu bener-bener bisa nyageurkeun putri* ngécéskeun kecap *ubar*, anu mangrupa bagian tina klausa lulugu. Kecap *ubar* jeung klausa sélérna babarengan ngawangun hiji frasa atributif, anu nyicingan fungsi objék. Dina éta frasa, kecap *ubar* mangrupa unsur puseur, ari klausa *nu bener-bener bisa nyageurkeun putri* mangrupa atribut. Eta atribut téh, jaba ti ngécéskeun unsur puseurna, ngawatesanan deuih lantaran henteu sakabéh ubar ditéangan. Klausa rélatif saperti anu aya dina kalimah (474) téh sok disebut klausa réstriktif atawa klausa pangwates. Dina éta kalimah klausa rélatif téh nyicingan fungsi bagian objék.

Dina kalimah (475) klausa sélér *nu geus meunang kapercayaan pikeun ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara* ngécéskeun kecap sulur atawa pronomina *kami*, anu mangrupa bagian tina klausa lulugu. Eta kecap *kami* jeung klausa sélér tea babarengan ngawangun frasa apositif, anu nyicingan fungsi subjék. Dina éta frasa, *kami* mangrupa unsur puseur, ari *nu geus meunang kapercayaan pikeun ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara* mangrupa unsur aposisi. Eta aposisi téh ngan ngécéskeun wungkul kana unsur puseurna. Klausa relatif saperti anu aya dina kalimah (475) teh sok disebut klausa apositif. Dina éta kalimah klausa rélatif téh nyicingan fungsi bagian subjék atawa aposisi subjék.

Adegan kalimah pangeces teh bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

[68] Kal Pange => Kla Lu + Kla Se Pange: <nu> S P (O)(Kom)(K) + In Fi

Contona:

- (475) Manéhna nyaksian inya awak nu regéng begéng jadi babatang.
- (476) Anjeunna geus terangeun saha-sahana nu masih kénéh satia ka anjeunna.
- (477) Socana, nu béngras cékas, nu sok ngalantarankeun ngarasa ajrih anu diteuteup ku anjeunna, ayeuna taya sinaran.
- (478) Isuk-isuk pisan tabib indit ka nagara nu pernahna wétaneun Bagdad.

Carana ngawangun klausa adjéktival atawa klausa rélatif téh aya tilu rupa: (1) lamun subjék klausa sarua jeung unsur (nomina) anu diécéskeun, subjék klausa sélér diganti ku kecap panyambung *nu (anu)*; (2) lamun subjék klausa sélér henteu sarua jeung unsur (nomina) anu diécéskeun, subjékna angger, klausana dikantétkeun ku kecap panyambung *nu (anu)*; (3) lamun subjék klausa sélér mangrupa milik unsur (nomina) anu diécéskeun, subjékna dirarangkénan atawa ditambahan klitik *-na* sarta klausana dikantétkeun ku kecap panyambung *nu (anu)*. Urang titénan contona ieu di handap.

- (479) Si tabib nu kadua téh nurutan prakték-prakték licik *nu* geus dijalankeun ku tabib nu ti heula.
- (480) Anu ngetrok panto téh lalaki *nu* meujeuhna jagjag belejag.
- (481) Datangna téh marawa awéwé hiji séwang *nu kuring* karék wawuh.
- (482) Nu majar rék ngeureunkeun Wazir katut para mantri nu katohyan pararésta di tengah-tengah nagara *nu rahayatna* katalangsara.

Dina kalimah (480) jeung (481) subjék klausa sélér sarua jeung nomina anu diécéskeunana, nya éta *prakték-prakték licik* jeung *lalaki*, anu diganti ku kecap (gaganti) panyambung *nu*. Eta kalimah téh mangrupa gabungan dua kalimah atawa dua klausa ieu di handap.

- (483) a. Si tabib nu kadua nurutan *prakték-prakték licik*.

b. *Prakték-prakték licik* geus dijalankeun ku tabib nu ti heula.

- (484) a. Anu ngetrok panto téh *lalaki*.
b. *Lalaki* meujuhna jagjag belejag.

Dina kalimah (482) subjek klausa sélér teu sarua jeung nomina anu diécéskeunana. Subjék klausa sélér nya éta *kuring*, ari nomina anu diécéskeunana nya éta *awéwé*. Eta kalimah téh mangrupa gabungan dua kalimah atawa dua klausa ieu di handap.

- (485) a. Datangna téh marawa *awéwé* hiji séwang.
b. *Kuring* karék wawuh (ka éta *awéwé*).

Dina kalimah (483) subjek klausa sélér nuduhkeun milik nomina anu diécéskeun (*nagara*). Subjék klausa sélér, nya éta *rahayatna*, asalna mangrupa hiji frasa anu nuduhkeun milik (posésif), nya éta *rahayat éta nagara*. Kalimah (483) téh mangrupa gabungan klausa-klausa ieu di handap, anu dikantétkeun ku kecap panyambung *nu*.

- (486) a. Nu majar rék ngeureunkeun Wazir katut para mantri nkatohyan sukan-sukan pararésta di tengah-tengah *nagara*.
b. *Rahayat éta nagara* katalangsara.

4.3.3.2.11 Kalimah Guna


Kalimah guna nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun guna. Dina kalimah guna klausa sélérna nuduhkeun guna atawa mangpaat dilakukeunana kagiatan anu diébréhkeun dina klausa luluguna. Harti ‘guna’ téh sok dijéntrékeun ku kecap panyambung *pikeun* atawa *keur*. Klausa sélér kalimah guna bisa dipaké ngajwab pananya *keur naon* atawa *pikeun naon*. Urang titénan contona ieu di handap.

(487) Pikeun nebus kasalahan, anjeunna beuki getol diajar.

Kalimah (488) diwangun ku dua klausa: (1) *pikeun nebus kasalahan*, (b) *anjeunna beuki getol diajar*. Klausa (1), anu

mangrupa klausa sélér, nuduhkeun gunana atawa mangpaatna kagiatan *beuki getol diajar*, anu diébréhkeun dina klausa (2), nya éta *pikeun nebus kasalahan*.

Adegan kalimah guna téh bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



Contona:

- (488) Manéhna sakongkol pikeun nipu Sultan sangkan para tabib baleunghar.
(489) Manéhna masih kénéh bingung acan manggihan cara nu hadé pikeun ngaréngsékeun pasualan.
(490) Bapana Aisyah geus ngararancang pikeun ngawinkeun Aisyah ka Ismail.

4.3.3.2.2. 12 Kalimah Babandingan

Kalimah babandingan nya éta kalimah sumélér anu patali harti antarklausana nuduhkeun babandingan; atawa kalimah sumeler anu klausa sélérna mangrupa katearngan babandingan. Dina kalimah babandingan, klausa lulugu jeung klausa sélér ngébréhkeun dua hal, kaayaan, atawa kajadian anu (dianggap) aya sasaruana; kaayaan atawa kajadian anu diébréhkeun dina klausa lulugu dibandingkeun jeung kaayaan atawa kajadian anu diébréhkeun dina klausa sélér. Babandingan dina ieu kalimah sok dijéntrékeun ku kecap panyambung *cara*, *lir*, *kawas*, *sig* atawa *jiga*, *saperti*, *asa*, *bangun*, jeung sajabana. Upamana dina kalimah


- (491) Karaton simpé lir hiji kota di pagunungan dina jaman perang nu ditinggalkeun ngungsi ku pangeusina.

kaayaan karaton sarua jeung kaayaan hiji kota di pagunungan dina jaman perang nu ditinggalkeun ngungsi ku pangeusina, nya éta kaayaan

simpé. Dina enasna mah éta klausa téh diwangun ku dua klausa anu sarua prédikatna, nya éta

- (492) a. Karaton *simpé*.
 b. Hiji kota di pagunungan dina jaman perang nu ditinggalkeun ngungsi ku pangeusina *simpé*.

Kalimah babandingan téh adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.



Contona:

- (493) Nembongkeun kempotna nu kempot liwat ti kempot kawas liang undur-undur papasan.
 (494) Wazir nitah indit ka ponggawa nu ngalaporkeun téa, nu ngahuleng siga nu ngartieun kana jalan pikiran éta wazir téa.
 (495) Henteu bangreung jeung kabereg cara keur sorangan di masjid.
 (496) Nu ngobrol pacampur jeung nu ngapalkeun lir pacowong-cowong.
 (497) Babaturan terus baé marelong jiga aya nu dipikaneh.

Lamun babandingan teh nétélakeun kaayaan anu diébréhkeun dina klausa lulugu ngaleuwihan kaayaan anu diébréhkeun dina klausa sélér, éta babandingan téh sok dijéntrékeun ku kecap panyambung *batan* dibarengan ku *leuwih* atawa *kénéh*, saperti anu katangén dina kalimah-kalimah ieu di handap.

- (498) Kahirupan aherat leuwih penting batan kahirupan dunya lantaran hirup di ahérat mah langgeng saendeng-endeng.

(499) Alhasil, gedé keneh kasieun ku manusa batan ku Allah.

4.3.3.3 Kalimah Ringkesan

Kalimah ringkesan nya éta kalimah anu beunang mondokkeun tina hiji kalimah atawa hiji klausa. Kalimahna bisa mangrupa hiji kecap, frasa, atawa klausa anu asalna nyicingan hiji fungsi dina kalimah atawa klausa séjén. Ku lantaran kitu, ieu kalimah téh bisa disebut kalimah dérivatif atawa kalimah rundayan. Kalimah asalna bisa mangrupa kalimah salancar, kalimah ngantét, atawa kalimah sumélér, boh mangrupa kalimah wawaran, kalimah pananya, boh mangrupa kalimah panitah. Kalimah-kalimah ringkesan téh umumna mah kaasup kana tipe kalimah minor.

Nurutkeun tipe klausana jeung tipe situasina, kalimah ringkesan téh bisa dibédakeun jadi (1) kalimah singgetan, (2) kalimah runtuyan, (3) kalimah sambungan, (4) kalimah tambahan, jeung (5) kalimah jawaban.

4.3.3.3.1 Kalimah Singgetan

Kalimah singgetan atawa kalimah éliptis nya éta kalimah teu sampurna beunang mondokkeun tina kalimah salancar ku jalan ngaleungitkeun subjékna atawa prédikatna, atawa subjék jeung prédikatna. Ku lantaran kitu, kalimah singgetan téh bisa dibédakeun jadi tilu rupa, nya éta (1) kalimah singgetan tansubjék (tanjejer), (2) kalimah singgetan tanprédikat (tancaritaan), jeung (3) kalimah singgetan tansubjék-tanprédikat (tanjejer-tan caritaan). Kalimah-kalimah tipe kieu teh biasa dikedalkeun dina wacana dialog atawa paguneman.

Kalimah singgetan tansubjék (Kal Sing Tan-S) nya éta kalimah singgetan anu klausana henteu ngandung subjék, saperti anu katangén dina kalimah-kalimah ieu di handap.

- (500) Diuk atuh! (Tina: Diuk atuh silaing téh!)
 (501) Rék meuli naon? (Tina: Rék meuli naon Mimin téh?)
 (502) Keur nyangsaya dina korsi. (Tina: Emang keur nyangsaya dina korsi.)
 (503) Acan datang kénéh baé. (Tina: Barudak téh acan datang kénéh baé.)

(504) Dibalédog ku batu gedé. (Tina: Oray téh dibalédog ku batu gedé.)

Kalimah singgetan tanprédikat (Kal Sing Tan-P) nya éta kalimah singgetan anu prédikat klausana henteu dikedalkeun atawa nyamuni (aya dina pikiran panyatur). Contona kalimah-kalimah ieu di handap.

- (505) Eta baé ayeuna mah! (Tina: Eta baé bawa ayeuna mah!)
- (506) Ari buku? (Tina: Ari buku geus dibérésan?)
- (507) Hargana! (Tina: BÉjakeun hargana!)
- (508) Ari barudak? (Tina: Ari barudak ka marana?)
- (509) Pangajina? (Tina: Pangajina sabaraha?)

Kalimah singgetan tansubjék-tanprédikat (Kal Sing Tan-SP) nya éta kalimah anu subjék jeung prédikat klausana henteu dikedalkeun atawa nyamuni. Ieu kalimah téh diwangun ku kecap atawa frasa anu tadina nyicingan fungsi-fungsi objék, komplemén, atawa katerangan. Ieu di handap conto-conto kalimahna.

- (510) Kebon cengkéh. (Tina: Manéhna ngajual kebon cengkéh.)
- (511) Cikénéh. (Tina: Cikénéh Si Ujang téh ka dieu.)
- (512) Kana novel. (Tina: Manéhna téh resepeun pisan kana novel.)
- (513) Kamari. (Tina: Kuring meuli buku kamari.)
- (514) Di alun-alun. (tina: Di alun-alun aya nu gelut.)

Kalimah-kalimah singgetan téh adeganana bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

$$[71] \text{ Kal Sing } \Rightarrow \left(\begin{array}{c} \text{Kal Tan-S} \\ \text{Kal Tan-P} \\ \text{Kal Tan-SP} \end{array} \right) : \left(\begin{array}{c} \text{Kecap} \\ \text{Frasa} \\ \text{Klausana} \end{array} \right) + \text{In Fi}$$

4.3.3.3.2 Kalimah Runtuyan

Kalimah runtuyan atawa kalimah sekuénsial nya éta kalimah anu mangrupa sempalan tina kalimah ngantét. Ieu kalimah téh asalna

mangrupa hiji klausa dina hiji kalimah anu diwangun ku dua klausa atawa leuwih. Kajadianana lantaran klausa saméméhna, anu kudu ditungtungan ku intonasi tanfinal (lentong tanpamungkas), ditutup ku intonasi final. Ieu kalimah téh diwangun ku konjungsi koordinatif, saperti *tapi*, *padahal*, *malah*, *jeung*, *turug-turug*, *tuluy*, jeung sajabana ti éta, anu dituturkeun ku klausa. Ieu kalimah téh fungsina pikeun méré informasi tambahan atawa nuluykeun kalimah saheulaeunana. Contona:

- (515) (Nanging, kangjeng gusti kedah gentos heula anggoan, kangjeng gusti kedah nyamur supadoa taya taya nu terangeun yén kangjeng gusti angkat ngantunkeun karaton.) Malih, abdi gusti ogé badé nyamur.

Kalimah *Malih, abdi gusti ogé badé nyamur* mangrupa sempalan jeung tuluy tina kalimah *Nanging, kangjeng gusti kedah gentos heula anggoan, kangjeng gusti kedah nyamur supados taya anu terangeun yén kangjeng gusti angkat ngantunkeun karaton*, anu saenyana mah éta dua kalimah téh mangrupa hiji kalimah ngantét.

Adegan kalimah runtuyan téh bisa digambarkeun saperti kieu

$$[72] \text{ Kal Run } \Rightarrow \text{Konj Koor} \left(\begin{array}{c} \langle \text{tapi} \rangle \\ \langle \text{malah} \rangle \\ x \end{array} \right) + \left(\begin{array}{c} \text{Kla Leng} \\ \text{Kla Tan-Leng} \end{array} \right) + \text{In Fi}$$

Contona:

- (516) Tapi, éta pamingpin téh teu daékeun méré potongan atawa komisi ka éta tabib.
- (517) Malah, nepi ka ubar nu dijieun tina dangdaunan jeung tina akar-akaran dicobaan.
- (518) Tuluy, manéhna balaka ménta potongan tina harga samistina.
- (519) Padahal, enggeus nyahoeun.
- (520) Katambah-tambah, maranéhanana mah parantos nganggo artos nagara sakitu seueurna.

4.3.3.3 Kalimah Sambungan

Kalimah sambungan atawa kalimah marginal nya éta kalimah anu mangrupa sempalan tina kalimah sumélér. Asalna ieu kalimah téh mangrupa klausa sélér anu nyicingan hiji fungsi dina klausa lulugu atawa kalimah sumélérna. Saperti kalimah runtuyan, ayana kalimah sambungan teh lantaran klausa saméméhna, anu kuduna ditungtungan ku intonasi tanfinal, ditutup ku intonasi final. Umumna ieu kalimah téh méré katerangan kana kalimah saheulaeunana. Tangtu baé ieu kalimah téh bisa disambungkeun kana kalimah saheulaeunana nepi ka jadi hiji kalimah sumélér. Contona kalimah ieu di handap.

(521) (Asup ka pondok wayah kieu mah lapur, moal bisa rerencepan.) Lantaran biasana santri keur meujeuhna ngagarimbung di luar.

Kalimah sambungan *Lantaran biasana santri keur meujeuhna ngagarimbung di luar* saenyana mangrupa klausa sélér anu nyicingan fungsi katerangan sabab dina kalimah (klausa) saheulaeunana. Lamun klausa saheulaeunana henteu ditutup ku intonasi final, éta dua kalimah téh langsung jadi hiji kalimah sumélér: *Asup ka pondok wayah kieu mah lapur, moal bisa rerencepan lantaran biasana santri keur meujeuhna ngagarimbung di luar*.

Adegan kalimah sambungan téh bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[73] \text{ Kal Sam} \Rightarrow \text{Konj Subor} : \left(\begin{array}{c} \langle \text{sabab} \rangle \\ \langle \text{ambeuh} \rangle \end{array} \right) \times \left(\begin{array}{c} \text{Kla Leng} \\ \text{Kla Tan.-Leng} \end{array} \right) + \text{In Fi}$$

Contona:

- (522) Sabab sumanget jeung kalancaran nyiar ilmu baris sirna upama dikongkoyangan pamajikan jeung rumah tangga.
 (523) Ngarah iuh jeung ngarah datang ti beulah tukang.
 (524) Nepi ka Bi Mu'ah ngajarigjeug bari ngareret ka kuring.

(525) Ambéh jiga teu ngahaja-haja.

(526) Da kuring duaan baris nepi ka tempat tujuan.

4.3.3.4 Kalimah Tambahan

Kalimah tambahan atawa kalimah adisi nya éta kalimah ringkesan anu dijieun panambah kana kalimah-kalimah saheulaeunana dina hiji wacana. Ieu kalimah téh bisa mangrupa singgetan, runtuyan, atawa sambungan. Sanajan henteu mangrupa ungkara anu lengkep, ieu kalimah-kalimah téh maksudna écés lantaran pangaruh kontéksna atawa kalimah saheulaeunana. Ieu kalimah téh hakékatna mah mangrupa bagian tina kalimah séjén saheulaeunana, anu dipotong dijieun hiji kalimah sorangan. Contona:

(527) (Ah, puguh Alo mah ngahaja ngider séja ngadeuheus.)
 Ka sepuh, ka kadang warga, ka ihwan-ihwan.

Kalimah *Ka sepuh, ka kadang warga, ka ihwan-ihwan* mangrupa kalimah tambahan kana kalimah saheulaeunana: *Ah, puguh Alo mah ngahaja ngider séja ngadeuheus*. Eta dua kalimah téh saenyana mangrupa hiji kalimah anu leuwih jembar: *Ah, puguh Alo mah ngahaja ngider séja ngadeuheus ka sepuh, ka kadang warga, ka ihwan-ihwan*.

Adegan kalimah tambahan téh bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[74] \text{ Kal Tam} \Rightarrow \left(\begin{array}{c} \text{Kecap Tam} \\ \text{Frasa Tam} \\ \text{Kla Tan-Leng Tam} \end{array} \right) + \text{In Fi}$$

Contona:

- (528) (Sakanyaho Emang, ti jaman keur budak di lembur nepi ka kiwari, kakara manggih anu rék jarak ka Mekah ider-ideran cara Alo.) Teu nampa sémah di imah.
 (529) (Sémah jul-jol taya kendatna.) Beurang peuting.
 (530) (Tah eta, di urang mah jalma téh tara tahan kritik.) Sok babari tampi raos.
 (531) (Hiji dua, Lo. Lolobana mah cara urang wé.) Ngadon barangbeuli.

- (532) (Henteu kagambar ku rumpaka kumaha kabungah haté basa sawatara waktu ti harita Andika datang dituturkeun ku nu ngagotong korsi.) Pulas coklat kolot, warna karesepna.

4.3.3.3.5 Kalimah Jawaban

Anu dimaksud ku kalimah jawaban di dieu nya éta kalimah-kalimah ringkesan anu dipaké ngajawab pananya. Ieu kalimah téh umumna mangrupa kalimah sambungan atawa singgetan, mangrupa frasa atawa kecap. Umumna mah kalimah-kalimah jawaban téh mangrupa kalimah-kalimah parondok, strukturna henteu lengkep lantaran ari jawaban téh babari kahartina da luyu jeung anu ditanyakeunana dina kalimah pananya téa. Lamun perlu, kalimah jawaban téh bisa diwangun jadi kalimah lengkep ku jalan ngarobah kalimah pananya jadi kalimah wawaran bari ngaganti nu ditanyakeunana ku jawabanana. Contona:

- (533) (Ari di bumi aya saha baé?) Rini.

Kalimah *Rini* dina conto di luhur téh mangrupa jawaban kana kalimah pananya *Ari di bumi aya saha baé?* Eta kalimah téh bisa dijieun kalimah lengkep jadi *Ari di bumi aya Rini baé*.

Adegan kalimah jawaban umumna bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

$$[75] \text{ Kal Jaw} \Rightarrow \left(\begin{array}{c} \text{Kecap Jaw} \\ \text{Frasa Jaw} \\ \text{Kla Tan-Leng Jaw} \end{array} \right) + \text{In Fi}$$

Contona:

- (534) (Naon nu jahat téh?) Wereng.
 (535) (Sabaraha gram ieu téh, Kang?) Lima welas kurang saeutik.
 (536) (Kinten-kinten mulihna iraha?) Teu tiasa dikinten-kinten da tara tangtos.
 (537) (Naha bet duka?) Da teu terang.

- (538) (Kumaha, Kang?) Ké, ka cai heula.

4.3.3.4 Kalimah Singget

Kalimah singget téh nya éta kalimah-kalimah anu parondok, tapi lain beunang mondokkeun. Ieu kalimah téh unkarana henteu winangun klausa, boh klausa lengkep boh klausa tanlengkep. Kalimah-kalimah singget téh biasana diucapkeun pikeun ngeusian situasi wacana, upamana, ngamimitian nyarita, mungkas omongan, jeung ngantengkeun silaturahmi. Ditilik tina fungsina, kalimah singget téh bisa dibédakeun jadi (1) kalimah salam, (2) kalimah panyeluk, (3) kalimah panggero, (4) kalimah judul, (5) kalimah motto, jeung (6) kalimah inskripsi.

4.3.3.4.1 Kalimah Salam

Kalimah salam nya éta kalimah anu biasa dipaké dina mimiti nyarita atawa patepung, dina papisah atawa paturay, atawa waktu rek nepungan hiji jalma. Ieu kalimah téh fungsi utamana pikeun ngantengkeun silaturahmi, babarayaan, atawa pikeun nyumponan tata krama. Ungkarana henteu mangrupa klausa sarta umumna mah diwangun ku hiji kecap atawa hiji frasa.

Adegan kalimah salam umumna bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

$$[76] \text{ Kal Sa} \Rightarrow \left(\begin{array}{c} \text{Kecap Sifat} \\ \text{Frasa Sifat} \end{array} \right) + \text{In Fi}$$

Contona:

- (539) Asalamualaikum!
 (540) Puntén!
 (541) Hatur nuhun!
 (542) Wilujeng énjing!
 (543) Kumaha damang?

4.3.3.4.2 Kalimah Panyeluk

Kalimah panyeluk atawa kalimah vokatif nya éta kalimah anu biasa dipaké pikeun nyeluk. Ieu kalimah téh biasana mangrupa hiji kecap barang anu nuduhkeun ngaran macakal, pancakaki, sesebutan atawa

gelar, atawa kecap sulur jalma kadua. Malah aya oge anu maké ngaran golongan.

Kalimah panyeluk téh adeganana bisa digambarkeun saperti anu katangén ieu di handap.

$$[77] \text{ Kal Panye} \Rightarrow \begin{pmatrix} \text{Nga Mae} \\ \text{Nga Panc} \\ x \end{pmatrix} + \text{In Fi Vok}$$

Contona:

- (544) Ca! (Béca!)
- (545) Min! (Damin!)
- (546) Mang! (Emang!)
- (547) Lét! (Létnan!)
- (548) Ambuna!

4.3.3.4.3 Kalimah Penggero

Kalimah panggero, kalimah bituna rasa, atawa kalimah intérjektif nya éta kalimah anu sok dipaké pikeun ngébréhkeun eusi haté, parasaan, atawa émosi anu rongkah, saperti rasa nyeri, bungah, reuwas, sumanget, keuheul, jéngkél, héran, jeung sabangsana. Ieu kalimah téh biasana diwangun ku kecap atawa frasa intérjektif. Ku lantaran kitu, kalimah-kalimah panggero téh adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[78] \text{ Kal Pengge} \Rightarrow \begin{pmatrix} \text{Kecap Inter} \\ \text{Frasa Inter} \end{pmatrix} + \text{In Fi Inter}$$

Contona:

- (549) Aduh!
- (550) Alah ieung!
- (551) Lakadalah!
- (552) Hoyah!
- (553) Euleuh!

4.3.3.4.4 Kalimah Judul

Kalimah-kalimah anu mangrupa judul buku, majalah, koran, atawa kagiatan jeung sabangsana disebut kalimah judul atawa kalimah titél. Ieu kalimah téh umumna mangrupa kecap atawa frasa, anu adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

$$[79] \text{ Kal Ju} \Rightarrow \begin{pmatrix} \text{Kecap Ju} \\ \text{Frasa Ju} \end{pmatrix} + \text{In Fi}$$

Contona:

- (554) Di Luhureun Jukut Reumis.
- (555) Baruang ka nu Ngarora.
- (556) Galura.
- (557) Manglé.
- (558) Pansanggiri Tembang Cianjuran.

4.3.3.4.5 Kalimah Motto

Di masarakat urang sok aya kalimah-kalimah anu biasa dipaké cecekelan atawa padoman dina hirup kumbuh atawa enggoning ngahontal cita-cita. Eta kalimah-kalimah anu kitu téh disebut kalimah motto. Uangkarana bisa panjang, bisa ogé pondok; tapi umumna mah winangun sababarah kecap anu mangrupa frasa atawa klausa anu parondok. Adeganana saperti kieu.

$$[80] \text{ Kal Mot} \Rightarrow \begin{pmatrix} \text{Frasa Pad Hi} \\ \text{Klausa Pad Hi} \end{pmatrix} + \text{In Fi}$$


Contona:

- (559) Cageur, bageur, bener, pinter.
- (560) Silih asah, silih asih, silih asuh.
- (561) Sukaning indriya, gapuraning rahayu.
- (562) Ilmu tungtut, dunya siar.

(563) Sukan-sukan sakadarna.

4.3.3.4.6 Kalimah Inskripsi

Inskripsi mangrupa ucapan-ucapan anu ditujulkeun ka jalma-jalma minangka tanda kasih, kanyaah, kadeudeuh; pangbakti, pangormat, atawa pamulang tarima kana jasa. Kalimah anu mangrupa ucapan-ucapan saperti kitu téh disebut kalimah inskripsi. Ungkara ieu kalimah téh sok dimimitian ku kecap-kecap saperti *keur, kanggo, haturan, kahatur*, atawa ku runtuyan kecap-kecap saperti *katresna kanggo, tawis asih ka, tawis soca kanggo, tawis katineung kanggo, tawis baktos kanggo, kanyaah ka, sungkeman kanggo*, jeung sabangsana, dituturkeun ku kecap atawa frasa barang (nomina atawa nominal), sarta sakapeung dipungkas ku klausa relatif anu mangrupa atribut atawa modifiér frasa barangna. Gambaran adeganana saperti kieu.



Contona:

- (564) Haturan mamah sareng apa.
- (565) Tawis katineung kanggo ibu sareng bapa, anu teu kendat ngado'a.
- (566) Tawis asih kanggo ema miwah bapa.
- (567) Kanyaah ka dulur-dulur.
- (568) Sungkeman kanggo pun guru, nu tansah miwuruk abdi.

4.3.4 Warna Kalimah

Kalimah bisa dipasing-pasing nurutkeun warna (katégori) kecap atawa frasa anu jadi caritaanana. Dumasar kana ieu patokan, kalimah téh bisa dibedakeun jadi (1) kalimah pagawéan atawa kalimah vérbal jeung (2) kalimah tanpagawéan atawa kalimah nonvérbal. Kalimah pagawéan nya éta kalimah anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan (vérbal); ari kalimah tanpagawéan nya éta kalimah anu caritaanana lain kecap atawa frasa pagawéan (nonvérbal), bisa mangrupa kecap atawa frasa barang (nominal), sipat (adjéktival), bilangan (numeral), atawa frasa pangantét (préposisional).

4.3.4.1 Kalimah Pagawéan (Vérbal)

Kalimah pagawéan atawa kalimah vérbal biasa dipasing-pasing nurutkeun warna kecap atawa frasa pagawéanana jeung patali aktor-aksina atawa panglaku jeung pagawéanana. Nurutkeun warna kecap atawa frasa pagawéanana, kalimah bisa dibédakeun jadi (1) kalimah ékalaju (monotransitif), (2) kalimah dwilaju (bitransitif), (3) kalimah madyalaju (sémitransitif), (4) kalimah tanlaju (intransitif), jeung (5) kalimah madyatanlaju (sémiintransitif). Dumasar kana patali panglaku-pagawéanana, kalimah bisa dibédakeun jadi (1) kalimah migawé (aktif), (2) kalimah dipigawé (pasif), (3) kalimah migawé manéh (réfléksif atawa médial), (4) kalimah silihbales (résiprokal), jeung (5) kalimah kahanan (éksistif).

4.3.4.1.1 Kalimah Ékalaju (Monotransitif)

Kalimah ékalaju atawa kalimah monotransitif nya éta kalimah pagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan ékalaju (monotransitif). Dina ungkara kalimah, éta kecap atawa frasa pagawéan ékalaju téh mikabutuh ayana hiji unsur fungsional kalimah anu jadi udagan (objék), anu mangrupa kecap, frasa, atawa klausa barang (nominal). Lamun éta kecap, frasa, atawa klausa anu jadi udaganana téa dileungitkeun tina éta kalimah, ungkara éta kalimah téh bakal karasa “ngagantung”, aya nu leungit, acan lengkep, atawa acan réngsé. Contona:

- (569) Budak awéwé nyokot hihid.

(570) Manéhna ngajul gedang.

(571) *Budak awéwé nyokot.

(572) Manéhna ngajul.

Dina kalimah (569) jeung (570) kecap *nyokot* jeung *ngajul*, anu jadi caritaan éta kalimah, mangrupa kecap pagawéan ékalaju, anu mikabutuh ayana kecap atawa frasa séjén anu jadi udaganana: *hihid* jeung *gedang*. Lamun kecap *hihid* jeung *gedang* téa dileungitkeun tina ungkara éta kalimah, saperti anu katangén dina kalimah (571) jeung (572), éta kalimah téh jadi henteu mandiri, henteu anggeus, atawa henteu gembler, sarta anu ngadéngé bakal ngarep-ngarep kumaha tuluyana.

Kalimah ékalaju anu lengkep atawa sampurna diwangun ku jejer, caritaan, jeung udagan, maké katerangan atawa henteu, anu adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[82] Kal Ekal → J + C: G Ekal + U + (K) + Len Pam

Contona:

(575) Abu Nawas nanyakeun ponggawa ka sultan.

(574) Apan Si Ali mah keur meresihan kamar mandi tadi téh.

(575) Barudak keur nyaritakeun pangalamanana di hareupeun kelas.

Dina kalimah ékalaju caritaan jeung udagan pohara raketna nepi ka di antara caritaan jeung udagan téh henteu bisa diseselan unsur séjén, boh anu mangrupa kecap boh anu mangrupa frasa. Papadaning kitu, sakapeung aya udagan anu maké kecap pangantét atawa préposisi *ka*, pang-pangna dina kalimah anu ngabalukarkeun salah harti. Contona:

(576) *Budak awéwé nyokot tina pago hihid.

(577) Madraji nulungan manéh.

(578) Madraji nulungan ka manéh.

Kalimah (576) henteu mangrupa kalimah anu gramatis, henteu bisa dikedalkeun kitu lantaran antara caritaan jeung udaganana

diseselan unsur séjén. Ari kalimah (577) mangrupa kalimah anu miganda harti, bisa ditapsirkeun leuwih ti hiji, nya éta anu ditulungan téh Madrajina kénéh sorangan atawa anu séjén (jalma anu diajak nyarita ku nu ngedalkeun éta kalimah). Ku lantaran kitu, lamun anu dimaksud ku éta kalimah (577) téh sarua jeung anu dimaksud ku kalimah (578) (di dieu anu ditulungan téh jalma séjén), dipakéna kecap pangantét *ka* teh wajib sipatna.

4.3.4.1.2 Kalimah Dwilaju (Bitransitif)

Kalimah dwilaju atawa kalimah bitransitif nya éta kalimah pagawean anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan dwilaju (vérbal bitransitif). Dina ungkara kalimah eta kecap atawa frasa pagawéan dwilaju téh mikabutuh ayana dua unsur fungsional kalimah anu jadi panglengkep (komplémén) jeung udagan anu mangrupa kecap atawa frasa. Contona:

(579) Manéhna méré buku ka kuring.

(580) Eta budak téh mangngalakeun suluh keur emangna.

Dina kalimah (579) jeung (580) kecap pagawéan *méré* jeung *mangngalakeun* mangrupa kecap pagawéan dwilaju, anu mikabutuh ayana dua unsur fungsional kalimah anu jadi panglengkep jeung udagan, anu mangrupa kecap jeung frasa: *buku* jeung *ka kuring*. Lamun salahsahiji di antara éta kecap jeung frasa téh dipiceun, éta kalimah-kalimah téh bakal karasa henteu lengkep sanajan sakapeung mah salahsahiji ti antara éta kecap atawa frasa téa bisa dipiceun, upamana dina kalimah-kalimah anu ngandung kontras atawa lalawanan. Contona:

(581) Manéhna méré buku.

(582) Manéhna méré kuring.

(583) Manéhna méré buku, lain méré duit.

(584) Manéhna mah méré kuring, lain méré silaing.

Pola dasar adegan kalimah dwilaju téh bisa digambarkeun saperti ieu di handap, anu ngandung harti kalimah dwilaju anu sampurna

diwangun ku jejer, caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan dwilaju, panglengkep, jeung udagan maké katerangan atawa henteu.

[83] **Kal Dwil** → **J + C: G Dwil + PANG + U + (K) + Len Pam**

Contona:

(585) Emang téh mangmeulikeun selop keur bibina.

(586) Panitia téh mangnyewakeun hotél keur urang.

(587) Harita téh bibi mangninyuhkeun kopi keur emangna.

4.3.4.1.3 *Kalimah Madyalaju (Sémitransitif)*

Kalimah madyalaju atawa kalimah sémitransitif nya éta kalimah pagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan madyalaju (vérbal sémitransitif). Dina ungkara kalimah, ieu kecap atawa frasa pagawéan madyalaju téh ngandung sipat-sipat (1) di tukangeunana sakapeung aya kecap atawa frasa barang (KB), tapi sakapeung mah euweuh; (2) lamun aya KB, éta KB téh nyicingan fungsi udagan dina kalimah migawéna (aktif) sarta bisa jadi jejer dina kalimah dipigawéna (pasif); jeung (3) ayana KB di tukangeun éta kecap atawa frasa pagawéan téh sipatna wenang. Ku lantaran kitu, kalimah dwilaju téh ngawenangkeun ayana KB udagan tukangeun kecap pagawéanana. Contona:

(588) Anisa keur nginum.

(589) Anisa keur nginum susu.

(590) Akang téh keur maca.

(591) Akang téh keur maca koran.

Dina kalimah (588) jeung (589) kecap pagawéan *nginum* henteu ngawajibkeun ayana KB *susu* nu nyicingan fungsi udagan. Aya-euweuhna éta KB *susu* téh henteu matak ngurangan lengkepna éta kalimah. Nya kitu deui dina kalimah (590) jeung (591) kecap pagawéan *maca* henteu ngawajibkeun ayana KB *koran* anu nyicingan fungsi udagan. Aya-euweuhna KB *koran* téh henteu matak ngurangan lengkepna jeung kagramatikalanana éta kalimah. Jadi, kalimah

madyalaju téh kalimah pagawéan anu ngawenangkeun ayana KB udagan tukangeun caritanana. Ku lantaran kitu, pola dasar adeganana anu lengkep bisa digambarkeun saperti ieu di handap, anu ngandung harti kalimah madyalaju diwangun ku jejer, caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan madyalaju, dibarengan ku udagan jeung katerangan atawa henteu.

[84] **Kal Madyal** → **J + C: G Madyal + (U) + (K) + Len Pam**

(592) Apa mah nuju nongton (maén bal) di stadion Siliwangi.

(592) Apan manéhna téh keur ngarang (carita pondok).

(593) Bapa Darmiji nuju nyerat (soal sintaksis) dina bor.

4.3.4.1.4 *Kalimah Tanlaju (Intransitif)*

Kalimah tanlaju atawa kalimah intransitif téh nya éta kalimah pagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan tanlaju (vérbal intransitif). Dina ieu kalimah kecap atawa frasa pagawéan tanlaju téh henteu mikabutuh ayana kecap atawa frasa anu jadi udagan. Contona kalimah ieu di handap.

(594) Manéhna diuk.

(595) Barudak téh luak-lieuk baé.

Dina kalimah (594) jeung (595) *diuk* jeung *luak-lieuk*, anu jadi caritaanana, mangrupa kecap atawa frasa pagawéan tanlaju, anu henteu mikabutuh ayana kecap atawa frasa anu jadi udagan. Buktina, eta kalimah téh mangrupa kalimah anu sampurna atawa lengkep tur gramatis atawa bisa ditarima ku panyatur basa Sunda. Malah, lamun ditambahan ku kecap atawa frasa séjén anu dijieun udaganana, éta kalimah téh jadi henteu gramatis. Upamana kalimah

(596) *Manéhna téh diuk paku payung.

(597) *Barudak téh luak-lieuk baé babaturanana.

anu disaruakeun jeung kalimah-kalimah ieu di handap anu gramatis anu kaasup kalimah ékalaju.

(598) Manéhna téh ngadiukan paku payung.

(599) Barudak ngalieukan babaturanana.

Kalimah pagawéan tanlaju anu sampurna pola dasarna bisa digambarkeun saperti ieu di handap, anu ngandung harti kalimah

pagawéan tanlaju diwangun ku jejer jeung caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan tanlaju maké katerangan atawa henteu.

[85] **Kal Tanl** → **J + C: G Tanl + (K) + Len Pam**

Conto-conto séjénna:

(600) Salahsahiji kasenian rayat tumuwuh di dieu.

(601) Barudak Cikonéng geus daratang.

(602) Nu ngaraliwat di tukangeun imah tinggerendeng.

4.3.4.1.5 Kalimah Madyatanlaju (Sémiintransitif)

Kalimah madyatanlaju atawa kalimah sémiintransitif nya éta kalimah pagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa pagawéan madyatanlaju (vérbal sémiintransitif). Dina ungkara kalimah, kecap atawa frasa pagawéan madyatanlaju téh ngébréhkeun (1) di tukangeun kecap atawa frasa pagawéan aya KB atawa anu séjénna, anu nyicingan fungsi panglengkep; (2) kalimahna henteu bisa dipasifkeun; (3) ku lantaran kitu, KB téa henteu bisa dirobah jadi jejer; jeung (4) ayana KB atawa nu séjénna anu jadi panglengkep téh aya nu wajib, aya ogé nu wenang. Contona:

(603) Abdulah tumpak déلمان.

(604) *Déلمان ditumpak ku Abdulah.

(605) *Abdulah tumpak.

(606) Lanceukna jadi guru.

(607) *Guru dijadi ku lanceukna.

(608) *Lanceukna jadi.

(609) Mang Sodik keur dagang tahu.

(610) *Tahu keur didagang ku Mang Sodik.

(611) Mang Sodik keur dagang.

Dina kalimah (603) kecap pagawéan *tumpak* ngawajibkeun ayana KB *déلمان* anu nyicingan fungsi panglengkep. Lamun éta KB *déلمان* téh dileungitkeun, éta kalimah téh karasana acan réngsé, saperti anu katangén dina kalimah (605). KB *déلمان* henteu bisa jadi jejer lantaran kalimahna henteu bisa dipasifkeun, saperti anu katangén dina kalimah (604). Nya kitu deui kecap pagawéan *jadi* dina kalimah (606) ngawajibkeun ayana KB *guru* anu nyicingan fungsi panglengkep. Lamun KB *guru* téa dileungitkeun, kalimahna jadi henteu gramatis, saperti anu katangén dina kalimah (607). KB

guru henteu bisa jadi jejer lantaran kalimahna henteu bisa dipasifkeun, saperti anu katangén dina kalimah (608). Ari dina kalimah (609) kecap pagawean *dagang* ngawenangkeun ayana KB *tahu* anu nyicingan fungsi panglengkep; KB *tahu* dina éta kalimah bisa aya, bisa ogé euweuh, tur henteu matak ngurangan kagramatikalan éta kalimah, saperti anu katangén dina kalimah (611). KB *tahu* henteu bisa jadi jejer sarta kalimahna henteu bisa dipasifkeun sakumaha nau katangén dina kalimah (610).

Kalimah madyatanlaju anu sampurna diwangun ku jejer, caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan madyatanlaju, maké panglengkep jeung katerangan atawa henteu, saperti anu katangén dina formula adegan ieu di handap.

[86] **Kal Madyatanl** → **J + C: G Madyatanl + (PANG) + (K) + Len Pam**

Conto séjénna:

(612) Akang mah meunang lauk gedé harita téh.

(613) Kuring ogé keur diajar ngarang novél ayeuna téh.

(614) Kolotna mah bogaeun toko beusi di Banjarsari.

(615) Dadakuna ka kuring mah manéhna téh béakeun ongkos.

(616) Barudak SMP keur latihan biantara basa Sunda.

4.3.4.1.6 Kalimah Migawé (Aktif)

Kalimah pagawéan atawa kalimah vérbal anu jejerna nuduhkeun nu ngalakukeun (panglaku) pagawéan anu ditétélakeun ku caritaanana anu nuduhkeun migawé disebut kalimah migawé atawa kalimah aktif. Ieu kalimah téh bisa mangrupa kalimah ekalaju, dwilaju, madyalaju, tanlaju, atawa madyatanlaju. Contona:

(617) Sapeupeuting kaula téh napakuran lalakonna buyut kaula.

(618) Yudi mangmeulikeun roko keur kuring.

(619) Imas mah saban isuk-isuk ogé nginum susu murni.

(620) Barudak Bojongkawung ka dieuna téh laleumpang.

(621) Lina mah tumpak mobil anyar.

Dina kalimah-kalimah (617)—(621) jejer kalimah, nya eta *kaula téh*, *Yudi*, *Imas mah*, *barudak Bojongkawung*, jeung *Lina*, nuduhkeun nu ngalakukeun atawa nu migawé; ari caritanana nuduhkeun ngalakukeun atawa migawé, anu ditétélakeun ku kecap-kecap

napakuran, mangmeulikeun, nginum, laleumpang, jeung tumpak. Ku lantaran kitu, éta kalimah-kalimah téh kaasup kalimah migawé, anu adeganana bisa digambarkeun saperti ieu di handap, anu ngébréhkeun yén kalimah migawé diwangun ku jejer anu nuduhkeun panglaku (nu ngalakukeun), caritaan anu nuduhkeun migawé, maké panglengkep, udagan, jeung katerangan atawa henteu.

[87] Kal Mig → J: Pangl + C: G Mig + (PANG) (U) (K) + Len Pam

Kecap pagawéan anu nuduhkeun ngalakukeun, migawé, atawa aktif téh aya anu mangrupa kecap asal aya ogé anu mangrupa kecap rundayan anu dirarangkénan *N-*, *ba-*, *barang-*, *di-*, *ti-*, *-ar-*, *-um-*, jeung sajabana ti éta. Contona:

- (622) Barudak dariuk sisi balong.
- (623) Si Amang ngalung-ngalungkeun runtah ka susukan.
- (624) Aruman mangnuliskeun surat keur ninina.
- (625) Madhapi dagang suuk kulub di Balé Endah.
- (626) Manéhna keur ngabandungan biantara Lurah Weningati.
- (627) Kasampak téh manéhna keur sumegruk baé ceurik.
- (628) Ma Onah keur dibuat.
- (629) Uwa mah henteu barangbeuli basa ka ditu téh.

4.3.4.1.7 Kalimah Dipigawé (Pasif)

Kalimah dipigawé atawa kalimah pasif nya éta kalimah pagawéan anu jejerana nuduhkeun nu ngarandapan atawa nu kakeunaan pagawéan anu diébréhkeun ku caritaanana. Ieu kalimah téh mangrupa kalimah rundayan (dérivasi) kalimah migawé anu ngandung udagan, nya éta dérivasi tina kalimah ékalaju, dwilaju, jeung madyalaju. Contona:

- (630) Rambutan keur dipupu ku Mang Duki.
- (631) Si Ujang dipangnyieunkeun imah ku mitohana.
- (632) Majalah *Manglé* keur dibaca ku Yanti.

Dina kalimah (630) KB *rambutan*, nu jadi jejer éta kalimah, nuduhkeun ‘nu ngarandapan’ (pangrandap) pagawéan anu ditétélakeun ku vérba *keur dipupu*, nu jadi prédikat éta kalimah, anu nuduhkeun ‘dipigawé’. Eta kalimah téh mangrupa dérivasi tina

kalimah migawé ékalaju: *Mang Duki keur mupu rambutan*. Dina kalimah (631) KB *Si Ujang*, nu jadi jejer éta kalimah, nuduhkeun ‘nu ngarandapan’ pagawéan anu ditétélakeun ku kecap pagawéan *dipangnyieunkeun*, nu jadi prédikat éta kalimah, anu nuduhkeun ‘dipigawé’. Eta kalimah téh mangrupa dérivasi tina kalimah migawé dwilaju: *Mitohana mangnyieunkeun imah keur Si Ujang*. Dina kalimah (632) KB *majalah Manglé*, nu jadi jejer éta kalimah, nuduhkeun ‘nu ngarandapan’ pagawéan anu ditétélakeun ku fasa pagawéan *keur dibaca*, nu jadi caritaan éta kalimah, anu nuduhkeun ‘dipigawé’. Eta kalimah téh mangrupa dérivasi tina kalimah migawé madyalaju: *Yanti keur maca majalah Manglé*. Dina éta kalimah-kalimah téh ku urang katangén yén kalimah dipigawé téh asalna nyicingan fungsi udagan dina kalimah migawénana.

Kalimah dipigawé téh adeganana anu lengkep diwangun ku jejer, caritaan, maké udagan, panglengkep, jeung katerangan atawa henteu, anu adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[88] Kal Dipig → J: Pangr + C: G Dipig + (U) + (PANG) + (K) + Len Pam

Contona:

- (633) Buku novél téh keur dibaca kénéh ku Rini.
- (634) Anggara dipangmeulikeun komputer anyar ku mamahna.
- (635) Mobilna geus dijual deui ku anakna.
- (636) Bendungan téh kadupak ku caah déngdéng.
- (637) Bangsat téh padangepung ku saréréa.

Dina conto-conto di luhur katangén yén kecap pagawéan anu nuduhkeun dipigawé atawa pasif téh aya tilu rupa, nya éta kecap pagawéan anu dirarangkénan *di-*, *ka-*, jeung *pada-+N-*. Kecap pagawéan dirarangkénan *di-* nétélakeun yén pagawéan téh dilakukeunana dihaja; anu dirarangkénan *ka-* nuduhkeun teu dihaja; ari anu dirarangkénan *pada-+N-* nuduhkeun yén anu ngalakukeun pagawéanana leuwih ti saurang, sarua jeung kecap pagawéan anu dirarangkénan *di-+ -ar-*.

4.3.4.1.8 Kalimah Migawé Manéh (Médial atawa Réfléksif)

Kalimah migawé manéh, kalimah médial, atawa kalimah réfléksif nya éta kalimah anu jejerana nuduhkeun nu ngalakukeun (panglaku) jeung sakalian nu ngarandapan (pangrandap) pagawéan anu

ditétélakeun ku caritaanana anu mangrupa kecap pagawéan migawé manéh (vérba réfléksif). Contona:

(638) Béjana Ki Kanta ngagantung manéh.

Dina kalimah (638) frasa barang *Ki Kanta*, anu jadi jejer éta kalimah, nuduhkeun nu ngalakukeun jeung nu ngarandapan pagawéan anu ditétélakeun ku frasa pagawéan *ngagantung manéh*, anu jadi caritaan éta kalimah, anu nuduhkeun pagawéan migawé manéh, nya éta pagawéan anu akibatna malik ka nu ngalakukeunana. Ku lantaran kitu, jejer éta kalimah téh (*Ki Kanta*) nuduhkeun ‘panglaku’ jeung ‘pangrandap’ éta kalimah. Ieu kalimah migawé manéh (médiat atawa réfléksif) téh adeganana bisa digambarkeun saperti kieu, anu bisa dibaca yén kalimah migawé manéh téh diwangun ku jejer anu nuduhkeun panglaku jeung pangrandap, jeung caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan anu nuduhkeun migawé manéh, ditambah katerangan atawa henteu.

[89] Kal Mig Man → J: Pangl-Pangr + C: G Mig Man + (K) + Len Pam

Conto séjénna:

(639) Naha atuh silaing téh bet nyangsara manéh?

(640) Jang Maman téh keur ngawisik diri di padépokan MQ.

(641) Barudak Pramuka keur saliduru dina api unggun.

Saperti anu katangén dina conto-conto di luhur, kecap pagawéan migawé manéh atawa vérba réfléksif dina basa Sunda biasana mangrupa kecap pagawéan anu dirarangkénan *si-* jeung vérba anu dituturkeun (ditambahan) ku kecap *manéh* atawa *diri*, saperti *sidéang*, *sibeungeut*, *maéhan manéh*, *ngagantung manéh*, *ngawisik diri*, *meuseuh diri*.

4.3.4.1.9 Kalimah Silihbales (Résiprokal)

Kalimah silihbales atawa kalimah résiprokal nya éta kalimah anu jejerna ngalakukeun pagawéan silihbales. Ku lantaran silihbales téa, jejer ieu kalimah téh nuduhkeun nu ngalakukeun jeung nu ngarandapan pagawéan anu ditétélakeun ku kecap atawa frasa pagawéan anu jadi caritaanana. Contona:

(642) Barudak téh silihsuntrungkeun.

(643) Si Damin silihtonjok jeung Si Usro.

Dina kalimah (642) frasa barang *barudak téh*, nu jadi jejer éta kalimah, ngalakukeun pagawéan silihbales anu ditétélakeun ku kecap pagawéan *silih suntrungkeun*, anu jadi caritaanana éta kalimah téa., anu ngandung harti ‘nyuntrungkeun’ jeung ‘disuntrungkeun’. Ku lantaran kitu, jejer éta kalimah téh nuduhkeun nu ngalakukeun (nyuntrungkeun) jeung nu ngarandapan (disuntrungkeun). Dina kalimah (643) frasa barang *Si Damin*, nu jadi jejer éta kalimah, ngalakukeun éta pagawéan silihbales anu ditétélakeun ku kecap pagawéan *silihtonjok*, anu jadi caritaanana éta kalimah téa, anu ngandung harti ‘nonjok’ jeung ‘ditonjok’. Ku lantaran kitu, jejer éta kalimah nuduhkeun nu ngalakukeun (nonjok) jeung nu ngarandapan (ditonjok).

Jejer kalimah silihbales téh kudu mangrupa kecap atawa frasa barang jama, saperti *barudak*, *maranéhna*, *nu datang*, *urang dieu*, jeung sajaba ti éta. Lamun jejerna mangrupa kecap atawa frasa barang tunggal, kudu aya kecap atawa frasa barang séjénna anu marengan jejer pikeun ngalakukeun pagawéan anu diébréhkeun ku kecap pagawéan caritaanana téa. Contona:

(644) Maranéhanana silihéléhkeun.

(645) Nana silihpelong jeung Nani.

(646) *Nana silihpelong.

Dina kalimah (644) kecap barang *maranéhanana*, nu jadi jejer éta kalimah, mangrupa kecap barang jama. Dina kalimah (645) kecap barang *Nana*, nu jadi jejer éta kalimah, mangrupa kecap barang tunggal, tapi dibarengan ku kecap barang séjén, nya éta *Nani*, anu ngilu ngalakukeun pagawéan anu ditétélakeun ku vérba prédikatna téa. Éta dua kalimah téh kaasup kalimah anu gramatis. Ari kalimah (646), anu asalna kalimah (645) anu dileungitkeun kecap barang anu marengan jejerna (*Nani*), mangrupa kalimah anu henteu gramatis, henteu bisa katarima benerna ku panyatur lantaran henteu lengkep.

Adegan kalimah silihbales téh bisa digambarkeun saperti ieu di handap, anu bisa dibaca yén kalimah silihbales téh diwangun ku jejer anu nuduhkeun nu ngalakukeun jeung nu ngarandapan (panglaku-pangrandap), caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa pagawéan anu nuduhkeun silihbales, ditambah panglengkep jeung katerangan atawa henteu.

[90] Kal Silba → J: Pangl-Pangr + C: G Silba + (PANG) + (K) + Len Pam

- (647) Ahmad jeung Hamid silihudag.
- (648) Jamilah papelung-pelong jeung Rodiah.
- (649) Kuring sok silihjinjeuman buku jeung manéhna.
- (650) Babaturan saasrama teh sok silih pangmeulikeun deungeun sangu ka warung Bi Ijoh.
- (651) Batur salembur kuring mah sok silih béré dahareun ari usum kieu téh.

Tina conto-conto di luhur katangén yén kecap pagawéan silihbales téh mangrupa kecap pagawéan winangun *silih-*, *silih pang--keun*, jeung *pa-R* (kecap pagawéan dirarangkénan *pa-* dibarung ku rajékan).

4.3.4.1.10 Kalimah Kahanan (Éksistif)

Kalimah kahanan atawa kalimah éksistif nya éta kalimah pagawéan anu caritaanana nuduhkeun éksisna atawa aya-euweuhna jejer. Aya-euweuhna jejer teh ditétélakeun ku kecap pagawéan kahanan (éksistif) *aya* atawa *euweuh*, anu nuduhkeun kahanan positif atawa négatif. Dina ieu kalimah, caritaanana salawasna aya di hareupeun atawa heulaeun jejnerna, jeung sok dibarengan katerangan tempat atawa waktu. Contona:

- (652) Aya nu ngirim ganas tadi téh.
- (653) Euweuh bioskop di lembur mah.

Dina kalimah (652) kecap pagawéan *aya*, anu nuduhkeun kahanan positif, nyicingan fungsi caritaan anu tempatna di hareupeun subjék: *nu ngirim ganas*, dibarengan ku katerangan waktu: *tadi téh*. Dina kalimah (653) kecap pagawéan *euweuh*, anu nuduhkeun kahanan négatif, nyicingan fungsi caritaan anu tempatna di hareupeun jejer: *bioskop*, dibarengan ku katerangan tempat: *di lembur mah*.

Adegan kalimah kahanan téh bisa digambarkeun saperti ieu di handap, anu bisa dibaca yén kalimah kahanan téh diwangun ku caritaan anu mangrupa kecap pagawéan kahanan *aya* atawa *euweuh*, jejer anu nuduhkeun nu ngalaman (pangalam), jeung katerangan anu nuduhkeun tempat atawa waktu.

<aya>

tempat

[91] Kal Kah → C: + J: Panga + K: + Len
Pam <euweuh> waktu

Contona:

- (654) Aya batu gedé baheula mah di dieu téh.
- (655) Di langit aya béntang.
- (656) Euweuh listrik harita mah.
- (657) Euweuh nu ngajaga di kantor téh.

4.3.4.2 Kalimah Tanpagawéan (Nonvérbal)

Kalimah tanpagawéan atawa kalimah nonvérbal nya éta kalimah anu caritaanana lain kecap pagawéan atawa lain vérbal. Nu kaasup kalimah tanpagawéan téh nya éta kalimah barang (nominal), kalimah sipat (adjékktival), kalimah bilangan (numeral), jeung kalimah pangantét (préposisional). Ieu di handap dipedar hiji-hijina.

4.3.4.2.1 Kalimah Barang (Nominal)

Kalimah barang atawa kalimah nominal nya éta kalimah anu caritaanana kecap atawa frasa barang (nominal). Nurutkeun patali semantisna, éta kalimah téh nuduhkeun ayana kasaruaan antara jejer jeung caritaanana. Ku lantaran kitu, ieu kalimah téh sok disebut ogé kalimah ékuasional atawa kalimah ékuatif. Dina ieu kalimah, jejer téh dianggap sarua atawa sagolongan jeung caritaan anu nuduhkeun golongan atawa idéntitas jejer. Contona:

- (658) Bapa kuring téh guru SD.
- (659) Kuring téh Ahmad Dasuki téa.

Dina kalimah (658) frasa barang *bapa kuring téh*, anu jadi jejer éta kalimah, sarua jeung atawa kaasup golongan frasa barang *guru SD*, anu jadi caritaan éta kalimah. Dina kalimah (659) frasa barang *Ahmad Dasuki téa*, anu jadi caritaan éta kalimah, nuduhkeun idéntitas frasa barang *kuring téh*, anu jadi jejer éta kalimah téa. Pikeun negeskeun patali semantis anu nuduhkeun golongan atawa idéntitas téh, hareupeun kecap atawa frasa barang nu jadi caritaanana sok ditambah kecap *nya éta*. Kalawan ringkes, éta kalimah-kalimah barang téh adeganana bisa digambarkeun saperti kieu.

[92] Kal Bar → J + C: (<nya eta>) B/FB Gol
B/FB Iden + Len Pam

Conto séjénna:

- (660) Barudak awéwé téh mahasiswa urang.
- (661) Bapana téh nya éta manéhna.
- (662) Urang dieu mah santri wungkul.
- (663) Rebo mah pagéto.
- (664) Ari ayeuna mah taun Alip.

Dina kalimah barang, lamun kecap atawa frasa barang anu jadi jejnerna nuduhkeun ambahan anu leuwih jembar batan kecap atawa frasa barang anu jadi prédikatna, kecap atawa frasa barang anu jadi jejnerna kudu diheureutan ku kecap *éta* atawa ku rarangkén *-na*, anu sakapeung sok diantebkeun ku kecap *téh*. Contona:

- (665) *Sato munding.
- (666) Éta sato munding.
- (667) Éta sato téh munding.
- (668) Satona munding.
- (669) Satona téh munding.

4.3.4.2.2 Kalimah Sipat (Adjéktival)

Kalimah tanpagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa sipat (adjéktival) disebut kalimah sipat, kalimah adjéktival, atawa kalimah statif. Contona:

- (670) Hargana téh mahal teuing.
- (671) Hirupna téh balangsak pisan.
- (672) Panonna mani beureum.

Kalimah (670)-(672) caritaanana mangrupa frasa sipat (frasa adjéktival), nya éta *mahal teuing*, *balangsak pisan*, *mani beureum*, anu nuduhkeun kaayaan jejnerna anu mangrupa kecap atawa frasa barang: *hargana téh*, *hirupna téh*, *panonna*.

Dina kalimah sipat aya sawatara caritaan anu perlu dilengkepan ku kecap atawa frasa séjén anu nyicingan fungsi panglengkep, pangpangna caritaam sipat anu nuduhkeun kaayaan atawa suasana jiwa, saperti keca-kecap *poho*, *sieun*, *butuh*, *perlu*, *wani*, *nyaah*, *hariwang*, *watir*, jeung sajabana. Contona:

- (673) Budak téh butuheun ku kanyaah indung.

(674) Kuring mah sieun cilaka.

(675) Anu jadi kolot mah salawasna gé nyaah ka nu jadi anak téh.

(676) Saha anu wani ka déwék?

Dina kalimah-kalimah (673)-(676) kecap sipat *butuheun*, *sieun*, *nyaah*, *wani*, anu jadi caritaan éta kalimah-kalimah téa, dilengkepan ku kecap atawa frasa *ku kanyaah indung*, *cilaka*, *ka nu jadi anak téh*, *ka déwék*, anu jadi panglengkep (komplemén) éta kalimah.

Lamun digambarkeun, adegan éta kalimah-kalimah sipat téh saperti ieu di handap, anu maksudna kalimah sifat diwangun ku jejer jeung caritaan anu mangrupa kecap atawa frasa sipat, dibarengan atawa henteu ku panglengkep jeung katerangan.

[93] Kal Sip → J + C: S/FS + (PANG) + (K) + In Fi

Conto séjénna:

- (677) Kembangna barodas.
- (678) Kebonna harieum ku tatangkalan anu galedé.
- (679) Poé ieu mah kawasna moal capé teuing urang téh.

4.3.4.2.3 Kalimah Bilangan (Numeral)

Kalimah bilangan atawa kalimah numeral nya éta kalimah tanpagawéan anu caritaanana mangrupa kecap atawa frasa bailangan. Contona:

- (680) Domba téh anakna tilu.
- (681) Sérang Pa Haji mah lima héktar.
- (682) Urang dieu mah ngan sapuluh urang.

Dina kalimah-kalimah (680)–(682) kecap jeung frasa *tilu*, *lima héktar*, *ngan sapuluh urang*, anu jadi caritaan éta kalimah-kalimah téa, mangrupa kecap atawa frasa bilangan, anu nuduhkeun lobana jejer: *anakna*, *sérang Pa Haji*, *urang dieu mah*. Sakapeung caritaan anu mangrupa kacap atawa bilangan téh sok ditambahan kecap *aya*, upamana

(683) Sérang Pa Haji aya lima héktar.

(684) Urang dieu mah ngan aya sapuluh urang.

Adegan kalimah bilangan teh bisa digambarkeun kieu.

[94] Kal Bil → J + C: (<aya>) Bil/FBil + (K) + Len Pam

4.3.4.2.4 Kalimah Pangantét (Préposisional)

Kalimah tanpagawéan anu caritaanana mangrupa frasa pangantét (préposisional) disebut kalimah frasa pangantét atawa kalimah préposisional. Contona:

(685) Barudak SD Pasirjambu ka Cisondari.

(686) Mang Ewo téh ti Ciamis.

Kalimah (685) jeung (686) caritaanana *ka Cisondari*, jeung *ti Ciamis*, anu mangrupa frasa préposisional atawa frasa pangantét, ari jejerna *barudak SD Pasirjambu* jeung *Mang Ewo téh*. Kalimah-kalimah modél kieu téh bisa dianggap kalimah ringkesan tina kalimah anu diwangun ku jejer, caritaan, jeung katerangan, anu caritaanana dileungitkeun saperti kalimah (687) jeung (688) ieu di handap, anu prédikatna *indit* jeung *balik*. Dina ieu kalimah *ka Cisondari* jeung *ti Ciamis* nyicingan fungsi katerangan.

(687) Barudak SD Pasirjambu (indit) ka Cisondari.

(688) Mang Ewo téh (balik) ti Ciamis.

Papadaning kitu, loba kalimah pangantét anu hésé, malah teu bisa, dianggap mangrupa kalimah ringkesan. Titénan kalimah-kalimah ieu di handap.

(689) Nyayangna dina tangkal kiara. ← *Nyayangna nyayang dina tangkal kiara.

(690) Cicingna téh dina gowok kihujan. ← *Cicingna téh cicing dina gowok kihujan.

Adegan kalimah préposisional téh bisa digambarkeun saperti kieu.

[95] Kal Pang → J + C: FPang + (K) + Len Pam

Conto séjénna:

(691) Ti baheula gé kuring mah di dieu baé.

(692) Balik téh rék kana karéta akang mah.

(693) Apan bibi mah keur ka pasar kamari téh.

4.3.5 Wanda Kalimah

Kalimah téh dipaké ku urang pikeun alat komunikasi, pikeun ngébréhkeun naon-naon anu aya dina pikiran atawa parasaan urang. Ku lantaran kitu, kalimah téh ngandung naon-naon anu ditétélakeun, diébréhkeun, dituduhkeun, dipikahayang, jeung sabangsana ku panyaturna. Ringkesna, kalimah téh ngandung maksud anu tangtu. Upamana, kalimah-kalimah ieu di handap pada-pada ngandung maksud anu tangtu.

(694) Sutardi téh keur kuriak.

(695) Sutardi téh keur kuriak?

Kalimah (694) jeung kalimah (695) béda maksudna. Kalimah (694) maksudna méré informasi, méré béja ngeunaan Sutardi; ari kalimah (695) maksudna ménta informasi ngeunaan Sutardi atawa pikeun ngayakinkeun bener-henteuna informasi ngeunaan Sutardi. Ku lantaran béda maksudna, éta dua kalimah téh wandana ogé béda, anu dina éta kalimah katangén dina intonasi finalna atawa lentong pamungkasna. Kalimah (694) ngandung intonasi final wawaran, ari kalimah (695) mah ngandung intonasi final pananya.

Dumasar kana wandana téa, kalimah téh bisa dibédakeun jadi (1) kalimah wawaran (déklaratif), (2) kalimah pananya (interogatif), (3) kalimah panitah (imperatif), (4) kalimah ebéréhan (ékslamatif), jeung (5) kalimah anteban (émfatik). Ieu di handap dipedar hiji-hijina.

4.3.5.1 Kalimah Wawaran (Déklaratif)

Kalimah wawaran atawa kalimah déklaratif nya éta kalimah anu fungsi utamana dipaké pikeun ngawawarkeun, nerangkeun, nétélakeun, ngabéjaan, atawa méré informasi. Ieu kalimah téh ditandaan ku intonasi final atawa lentong pamungkas anu biasa disebut intonasi déklaratif atawa lentong wawaran, anu sok digambarkeun ku kontur intonasi

#[2]23//231↓#. Nurutkeun wangunna, kalimah wawaran téh bisa mangrupa kalimah salancar, kalimah rangkepan, kalimah ringkesan, atawa kalimah singget, anu winangun kecap, frasa, atawa klausa, boh lengkep boh henteu. Ku lantaran kitu, adegan kalimah wawaran téh bisa digambarkeun saperti kieu.



Contona:

(696) Rini ngahaja datang ka Bandung rék lalajo drama “Citraresmi” nu dimaénkeun ku anak buah Yudi.

(697) Manéhna diuk dina korsi jajaran kahiji, ngarendéng jeung Lina.

(698) Nu lalajo pohara barungaheunana, sarugemaen ku pintonan anu dipagelarkeun di panggung.

(699) Enya kituna mah..

(700) Ahmad Bakri.

4.3.5.2 Kalimah Pananya (Interogatif)

Kalimah anu fungsi utamana pikeun nanyakeun disebut kalimah pananya atawa kalimah interogatif. Kalimah pananya umumna miharep jawaban anu mangrupa omongan, jawaban verbal atawa lingual. Ieu kalimah miboga ciri lentong anu béda jeung lentong wawaran. Umumna kalimah pananya téh ditungtungan ku lentong pamungkas anu biasa ditandaan ku kontur intonasi 213↑ atawa 232↑.

Nurutkeun fungsina, kalimah pananya téh bisa dibedakeun jadi dua rupa:

- 1) kalimah pananya katangtuan, anu miharep jawaban *enya, lain*, atawa *henteu*; contona:

(701) Bapa téh guru?

(702) Barudak téh ka sakola?

- 2) kalimah pananya katerangan, anu miharep jawaban anu mangrupa katerangan atawa pertélaan; contona:

(703) Iraha inditna téh?

(704) Naon sababna silaing henteu nyarita ti anggalna?

Nurutkeun anu ditanyakeunana, kalimah pananya téh bisa dibédakeun jadi sababaraha rupa, di antarana, nya éta (1) kalimah pananya golongan atawa idéntitas, (2) kalimah pananya pagawean, (3) kalimah pananya kaayaan, (4) kalimah pananya jumlah, (5) kalimah pananya ukuran, (6) kalimah pananya tempat, (7) kalimah pananya waktu, (8) kalimah pananya cara, jeung (9) kalimah pananya sabab.

Kalimah pananya golongan atawa idéntitas dipaké pikeun nanyakeun golongan atawa idéntitas barang jeung jalma. Ieu kalimah pananya téh salahsahiji unsurana atawa bagianana mangrupa kecap gaganti pananya *naon* (pikeun nanyakeun barang) atawa *saha* (pikeun nanyakeun jalma), atawa mangrupa frasa anu diwangun ku kecap barang jeung kecap gaganti pananya. Contona:

(705) Manéhna téh *naon*?

(706) Dupi rama téh *saha*?

(707) Ujang téh rék meuli buku *naon*?

(708) *Saha* nu ngarang éta buku téh?

(709) *Naon* nu ngalantarankeun Mang Kurdi dibawa ka kantor pulisi?

Kalimah pananya pagawéan dipaké pikeun nanyakeun pagawéan. Ieu kalimah téh salahsahiji unsurana atawa bagianana mangrupa kecap gaganti pananya *kumaha* atawa frasa gaganti pananya *keur naon, rék naon, tas naon*, jeung sabangsana. Contona:

(710) Barudak santri téh *keur naon* di masjidna?

(711) *Kumaha* silaing basa diudag anjing édan téh?

(712) *Rék naon* atuh maké lunta-lanto ka lebah dinya?

(713) *Kumaha* carana sangkan urang buru-buru bisa nepi ka ditu?

Kalimah pananya kaayaan dipaké pikeun nanyakeun sipat atawa kaayaan. Ieu kalimah téh salahsahiji unsurna atawa bagianana mangrupa kecap gaganti pananya *kumaha*. Contona:

(714) Kaayaan rumah tanggana téh *kumaha* atuh?

(715) *Kumaha* kalakuanana barudak ngora urang Cikonéng téh?

Kalimah pananya ukuran dipaké pikeun nanyakeun ukuran. Ieu kalimah téh salahsahiji unsurna atawa bagianana mangrupa kecap gaganti pananya *sakumaha* atawa *sabaraha* maké kecap barang anu nuduhkeun ukuran atawa henteu. Contona:

(716) *Sakumaha* jerona Leuwi Goong téh?

(717) *Sabaraha* gram cenah mas kawinna téh?

(718) *Sabaraha* meter panjangna oray sanca anu kamari téh?

Kalimah pananya dipaké pikeun nanyakeun tempat. Ieu kalimah téh salahsahiji unsurna atawa bagianana mangrupa kecap gaganti pananya *mana* atawa *nu mana*, anu nuduhkeun tempat lebah-lebahna, maké kecap pangantet *di*, *ka*, *ti* pikeun nanyakeun tempat cicing, tempat nu dituju, jeung tempat nu ditinggalkeun. Lian ti ta, ieu kalimah pananya téh salahsahiji unasurna atawa bagianana mangrupa kecap gaganti pananya *naon* maké kecap pangantét *dina*, *kana*, atawa *tina*, anu nuduhkeun tempat anu dicicingan, dijugjug, jeung ditinggalkeun. Contona:

(719) Salakina téh *mana*?

(720) *Nu mana* ari Gedong Saté téh?

(721) *Di mana* Mang Kardi téh digawéna?

(722) *Ka mana* lumpatna bangsat téh?

(723) *Ti mana* datangna virus sapi édan téh?

(724) Bajing téh luncatna *kana naon*?

(725) *Dina naon* dariukna barudak téh?

(726) *Tina naon* ragragna Mang Asmawi teh?

Kalimah pananya waktu dipaké pikeun nanyakeun waktu lumangsungna hiji hal. Salahsahiji unsurna atawa bagianana ieu kalimah teh mangrupa kecap gaganti pananya *iraha*. Contona:

(727) *Iraha* mimitina taun Hijrah téh?

(728) Seminar tata basa Sunda téh *iraha*?

(729) *Iraha* urang rék ngalaman deui babarengan kawas ayeuna?

Kalimah pananya cara dipaké pikeun nanyakeun carana ngalakukeun hiji pagawéan. Ieu kalimah pananya téh salahsahiji unsurna mangrupa kecap gaganti pananya *kumaha*. Contona:

(730) *Kumaha* ari ngendogkeun lauk emas téh?

(731) Ari nyieun bandrék téh *kumaha*?

(732) *Kumaha* ari miara hayam nagri téh?

Kalimah pananya sabab dipaké pikeun nanyakeun sabab lumangsungna hiji kajadian atawa kaayaan. Salahsahiji unsur atawa bagianana ieu kalimah téh mangrupa kecap atawa frasa gaganti pananya *naha* atawa *ku naon*. Contona:

(733) *Naha* nu nyaba téh wayah kieu acan kénéh balik?

(734) *Ku naon* barudak henteu waranieun asup ka imah?

(735) *Naha* silaing maké balik ti heula?

Lamun dianggap transformasi tina kalimah wawaran, kalimah pananya téh adeganana aya tilu rupa, nya éta

1) mangrupa kalimah wawaran anu dirobah lentongna jadi lentong pananya, sakapeung sok ditambahan kecap *lain*; contona:

(736) Barudak téh sarakola. → Barudak téh sarakola?

(737) Jadi tentara bapana téh. → Jadi tentara bapana téh?

(738) Raporna alus. → Raporna alus, *lain*?

2) mangrupa kalimah wawaran anu dirobah lentongna jadi lentong pananya ditambah kecap pananya *naha*; contona:

(739) Andika henteu ngadéngé béja yén urang dieu loba nu kalaparan. → *Naha* andika henteu ngadéngé béja yén urang dieu loba nu kalaparan?

(740) Urang téh kudu nurut baé kana kahayangna anu jadi pamingpin.

→ *Naha* urang téh kudu nurut baé kana kahayangna anu jadi pamingpin?

(741) Maranéhna henteu rumasaeun kahutangan ku urang.

→ *Naha* maranéhna henteu rumasaeun kahutangan budi ku urang?


3) mangrupa kalimah wawaran anu dirobah lentongna jadi lentong pananya sarta salahsahiji unurna atawa bagianana diganti ku kecap gaganti pananya; contona:

(742) Hargana *lima ratus*. → Hargana *sabaraha*?
Sabaraha hargana?

(743) Urang dieu rék parindah *ka dayeuh*.
→ Urang dieu rék parindah *ka mana*?

(744) Pa Lurah keur nerangkeun tata cara *Pemilu*.
→ Pa Lurah keur nerangkeun tata cara *naon*?

Kalimah-kalimah pananya anu dipedar di luhur téh wujud adeganana bisa mangrupa kecap barang, pagawéan, jeung sajaba ti éta, kecap gaganti pananya, frasa, klausa lengkep atawa klausa tanlengkep. Ku lantaran kitu, adegan kalimah pananya téh bisa digambarkeun saperti kieu.



[97] Kal Pana → (<naha>) + Kla Tan-Leng + Len Pam:

Kla Leng 232↑

Contona:

(745) Urang Bandung?

(746) Saha?

(747) Keur dialajar basa Sunda?

(748) Naha pamadegan kitu téh bener?

(749) Naon perluna urang datang ka dieu?

4.3.5.3 Kalimah Panitah (Impératif)

Kalimah panitah atawa kalimah impératif nya éta kalimah anu fungsi utamana pikeun nitah. Ieu kalimah téh miharep réspons atawa jawaban anu mangrupa tindakan atawa kagiatan nonlingual, jawaban anu henteu mangrupa basa atawa omongan. Kalimah panitah teh sipatna rupa-rupa: maksa, meredih, ngajurung, miharep, ngajak, atawa nyaré. Ku lantaran kitu, kalimah panitah téh wandana aya anu mangrupa *kalimah paréntah, paménta, panjurung, pangarep-ngarep, pangajak, jeung panyaré*. Ieu kalimah téh umumna ditandaan ku lentong pamungkas 222↓.

Kalimah parentah sipatna maksa; naon anu diparéntahkeun teu meunang henteu kudu dilaksanakeun. Kalimah paréntah téh aya nu aktif aya ogé nu pasif. Kalimah paréntah aktif caritaanana bisa mangrupa kecap pagawéan laju (transitif) atawa tanlaju (intransitif) wangun asal atawa wangun rundayan; ari kalimah paréntah pasif caritaanana bisa mangrupa kecap pagawéan laju (transitif) anu dirarangkénan *-an, -keun, pang-keun* (henteu maké rarangkén *di-* atawa *N-*). Lian ti éta, caritaan kalimah paréntah téh bisa mangrupa frasa pagawéan atawa sipat anu maké kecap *sina* atawa *sing*, sarta sakapeung sok ditambahan ku kecap *cing*. Contona:


(750) *Lumpat* atuh!

(751) *Nyokot* samak, Jang!

(752) *Bikeun* atuh buku téh!

- (753) Laukna *pelakkeun!*
- (754) Sanguna *turuban!*
- (755) Budak téh *sina ulin!*
- (756) Diajar téh *sing getol!*
- (757) *Pangméntakeun* resép ka dr. Hasan!
- (758) *Cing pangnganteurkeun* surat ka kantor pos!



Eta kalimah-kalimah paréntah téh adeganana bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



Kalimah pangjurung eusina ngadorong, ngajurung, atawa méré saran sangkan anu diajak nyarita ngajalankeun kagiatan anu diébréhkeun ku éta kalimah. Ieu kalimah téh biasana dimimitian ku kecap-kecap *mun, geura, hadena, utamana*, atawa *mangga* (lemes). Contona:


- (759) *Mun* nyieun cai keur kuring!
- (760) *Geura* nyadiakeun cai atuh!
- (761) *Hadéna mah* turutkeun baé papatah kolot!
- (762) *Utamana mah* sasadiaan téh ti anggalna kénéh!
- (763) *Mangga baé* emutan ku salira!

Adegan kalimah pangjurung téh bisa digambarkeun saperti kieu.




Pangarep-ngarep ngébréhkeun kahayang atawa harepan sangkan hiji kajadian, kagiatan, atawa kaayaan bisa kalaksanakeun. Kalimah pangarep-ngarep biasana dimimitian ku kecap-kecap *muga, muga-muga* (lemes: *mugi-mugi*), *mudah-mudahan*, *hayang téh*.

- (764) *Muga-muga* ulah ngagebrét teuing hujan téh!
- (765) *Mugia* Ibu kersa sumping dina waktosna!
- (766) *Hayang téh* buru-buru dipindahkeun jelema kitu mah!
- (767) *Mudah-mudahan* urang bisa patepung deui.



Pangajak mangrupa panitah anu inklusif; maksudna, boh anu nyarita boh anu diajak nyarita pada-pada kudu ngalaksanakeun naon-naon anu diébréhkeun dina kalimahna. Kalimah pangajak biasana maké kecap *hayu* atawa *yu urang* (lemesna: *mangga urang*), anu adeganana bisa digambarkeun kieu.



Contona:

- (768) *Hayu urang* dalahar!
- (769) *Urang* ka landeuh, *yu!*
- (770) *Hayu atuh urang* lalajo maén bal téh!
- (771) *Hayu urang* baralik!
- (772) *Mangga atuh urang* sarindang heula!

Panyaréék mangrupa panitah négatif; maksudna sangkan anu dititah henteu ngalakukeun tindakan atawa kagiatan anu diébréhkeun dina kalimahna. Kalimah panyaréék biasana maké kecap anu nuduhkeun ngalarang: *ulah*, atawa (*en*)*tong*. Adegan kalimahna bisa digambarkeun kieu.

222↓ [102] Kal Nyar → <ulah/entong> + $\left(\begin{array}{l} \text{Kecap/Frasa} \\ \text{Kla Tan-Leng} \\ \text{Kla Leng} \end{array} \right)$ + Len Pam:

Contona:

(773) *Ulah* ulin di jalan atuh!

(774) *Ulah* ngabigeu teu puguh!

(775) *Entong* mawa karep sorangan baé atuh!

(776) *Tong* sok haripeut teuing ku teuteureuyeun atuh!

(777) Ari jadi jelema *ulah* sok ngérakeun batur salembur!

4.3.5.4 Kalimah Ébréhan (Ékslamatif)

Panyatur aya kalana ngarasa héran atawa hookeun (*kagum*) ku hal-hal anu kaalamanana, katénjo, kadéngé, atawa karasa. Éta parasaan anu kitu téh sok dikedalkeun dina wangun kalimah anu husus, anu sok disebut kalimah ékslamatif atawa kalimah ébréhan. Ieu kalimah téh, caritaanana biasana mangrupa frasa sipat anu diwangun ku kecap atawa frasa panganteb *ku*, *aya ku*, atawa *teuing ku* ditambah kecap sipat atawa rajékan kecap sipat ditambah kecap panambah *teuing*, atawa diwangun ku frasa panganteb *tada teuing* ditambah kecap sipat dirarangkén *-na*. Ecésna, adegan kalimah ébréhan téh bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

Tatabasa Sunda Kiwari $\left(\begin{array}{l} <ku> + S \\ <teuing ku> + S \end{array} \right)$

[103] Kal Ebr → C: (<na>) aya ku> + S + J + (X) + Len Pam: 222↓
na aya ku> + S-R + <teuing>
<tada teuing> + S<-na>

Contona:

(778) *Ku bageur* ari Cep Maman!

(779) *Aya ku getol* ari nu kasép!

(780) *Na aya ku pialucueun* ari Pérsib!

(781) *Teuing ku amis* ari buah gedong!

(782) *Na aya ku bangor-bangor teuing* budak téh!

(783) *Tada teuing bungaheunana* anu jadi kolot teh!

4.3.5.5 Kalimah Anteban (Émfatik)

Dina nepikeun informasi, panyatur aya kalana mentingkeun pisan anu jadi jejer kalimahna. Salahsahiji cara pikeun mentingkeun jejer kalimah nya éta ku jalan ngarobah kalimah wawaran jadi kalimah anteban atawa kalimah émfatik. Dina kalimah anteban jejer kalimah wawaran robah jadi caritaan dibarengan ku nambahkeun kecap *nya* hareupeun jeung kecap *pisan* tukangeun jejer kalimah wawaran, sarta caritaan jeung unsur séjénna robah jadi jejer kalimah anteban tur winangun frasa barang (nominal) anu dimimitian ku partikel *nu* atawa *anu*. Contona:

(784) Silaing / kudu tanggung jawab. →


J C

(785) *Nya* silaing *pisan* / *anu* kudu tanggung jawab téh.

C J

Kalimah (784) mangrupa kalimah wawaran anu diwangun ku jejer *silain* jeung caritaan *kudu tanggung jawab*. Éta kalimah téh dirobah jadi kalimah (785) anu ngantebkeun atawa nandeskeun yén anu *kudu tanggung jawab téh* (jejer) euweuh deui anu séjén: *nya silain pisan* (caritaan).

Adegan kalimah anteban téh bisa digambarkeun saperti kieu.



Conto séjénna:

(786) Nya urang pisan nu bakal katempuhan.

(787) Nya manéhna pisan nu kudu mutuskeun téh.

(788) Nya manéhna pisan nu mawa riweuh ka urang téh.

(789) Nya urang saréra nu miharep ayana kaadilan di ieu nagara téh.

4.3.6 Transformasi Kalimah

Konsép transformasi kalimah didadasaran ku anggapan yén kalimah-kalimah anu dipaké dina komunikasi, anu rupa-rupa wangunna téh, lolobana mangrupa rékaan tina hiji wangun kalimah, anu disebut kalimah dasar. Ditilik tina jihat transformasi, kalimah-kalimah anu aya dina hiji basa bisa diklasifikasi jadi dua rupa, nya éta kalimah dasar jeung kalimah transformasi, anu ngandung ciri-ciri sorangan. Supaya gampang ngabandingkeunana, éta ciri-ciri dua rupa kalimah téh diébréhkeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 2.4

CIRI KALIMAH DASAR JEUNG KALIMAH TRANSFORMASI

| No. | Kalimah Dasar | Kalimah Transformasi |
|-----|---------------|----------------------|
|-----|---------------|----------------------|

| | | |
|----|----------------------|--|
| 1. | Salancar | Rangkepan (ngantét, sumelér) |
| 2. | Lengkep/sampurna | Tanlengkep (tansampurna) |
| 3. | Wawaran (déklaratif) | Pananya (interogatif), panitah (imperatif) |
| 4. | Afirmatif (positif) | Pamungkir (négatif) |
| 5. | Migawé (aktif) | Dipigawé (pasif) |
| 6. | Susunan umum | Susunan husus |

Nurutkeun ciri-ciri anu diébréhkeun dina Tabél 2.4, transformasi téh loba rupana, anu ngawujud dina prosés parobahan-probahan tina kalimah dasar kana kalimah transformasi, saperti parobahan tina kalimah salancar kana kalimah rangkepan, tina kalimah wawaran kana kalimah pananya, jeung saterusna, anu patali jeung parobahan tina ciri-ciri kalimah dasar téa. Ieu parobahan téh lumangsung nurutkeun kaédah anu aya dina sistem basana, anu disebut kaédah transformasi.

Patali jeung transformasi, bisa disebutkeun yén kalimah-kalimah anu geus dipedar ti heula téh lolobana mangrupa kalimah transformasi; ngan pedarana henteu ngagambarkeun prosés, tapi ngagambarkeun hasilna. Dina pasal ieu rék dipedar sawatara kalimah transformasi anu acan kapedar ti heula.

4.3.6.1 Pérmütasi

Pérmütasi atawa paselup téh prosés parobahan susunan unsur-unsur kalimah, saperti parobahan tempat frasa *ka pasar* dina kalimah *Bapa mah ka pasar* jadi *Ka pasar bapa mah*. Umumna permutasi téh dilarapkeun kana prosés parobahan susunan unsur-unsur kalimah anu dianggap umum jadi susunan anu dianggap husus. Nurutkeun unsur fungsionalna, susunan umum atawa susun baku kalimah basa Sunda téh nya éta *J-C-U-K*; *J-C-PANG-K*; *J-C-PANG-U-K*. Kalimah-kalimah anu susunanana nyimpang tina ieu susunan mangrupa kalimah hasil transformasi permutasi. Contona:

(780) Palangsiang moal tinekanan kahayang téh.

(781) Sakeudeung deui karéta datang., sakeudeung deui

manéhna baris miang.

Kalimah (780) diwangun K Mod (*palangsiang*) – C (*moal tinekanaan*) – J (*kahayang teh*); kalimah (781) diwangun ku K Wak (*sakeudeung deui*) – J (*kareta*) – C (*datang*) – K Wak (*sakeudeung deui*) – J (*manehna*) – C (*baris miang*). Dina kalimah (780) aya parobahan susunan, nya éta K jeung C miheulaan J; ari dina kalimah (781) aya parobahan susunan K miheulaan J-C. Kalimah anu caritaanana (C) miheulaan jejer (J) disebut kalimah invérsi atawa kalimah susun-balik.

Permutasi téh henteu bisa sagawayah, tapi kudu nurut kana kaédah sistem basana, saperti anu katangén dina kalimah ieu di handap.

- (782) Manéhna ngajual koran urut kamari.
- (783) Manéhna kamari ngajual koran urut.
- (784) *Manéhna ngajual kamari koran urut.
- (785) *Manéhna koran urut ngajual kamari.
- (786) *Koran urut ngajual manéhna kamari.

Tina conto-conto di luhur katangen yén katerangan anu bisa nempatan awal, tengah, jeung ahir kalimah henteu bisa nyicingan tempat antara caritaan jeung udagan. Udagan teu bisa miheulaan caritaan, sabalikna jejer teu bisa ditempatkeun langsung tukangeun caritaan anu mangrupa kecap pagawéan laju (transitif).

4.3.6.2 Topikalisasi

Topikalisasi téh nya éta parobahan salahsahiji unsur kalimah jadi topik. Topikalisasi aya patalina jeung karep panyatur basa pikeun mentingkeun atawa nandeskeun salahsahiji unsur kalimah anu aya dina kalimah anu diucapkeunana. Unsur atawa bagian kalimah anu dipentingkeun téh ditempatkeun di hareup, dina bagian awal kalimah, sarta jadi poko cacarita; ari unsur atawa bagian séjénna nuturkeun sarta nerangkeun atawa nétélakeun anu jadi poko cacarita téa. Bagian pokok disebut topik, ari bagian anu nerangkeun atawa anu nétélakeun pokok téa disebut *komén*. Kalimahna disebut *kalimah topik-komén*. Contona:

(787) Imah Mang Kurdi kabawa caah déngdéng. →

(788) Mang Kurdi, imahna kabawa caah déngdéng.

Kalimah (787) diwangun ku topik *Mang Kurdi* jeung komén *imahna kabawa caah*. Ieu kalimah téh mangrupa hasil transformasi kalimah (788) anu mentingkeun bagian jejer (*Mang Kurdi*) ku jalan mindahkeun éta bagian jejer téa ka hareup jadi topik, jeung nambahkeun klitik *-na* kana bagian séjén anu dijeun bagian komén. Tétéla dina kalimah topik-komén téh aya patali semantis anu nuduhkeun ‘milik’ antara unsur topik jeung unsur komén, anu kalawan éksplisit diébréhkeun ku klitik *-na*. Conto séjénna:

(789) Mobil téh, pantona geus rujad deui.

(790) Mang Udis mah, usahana maju pisan.

(791) Toko Alfa Mart, barang-barangna marahal pisan.

Tina conto-conto di luhur katangén yén bagian topik henteu winangun klausa, sabalikna bagian komén mah mangrupa klausa anu winangun jejer-caritaan (subjék-prédikat). Ku lantaran kitu, adeganana bisa digambarkeun kieu.

[105] Kal Top Kom → Top: $\left(\begin{array}{c} \text{Kecap} \\ \text{Frasa} \end{array} \right)$ + Kom: J<-na> C (X) + Len
Pam:231↓

4.3.6.3 Pamungkir (Négasi)


Négasi téh prosés ngarobah kalimah positif jadi kalimah négatif atawa kalimah ingkar, nya éta kalimah anu nuduhkeun henteuna lumangsung kagiatan atawa kaayaan anu diébréhkeun ku caritaanana, atawa kalimah anu caritaanana ngalainkeun idéntitas jejerna. Contona:

- (792) Urang téh meunang terus-terusan kieu. →
- (793) Urang téh teu meunang terus-terusan kieu.
- (794) Andika téh kiyai jumhur →
- (795) Andika téh lain kiyai jumhur.

Kalimah (792) mangrupa kalimah ingkar hasil transformasi négasi tina kalimah (793) ku jalan nambahkeun kecap *teu* kana caritaanana: *meunang* → *teu meunang*. Kalimah (794) mangrupa kalimah ingkar hasil transformasi négasi tina kalimah (795) ku jalan nambahkeun kecap *lain* kana caritaanana: *kiyai jumhur* → *lain kiyai jumhur*. Ku lantaran caritaanana béda, éta dua kalimah téh négasina ogé béda deuih. Kalimah (792)—(793), anu caritaanana kecap pagawéan, négasina ku jalan nambahkeun kecap *teu*; ari kalimah (794)—(795), anu caritaanana kecap barang, négasina ku jalan nambahkeun kecap *lain*.

Kecap-kecap pamungkir dina basa Sunda nya éta *teu/henteu*, *can/acan/tacan*, *moal*, *lain*, *tong/entong*, jeung *ulah*. Kecap-kecap *teu/henteu*, *can/acan/tacan*, *moal* dipaké dina kalimah wawaran jeung pananya anu caritaanana kecap atawa frasa pagawéan, sipat, bilangan, jeung frasa pangantét; ari kecap *lain* dipaké dina kalimah wawaran jeung pananya anu caritaanana kecap atawa frasa barang. Kecap-kecap *tong/entong*, *ulah* dipaké dina kalimah panyaréng, anu geus dipedar di hareup. Ku lantaran kitu, adegan kalimah ingkar wawaran jeung pananya bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

232↑



[106] Kal Ing → J + C: <moal> G/S/Bil/FPang + (X) + Len Pam: 231↓
<lain> B

Conto séjénna:

- (796) Aing *henteu* weruh kana lalakon nu kudu dijalankeun ku aing.
- (797) Naha silaing *moal* karunya ka urang Cimaragas?
- (798) Anu datang téh geuning *acan* saratus-saratus urang acan.
- (799) Kamari mah ibu téh *henteu* ka mana-mana.
- (800) Kang Iyus téh horéng *lain* jalma joré-joré.
- (801) *Lain* mahasiswa UPI anu démonstrasi mah.

4.3.6.4 Délisi (Elipsis)

Dina pedaran ti heula geus diutarakeun rupa-rupa kalimah ringkesan. Disebut ringkesan lantaran aya bagian-bagian atawa unsur kalimah anu dileungitkeun. Lamun ditilik tina kalengkepan unsur-unsurna, éta kalimah téh kaasup kalimah teu lengkep. Jadi, mangrupa kalimah transformasi. Ieu kalimah téh sok disebut ogé **kalimah sirnaan** atawa élipsis; ari prosésna disebut délisi atawa élipsis (dina basa Indonésia disebut *pelesapan*).

Délisi atawa élipsis téh lumangsung lamun dina hiji kalimah aya unsur-unsur atawa bagian-bagian anu dileungitkeun atawa henteu dikedalkeun. Unsur atawa bagian anu henteu dikedalkeun téh bisa jadi mangrupa unsur anu sarua wujudna, bisa jadi mangrupa unsur anu wenang ayana dina hiji struktur, atawa nurutkeun kontéks situasina éta unsur téh geus kamaphum ku nu marakéna basa. Ku lantaran kitu, unsur anu dileungitkeun atawa anu henteu dikedalkeun téh aya anu bisa kapaluruh tina téksna atawa wacanana (**délisi tékstual**), aya anu bisa kapaluruh dumasar kana strukturna (**délisi struktural**), aya ogé anu

bisa kapaluruh nurutkeun kontéks situasina (**délisi situasional**). Contona kalimah-kalimah ieu dihandap.

- (802) Bari [Indung Rompés] ngomé buuk, Indung Rompés henteu eureun cacarita.
- (803) Kangjeng téh kawentar kasép, [Kangjeng téh] kongas ka mancanagara
- (804) Ibu Imas percayaeun [yéñ] kuring bakal buru-buru mulangkeun duit nu diinjeum téa.
- (805) Mangga atuh dileueut [kopina, lalawuhna]!

Unsur-unsur atawa bagian-bagian anu aya dina kurung siku nya éta unsur atawa bagian kalimah anu dileungitkeun. Dina kalimah (802) aya unsur anu dileungitkeun dina klausa *bari ngomé buuk*, nya éta jejer: *Indung Rompés*. Éta jejer téh bisa kapaluruh ku urang tina klausa anu kaduana: *Indung Rompés* (J) *henteu eureun cacarita* (C). Dina kalimah (803) aya unsur anu dileungitkeun dina klausa *kongas ka mancanagara*, nya éta jejer: *Kangjeng téh*. Éta jejer téh kapaluruh ku urang tina klausa heulaeunana: *Kanjeng téh* (J) *kawentar kasép* (C). Dina kalimah (804) aya unsur anu dileungitkeun, nya éta konjungtor atawa panyambung *yéñ*, anu meungkeut klausa barang (nominal) anu nyicingan fungsi panglengkep dina kalimah. Éta konjungtor téh kapaluruh ku urang dumasar kana pangaweruh urang ngeunaan struktur basa Sunda *yéñ* klausa barang (nominal) anu jadi panglengkep téh sok dimimitian ku konjungtor *yéñ*. Dina kalimah (805) unsur anu dileungitkeun geus kamaphum ku nu makéna basa (nu nyarita jeung nu diajak nyarita) tina kontéks situasina. Anu dileueut téh bisa mangrupa kopi, téh, buah-buahan, jeung sajaba ti éta luyu jeung naon-naon susuguh anu disanghareupan.

Dina kalimah-kalimah (802) jeung (803) aya unsur anu sarua (jeung unsur anu dileungitkeun) anu henteu dileungitkeun. Éta unsur anu sarua anu henteu dileungitkeun dina kalimah élipsis téh disebut **antésédén** tina unsur anu dileungitkeun. Élipsis anu antésédénna pandeurieun unsur anu dileungitkeun, saperti dina kalimah (803),

disebut **élipsis kataforis**; ari élipsis anu antésédénna heulaeun unsur anu dileungitkeun, saperti dina kalimah (804), disebut **élipsis anaforis**.

Dina kalimah rangkepan (ngantét atawa sumélér) délisi atawa élipsis téh geus biasa dilakukeun, boh délisi jejer, caritaan, udagan, boh panglengkep, jeung katerangan nurutkeun kaédah-kaédahna anu tangtu saperti anu katangén ieu di handap.

Lamun jejer klausa-klausa dina kalimah rangkepan téh sarua, biasana jejer klausa anu dimimitian atawa dipiheulaan ku konjungtor sok dileungitkeun. Contona:

- (806) Sanggeus Ø silihpelong, anu duaan téh baralik.
- (807) Anjeunna muntang ka Nu Kawasa sangkan Ø ditebihkeun tina gogoda rancana.
- (808) Wujud lahir téh teu angger, tapi Ø tumut kana wujud batin.

Kalimah-kalimah dina conto di luhur jejer klausa-klausana sarua, nya éta *anu duaan téh* (806), *anjeunna* (807), *wujud lahir téh* (808). Eta jejer téh dileungitkeun dina klausa-klausa anu dimimitian atawa dipiheulaan ku konjungtor (dina téks ditandaan ku Ø).

Lamun jejer dina klausa anu dimimitian atawa dipiheulaan ku konjungtor henteu sarua jeung jejer klausa lulugu atawa klausa anu henteu dimimitian ku konjungtor, eta jejer henteu meunang dileungitkeun. Contona:

- (809) *Nyai téh* geureuha engkang, tapi *engkang téh* saenyana asa can apal ka nyai téh.
- (810) **Nyai téh* geureuha engkang, tapi Ø saenyana asa can apal ka nyai téh.
- (811) *Pulisi* nangkep Si Pitak lantaran *Si Pitak* maok motor.
- (812) **Pulisi* nangkep Si Pitak lantaran Ø maok motor.

Kalimah-kalimah (809) jeung (810) klausa-klausana henteu sarua, nya éta *nyai téh*, *engkang téh* (809), *pulisi*, *Si Pitak* (811). Ku lantaran kitu, jejer klausa anu dimimitian atawa dipiheulaan ku konjungtor téh

henteu bisa dileungitkeun saperti anu katangén dina kalimah-kalimah (810) jeung (811).

Délisi caritaan, udagan, jeung katerangan bisa dilaksanakeun asal éta unsur-unsur téh, dina klausa nu hiji jeung nu sejenna, sarua. Titénan conto-contona ieu di handap.

(813) Kuring téh *kudu mayar* pajeg, Ø listrik, jeung Ø telepon.

(814) Si Amang téh meuli Ø atawa ngajual *sawah*?

(815) Sanggeus saréréa arasup *ka masjid*, kakara manéhna asup Ø.

Dina kalimah (813) caritaan klausa kadua jeung katilu dileungitkeun lantaran sarua jeung caritaan klausa kahiji, nya eta *kudu mayar*. Dina klaimah (814) udagan klausa kahiji dileungitkeun lantaran sarua jeung udagan klausa kaduana, nya éta *sawah*. Di dieu katangén yén udagan téh kudu disebutkeun sabada kecap pagawéan klausa anu pamungkas. Dina kalimah (815) katerangan klausa anu kaduana dileungitkeun lantaran sarua jeung katerangan klausa kahijina, nya éta *ka masjid*. Dina kalimah-kalimah di luhur unsur atawa bagian anu didélisi téh ditandaan ku Ø.

Délisi atawa élipsis téh dilakukeun ku panyatur sangkan kalimah-kalimahna éféktif jeung éfisién: irit kecap-kecapna, tapi genah kadéngéna/dibacana, tétéla maksudna, jeung bener tata basana. Kalimah-kalimah saperti anu dicontokeun di luhur, lamun henteu didélisi, loba anu bakal kurang merenah karasana. Geura heg tetengetan kalimah-kalimah ieu di handap.

(816) Bari Indung Rompés ngomé buuk, Indung Rompés henteu eureun cacarita.

(817) Sanggeus anu duaan téh silihpelong, anu duaan téh baralik.

(818) Wujud lahir téh teu angger, tapi wujud lahir téh tumut kana wujud batin.

(819) Kuring téh kudu mayar pajeg, kudu mayar listrik, jeung kudu

mayar telepon.

(820) Sanggeus saréréa arasup ka masjid, kakara manéhna asup ka masjid.

Ayeuna titénan aya délisi atawa élipsis naon baé dina kalimah-kalimah wacana (paragraf) ieu di handap.

Panon Alan nu suci, jeung pananyana nu polos, nyababkeun aya sayuta rasa nyalinker dina jero dada. Enya, naon sababna kuring téh bet aya di dieu. Kapan kuring téh manusa biasa, anu saméméhna mah diajénan deungeun. Bet aya kasono hayang mulang deui ka asal, jadi jelema anu aya ajénna pikeun nu séjén. Bet aya kasono hayang cacarita deui, nyaritakeun kahirupan anu ti poé ka poé taya anggerna, ti poé ka poé loba rupa-rupana. Tapi naha kira-kirana masarakat téh bakal narimaeun, bakal mercaya yén saenyana kuring téh manusa biasa, anu dijeun tina kulit jeung tulang, tur boga pipikiran nu jejeg? Kumaha kudu ngamimitian mulangkeun kapercayaan masarakat yen kuring teh jelema bener?

“Bi Umi kapungkur ti mana?” Ceuk Alan. Kawasna nénjo kuring ngahuleng waé, manéhna nanya deui. Haté beuki bungah nénjo Alan ayeuna mah beuki wani waé. Manéhna turun ti enggon, terus leumpang, najan ingked-ingkedan gé ngadeukeutan buyung di juru.

“Ieu wadah naon?” pokna.

“Cai.”

“Paragi naon?”

“Paragi ngaleueut, paragi nyangu.”

“Sok nyangu?”

“Kantenan.”

(Dicutat tina *Buron* karangan Aam Amalia, 1983)


BAB V TATA WACANA

5.1 Ambahan Tata Wacana

Istilah *tata wacana* diwangun ku dua kecap, nya éta *tata* ‘aturan, kaédah’ jeung *wacana* ‘omongan, ucapan’. Saujratna mah, tata wacana téh mangrupa aturan atawa kaédah ngawangun wacana. Kana tata wacana kaasup ngarucat atawa *analisis wacana*.

Tata wacana téh bisa ogé disebut *pragmatik (pragmatics)*, nya éta salasahiji tina tilu dahan élmu tanda atawa semiotik (*semiotics*). Ari dua dahan semiotik séjénna nya éta *sintaksis* jeung *semantik*. Pragmatik maluruh wacana atawa patalina unsur basa jeung pamaké katut kontéks makéna, sintaksis maluruh runtuyan kecap atawa patalina unsur-unsur basa, ari semantik maluruh harti atawa patalina unsur-unsur basa jeung acuan atawa obyékna. Jenglénganana bisa dibagankeun kieu.

Bagan 5.1: Jurutilu Semiotik




Pragmatik, semantik, jeung sintaksis téh aya pancakakina. Patalina pragmatik jeung semantik nya éta duanana pada-pada ngamangpaatkeun harti. Bédana téh nya éta semantik museur kana harti dina pikiran (*langue, competence*), ari pragmatik museur kana

harti dina omongan (*parole, performance*). Patalina pragmatik jeung sintaksis nya éta duanana pada-pada ngamangpaatkeun unsur basa. Bédana téh nya éta sintaksis museur kana runtuyan kecap-kecap atawa kalimah minangka obyékna, sipatna isolatif; ari pragmatik museur kana runtuyan kalimah atawa wacana (*téks*) dina pamakéan, sipatna motivasional (*situasional*).

Kalungguhan tata wacana atawa pragmatik dina ulikan basa ébréh dina bagan di handap ieu.

Bagan 5.2: Kalungguhan Pragmatik



Cindekna, pragmatik maluruh bagbagan makéna basa keur kaperluan nu tangtu dina hiji situasi, patalina basa jeung kontéks makéna, atawa carana milih kalimah anu keuna tur luyu jeung kabutuh panyatur. Pragmatik ngulik kondisi umum komunikasi basa nu ngawujud dina runtuyan kalimah. Ari runtuyan kalimah anu luyu jeung kontéks makéna téh disebut wacana.

Tina katerangan di luhur écés pisan yén pragmatik téh ulikan wacana atawa tata wacana, nya éta bagian tina élmu basa anu medar wacana. Ari pedaran tata wacana téh ngurung rupa-rupa hal, di antarana baé, (1) ciri-ciri wacana, (2) wujudiah wacana, (3) kontéks wacana, (4) adegan wacana, jeung (5) ragam (*wangun, wanda, warna, jeung wujud*) wacana.

5.2 Ciri-ciri Wacana

Anu disebut wacana téh nya éta wangunan-wangunan basa anu miboga ciri-ciri ieu di handap.

- a. Wacana mangrupa peristiwa komunikasi anu puguh adeganana

tur dalit gumulungna dina wujud paripolah basa.

- b. Wacana mangrupa omongan anu sambung-sinambung, dalit, gramatikal, tur susunanana rapih.
- c. Wacana mangrupa rékaman basa panggemblengna tina peristiwa komunikasi, dina médium lisan atawa tulisan, kajadianana langsung atawa teu langsung, boh nu sipatna transaksional (monolog) boh nu interaksional (dialog).
- d. Wacana mangrupa organisasi unsur-unsur basa saluruheun kalimah, sipatna alamiah, puguh adeganana, hubungan antara unsur-unsurna mibanda sipat nu kohésif tur kontinuitas nu nyata, boh lisan boh tulisan.
- é. Wacana mangrupa konstruksi gramatikal pangjembrana, bisa ngawujud karangan nu gembleng (novél, buku, artikel, jeung puisi) atawa paragraf kalwan mawa amanat nu lengkep.
- f. Wacana mangrupa runtuyan kalimah-kalimah anu dalit patalina tur merenan patali hartina.
- g. Wacana mangrupa wangunan gembleng tina runtuyan kalimah-kalimah anu pakait anu matalikeun proposisi nu hiji jeung proposisi séjénna.

Tina katerangan di luhur bisa dicindekkeun yén anu disebut *wacana* téh nya éta wangun basa pangjembarana anu dsusun tina runtuyan kalimah-kalimah anu sambung-sinambung, tatali unsurna ngéntép seureuh tur tatali ma'nana dalit luyu jeung kontéks situasi.

5.3 Wujudiah Wacana

5.3.1 Pakakas Wacana

Minangka wangun basa pangjembarana, wacana disusun tina runtuyan kalimah-kalimah anu sinambung, dalit, tur rampak luyu jeung kontéks situasi. Hartina dina nganalisis wacana kalibet dua unsur utama, nya éta (1) unsur jeroeun basa atawa adegan internal basa (intralinguistik), anu patali jeung kaédah basa kayaning tata kalimah, tata kecap, jeung tata sora; (2) unsur luareun basa (ékstralinguistik), anu patali jeung kontéks situasi. Luyu henteuna kaédah basa jeung kontéks situasi dipatalikeun ku *pakakas wacana* atawa *unsur-unsur pragmatis* saperti déiksis, praduga, implikatur, laku basa, jeung adegan konvérsasi. Déiksis mangrupa unsur basa anu dipaké nunjuk acuan. Praduga mangrupa pangira nu aya

patalina jeung kamustahilan bisa kajadian jeung masalah nonjolkeun hal-hal nu nerangkeun. Implikatur mangrupa eusi bebenaran anu muncul tina runtuyan kecap dina kalimah. Laku basa mangrupa paripolah omongan omongan nu dipaké ku panyatur waktu komunikasi. Adegan konvérsasi mangrupa pola komunikasi basa anu sipatna 'timbang-balik' antara panyatur jeung pamiarsa.

5.3.2 Unsur-unsur Wacana

Sakumaha nu geus disebutkeun yén wacana téh patali jeung unsur-unsur jeroeun basa jeung luareun basa. Unsur jeroeun basa patali jeung tata kalimah (kalimah, klausa, jeung frasa); tata kecap (kecap jeung morfém); sarta tata sora (engang, foném, jeung titinada). Unsur luareun basa patali jeung prosés komunikasi saperti interaksi sosial (konvérsasi jeung tutukeuran) sarta pamekaran téma (monolog jeung paragraf).

5.3.2.1 Dialog

a. Wangenan Dialog

Dialog mangrupa unsur wacana disawang tina interaksi sosial. Unsur wacana dialog sipatna interaksional. Dina dialog anu dipentingkeun téh lain eusi, tapi 'komunikasi timbal-balik'. Aya dua rupa wujud dialog, nya éta konvérsasi jeung tutukeuran. *Konvérsasi* atawa *paguneman* nyoko kana unit pangjembarana (maksimum) tina kagiatan makéna basa ku dua urang panyatur atawa leuwih, boh ragam lisan boh tulis, ukuranana panjang, jeung waktuna lumangsungna lila. Ku lantaran mangrupa unit interkasi basa pangjembarana, konvérsasi téh bisa ogé disebut gabungan tina tutukeuran.

Ari anu disebut *tutukeuran (exchange)* nya éta unit minimum tina kagiatan makéna basa antara dua urang panyatur, boh lisan boh tulisan, ukuranana pondok, jeung waktu lumangsungna ogé sakeudeung. Tutukeuran mangrupa gabungan tina omongan (*utterance*), anu sok disebut kalimah. Contona:

- (01) A : Punten.
B : Mangga.
- (02) A : Assalualaikum.
B : Waalaikumsalam.

Tutukeuran mangrupa gabungan dua omongan atawa leuwih ti panyatur, bisa nyoko kana omongan stimulus bisa omongan r sponsi. Contona:

- (03) Ujang : “Ema, ari ieu tali naon?”
 Ema : “Tali karuhun.”
 Ujang : “Tali karuhun t h naon?”
 Ema : “Tali kolor Bapa man h.”

b. Pola Dialog


Dialog atawa paguneman enas-enasna mangrupa komunikasi basa nu sipatna timbal-balik (interaksional), anu nuduhkeun y n panyatur jeung pamiarsa t h siligenti. Contona:

- (04) A : Kumaha damang, Kang?
 B : Pang sto, Yi.

Pagumenan dina (04) t h lumangsung antara panyatur A jeung pamiarsa B. Hubungan paguneman A jeung B t h disebutna adegan konv rsasi.

Saenyana mah, omongan panyatur nu ditarima ku pamiarsa t h ngaliwatan pros s nu tangtu saperti  br h dina bagan di handap ieu.

Bagan 5.3: Bagan Pros s Komunikasi



Transisi

c. Prinsip Dialog

Komunikasi basa t h kaasup kana aktivitas sosial, anu ngalibetkeun panyatur, pamiarsa, jeung jejer omongan. Ngomong atawa r torika patali jeung masalah t kstual katut interpersonal. Duanana mikabutuh prinsip nu tangtu. R torika t kstual mikabutuh prinsip gaw  bareng (kooperatif), ari r torika interpersonal mikabutuh prinsip kasopanan. Dina ieu bagian dipedar prinsip gaw  bareng heula, ari prinsip kasopanan dipedar dina tatakrama basa.

Dina raraga ngalaksanakeun prinsip gaw  bareng (kooperatif), aya opat maksim paguneman, nya  ta (1) maksim kuantitas, (2) maksim kualitas, (3) maksim kasaluyuan, jeung (4) maksim cara. Di handap ieu dipedar hiji- hijina.

Maksim kuantitas miharep unggal panyatur bisa ngadeudeul sacukupna naon-naon nu dipibutuh ku pamiarsa. Contona, kalimah (05) di handap ieu leuwih ringkes batan kalimah (06).

- (05) Kuring t h keur *rieut*.
 (06) Kuring t h keur *rieut sirah*.

Maksim kualitas miharep sangkan unggal panyatur ngedalkeun hal anu sabenerna. Contona:

- (07) UPI t h ayana di Jalan Dr. Setiabudhi No. 229 Bandung.

Maksim kasaluyuan miharep sangkan unggal panyatur ngedalkeun hal anu saluyu jeung jejer omongan. Dina conto di handap ieu, jawaban N n ng henteu saluyu jeung jejer omongan.

- (08) Ceuceu : N ng, aya salam ti Kang Ajat.
 N n ng : Sabaraha beungkeut, Ceu?

Maksim cara meredih sangkan para panyatur ngedalkan hiji hal kalawan togmol, henteu nyamuni, henteu kaleuleuwihi, tur sinambung. Contona:

- (09) A : Piraku P ru ibukotana Lima.... R a-r a teuing.
 B : Lain jumlahna, tapi ngaranna.

5.3.2 Monolog

Monolog mangrupa unsur wacana nu sipatna transaksional. Dina monolog mah nu dipentingkeun téh ‘eusi komunikasi’. Unsur wacana monolog mangrupa pamekaran téma atawa gagasan ti saurang panyatur. Wangunna leuwih jembar ti batan paragraf atawa gabungan tina sababaraha paragraf. Ku kituna, gagasan dina monolog mah bisa leuwih ti hiji.

Nurutkeun médium anu dipakéna, aya monolog lisan jeung aya monolog tulis. Monolog lisan bisa mangrupa biantara, ceramah, hutbah, da’wah, jeung déklamasi. Ari monolog tulis bisa mangrupa instruksi tulis, surat, éséy, artikel, jeung mémo.

5.3.3 Paragraf

Paragraf atawa alinéa mangrupa unit minimum wacana minangka wadah mekarkeun téma, sipatna transaksional. Dina paragraf ngan aya hiji téma atawa gagasan, umumna diwangun ku runtuyan kalimah-kalimah.

Gagasan paragraf téh mangrupa pikiran-pikiran anu kapanggih dina kalimah-kalimah anu ngawangun éta paragraf. Aya dua rupa pikiran dina paragraf téh, nya éta pikiran utama jeung pikiran panandes. *Pikiran utama* mangrupa pikiran anu ngajiwaan unggal paragraf, ari *pikiran panandes* mangrupa pikiran anu gunana pikeun leuwih ngajelaskeun pikiran utama. Pikiran utama ayana dina kalimah utama, ari pikiran panandes aya dina kalimah panandes.

Nurutkeun cicingna pikiran utama, aya sababaraha rupa paragraf, di antarana, (1) paragraf déduktif, (2) paragraf induktif, jeung (3) paragraf campuran. Di handap ieu didadarkeun hiji-hijina.

Paragraf déduktif nya éta paragraf anu pikiran utamana aya di awal paragraf. Contona:

- (10) Saban taun masarakat Jawa Barat butuh daging sapi nu kawilang loba. Jumlahna teu kurang ti tilu rebu sapi peunciteun (sapi potong). Kapaksa pikeun nbyumponan kakuranganana nyiar ti daérah séjén, di antarana, Nusa Tenggara Barat. Pikeun ngungkulan kabutuh, dicoba ku cara ngagenjot daérah pakidulan Jawa Barat, jeung metakeun upaya ngalintuh- lintuhkeun sapi nu baregang. sajaba ti kitu, kawin suntik digedékeun (*Manglé* No. 1950:7).

Paragraf induktif nya éta paragraf anu pikiran utamana aya di tungtung paragraf. Contona:

- (11) Dina hasanah kasundaan ogé geuningan monyét minangka hiji sato nu réa dicaritakeun. Sakadang monyét sok digambarkeun pinter, réa akal tapi sakaligus licik. Jeung nasibna téha néhna sok sial baé. Numbuk di sué. Sabalikna, ari sakadang Kuya sanajan mimitina dikakalakeun, untung baé. Boa-boa kolot baheula geus méré tangara, gurunggusuh, uga-agé, hayang untung tina énténg, nu disilokakeun ku kalakuan sakaadang Monyét, lain hiji sipat nu hadé. Mana kitu ogé bakal meunang sial. Hadéna sabar, lantip, tawekal, jiga sakadang kuya (*Manglé* No. 1950:6).

Paragraf campuran nya éta paragraf anu pikiran utamana aya di awal jeung di tungtung paragraf. Contona:

- (12) Géngsi irama dangdut beuki ningkat. Mun baheula mah dianggap kampung, pakakasna asal aya jeung manggungna ogé di kampung-kampung, ayeuna mah geus robah. Irama dangdut geus teu deui dianggap kampung. Pakakasna ogé lengkep, méwah, jeung modéren, teu éléh ku band pop. Biduan jeung biduanitana ogé ayeuna aralus, boh gaya jeung dangdangan boh sorana. Orkés Malayu atawa dangdut geus bisa muncul dina pésta gedéan, malah di unggal stasiun tivi réa midangkeun dangdut. Warna irama dangdut geus bisa mapakan irama lian, malah nyusup ka kaum gedongan jeung kampus.

5.3.4 Kalimah

5.3.4.1 Gunana Kalimah dina Wacana


Kalimah téh kaasup unit pangleutikna dina tata wacana mah. Ari sababna, wacana téh mangrupa runtuyan kalimah-kalimah nu nyambung-keun hiji proposisi jeung proposisi séjénna. Najan kitu, disawang tina segi proposisi mah, kalimah téh kaasup unit maksimum, ari unit minimumna nya éta klausa. Unsur kalimah dina wacana téh sok disebut *omongan* atawa *obahan* (*move*). Contona, wacana di handap ieu diwangun ku lima kalimah.

- (13) (a) Walungan keur saat. (b) Sok resep ngala hurang kuring mah. (c) Geus sababaraha poé ngala hurang téh meunang saeutik waé. (d) Sobat méré saran, hayang meunang loba hurang mah taheunan ku kutang, cenah. (é) Dicobaan téh, enya wé, mangkok kutang pinuh-pinuh waé ku hurang.

Minangka unit maksimum wacana tina segi proposisi, kalimah téh disusun ku hiji atawa leuwih unit minimum nu disebut klausa. Dina tata wacana mah, klausa téh sok disebut *laku (act)*. Ciri utama klausa atawa laku téh nya éta prédikatif, atawa disusun ku prédikator (caritaan) jeung argumén (jejer, objék, atawa panglengkep). Contona dina wacana di luhur, kalimah (a) jeung (b) masing-masing diwangun ku hiji klausa. Ari kalimah (c)-(d) masing-masing diwangun ku dua klausa.

Saenyana proposisi téh mangrupa ma'na tina kalimah atawa klausa, anu diwangun ku prédikator jeung argumén. Contona, kalimah atawa klausa

- (14) Bapa ngala lauk.
diwangun ku prédikator 'kalakuan' *ngala*, argumén-1 'palaku' *bapa*, jeung argumén-2 'pangrandap' *lauk*. Baganna kieu.



5.3.4.2 Wanda Kalimah dina Wacana

Dina tata kalimah mindeng dibédakeun kalimah sampurna (lengkep) jeung kalimah teu sampurna (teu lengkep). Kalimah sampurna didadasaran ku klausa bébas, ari kalimah teu sampurna

didadasaran ku klausa kauger atawa tanpa klausa. Dina tata wacana moal kapanggih wincikan kalimah sarupa kitu téh. Ari sababna, sakur kalimah dina wacana mah sampurna, da nu pentingna eusi kalimah. Aya opat rupa kalimah atawa omongan dina wacana, nya éta kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif.

a. Kalimah Komisif

Kalimah komisif nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun jangji, tawaran, atawa awaran. Ieu kalimah miharep résonsi nu mangrupa jawaban. Wujud pargantis komisif bisa nyoko kana rupa-rupa ma'na, di antarana, (a) ngawawarkeun, (b) nitah, (c) ngajak, (d) meredih, (é) ngahulag, jeung (f) ngantebkeun. Masing-masing contona ébréh dina kalimah (15)-(20) di handap ieu.

- (15) Putra Pa Iding téh teu damang. Ayeuna nuju diopname.
 (16) Asa hareudang. Teu jalan kitu kipas angin téh.
 (17) Pa, asa tos lami teu ngojay ka Cimanggu. Minggu ieu mah salsé sigana.
 (18) Kawitna mah badé ngiring. Nu mawi pun anak udur répot.
 (19) Peuting-peuting kieu rék balik. Loba jelema jahat ayeuna mah. Di dieu gé aya kamer kosong.
 (20) Kuring mah loba gawé. Nya manéhna nu indit téh.

b. Kalimah Impositif

Kalimah impositif nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun paréntah. Wujud pragmatis paréntah nyoko rupa-rupa ma'na kayaning (a) nitah, (b) ménta, (c) ngadesek, (d) miharep, (é) nyaré, (f) ngajak, (g) ngageuri, (h) ngajurung, jeung (i) ngawawadian. Masing-masing contona ébréh dina kalimah (21)-(29) di handap ieu.

- (21) Cik, buka panto. Ieu Euceu!
 (22) Asa halabhabkieu. Tiasa nyuhunkeun cai!
 (23) Kudu bener diajar téh. Sing siga manéhna atuh!
 (24) Mugi-mugi Alloh maparin rahmat ka urang sadayana!
 (25) Ulah nangis, In! Keun baé sakitu mah, itung-itung ujian.
 (26) Urang ngaraos heula. Ngarah salsé ngobrolna.
 (27) Wayahna baé, Jang. Sing karunya ka Ema!
 (28) Geus ceudeum. Jung atuh geura miang, bisi kaburu

- hujan!
 (29) Masalahna beurat. Alusna mah dibadamikeun heula!

c. Kalimah Éksprésif

Kalimah éksprésif nya éta kalimah anu fungsina pikeun cumeluk jeung sora bituna rasa. Wujud pragmatis éksprésif nyoko kana rupa-rupa ma'na, di antarana, (a) nyarékan, (b) ngawilujengkeun, (c) cumeluk, (d) kagét, (é) tumamprak, (f) karumusaan, (g) bungah, (h) kanyeri, (i) mupuas, (j) geuleuh, jeung (k) keuheul. Masing-masing contona ébréh dina kalimah (30)-(40) di handap ieu.

- (30) Goblog, manéh mah! Piraku aya sarjana kitu patut.
 (31) Wilujeng siang, Pa! Kumaha damang?
 (32) Jang, ka dieu! Ema aya perlu.
 (33) Euleuh, meni alus kitu, nya! Hanjakal teu boga deuitna.
 (34) Alhamdulillah. Sukur ari lulus mah.
 (35) Hatur nuhun kana kasaéan Bapa. Abdi parantos dibantos.
 (36) Horé, meunang , euy!
 (37) Aduh, titajong meni baloboran kieu!
 (38) Hag siah. Nu matak ka kolot kudu ngagugu!
 (39) Iy, aya budak teu mandi. Geuleuh, ah.
 (40) Ih, naha kabina-bina teuing, nya. Gurat batu pisan.

d. Kalimah Asértif

Kalimah asértif nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun bebeneran wawaran. Ari bebeneran dina kalimah téh miboga tilu rupa wujud, nya éta (a) *kalimah analitis*, anu bebeneran eusina aya dina runtuyan kecap-kecapna; (b) *kalimah kontradiktif*, anu bebeneran eusina tojaiah jeung eusi runtuyan kecap-kecapna; jeung (c) *kalimah sintétis*, anu bebeneran eusina gumantung kana fakta di luareun basa. Kalimah (41)-(43) di handap ieu masing-masing nuduhkeun kalimah analitis, kontradiktif, jeung sintétis.

- (41) Ari korsi téh paranti diuk.

- (42) Ucing mah sukuna dua.
 (43) Masjid Agung Bandung aya di puseur dayeuh.

5.4 Kontéks Wacana

Kontéks wacana mangrupa ciri-ciri alam luareun basa atawa lingkungan non-linguistik anu numuwuhkeun ma'na omongan atawa wacana waktu komunikasi. Kontéks wacana anu ngarojong cara ngama'naan omongan nya éta *situasi kawacanaan*. Situasi wacana raket patalina jeung laku basa atawa polah basa. Minangka kagiatan omongan, laku basa dipangaruhan ku rupa-rupa faktor nu disebut *komponén omongan*. Dina ieu tulisan komponén omongan anu jadi ciri kontéks wacana téh rék disingget UNGKARA, anu foném awalna mangrupa singgetan di handap ieu.

- U (ndak usuk basa atawa tata krama basa)
 N (u maké basa jeung nu dicaritakeun)
 G (alur omongan)
 K (asang tukang tempat, waktu, jeung suasana)
 A (lat nu digunakeun)
 R (asa, nada, jeung ragam basa)
 A (manat jeung tujuan omongan).

5.4.1 Undak usuk atawa Tatakrama Basa

5.5.1.1 Wangenan Tatakrama Basa

Undak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun (étikét) téh geus disaluyuan jeung diajénan jadi hiji kahadéan ku warga masarakatna pikeun silih hormat jeung silih ajénan. Palebah dieu, undak usuk basa atawa tatakrama basa téh jadi hiji sistem ngagunakeun ragam basa (hormat – teu hormat) anu raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung pamiarsa katut jalma nu dicaritakeun.

5.5.1.2 Prinsip Tatakrama Basa

Unsak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa kasopanan dina makéna basa.

Prinsip kasopanan téh miboga sababaraha rupa maksim, nya éta (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim handap asor, (3) maksim kacocog, (4) maksim katumarima, (5) maksim kasimpat, jeung (6) maksim balabah.

Maksim kawijaksanaan meredih omongan ku cara ngaréan kauntungan atawa ngurangan karugian ka pamiarsa, diwangun ku omongan komisif jeung impositif. Contona:

- (44)a. Mun bisa, kuring rék nepungan ka imah Bapa.
(Teu hormat)
b. Upami tiasa, abdi badé nepungan ka bumi Bapa.
(Hormat)

Maksim katumarima meredih sangkan omongan panyatur ngurangan kauntungan keur dirina atawa loba ngarurugi karep, diwangun ku omongan komisif jeung impositif. Contona, omongan (45a) kurang hormat, sabalikna omongan (45b) leuwih hormat.

- (45)a. Cing ulah ngaroko baé, atuh!
b. Aya saéna upami rokona dipareuman.

Maksim pangcocog meredih sangkan omongan panyatur kudu leuwih cocog jeung pamiarsa, kurangan omongan anu teu cocog, biasana diwangun ku omongan asertif jeung éksprésif. Omongan si B dina wacana (46) leuwih sopan tur cocog jeung kalimah si A, sabalikna omongan si C mah henteu cocog.

- (46) A : Basa Sunda téh énténg bangga, nya?
B : Enya.
C : Ah, ceuk saha, sakitu babarina.

Maksim kasimpatian meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan rasa simpati atawa ngurangan antipati ka pamiarsa, biasana diwangun ku omongan asertif jeung éksprésif. Dina wacana (47), omongan si B nuduhkeun rasa simpati ka si A, sabalikna omongan si C nuduhkeun rasa kurang simpati atawa antipati.

- (47) A : Kuliah téh tiwas, teu bisa laju.
B : Sabar wé. Lain nasibna meureun.
C : Wah, pinter, nya.

Maksim balabah meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan panghormat jeung pamuji ka pamiarsa atawa ngurangan pamuji ka dirina, biasana diwangun ku omongan éksprésif jeung

asertif. Contona, dina wacana (48), omongan si A loba muji pamiarsa, jawaban si B ngurangan pamuji ka dirina. Kitu deui, jawaban si C loba muji si A.

- (48) A : Raos pisan angeun téh, Ceu.
B : Ah, angeun kieu disebut raos.
C : Saha heula atuh nu ngangeunna, Ceu Juju.

Maksim handap asor meredih sangkan omongan panyatur leuwih loba ngahormat atawa ngomah-ngomahan haté pamiarsa atawa ngurangan basa loma atawa kasar, diwangun ku omongan asertif jeung éksprésif. Dina wacana (49), omongan si A narékahan sangkan nguntungkeun pamiarsa, sabalikna jawaban si B ngurangan panghormat atawa handap asor.

- (49) A : Saurna, tuang putra téh juara umum di sakolana?
B : Ah, saur saha? Pun anak mah ngedul, tara ngapalkeun.

5.5.1.3 Ragam Tatakrama Basa

Ari enas-enasna, munculna tatakrama basa téh gumantung kana tilu perkara, nya éta

- (a) *pamaké basa*, saha panyatur (I), saha pamiarsa (II), jeung saha nu dicaritakeun (III);
(b) *kalungguhan pamaké basa*, naha sahandapeun (h), sasama (s), atawa saluhureun (l); jeung
(c) *gambaran rasa panyatur* waktu komunikasi lumangsung, naha hormat (H), biasa atawa loma (L), naha teu hormat atawa kasar (K).

Basa lemes atawa *hormat* dipaké lamun urang nyarita bari hayang nétélakeun panghormatan, boh ka diri sorangan (jalma I), boh ka diri batur nu diajak nyarita (jalma II) atawa nu dicaritakeun (jalma III). Nurutkeun satata henteuna antara panyatur, pamiarsa, jeung nu dicaritakeun, aya dua rupa kecap lemes, nya éta (50a) lemes keur sorangan jeung (50b) lemes keur batur. Contona:

- (50) a. Abdi mah *dongkap* téh wengi. Dupi Akang iraha *sumping*?
b. Mugi diantos heula, pun adi teu acan *dongkap*.

Kecap lemes *dongkap* disebut kecap lemes keur sorangan, ari *sumping* disebut kecap lemes keur batur. Keur jalma katilu nu umurna satata atawa sahandapeun panyatur, mun nyarita ka saluhureun, digunakeun kecap lemes keur sorangan.

Basa loma atawa *kasar* dipaké lamun jalma kadua jeung jalma katilu tahapanana sahandapeun jalma kahiji, atawa babaturan nu geus loma pisan. Sakapeung kecap loma téh dipaké nyarita hareupeun balaréa. Contona:

(51) A : Iraha *datang* ti Jakarta téh, Dén?

B : Kamari *pabeubeurang*.

Kecap *datang* jeung *pabeubeurang* dina wacana (51) di luhur kaasup kana kecap loma.

Dina kahirupan sapopoé sok kapanggih *basa kasar pisan*, biasana mun nyaritakeun sato atawa mun keur ambek. Contona:

(52) Cekel *cokor* hayam téh, ngarah teu teterejelan baé.

(53) Teu *neuleu* pisan, *cokor* kotor *dibanjut* ka *gogobrog*.

Kecap *cokor*, *neuleu*, *dibanjut*, jeung *gogobrog* masing-masing kaasup kana basa kasar pisan atawa cohag.

5.4.2 Nu Maké Basa jeung Nu Dicaritakeun

5.5.2.1 Nu Maké Basa

Nu maké basa ngalibetkeun saha nu nyarita (panyatur) atawa nu nulis (panulis) jeung saha nu diajak nyarita (pamiarsa) atawa nu maca (pamaca). Lumangsungna komunikasi basa antara panyatur jeung pamiarsa museur kana obyék nu dicaritakeun.

Panyatur jeung pamiarsa bisa béda-béda nurutkeun (1) umurna, (2) kaayaan warugana, (3) kaayaan méntalna, jeung (4) kamahéran maké basana. Tina segi umurna, nu maké basa téh bisa budak, rumaja, bisa kolot. Tina segi warugana, nu maké basa téh bisa lalaki bisa awéwé, malah bisa ogé banci. Tina kaayaan méntalna, nu maké basa téh bisa pinter, bisa bodo, atawa siger tengah. Tina kamahéran basana, nu maké basa téh bisa capétang bisa arapap-eureupeup, atawa lumrah baé.

b. Nu Dicaritakeun

Tatabasa Sunda Kiwari

Obyék nu dicaritakeun dina omongan atawa wacana bisa mangrupa jalma, barang, kaayaan, atawa kajadian. Obyék nu mangrupa jalma sok disebut jalma katilu. Hal atawa perkara anu jadi galeuh omongan atawa wacana disebut *jejer omongan*.

Patali jeung topik, aya nu disebut téma jeung judul. *Topik* (tina basa Yunani *topoi* = ‘tempat lumangsungna kajadian’). Topik mangrupa jejer atawa galeuh omongan, biasana diwujudkeun dina hiji frasa, klausa, atawa kalimah. Saenyana mah, wacana téh boga topik, da anu boga topik mah ngan panyatur. Henteu salawasna topik téh nyampak dina wacana, tapi datang pandeuri luyu jeung kontéks situasi. Gelarna topik gumantung kana kasalu- yuan maksud antara panyatur jeung pamiarsa waktu interaksi. Malah mindeng kajadian béda ‘persépsi’ antara panyatur jeung pamiarsa.

Tampolana topik téh karasa umum nepi ka kudu diwatesnan jadi leuwih spesifik. Cara ngawatesan topik téh bisa disingget PUSAT B, nya éta medar topi ngan ukur dumasar kana:

P (eranan) atawa fungsina,

U (ntung-rugina), alus-goréngna, ngeunah-henteuna;

S (ajarah), asal-usulna, kasang tukang, jeung sikep panyatur;

A (yana), kaayaan, fakta, data, atawa cara migawéna;

T (ipe-tipe)na, warna, wanda, atawa wangunna; jeung

B (ener-henteuna), luyu-henteuna, jeung kanyataanana.

Nilik kana eusina, aya tilu rupa topik, nya éta topik salancar, topik jembar, jeung topik sambung luncat.

Topik salancar mangrupa topik anu dicaritakeun ku para panyatur kalawan babarengan. Hiji topik diréréyang ku sababaraha urang. Contona:

(54) A : Di sakola abdi mah nuju seueur kagiatan. Aya lomba maca sajak, biantara, ngarang, jeung ngadongéng.

B : Resep atuh.

A : Ih, puguh wé!

B : Ngiringan henteu?

A : Nya, ngiringan.

A : Sukur atuh. Muga-muga kénging.

Topik jembar mangrupa topik anu dicaritakeun ku panyatur kalawan séwang-séwangan, tapi tetep sinambung lantaran aya babagian omongan ti panyatur samémhna. Contona:

- (55) A : Di sakola abdi mah nuju seueur kagiatan. Aya lomba maca sajak, biantara, ngarang, jeung ngadongéng.
B : Kamari abdi gé tos ti Borobudur. Widyawisata.
C : Seueur guru anyar di sakola abdi mah. Ngawulangna ogé raoseun tur pikaresepeun. Matak genah diajarna ogé.

Topik sambung-luncat mangrupa topik wacana anu béda-béda, anu dicaritakeun ku panyatur séwang-séwangan. Contona:

- (56) Dokter I : Kuring mah, alhamdulillah, dina sapopoéna téh ari ngawelas mah kudu. Matak, karék tilu taun gé geus ganti mobil deui.
Dokter II : Komo kuring mah, teu sirikna ngantay nu uubar teh Boa ka hareup mahkudu ngingu suster keur ngatur pasén.
Dokter III: Kuring mah dina sabulantéh paling agé dua atawa tiluan.
Dokter II : Leuh, karunya, nya? Tapi, naha bisa kitu?
Dokter III: Da kuring mah dokter matih. Sakali datang agé, tuluy cageur.

Topik raket patalina jeung téma. Topik mangrupa jejer pasualan nu dipidangkeun. Ari téma mangrupa amanat utama nu dipidangkeun ku panyatur dina wacana, wengkuannya leuwih jembar tur abstrak batan topik. Najan kitu, sakapeung mah téma jeung topik téh padédempét.

Topik ogé patali jeung *judul* atawa *titél*, nya éta labél, mérek, atawa ngaran nu dilarapkeun kana hiji wacana, gunana pikeun ngahudang kapanasaran pamiarsa kana pasualan nu dipedar. Judul mangrupa *slogan* anu midangkeun topik dina wangun nu leuwih narik ati. Ku kituna, judul kudu luyu jeung nyuluran sagemblengna eusi wacana, écés, tur singget. Dijieunna judul bisa saméméh atawa sabada wacana réngsé, utamana judul karya sastra. Judul karya ilmiah biasana ditangtukeun ti anggalna. Wujudiah judul bisa nembrak bisa linambang atawa ngiaskeun topik kalawan teu langsung.

Judul téh gedé gunana. Wacana anu sagala-galana sarua, lamun dijudulan béda, baris ditapsirkeun béda. Bandingkeun wacana

(57) jeung (58) anu dijudulan béda, padahal runtuyan kalimah-kalimahna sarua.

- (57) KATATAMUAN
Tos lohor, nya. Badé solat di masjid, Ceu. Ti luar aya sora ngagentraan. Mangga baé, Ceuceu mah nuju dongkap tamu.

Wacana (57) ngébréhkeun yén Ceuceu “katatamuan nepi ka teu bisa solat”. Lamun judulna diganti ku “Palangan”, anu dimaksud ku ‘tamu’ téh saenyana ‘ménstruasi’. Geura bandingkeun!

- (58) PALANGAN
Tos lohor, nya. Badé solat di masjid, Ceu. Ti luar aya sora ngagentraan. Mangga baé, Ceuceu mah nuju dongkap tamu.

5.4.3 Galur Omongan

Galur omongan mangrupa jengléngan basa anu dipaké waktu lumang-sungna komunikasi. Galur omongan aya patalina jeung (1) adegan omongan jeung (2) laku basa. Di handap ieu pedaran hiji-hijina.

5.5.3.1 Adegan Omongan

Ari adegan omongan atawa adegan basa diwujudkeun ku sora, runtuyan kecap (*word order*), wangunan (konstruksi), jeung pilihan kecap (diksi). Ku kituna, adegan omongan miboga dua lapisan, nya éta adegan lahir jeung adegan batin. **Adegan lahir** (*surface structure*) mangrupa kedaling sora (réprésentasi fonétis), wujudiahna sora (kayaning foném, morfém, kecap, frasa, klausa, jeung kalimah), ayana dina wilayah baham, mangrupa paripolah ucap (*parole, competence*), sipatna hétérogén tur rinéka, antukna gancang robah. **Adegan batin** (*deep structure*) mangrupa aturan, rumus, atawa kaédah basa (kayaning fonologi, morfologi, sintaksis, leksikon, jeung semantik), ayana dina wilayah uteuk, mangrupa kamampuh basa (*langue, competence*), sipatna homogén tur rélatif angger.

Dina galur omongan, anu rélatif hésé robah téh nya éta langue (rumus-rumus basa), sipatna angger, sawarna, tur teu kapangaruhan ku sistem anyar. Najan kitu, kedaling atawa ékspresina mah nu sok disebut

parole (ucapan), rélatif robah tur anékawarna, loba kapangaruhan ku sistem anyar, katembresan pangaruh waktu, tempat, jeung situasi.

5.5.3.2 Laku Basa

Laku basa (*language event*) atawa polah ucap (*speech act*) mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi basa. Disawang tina jihat pragmatis, sakurang-kurangna aya tilu rupa laku basa, nya éta lakuning ucap, lakuning gawé, jeung lakuning rasa.

Lakuning ucap atawa *tindak lokusi* mangrupa polah basa pikeun ngedalkeun hiji hal ka nu lian (*The Act of Saying Something*). Dina lakuning ucap diwawarkeun hiji perkara saayanaan, teu dijieun-jieun, komo bari disumputsalindungkeun mah. Contona:

(59) Jurusan Pendidikan Bahasa daerah (Sunda) aya dina wengkuhan Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni (FPBS)

Universitas Pendidikan Indonesia (UPI). Pernahna di Jalan Dr. Setiabudhi No. 229. Teleponna (022) 2013163

Pes. 2407, Bandung 40154.

Lakuning gawé atawa *tindak ilokusi* mangrupa polah basa pikeun milampah hiji hal (*The Act of Doing Something*). Dina lakuning gawé henteu ngan ukur dipaké pikeun ngawawarkan hiji hal, tapi ogé dipaké pikeun milampah hiji hal. Contona:

(60) Jang, geus panjang buuk téh. Gimbale deuih.

Omongan (60) henteungan sakadar ngabéjaan yén ‘buuk geus panjang’, tapi nitah sangkan “buuk téh kudu dicukur jeung dikuramas”.

Lakuning rasa atawa *tindak perlokasi* mangrupa polah basa anu dipa- ké pikeun mangaruhan pamiarsa (*The Act of Affecting Someone*). Ku kituna, lakuning rasa mah aya daya pangaruh (*perlocutionary force*) atawa éfék ka pamiarsa, boh dihaja boh henteu. Contona:

(61) A : Pagawéan numpuk, jalma kurang. Anu can dipapancénan téh tinggal Ocih.

B : Bumina tebih. katambah-tambah ngedul deuih.

Omongan si B kalawan teu langsung méré ilokusi yén “Ocih ulah loba teuing dibéré pagawéan, lian ti imahna jauh, katambah-tambah ngedul”.

5.4.4 Kasang Tukang Tempat, Waktu, jeung Suasana

Kedalna omongan atawa wacana téh lumangsung di tempat jeung dina waktu sarta suasana nu tangtu. Di mana dipakéna omongan, iraha dipakéna, jeung kumaha suasana makéna, bakal mangaruhan kana maksud omongan.

Tempat lumangsungna omongan bisa di mana waé, di antarana, di imah, di jalan, di sawah, di kantor, di pasar, jeung di masjid.

Waktu lumangsungna komunikasi bisa iraha waé, di antarana, beurang, pasoré, peuting, isuk-isuk, jeung pabeubeurang. Bisa ayeuna bisa baheula. Tangtu basa anu dipakéna ogé bakal béda, utamana mah dina lebah pilihan kecap (diksi).

Suasana lumangsungna omongan bisa dina rupa-rupa kaayaan, di antarana, dina kaayaan dines (resmi, formal), dina kaayaan sahinasna atawa biasa (teu resmi, informal). Bisa dina kahirupan sapopoé bisa dina upacara- upacara adat. Geus tangtu basa nu dipakéna ogé aya bédana, dina suasana dines, upamana, kudu maké basa hormat.

5.4.5 Alat nu Digunakeun

Basa anu dipaké waktu komunikasi bisa basa lisan bisa basa tulis. Tampolana pikeun ngedalkeun pamaksudan sok digunakeun isarah jeung gerak awak atawa kinésik (*cinesics, body language*) saperti rengkuh, peta, jeung pasemon.

Dina prakna komunikasi sok aya alat bantu kayaning lawong, radio, televisi, surat, majalah, jeung telepon. Ngan anu jelas mah dipakéna alat bantu téh, jaba ti nambahan gancangna wawaran, baris kacida gumantungna kana tempat, waktu, jeung suasana lumangsungan komunikasi basa.

5.4.6 Rasa, Nada, jeung Ragam Basa

5.4.6.1 Rasa

Rasa mangrupa sikep panyatur kana jejer atawa obyék anu keur dicarita-

keun. Rasa basa sipatna subyékatif sabab kacida gumantungna ka pribadi panyaturna. Dina waktu lumangsungna omongan, panyatur bisa miboga rasa bungah, sedih, keuheul, resep, ningnang, yakin, jeung ragu-ragu. Dina suasana bungah jeung sedih, kalimah di handap ieu bakal béda hartina.

(62) Maké keketrok sagala. Asup! Teu dikonci ieu.

5.4.6.2 Nada

Nada mangrupa sikep panyatur ka pamiarsa. Nada basa ogé sipatna subyékatif sabab dipangaruhan ku pribadi panyaturna. Dina waktu lumang- sungna omongan, sikep panyatur ka pamiarsa bisa miboga nada sinis, nyungkun, meupeuh lemes, jeung ceplak pahang. Gaya nyaritana bisa torojogan langsung atawa bisa malibir. Contona, kalimah:

(63) Datang téh nyubuh-nyubuh teuing.

bakal béda nadana. Mun diucapkeun ka ‘budak nu datang ka sakola kaburangan’, nadana nyungkun. Sabalikna, mun diucapkeun ka ‘budak nu datang isuk-isuk kénéh’, nadana ‘hayang apal atawa reueus’.

5.4.6.3 Ragam Basa

Ragam basa nyoko kana rupa-rupa wacana atawa omongan anu dipaké dina waktu komunikasi. Ragam basa, rinéka basa, atawa variasi basa anu dipaké ku masarakat basa téh bisa dipasing-pasing nurutkeun (1) pamaké jeung (2) pamakéan.

Nurutkeun pamaké atawa nu makéna, ragam basa téh bisa dibédakeun jadi dua rupa, nya éta logat jeung gaya basa. *Logat* atawa *dialék* nya éta ragam basa anu diluyukeun kana lingkungan makéna. Ragam basa anu dipaké di wewengkon nu tangtu disebut *régiolék* (*dialék lokal*, *lokabasa*, atawa *basa wewengkon*). Ragam basa anu dipaké ku golongan masarakat nu tangtu, di antarana, aya basa budak, basa rumaja, jeung basa kolot, disebut *sosiolék* atawa *dialék sosial*. Ragam basa anu dipaké dina wengkuan waktu anu béda, upamana, aya basa Sunda buhun, jeung aya basa Sunda kiwari, disebut *kronolék* atawa *dialék témporal*. Ragam basa anu dipaké pikeun tujuan nu tangtu luyu jeung fungsina disebut *fungsional* atawa *dialél*

fungsional. Ragam basa anu has dipaké ku saurang panyatur disebut *idiolék* atawa *dialék individual*.

Disawang tina sikep pamaké basa, aya nu disebut *gaya basa*, nya éta ragam basa anu has tur imajinatif geusan nimbulkeun pangaruh (éfék) anu leleb karasana ka pamiarsa. Gaya basa bisa dipasing-pasing dumasar kana (1) *adegan kalimah*, saperti gaya basa klimaks, antiklimaks, pararlélisme, antitésis, jeung repetisi; (2) *nada*, saperti gaya basa basajan, siger tengah, jeung gaya basa ruwed; (3) *pilihan kecap* (*diksi*), saperti gaya basa resmi jeung teu resmi; jeung (4) *harti*, saperti gaya basa aliterasi, eufimismeu, litotés, pléonasme, hiperbol, paradok, métafora, personifikasi, métonomia, jeung sindiran.

Disawang tina pamakéan basa, ragam basa bisa dibédakeun nurutkeun (1) *jejer omongan*, kayaning ragam basa agama, politik, ilmiah, téhnologi, ékonomi, seni, jeung hukum; (2) *médium* (*sarana*), kayaning ragam basa lisan jeung ragam basa tulis; jeung (3) *hubungan pamaké basa*, kayaning ragam basa hormat jeung loma, ragam basa resmi jeung teu resmi, ragam basa baku jeung teu baku.

5.4.7 Amanat Omongan

5.4.7.1 Wangenan Amanat

Amanat omongan mangrupa pesan panyatur nu geus katarima ku pami-arsa. Eusina mangrupa rasa, pikiran, jeung kahayang. Dina amanat aya maksud panyatur saperti ngawawarkeun, nanya, maréntah, atawa cumeluk. Omongan wawaran meredih sangkan pamiarsa aya perhatian ka panyatur. Omongan pananya meredih sangkan pamiarsa ngajawab naon-naon nu ditanyakeun ku panyatur. Omongan paréntah meredih sangkan pamiarsa milampah pagawéan nu dikedalkeun ku panyatur. Ari omongan panyeluk digunakeun pikeun ngébréhkeun sora bituna rasa panyaturna.

Amanat omongan kacida raketna jeung eusi atawa harti nu dikandung ku omongan. Ku kituna, aya amanat nu langsung katarima ku pamiarsa aya nu kudu dipikiran heula. Aya amanat nu torojogan bisa kaharti atawa kacangkem, aya amanat omongan anu merlukeun dadasar kalantipan atawa kasurti. Lamun pesan ti panyatur teu teu katarima jadi amanat ku pamiarsa, matak salah paham atawa pasalia (*miscommunication*, *missunderstanding*).

Dina ngama'naan atawa ngainferensi wacana, aya dua hal nu perlu dititinan, nya eta (1) praduga jeung (2) implikatur. Di handap ieu dipedar hiji-hijina.

5.4.7.2 Praduga

Praduga, praanggapan, atawa presuposisi mangrupa pangira atawa panyangka anu aya patalina jeung kamustahilan bisa kajadian, masalah proyeksi atawa nonjolkeun hiji hal jeung rupa-rupa katerangan nu sipatna ngajéntrékeun. Praduga mangrupa prasarat pikeun nyindekkeun bener henteuna omongan nu lian. Ku kituna, praduga raket patalina jeung *inférensi kawacanaan*, nya éta prosés nu dipilampah ku pamiarsa geusan nyangkem atawa maham ma'na wacana anu henteu diébréhkeun langsung dina wacana. Inférensi dipibutuh dina ngama'naan wacana anu malibir atawa henteu togmol kana tujuan. Dina lebah dieu, sok aya omongan “ulah ngan cukup ku *ngarti* wungkul, tapi kudu bari jeung *surti* deuih”. Contona:

- (64) A : Bu, punten gelas nu Bapa.
B : Badé cai hérang atanapi citéh?

Kalimah nu diucapkeun ku si A lain ngan sakadar nanyakeun gelas wungkul, tapi aya maksud nu leuwih jero, nya éta ménta cai nginum. Ku kituna, si B geus surti naon nu dipimaksud ku si A, nepi ka manéhna nanyakeun cai naon nu dipikahayang ku si A. kamampuh si B napsirkeun maksud nu teu torojogan ti si A téh disebutna kamampuh inférensi.

Hiji kalimah disebut méré praduga atawa présuposisi kana kalimah séjén lamun teu benerna kalimah kadua (anu dipraduga atawa diprésuposisi) ngabalukarkeun kalimah kahiji (nu méré praduga) can bisa disebut bener atawa salah. Contona:

- (65) Di alun-alun Bandung téh ramé pisan.

Kalimah (65) mraduga yén ‘di alun-alun Bandung téh ramé pisan’. Hal éta téh bisa ditarima lamun mémang “di alun-alun téh bener-bener ramé pisan”. Sabalikna, lamun kanyataanana henteu kitu, nya kalimah (65) can bisa diajén bener-salahna.

5.4.7.3 Implikatur

Omongan atawa kalimah bisa ngaimplikasikeun proposisi anu lain bagian tina éta omongan. Proposisi anu diimplikasikeun téh disebutna implikatur (*implicature*). Ku sabab implikatur téh henteu jadi bagian omongan anu ngaimplikasikeunana, hubungan di antara éta dua proposisi téh konsékwénsina henteu mutlak (*innecessary consequence*). Contona:

- (66) A : Kang, seueul beuteung.
B : Tuh, aya warung nasi.

Dina wacana (66), omongan B lain bagian tina omongan A. Omongan B muncul lantaran ayana inferensi nu didadasaran ku kasang tukang pangaweruh yén di warung nasi téh pasti aya sangu nu bisa didahar. Ari sangu téh kapan ubar seueul beuteung atawa lapar.

Ku lantaran teu aya kakaitan ma'na antara hiji omongan jeung nu diimplikasikeun, atuh teu kudu anéh mun hiji omongan téh bisa nimbulkeun rupa-rupa implikatur nu tan wates wangen jumlahna. Contona, omongan si A dina wacana (67) bisa nimbulkeun omongan si B, si C, atawa si D.

- (67) A : Kang Ujang datang.
B : Rokona sumputkeun heula.
C : Abdi mah badé permios heula.
D : Kamerna benahan heula.

Béda jeung implikatur, saperti ébréh dina tatali omongan A-B nu dicontoan ku wacana (66)-(67), tatali omongan A-B dina kalimah (68) di handap ieu sipatna mutlak. Tatali omongan A-B nu sipatna mutlak ték sok disebut *entailment*.

- (68) A : Tiasa nyuhunkeun citéh. Asa hanaang pisan.
B : Abdi gé, tos eueut mah, hanaang téh leungit.

Omongan B dina (68) mangrupa bagian atawa konsékwénsi mutlak (*necessary consequence*) tina omongan A.

5.5 Adegan Wacana


5.5.1 Wangenan Adegan Wacana

Minangka salasahiji wangunan basa pangjembarna, wacana miboga dua

adegan, nya éta adegan lahir jeung adegan batin. Adegan lahir wacana nyoko kana kohési, ari adegan batinna nyoko kana kohérénsi. Sangkan wacana téh kohésif, panyatur kudu boga pangaweruh kaédah basa, kanyataan (réalitas), katut prosés nalar minangka panyindek sintaksis. Hartina, wacana kakara bisa disusun kalawan kohésif tur kohérénsif lamun aya kasaluyuan antara *kotéks* (situasi-batin basa) jeung *kontéks* (situasi-lahir basa).

5.5.2 Kohési

Kohési mangrupa aspék formal basa dina wacana, kaasup organisasi sintaksis, wadah kalimah-kalimah disusun kalawan dalit tur kompak jadi wacana atawa téks. Cindekna, kohési téh nya éta patali harti antara kalimah- kalimah atawa proposisi dina wacana. Satuluyna, kohési wacana bisa diwincik saperti dina bagan ieu di handap.



5.5.2.1 Kohési Gramatikal

Kohési gramatikal mangrupa unsur basa anu dipaké pikeun ngagumu-lungkeun adegan wacana. Kohési gramatikal diwujudkeun ku référénsi, substitusi, élipsis, jeung paralélisme. Di handap ieu dipedar hiji-hijina.

5.5.2.1.1 Référénsi

Référénsi mangrupa hubungan antara unsur panuduh (déiksis) jeung unsur nu dituduhkeun (acuan atawa antésédén). Acuan nu dituduhkeun bisa aya jeroeun wacana bisa luareun wacana. Lamun dina semantik formal anu diacu téh kudu enya-nya benerna, ari dina wacana mah bebeneran anu dimaksud ku référénsi téh nya éta bebeneran nurutkeun panyatur. Référénsi umumna diwujudkeun ku pronomina atawa kecap sultur. Contona:

- (69) H. Hasan Abdulkadir, urang NTB, kasohor bisa ngubaran kasakit maag. Praktékna téh ti mimiti taun 1984 kénéh. Nu matak anéh, pasén teu dicarék dahar nu haseum-haseum. Dahar naon ogé euweuh nu dipantang. Ti mana *manéhna* meunang pangabisana?

Unsur *-na* jeung kecap *manéhna* duanana ngacu ka antésédén *H. Hasan Abdulkadir*. Ku kituna, *-na* jeung *manéhna* dina wacana (69) di luhur mangrupa référénsi.

Patalina jeung référénsi, déiksis téh mangrupa unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hiji hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa. Asalna tina basa Yunani *deiktikos*, anu hartina ‘hal nuduhkeun kalawan langsung’. Naon-naon anu dituduhkeun ku déiksis, boh jeroeun wacana boh luareun wacana, disebut *acuan* atawa *antésédén*. Déiksis anu nuduhkeun acuan di jeroeun wacana atawa sipatna intra-tékstual disebut *déiksis éndoforis*. Ari déiksis anu nuduhkeun acuan nu aya di luareun wacana atawa sipatna ékstra-tékstual disebut *déiksis éksoforis*. Contona, kecap *manéhna* dina wacana (70) jeung (71) di handap ieu masing-masing mangrupa déiksis éksoforis jeung déiksis éndoforis.

- (70) *Manéhna* teu walakaya basa direjengan ku saréréa. Kaharti ari kituna mah, saurang dihurup ku lobaan. Mémang beurat sabeulah.

- (71) Bibi kuring ngebon bonténg, perna sisi lembur. *Manéhna* mah kacida peditna. Entong boro ku dulur, ku anakna ogé sok nyarékan.

Déiksis téh cicingna bisa tukangeun acuan bisa hareupeun acuan. Déiksis anu cicingna tukangeun atawa sabada acuan disebut *déiksis anaforis*, ari anu cicingna hareupeun atawa saméméh acuan disebut *déiksis kataforis*. Contona, kecap *manéhna* dina wacana (71) di luhur mangrupa déiksis anaforis tina acuan atawa antésédén *Bibi kuring*. Sabalikna, dina wacana (72) di handap ieu, unsur *-na* mangrupa déiksis kataforis tina acuan *Uwén*.

- (72) Ku mahérna dina nyarita, Uwén téh bisa jadi MC.

Wujud déiksis umumna mangrupa kecap sulur, kecap panuduh, advérbia, jeung sawatara unsur basa séjénna nu dipaké pikeun nuduhkeun acuan. Nurutkeun hartina dibédakeun rupa-rupa déiksis, di antarana, (1) *déiksis persona* atawa *panuduh jalma*, anu diwujudkeun ku kecap gaganti jalma, saperti *kuring*, *manéh*, jeung *manéhna*; (2) *déiksis témporal* atawa *panuduh waktu*, anu diwujudkeun ku nomina waktu, saperti *ayeuna*, *peuting*, jeung *poé Ahad*; (3) déiksis lokatif atawa panuduh tempat, boh tempat nu deukeut (proksimal), anggang (semi-proksimal), jeung jauh (distal), saperti *dieu*, *dinya*, jeung *ditu*; (4) déiksis sosial, anu patali jeung unsur basa nu dipaké dina situasi sosial nu tangtu, saperti ngagentraan jalma ku profésina: *Prof*, kaasup soal-soal sesebutan panghormat (honorifik): *Néng*. Contona ébréh dina wacana (73)-(76) di handap ieu.

- (73) *Kuring* nyebutkeun ngaran. *Manéhna* ingguk, tapi semu teu semu teu nyaho. Da bangun nyureng, nginget-ninget. Tangtu keur jalma anyar mah, moal apal ngaran lembur *kuring* teh.
- (74) Cenah *barétona* mah cicing di kota. *Ayeuna* matuhna téh di lembur. Ari usahana mah angger di kota. *Sabulan sakali* mawa pangsiunan ka kota.
- (75) Mangga Ibu sareng Bapa calik palih *dinya*. Wios abdi ngadeg di palih *dieu*. Hawatos mangkaning lami kénéh.
- (76)A : *Néng*, dupi Pa *Profésor* aya?

B : Aya. Mangga linggih, heula!

5.5.2.1.2. Substitusi

Substitusi mangrupa kohési gramatikal anu diwujudkeun ku cara ngaganti acuan ku kecap-kecap nu tangtu. Saenyana pronomina ogé miboga fungsi substitusional, tapi leuwih nyoko kana référénsi. Lian ti éta, substitusi bisa mangrupa *provérba*, nya éta kecap-kecap anu nuduhkeun kalakuan, kaayaan, hal, atawa eusi babagian wacana anu geus disebutkeun saméméhna atawa sabadana. Jadi, provérba bisa anaforis bisa kataforis. Contona:

- (74) *Kieu* ari ti bapa mah. Sing bisa ngeureut neundeun. Ulah awuntah, teu kaop boga duit sok kareunang hayang meulikeun. Mending rikrik gemi. Najan panghasilan loba ogé, ari ayakanana carang mah moal nyésa.

5.5.2.1.3. Ēlipsis

Ēlipsis nya éta kohési anu diwangun ku cara ngaleungitkeun unsur-unsur wacana anu geus disebut saméméhna. Cara ngaleungitkeunana rélatif leuwih bébas, henteu kauger ku pangaruh unsur basa lian. Jadi, béda jeung sirnaan (délési) anu boga sipat sabalikna. Contona:

- (75) Andi : “Mun bapana hiji, indungna dua, naon ngaranna?”
 Béti : “Poligami.”
 Andi : “Mun bapana dua, indungna hiji, naon ngaranna?”
 Béti : “Poliandri.”
 Andi : “Lamun indung jeung bapana loba?”
 Béti : “Euh... poliklinik!”

Omongan Béti, nya éta “Poligami”, sabenerna aya nu dileungitkeun. Ari lengkepna mah, nya éta “Mun bapana hiji, indungna dua, ngaranna téh poligami.” Kitu deui, omongan-omongan Béti séjénna saperti “Poliandri” jeung “Euh... poliklinik”.

5.5.2.1.4. Paralélisme

Kohési wacana bisa diwujudkeun ku cara paralélisme, nya éta ngaruntuykeun kecap-kecap atawa kalimah anu sarua darajatna. Contona:

- (76) Anak batur dipiara. Anak sorangan diantep. Ahirna, budak jadi katalangsara.

5.5.2.2 Kohési Léksikal

Kohési léksikal nyoko kana patalina unsur-unsur kabeungharan kecap dina wacana, di antarana, sinonimi, antonimi, hiponimi, kolokasi, répétisi, jeung ékuivalénsi.

5.5.2.2.1 Sinonimi

Kohési sinonimi nyoko kana makéna kecap-kecap anu saharti (sinonim) dina wacana. Contona:

- (77) Beunghar Wa Haji téh. Pakayana di mana-mana. Sawahna satungtung deuleu. Kebonna héktaran. Ngan hanjalan *pedit*, *ngeupeul*, *korét*, *cap jahé*, jeung *kékéd méngkéné*.

5.5.2.2.2 Antonimi

Kohési antonimi diwujudkeun ku makéna kecap-kecap anu lalawanan hartina (antonim) dina wacana. Contona:

- (78) Ngadéngé laporan pamajikan yén mesin tik nu *diinjeum can dipulangkeun*, nyel haté keuheul. Ku *ngajéngkélkeunana* mah, unjam-injeum téh kudu waé *dicokot*. Lain hideng *nganteurkeun* sorangan. Rék *ngomongan*, lah asa *heurin ku létah*.

5.5.2.2.3 Hiponimi

Kohési hiponimi diwujudkeun ku makéna kecap-kecap anu hartina kawengku ku kecap anu leuwih jembar (hipernim). Contona:

- (79) Ari ka lembur téh nineung ku balong wé. Rék teu kitu kumaha atuda, cai cur-cor. balongna loba *laukan*. Ti mimiti *guramé*, *tawés*, *lauk emas*, *nilem*, *kancra*, *tambak*, *sepat*, *jaér*, nepi ka *beunteur* aya.

5.5.2.2.4 Kolokasi

Kohési kolokasi atawa médan ma'na diwujudkeun ku kecap-kecap anu aya dina lingkungan ma'na kecap nu sarua dina wacana. Contona:

- (80) Rék teu pada mikaresep kumaha, atuda. Néng Euis téh keur *geulis* téh pinter deuih. Awakna *jangkung lenjang* jeung *démplon*. Manéhna mah bisa disebut *awéwé* sampurna.

5.5.2.2.5 Répétisi

Kohési répétisi atawa bangbalikan kecap diwujudkeun ku malikan deui kecap-kecap anu sarua dina hiji wacana. Contona:

- (81) Jalma *pinter* mah kudu dibales ku *pinter* deui. Saméméh urang ngabales, urang kudu *pinter* heula. Carana mah, urang kudu getol diajar pikeun ngalam élmu.

5.5.2.2.6 Ékuivalénsi

Kohési ékuivalénsi diwujudkeun ku ngagunakeun kecap-kecap anu hartina padeukeut. Contona:

- (82) Kuring mah inget kénéh ka anjeunna téh. *Guru* kuring basa keur di SD. Anjeunna nu *ngajar maca jeung nulis*, nu *kungsi mapatahan*, nu *méré* élmu pangaweruh nepi ka kuring bisa cacarita kawas ayeuna. Moal poho nepi ka iraha waé ogé.

5.5.2.3 Konjungsi

Konjungsi atawa kecap panyambung dina wacana kaasup kana kohési, anu aya di tengah-tengah, antara kohési gramtikal jeung kohési léksikal. konjungsi dipaké pikeun nyambungkeun unsur-unsur sintaksis (frasa, klausa, kalimah) dina wangunan nu leuwih jembar. Aya opat rupa konjungsi, nya éta

(1) konjungsi satata, (2) konjungsi sumélér, (3) konjungsi papasangan, jeug (4) konjungsi anteuran.

5.5.2.3.1 Konjungsi Satata

Konjungsi satata (koordinatif), nya éta konjungsi anu nyambungkeun klausa-klausa atawa babagian kalimah anu satata saperti *jeung, atawa, tapi*.

Contona:

- (83) Ongkoh deuih apan sastra Jawa *jeung* sastra Sunda téh kaasupsastra daérah anu masih kénéh hirup nepi ka kiwari. Da ari di daérah séjén mah geus teu kacaturkeun deui. Dina unggal pasamoan anu nyabit-nyabit sastra daérah, anu dipaké angkeuhan téh sastra Jawa jeung sastra Sunda. Ari sihoréng, kahirupanana téh sakitu tigratna.

5.5.2.3.2. Konjungsi Sumélér

Konjungsi sumélér (subordinatif), nya éta konjungsi anu nyambungkeun klausa-klausa atawa babagian kalimah anu teu satata, antara indung kalimah (klausa lulugu) jeung sélér kalimah (klausa sélér) saperti *basa, najan, lamun, nu, jeung yén*. Contona:

- (84) *Basa* langit keur lumayung ngempur hurung, *nu* sakeudeung deui sang Surya tinangtu tilem ninggalkeun karaméan alam dunya beurang. Saurang waruga lalaki masih kénéh ngajentul ngahurun balung bari nangkeup tuur, paneuteupna jauh ka tengah jaladri nu tanpa tepi.

5.5.2.3.3. Konjungsi Papasangan

Konjungsi papasangan (korélatif), nya éta konjungsi nu nyambungkeun babagian kalimah, biasana sok papasangan tur ngahapit unsur nu disambungkeun, cicingna di awal jeung di tengah kalimah, saperti *boh...boh..., najan...tapi....*. Contona:

- (85) Taun ieu, anu arasup ka Jurusan Sunda, *boh* di UPI *boh* di UNPAD, rada onjoy leuwih ti taun-taun ka tukang. Naon motivasina? Sigana perlu diperhatikeun kalawan gemet.

5.5.2.3.4. Konjungsi Anteuran

Konjungsi anteuran nya éta konjungsi anu nyambungkeun kalimah-kalimah dina paragraf atawa paragraf-paragraf dina wacana. Konjungsi anteuran anu nyambungkeun kalimah-kalimah dina paragraf disebut *konjungsi antarkalimah*, saperti *najan kitu, sanggeus kitu, satuluyna, sabalikna, ku kituna, jeung ku sabab kitu*.

Ari konjungsi anteuran nu nyambungkeun paragraf-paragraf atawa di awal paragraf disebut *konjungsi antarparagraf*, saperti *béjana, ceuk béja, tah*.

- (86) Rayat percaya yén Gunung Putri digeugeuh ku lembut. *Ku sabab kitu*, panambang emas ngahormat pisan kana eta kapercayan.
- (87) *Tah*, ari ranggeuyan acana dina wengi ieu dimunggaran ku laporan kagiatan, ditéma ku ngobrolkeun masalah bau awak, anu dipingkas ku dapur Sekar Arum. Hayu urang ngawitan ku laporan kagiatan.

5.5.3 Kohérénsi

Kohérénsi nya éta unsur eusi basa dina wacana, mangrupa organisasi semantis, wadah gagasan-gagasan disusun dina runtuyan nu logis jeung harmonis geusan nyungsi maksud omongan kalawan gampang tur keuna.

Disawang tina fungsina dina ngadeudeul gumulungna eusi wacana, aya dua rupa kohérénsi, nya éta (1) kohérénsi référénsial jeung (2) kohérénsi tékstual.

5.5.3.1 Kohérénsi Référénsial

Kohérénsi référénsial nya éta kohérénsi anu nuduhkeun tatali harti antarbabagian wacana, biasana mangrupa gunggung gagasan antara unsur-unsur nu tangtu dina hiji beungkeutan pasualan. Aya rupa-rupa tatali harti atawa kohérénsi référénsial wacana, di antarana, didadarkeun di handap ieu.

5.5.3.1.1. Tatali Kausalitas

Tatali kausalitas atawa sabab-musabab bisa nuduhkeun tatali ‘sabab-akibat’ jeung ‘alesan-akibat’. Dina *tatali ‘sabab-akibat’* kagambar kumaha sabab katut akibat lumangsungna kajadian. Ari dina *tatali ‘alesan-akibat’* kagambar naon alesanana pangna kajadian lumangsung sarta kumaha akibatna. Contona ébréh dina wacana (88)-(89) ieu di handap.

- (88) Sakola jaman kiwari mah mahal pisan. Iuran itu iuran ieu. Aya DSP, aya BP-3, acan beulieun buku mah. Buku urut lanceukna teu bisa dipaké ku adina. Da unggal taun robah-robah. Ku nu leutik mah geus teu kaduga, matak eungap. Tingtungan nyakolakeun téh haroréam.
- (89) Ambuing lain deui bingungna harita mah. Boga sapatu maén bal ti mendi. Pan di IPI gé

5.5.3.1.2. Tatali Komparatif

Tatali komparatif atawa babandingan nuduhkeun babandingan antara dua hal atawa kajadian, boh nembrak boh nyamuni. Tatali babandingan anu nembrak maké kecap panyambung (konjungsi) *saperti, kawas, jiga*, jeung *sig*, disebutna *tatali ngupamakeun*. Ari tatali babandingan anu nyamuni, henteu maké kecap panyambung, disebutna *tatali lalandian*. Bandingkeun conto wacana (90) jeung (91) di handap ieu.

- (91) Teu kaop bongoh ti kolot barudak téh ngan paraséa baé. Tina silih poyok, tuluy paréa-réa omong. Tungtungna paolotot-polotot. *Kawas* ucing jeung anjing baé.
- (92) Enya pangasilan leutik, kahirupan kulawarga rada katalangsara. Ari kudu pipilueun kawas batur mah ké heula. Komo narima duit panyogok atawa pasang nalo. Mending hidup sakadarna, batan bejad iman mah.

5.5.3.1.2. Tatali Parafrastis

Tatali parafrastis nuduhkeun yén salasihiji bagian wacana ngébréh- keun eusi wacana ku cara séjén, biasana basana nu leuwih panjang. Contona:

- (93) Kuring laki-rabi téh jalan dua taun. Lantaran pangasilan salaki tacan sabaraha, salila ieu cicing téh angger jeung kolot. Mémang henteu lega imah indung-bapa kuring téh. Tapi aya kénéh rohangan anu sabada diropéa sautak-saeutik. ahirna bisa dipaké kamer ku kuring.

5.5.3.1.4. Tatali Implikatif

Tatali implikatif nuduhkeun yén salasihiji bagian wacana ngukuhan atawa jadi dadasar kacindekan kana eusi bagian wacana séjénna. Tatali implikatif anu nuduhkeun kalibetna babagian wacana

kana babagian wacana lianna disebut *tatali latar-inklusif*, ari anu nuduhkeun bukti pikeun jadi dadasar kacindekan disebut *tatali latar-kacindekan*. Conto wacana (94) jeung (95) di handap ieu masing-masing nuduhkeun tatali latar-inklusif jeung tatali latar-kacindekan.

- (94) Dasar jelema lieur. Keur boga hutang bari teu mayar téh, éta deuih, basa ditagih lain sasadu kalah nyarékanlaklak dasar.
- (95) Babaturan di SMP nu resep maén bal kaitung euyeub, di antarana Rahmatulloh Ading Afandie (RAF). Atuh lamun kaparengkeun aya nu ngajak maénbal téh teu hésé nyugang pamaén, kari ngajakan wé batur sakelas. Anu matak remen naker sakola kuring mah kapeto jadi juara.

5.5.3.1.5. Tatali Idéntifikatif

Tatali idéntifikatif nuduhkeun yén patali harti antarbabagian wacana bisa kapanggih dumasar kana pangaweruh jeung pangalaman panyaturna.

- (96) Mun urang henteu katampa di paguronluhur atawa sakola negeri, lain hartina bodo. Geura wé Eistein? Sarjana fisika anu ngagondol hadiah Nobél téa, kapan kungsi teu katampa waktu milu tés ka universitas negeri.

5.5.3.1.7. Tatali Aditif

Tatali aditif atawa tambahan nuduhkeun gabungan dua hal atawa kajadian, boh nu patali jeung gabungan waktu bareng jeung ngaruntuy boh henteu. Contona:

- (97) Pagawéan kuring mah geus anggeus. Moal milu maturan sigana mah. Ieu deuih panon geus kacida beuratna, hésé dibeuntakeunana. Kuring rék balik ti heula, rék saré.

5.5.3.1.8. Tatali Generalisasi

Tatali generalisasi nuduhkeun hubungan antarbabagian wacana tina umum kana husus atawa tina husus kana umum. Tatali generalisasi tina umum kana husus disebut *tatali generik-spesifik*, ari tina husus kana umum disebut *tatali spesifik-generik*. Contona:

- (98) Manéhna mah pohara korétna. Entong boro méré batur, ngaluarkeun duit keur kapentingan dirina ogé hésébéléké. Sakalieun budakna ceurik hayang jajan gé, ti batan dibéré kajeun dicarékan laklak dasar bari digebugan.

5.5.3.1.9. Tatali Résultatif

Tatali résultatif nuduhkeun yén hubungan antara babagian wacana téh nuduhkeun hasil, bisa dumasar kana sarana jeung sarat bisa henteu. Tatali résultatif anu dumasar kana sarana disebut *tatali sarana-hasil*, anu dumasar kana sarat disebut *tatali sarat-hasil*, anu dumasar kana hasil nu dituju disebut *tatali sarana-tujuan*, ari anu dumasar kana teu hasilna tujuan tur sipatna anggang disebut *tatali anéksi-hasil*. Tengetan contona dina wacana (98)-(101) di handap.

- (98) Manéhna diajar kacida dariana. Taya waktu kapiceun. Ceuk kolot mah keuna ku paribasa, dibélaan “kuru cileuh, kentél peujit”. Atuh, hasilna ogé nyugemakeun pisan.
- (99) Hukum di nagara urang téh geus kawilang alus. Malah dina prakna bisa leuwih kukuh tur pageuh. Asal waé rahayat dibéjaan naon nu jadi hakna, lain ngan dikudukeun milampah kawajibanana wungkul. Komo bari dicontoan ku para pamingpin mah.
- (100) Program KB (Keluarga Berencana) téh dirarancang kalawan inténsif. Nu dipiharep ngarah ngarekahna padumuk dina mangsa nu bakal datang bisa disingkahan.
- (101) Kuring geus ngajejengkruk ti subuh kénéh. Rét deui rét deui. Matak lieuk beuheung sosonggéteun. Nu didago-dagona mah, teu hol kénéh baé. Geus karasa kesel mah, kuring balik.

5.5.3.2 Kohérénsi Tékstual

Kohérénsi tékstual nya éta kohérénsi nu nuduhkeun gumulungna kasang tukang semantis, biasana mangrupa hubungan antarunsur ma'na dina kahanan wacana kalawan gembleng. Gumulungna kasang tukang semantis téh bisa nyoko kana tilu hal, nya éta (1) gunggungan

topik, (2) hubungan sosial antara panyatur, jeung (3) warna médium omongan.

Dina gunggungan topik, patalina harti antara babagian wacana téh jelas, torojogan, jeung bisa langsung kaharti, lantaran témbrés kasang tukangna.

- (102) Bandung Electronic Center (BEC) panggedéna di Bandung mah. Rupa-rupa barang elektronik aya. Mangga buktoskeun Sadérék pasti sugema.

Kohérénsi tékstual bisa ogé kapanggih tina hubungan sosial antara para panyatur. Maksud wacana kakara kapanggih lamun apal kasang tukangna. Sabalikna, mun teu kitu, urang bakal bingung kana naon-naon nu diomong-keun ku batur. Contona:

- (103) A : Tabuh sabaraha, Ceu?
B : Tukang tahu mah teu acan ngalangkung.

Kalimah si B dina wacana di luhur moal kaharti lamun teu apal kasang tukangna. Lamun tukang tahu biasana sok liwat unggal tabuh dalapan isuk-isuk, nuduhkeun yén jawaban si B “Tukang tahu mah teu acan ngalangkung” hartina ‘harita téh can jam salapan’.


5.6 Ragam Wacana


Dina prakna digunakeun, wacana téh miboga sababaraha ragam, di antarana, (1) wanda wacana, (2) wangun wacana, jeung (3) warna wacana. Di handap ieu dipedar hiji-hijina.

5.6.1 Wanda Wacana

Dumasar kana médium anu dipakéna, wacana bisa dibédakeun jadi dua wanda, nya éta wacana lisan jeung wacana tulis. Ieu dua rupa wacana téh aya sasaruuan jeung aya bédana. Sasaruuan wacana lisan jeung wacana tulis pada-pada miboga kaédah tata basa (gramatika) jeung kandaga kecap (léksikon). Ari bédana nya éta lebah médiumna, wacana lisan patali jeung ucapan atawa omongan (fonologis), wacana tulis patali jeung aksara jeung éjahan (grafologis). Tengetan baganna di handap ieu.

Bagan 5.6: Wanda Wacana





5.6.1.1 Wacana Lisan

Wacana lisan nya éta wacana anu dipidangkeun maké basa lisan. Pikeun narima jeung nyangkem wacana lisan, pamiarsa kudu ngaregepkeun omongan panyatur kalawan daria. Aya rupa-rupa wacana lisan, di antarana, ceramah, biantara, hutbah, diskusi, jeung wangkongan. Bisa jadi aya wacana lisan anu dihasilkeun ku cara ngagalantangkeun wacana tulis saperti macakeun naskah biantara, macakeun dongéng, jeung maca sajak.

5.6.1.2 Wacana Tulis

Wacana tulis nya éta wacana anu dipidangkeun maké basa tulis. Pikeun narima jeung nyangkem wacana tulis, pamiarsa kudu maca bacaan kalawan daria. Aya rupa-rupa wacana tulis, di antarana, artikel, makalah, skripsi, surat, jeung buku.

5.6.2 Wangun Wacana

Wacana téh miboga wangun-wangun anu tangtu. Ari munculna wangun-wangun wacana téh disababkeun ku ayana cara anu beda-beda dina nepikeun eusi wacana. Aya wacana anu cara nepikeun eusina téh ku cara dicaritakeun, aya nu didadarkeun, aya nu dijelaskeun, jeung aya nu dijelaskeun bari dibéré alesan-alesan. Tina opat rupa cara nepikeun eusi wacana téh, lahir opat rupa wangun wacana, nya éta narasi, déskripsi, éksposisi, jeung arguméntasi.

5.6.2.1 Narasi

Narasi atawa caturan mangrupa wacana anu eusina nyaritakeun lumangsungna kajadian atawa peristiwa kalawan ngaruntuy, boh nu sipatna nyata (faktual) boh nu sipatna rékaan (imajinatif). Kajadian-kajadian carita téh disusunna, dipatalikeunana, heula pandeurina, jeung dirékana dina wangun carita nepi ngawujud fiksi nu gembleng. Sasaran utamana nya éta tingkah polah nu diracik jeung diruntuykeun jadi hiji kajadian dina gunggung waktu. Ku kituna, wacana narasi bisa dipaké ngajawab pananya “Naon anu geus kajadian?”

Aya dua rupa narasi, nya éta narasi ékspositoris jeung narasi sugéstif. *Narasi ékspositoris* miboga ciri-ciri, di antarana, dipaké keur ngajembaran kaweruh jeung nepikeun wawaran kajadian, dumasar kana daya nalar geusan ngahontal kasaluyuan rasional, basana informatif, jeung kecap-kecapna dénotatif. Sabalikna, *narasi sugéstif* miboga ciri-ciri, di antarana, dipaké keur nepikeun amanat nu nyamuni, dumasar kana daya hayal geusan ngahontal kasaluyuan imajinatif, nalar ngan ukur alat keur nepikeun ma’na, basana figuratif, jeung kecap-kecapna konotatif. Contona:

- (104) Harita téh kuring tos nyaba, kabeneran leungeun téh teu jingjing teu bawa, nya rék naék ojég wé cékéng téh. Brang geus deukeut ka pangkalan ojég, katingali aya ibu-ibu keur pepeta, sangkaan téh keur ngobrol biasa wé jeung tukang ojég. Tapi barang didédéngékeun téh geuning keur nyarékan tukang ojég. (*Manglé* No. 1950:69)

5.6.2.2 Déskripsi

Déskripsi, dadaran, atawa candraan nya éta wacana nu eusina ngadadarkeun atawa ngébréhkeun kagiatan indra (panempo, panguping, pangrasa, panyabak, jeung pangambeu) minangka hasil pangalamanana. Dina wacana déskripsi digambarkeun obyék sayaana jeung sajénté-jéntréna bari ditataan hiji-hiji kalawan wincik. Tujuan déskripsi pikeun motrét atawa ngalapor-keun saayana naon-naon nu dipikanyaho tanpa dikoméntaran. Contona:

- (105) Di juru pasar, di jero, aya hiji jongko leutik nu méh rugrug. Nu tungguna saurang awéwé nu geus aya umuran, nu geus rada bauh taneuh. Nu ditungguanana nya éta tarasi geblogan, turubuk, pakis, kéré asin layur jeung samedem. Teu pati loba, ukur cukup keur nyumponan nu meuli mah. Unggal ka dinya,

keur oléh-oléh ka Ciamis, kuring sok balanja ka jongko éta. Lian ti barangna kasohor ogé, hargana murah.

5.6.2.3 Ēksposisi

Ēksposisi atawa pedaran nya éta wacana anu eusina ngajéntrékeun tur medar hiji objék, prosésna, tujuanana, jeung gunana. Wacana éksposisi ditujukeun pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma. sakapeung sok disebut *wacana prosédural* lantaran ngagambarkeun cara ngalaksanakeun hiji pagawéan saperti resép kuéh, resép kadaharan, jeung formula obat.

Aya rupa-rupa téhnik anu bisa dipaké dina nyusun wacana éksposisi, di antarana, ku cara idéntifikasi, babandingan, ilustrasi, klasifikasi, définisi, jeung prosés. Di handap ieu salasihiji conto éksposisi maké téhnik proses.

(106) SAMBEL CIBIUK

- Bahan:** (1) tomat ngora (héjo) 2 siki,
(2) surawung sabeungkeut, candak daunna wungkul,
(3) cikur dua buku curuk,
(3) tarasi saséndok th, goréng atanapi beuleum,
(4) gula bodas satengah séndok téh,
(5) uyah satengah séndok téh,
(6) céngék 10 siki, jeung
(7) cabé héjo 4 siki.

Ngadamelna: Tomat sareng cabé héjo siksikan, lajeng réndos sareng sadaya bahan, tapi tomat sareng surawuyngna ulah lembut teuing. Tos kitu mah kantung diidangkeun.

No. 1665:50)

5.6.2.4 Arguméntasi

Arguméntasi nya éta wacana anu eusina ngajéntrékeun jeug nerangkeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan nu kuat nepi ka jalma lian percaya atawa kahudang pikeun milampah hiji pagawéan. Dina wacana arguméntasi biasana katerangan-katerangan téh dibarengan ku alesan-alesan anu disusun dumasar kana fakta.

Eusi pedaran sok ngawawarkeun perkara nu manjing akal (logis) nepi ka nu lian percaya kana enyana. Wacana arguméntasi téh sok disebut ogé *wacana ilmiah* atawa *wacana hortatori*.

Wacana arguméntasi anu ditujukeun pikeun mangaruhan jalma lian sangkan milampah hiji perkara disebut *wacana pérsuasif*. Upamana waé, biantara kampanye, jeung iklan. Conto wacana iklan:

(107) BALAI PENGELOLAAN
MUSEUM NEGERI SRI BADUGA

Jalan BKR. No. 185, Telp. (022) 5210976

Fax. (022) 5223214 Bandung 40243

Buka : saban dinten tabuh 07.30 – 15.00 WIB

Nyoréang alam ka tukang
nyawang mangsa nu datang
hayu urang téang
Sri Baduga museum urang.

5.6.3 Warna Wacana

5.6.3.1 Wacana Fiksi

Lamun nepikeun hiji hal digunakeun pamarekan imajinatif, wacana anu dihasilkeun téh nya éta *wacana fiksi*. Wacana fiksi miboga ciri-ciri, di antarana, konotatif, intuitif, konséntris, jeung komuni. Dina wacana fiksi réa digunakeun kecap-kecap anu ngandung *makna konotatif*, nya éta ma'na injeuman anu teu langsung nuduhkeun acuanana. Dina wacana fiksi diébréhkeun rupining obyék anu bisa ngahudang daya hayal atawa pangalaman ngaliwatan kesan-kesan imajinatif atawa intuitif. Mémang daya nalar ogé dipaké, tapi sipatna *konséntris*, nya éta ngan saukur keur nepikeun amanat wungkul minangka hasil olahan daya hayal. Kagiatan maca atawa ngaregepkeun karya sastra sipatna *komuni*, nya éta kudu bisa neuleuman kaayaan jiwa anu ngarangna, sanajan teu kudu persis sarua da bisa béda tapsiran. Ku kituna, wacana fiksi sok disebut ogé wacana rékaan, wacana imajinatif, wacana sastra, atawa wacana sugéstif.

Aya tilu wangun wacana fiksi, nya éta (1) wacana lancar, (2) wacana ugeran, jeung (3) wacana drama.

a. Wacana Lancaran

Wacana lancarana atawa prosa nya éta wacana anu disusun dina basa lancarana, basa anu rakitanana lumrah dipaké dina kahirupan sapopoé, tanpa ngolah wirahma atawa ngatur lentong anu matok. Nilik wujudiah (visual)na, wacana prosa mah mangrupa runtuyan kalimah-kalimah, boh kalimah langsung boh kalimah teu langsung, tara dipenggel-penggel cara dina padalisan wangun puisi. Wangun ugeran atawa prosa biasana digunakeun dina *dongéng*, *carita pondok*, *novel* atawa *roman*, jeung *skétsa*.

b. Wacana Ugeran

Wacana ugeran atawa puisi nya éta wacana anu disusun dina basa ugeran, rakitanana biasana mah pinuh ku wirahma, kauger ku wangunna saperti guru lagu, guru wilangan, jeung purwakanti sarta diksina. Wacana ugeran ngagunakeun basa anu has saperti pilihan kecap, frasa, jeung babandingan nu tara kapanggih dina basa sapopoé, ngagedékeun konotasi, sarta irit ku kecap nepi ka ngalantarankeun samar. Kakayaan wacana ugeran atawa puisi Sunda réa rupana, aya nu kagolong puisi heubeul (buhun) aya nu kagolong puisi anyar. Puisi heubeul aya nu ngawujud carita saperti *carita pantun* jeung *wawacan*; aya nu teu mangrupa carita kayaning *mantra* (jangjawokan, singlar, jampé, rajah, ajian, asihan); *papantunan*; *sisindiran* (rarakitan, paparikan, wawangsalan); *sa'ir* (pupujian, sawér); *kakawihan*; *kawih*; jeung *pupuh* (dangding, guguritan). Conto puisi sisindiran:

(108) Jauh jalan ka pancuran,
ngala iwung ka Cimindi.
Mun jalma katalanjuran,
kaduhungna sok pandeuri.

Puisi anyar nya éta *sajak*, anu sok disebut ogé puisi bébas. Disebut kitu sotéh duméh teu kauger ku guru wilangan jeung guru lagu saperti dina pupuh. Contona:

(109) DU'A
Angkatan '66

Karya: Rachmat M. Sas Karana

Mugi-mugi
ti antara abdi sadaya
teu aya nu jalir jangji
ka lemah cai, bangsa katut nagara
Diajar tina sajarah
dina saban perjoangan
teu weléh aya jalma sarakah
nyatut kamurnianana
keur kapentingan dirina

Tapi
Mugi-mugi
ti antara abdi sadaya
teu aya nu jalir jangji
ka lemah cai, bangsa katut nagara
Bandung, 1966
(*Sajak Sunda Indonésia Emas*, 1995:88)

c. Wacana Drama

Wacana drama atawa carita drama nya éta wacana anu midangkeun carita atawa lalakon ku paguneman (dialog), diajangkeun pikeun dilakukeun ku para pamaén (aktor) dina pagelaran. Nilik kana wangunna, aya wacana drama lancarana jeung aya wacana drama ugeran. Drama anu pagunemanana dihaleuangkeun disebut gending karesmén. Wujud lahiriah wacana drama boga hal-hal anu husus tur maranti, di antarana, (a) candraan, (b) pertélaan palaku, (c) babak jeung adegan, (d) candraan, (é) paguneman, jeung (f) prolog katut épilog.

Candraan (*déskripsi*) biasana aya di awal babak. Eusina nerangkeun kaayaan latar (tempat, waktu), suasana, kajadian carita, jeung palaku. *Pertélaan palaku* nataan ngaran jeung katerangan ngeunaan palaku saperti dedeg-pangadegna, watek, atawa paripolahna. *Pertélaan palaku* bisa ogé diseselkeun dina paguneman atawa omongan para palaku.

Babak jeung *adegan* mangrupa hal anu ngabagi-bagi karangan drama. Carita drama bisa diwangun ku sababak bisa ku sababaraha babak. Dina hiji babak dilalakonkeun kajadian-kajadian di hiji tempat dina saruntuyan waktu. Unggal babak dibagi jadi sababaraha adegan, biasana nurutkeun robahna kajadian ku datang atawa inditna palaku.

Paguneman (dialog) mangrupa kalimah atawa omongan langsung ti para palaku anu diucapkeun silihtémpas. Dina karangan drama mah gegedéna paguneman, malah jadi ciri wacana drama. Ari carana, mimiti ditulis ngaran palaku, dituturkeun ku titik dua, terus omongan palaku.

Prolog jeung *épilog* mangrupa babagian darama nu ayana di awal jeung di ahir carita. Prolong cicingna di awal carita, jadi manggalasastra, eusinamangrupa katerangan pangarang ngeunaan lalakon nu rék disuguhkeun. Sabalikna, *épilog* aya di ahir drama, minangka panutup, eusina mangrupa kacindekan lalakon jeung naséhat pangarang. Contona:

(110) CEURIK NU BEUNG HAR

Karya: Wahyu Wibisana

Di imah sudagar.

Bojona sudagar asup diiring ku gandék awéwé. Manéhna ujug-ujug nyuuh kana panyarandéan korsu.

GANDEK AWEWE: Parantos Juragan, ieu Bibi janten bangreung.

Badega lalaki asup.

BADEGA LALAKI : (*Ka bojona sudagar*). Juragan pameget itu dina béndi, sumping.

BOJONA SUDAGAR: Teu kaciri Bibi, kuring tas ceurik?

GANDEK AWEWE : (*Reuwas*) Ya Allah, deudeuh teuing, Dunungan, ... Emh, ku naon atuh?

BADEGA LALAKI : (*Milu reuwas*). Aduh, aduh, aduh. Aya naon Juragan?

5.6.3.2 Wacana Non-fiksi

Wacana non-fiksi nya éta wacana nu eusina ngébréhkeun obyék anu bisa nambahan pangalaman pamiarsa, sipatna faktual jeung saujuratna dumasar kana alam nyata. Ku kituna, wacana non-fiksi disebut ogé wacana faktual atawa wacana ékspositoris. Aya rupa-rupa wacana non-fiksi, di antarana, warta, artikel, makalah, skripsi, surat, hutbah jumaah, jeung buku pedaran. Di handap ieu conto sempalan tina warta berita.

(110) Lémbang lian ti boga poténsi wista alam anu aréndah tumaninah, kayaning Tangkuban Parahu, Maribaya, Jayagiri, jeung Curug Cimahi, ogé boga poténsi Agribisnis

budidaya jamur (supa) anu nguntungkeun para patanina. Pernahna di daérah Cisarua. Ti pusat latihan Kavaleri Parongpong ka kulonkeun, papan-papan ngaran pakumpulan patani supa ngajajr kénca-katuhueun jalan. (*Manglé* No. 1950:38)

Upamana wacana fiksi mibanda ciri-ciri intuitif, konséntris, jeung komuni; ari wacana non-fiksi mah ciri-cirina téh dénotatif, logis, analitis, jeung komunikatif. Kecap-kecap anu dipaké dina wacana non-fiksi lolobana ngagunakeun *harti dénotatif*, nya éta harti sabenerna atawa saujuratna luyu jeung obyék nu dimaksudna. Dadaran dina wacana non-fiksi obyék jeung *logis* atawa manjing akal, biasana dieuyeuban ku fakta anu nyata. Cara neuleuman pasualan dina wacana non-fiksi sipatna *analitis*, nya éta dipilam-pah satahap-satahap maké hukum kausal atawa sabab-akibat tur padika ilmiah, leupas tina unsur subyékatif. Kagiatan nu muncul dina maca wacana non-fiksi sipatna *komunikatif*, nya éta wawaran nu aya dina wacana téh kudu katarima kalawan gamblang ku nu maca, tujuanana sangkan teu pasalia paham.

DAFTAR PUSTAKA

Adiwidjaja, R.I.

1951 *Adegan Basa Sunda*. Djakarta: J.B. Wolters.

Alisjahbana, Sutan Takdir

1981 *Tatabahasa Baru Bahasa Indonesia II*. [Cetakan I, 1949].

Jakarta: Dian Rakyat.

Alwi, Hasan

1992 *Modalitas dalam Bahasa Indonésia*. Yogyakarta: Kanisius

- 1993 “Pembinaan dan Pengembangan Bahasa dan Bahasa Sunda”. Makalah Kongrés Bahasa Sunda VI di Bandung.
- Alwi, Hasan *et al.*
1993 *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Aminoedin, Ny A.
1985 *Fonologi Bahasa Indonésia*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Ardiwinata, D.K.
1984 *Tata Bahasa Sunda*. [Terj. Ayatrohaédi *Ĕlmoening Basa Sunda*, 1914]. Jakarta: Balai Pustaka.
- Bloomfield, Leonard
1933 *Language*. New York: Holt, Reinhart, and Winston.
- 1995 *Bahasa* [Terj. I. Subikto Pr.]. Jakarta: Gramédia.
- Brooks, Nelson W.
1964 *Language and Language Learning*. New York: McMillan.
- Carlson, Lauri.
1983 *Dialogue Games: An Approach to Discourse Analysis*. Dordrecht, Holland: Reidel Pub.
- Coulthard, Malcolm.
1978 *An Introduction to Discourse Analysis*. London: Longman.
- Coulthard, Malcolm & Martin Montgomery (Ed.)
1981 *Studies in Discourse Analysis*. London: Routledge.
- Coolsma, S.
1984 *Tata Bahasa Sunda* [Terj. Husein Wdjajakusumah & Yus Rusyana tina *Sundanese Spraakkunst*, 1904]. Jakarta: Balai Pustaka.
- Cook, Walter A.
1970 *Introduction to Tagmemics Analysis*. New York: Holt, Rinehart, and Winston.
- Crystal, David
1989 *The Cambridge Encyclopedia of a Language*. London: Cambridge University Press.
- Dahl, Osten
1985 *Tense and Aspect Systems*. New York: Basil Blackwell.
- Deese, James
1986 *Thought into Speech: The Psychology of Language*. Englewood Cliffs, NJ: Prentice-Hall, Inc.
- Djajadiradja, R.
1927 *Palanggeran Aksara Sunda*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Edmonson, Willis
1981 *Spoken Discourse: A Model for Analysis*. London: Longman.
- Elson, F. Benjamin & Velma B. Pickett
1982 *Beggining Morphology and Sintax*. Mexico City: The SIL.
- Eringa, FS.
1983 *Soendaas-Nederlands Woordenboek*. Leiden: Koninklijk Instituut voor Taal, Kanden Volkenkunde.
- Faturohman, Taufik
1983 *Tatabasa Sunda*. Bandung: Jatnika.
- Fokker, AA.
1952 “Tatabunyi Sunda” dina *Bahasa dan Budaya I. I.* Jakarta: FASAU Press.
- 1960 *Pengantar Sintaksis Indonesia*. Jakarta: Pradnja Paramita.
- Geerdink, A.
1875 *Soendaneesch-Hollandsch Woordenboek*. Batavia: Grashuis, GJ.
- 1984 *Handleiding voor het aanleveren van het Soendaneesch Letterschrift*. Leiden:
- Gutwinski, Wal Demar
1976 *Cohesion in Literary Text*. The Hague: Mouton.
- Halim, Amran (Ĕd.)
1980 *Politik Bahasa Nasional 2*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Hanafi, Nurachman
1997 “A Typological Study of Sundanese”. Disertasi La Trobe University, Australia.
- Hardjadibrata, R.R.
1985 *Sundanese: A Syntactical Analysis*. Canberra: Pacific Linguistics. Series D-No. 65.
- Hymes, Dell
1972 “The Etnography of Speaking” dina J.A. Fishman (Ed), *Reading in the Sociology of Language*. The Hague: Mouton.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.
1989 *Palanggeran Ĕjahan Basa Sunda*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Kaswanti Purwo, Bambang
1984 *Deiksis dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Kaswanti Purwo, Bambang (Ĕd.)

- 1985 *Untaian Teori Sintaksis 1970-1980-an*. Jakarta: Arcan.
- Kats, J. & M. Soerjadiredja
1982 *Tata Bahasa dan Ungkapan Bahasa Sunda (Ayatrohaédi, Spraakkunst en Taaleigen van het Soendaasch, 1927)*. Jakarta: Djambatan.
- Keraf, Gorys
1980 *Komposisi*. Ende-Flores: Nusa Indah.
1982 *Tata Bahasa Rujukan Bahasa Indonésia*. Jakarta: Gramédia.
1982a *Éksposisi dan Déskripsi*. Ende-Flores: Nusa Indah.
1984 *Argumentasi dan Narasi*. Jakarta: Gramedia.
- Kridalaksana, Harimurti
1978 "Keutuhan Wacana" dina *Bahasa dan Sastra IV, 1978:36-45*. Jakarta: Pusat Bahasa.
1982 *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
1989 *Pembentukan Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramédia
1990 *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramédia.
- Kridalaksana, Harimurti *et al.*
1985 *Tata Bahasa Déskriptif Bahasa Indonesia: Sintaksis*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Lapoliwa, Hans
1990 *Klausu Pemerlengkapan dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Lass, Roger
1991 *Fonologi*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Lembaga Bahasa Nasional
1977 *Pedoman Umum Éjaan Bahasa Sunda yang Disempurnakan*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS)
1959 *Éjahan Basa Sunda ku Aksara Latén*. Bandung: Taraté.
1982 *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté.
- Levinson, Stephen C.
1987 *Pragmatics*. London: Cambridge University Press.
- Li, Charles N.
1974 *The Subject and Topic*. New York: Academic Press.
- Lyons, John
1972 *Introduction to Theoretical Linguistics*. London: Cambridge University Press.
- 1977 *Semantics I & II*. London: Cambridge University Press.
- Marzuki, A.
1980 "Struktur Kata Keadaan Bahasa Sunda". Jakarta: Pusat Bahasa.
1982 "Partikel Pementing Bahasa Sunda". Jakarta: Pusat Bahasa.
- Marsono
1986 *Fonétik*. Yogyakarta: UGM Press.
- Masinambouw, E.K.M. (*Ed.*)
1980 *Kata Majemuk: Beberapa Sumbangan Pikiran*. Jakarta: Fakultas Sastra Universitas Indonesia.
- Matthews, P.H.
1978 *Morphology*. Ann Arbor: The University of Michigan Press.
1981 *Syntax*. London: Cambridge University Press.
- Mees, C.A.
1955 *Tatabahasa Indonésia*. Groningen: J.B. Wolters.
- Mulyono, Iyo Spk.
1983 *Kata Tugas Bahasa Sunda*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Nataprawira, P.
tt *Paramasastra Sunda I*. Bandung: Toko Melodie.
- Nida, Eugene A.
1978 *Morphology*. London: Morrison & Gibb Ltd.
- Nurachman, Hanafi
1997 "A Typological Study of Sundanese". Victoria, Australia: La Trobe.
- O'Grady, William *et al.*
1989 *Contemporary Linguistics*. New York: St. Martin's.
- Parera, Jos Daniel
1982 *Fonétik dan Fonémik Bahasa Indonésia*. Ende: Nusa Indah
1988 *Sintaksis*. Jakarta: Érlangga.
1994 *Morfologi Bahasa*. Jakarta: Gramédia.
- Permadi, Tédi Spk.
1999 *Aksara Sunda*. Bandung: PT. Granésia.
- Permana, SME.
1980 *Paramasastra Sunda*. Bandung: Karya Kita.
- Pike, Kenneth Lee & Evelyn G. Pike
1983 *Gramatical Analysis*. Dallas: The SIL.
- Poedjosoedarmo, Soepomo

- 1985 "Komponen Tutur" dina Soenjono Dardjowidjojo (Ed.), *Perkembangan Linguistik di Indonesia*. Jakarta: Arcan.
- Prawirasumantri, Abud *et al.*
1979 *Sistem Morfologi Kata Kerja Bahasa Sunda*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- 1985 "Morfologi Kata Sifat dan Kata Bilangan Bahasa Sunda". Jakarta: Pusat Bahasa.
- 1987 "Tata Bahasa Sunda: Sintaksis". Jakarta: Pusat Bahasa.
- 1993 *Kamekaran, Adegan, jeung Kandaga Kecap Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Prawirasumantri, Abud & Yayat Sudaryat
2001 "Struktur Pragmatis Kalimat Bahasa Sunda". Bandung: Proyek Due-like UPI.
- Quirk, Randolp *et al.*
1987 *A Comprehensive Grammar of The English Language*. London: Longman.
- Ramlan, M.
1985 *Penggolongan Kata*. Yogyakarta: Andi Offset.
1987 *Sintaksis*. Yogyakarta: CV Karyono.
1987a *Morfologi*. Yogyakarta: CV Karyono.
- Robins, R.H.
1982 *Sistem dan Struktur Bahasa Sunda* [Terj. Kridalaksana]. Jakarta: Djambatan.
- Rusyana, Yus *et al.*
1981 *Sistem Pemajemukan Bahasa Sunda*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Rusyana, Yus & Samsuri (Ed.)
1976 *Pedoman Penulisan Tata Bahasa Indonésia*. Jakarta: Pusat Bhs.
- Salmun, M.A.
1970 *Kandaga Tatakalmah*. Bandung: Ganaco.
- Syamsuddin AR
1992 *Studi Wacana*. Bandung: Mimbar Pendidikan Bahasa dan Seni
FPBS IKIP.
- Samsuri
1983 *Analisis Bahasa*. Jakarta: Ęrlangga.
1985 *Tatakalmat Bahasa Indonésia*. Jakarta: Sastra Hudaya.
- 1988 *Morfologi dan Tata Bentuk Kata Bahasa Indonésia*. Jakarta: P3LPTK.
- 1990 "Analisis Wacana". Malang: IKIP Malang.
- Sudaryat, Yayat
1987 "Ulikan Warna Kecap Basa Sunda". Bandung: FPBS IKIP
1989 "Ulikan Fonologi Basa Sunda". Bandung: FPBS IKIP.
1991 (1985) *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
1993 *Ulikan Sémantik Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
1995 *Ulikan Wacana Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
2000 "Fungsi Sintaktis dalam Klausa Bahasa Sunda". Bandung: Proyek Due-like UPI.
2003 "Struktur Diatesis Kalimat Bahasa Sunda". Bandung: Proyek Due-like UPI.
2004 *Ęlmuning Basa*. Bandung: Walatra.
2004 *Struktur Wacana*. Bandung: Raksa Cipta.
2005 *Kamus Istilah Ęlmuning Basa Sunda*. Bandung: Karya Iptek.
- Sudaryat, Yayat Spk.
1993 *Wacana, Adegan Kecap, Frasa, jeung Klasa Basa Sunda*. Bandung: Andira.
- Suriamiharja, Agus Spk.
1998 "Kamus Dialék Bahasa Sunda". Bandung: LBSS.
- Sutawijaya, Alam *et al.*
1977 "Struktur Bahasa Sunda Dialek Priangan". Jakarta: Pusat Bahasa.
1978 "Morfologi dan Sintaksis Bahasa Sunda". Jakarta: Pusat Bahasa.
1981 *Sistem Perulangan Bahasa Sunda*. Jakarta: Pusat Bahasa.
1984 *Morfologi Kata Benda Bahasa Sunda*. Jakarta: Pusat Bahasa.
1994 "Kodifikasi Unsur Serepan Basa Sunda tina Basa Indonésia". Makalah. Bandung: Kongrés Basa Sunda VI.
- Tadjuddin, Moh.
1993 *Pengungkapan Makna Aspektualitas Bahasa Rusia dalam Bahasa Indonésia*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Tarigan, H.G.
1987 *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa.
- Tampubolon, DP. *et al.*
1979 *Tipe--tipe Sémantik Kata Kerja Bahasa Indonesia*

- Kontémporér*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Tisnawerdaja, A.
 1955 *Widjining Sastra*. Kuningan:
 1975 *Tatabasa Sunda*. Bandung: Yayasan Kudjang.
 1982 *Palanggeran Nuliskeun Basa Sunda ku Aksara Latén*.
 Bandung: Yayasan Kudjang.
- Uchlenbeck, E.M.
 1984 *Morfologi Bahasa Jawa* (Terj. Soenarjati Djajanegara).
 Jakarta: Djambatan.
- Umsari, Oyon Sofyan
 1988 "Fonologi jeung Morfologi Basa Sunda". Bogor: Kongrés
 Basa Sunda V.
- van Syoc, WB.
 1959 *The Phonology of The Sundanese Language*. Ann Arbor: The
 University Of Michigan Press.
- Wirakusumah, R. Momon & H.I. Buldan Djajawiguna.
 1957 *Kandaga Tatabasa*. Bandung: CV Ganaco.
- Yudibrata, Karna
 1981 Perbandingan Struktur Bahasa Sunda dan Bahasa Indonésia".
 Bandung: FKSS IKIP.
 1993 "Nyusun Tata Basa Sunda Lulugu". Bandung: Kongrés Basa
 Sunda VI.
- Yudibrata, Karna Spk.
 1989 *Bagbagan Makéna Basa Sunda*. Bandung: Rahmat Cijulang.
 1993 "Tarékah Nyusun Tata Basa Sunda Lulugu". Bandung:
 Panitia Kongrés Basa Sunda VI.
 2001 *Analisis Linguistik Struktural*. Bandung: FPBS UPI.

RIWAYAT HIRUP

Yayat Sudaryat lahir di Manonjaya, Tasikmalaya, 10 Pébruari 1963. Tamat SD (1975), SMP (1978), SMA (1982), Sarjana IKIP (1986), Magister Humaniora (Linguistik) UNPAD (1994), Program Doktor (Linguistik) UNPAD (1994-?), jeung Program Doktor Pendidikan Bahasa Indonesia UPI (2004)

Kungsi ngajar di SMP-SMA Yayasan Atikan Sunda (1985-1994), FKIP Unsil, Universitas Maranatha, STBA Yapari, jeung UNSUR Cianjur. Ari gawé

matuhna di Jurusan Pendidikan Basa Daérah (Sunda) FPBS UPI. Mata kuliah nu diasuhna: *Linguistik Umum, Fonologi, Wacana, Sémantik*, jeung *Psikolinguistik*.

Jabatan nu kungsi dicangkingna nya éta Ketua Widang Basa LBSS (1994-1999), Ketua Widang Pengajaran LBSS (2004-2005), jeung Sekretaris Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah FPBS UPI (1999-2003).

Sok pirajeunan tulas-tulis. Buku pribadina nu kungsi medal nya éta *Pedaran Basa Sunda* (1985), *Ulukan Sémantik Sunda* (1994; meunang **Hadiah Basa LBSS**, 2003), *Ulukan Wacana Basa Sunda* (1994), *Fonologi Bahasa Indonésia* (1997), *Élmuning Basa* (2004), *Kamus Istilah Élmuning Basa Sunda* (2005).

Aya deuih buku-buku anu ditulis babarengan kayaning *Pendidikan Bahasa Daérah* (1992), *Wacana, Adegan Kecap, Frase, jeung Klausa Basa Sunda* (1993), *Kamekaran, Adegan, Kandaga Kecap Basa Sunda* (1994), *Padika Pangajaran Basa Sunda* (1995), *Modél Bahan Pangajaran Basa Sunda* (1996), *Satpel Basa Sunda SD* (1987), *Piwulang Basa SD* (1994), *Basa Sunda Urang SMP* (1994), *Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SLTP* (1995), jeung *Pedoman KBK Basa Sunda* (2003), *Kurikulum 2004: Pedoman Pengembangan Silabus dan Sistem Penilaian Bahasa Sunda* (2004), *Kurikulum 2004: Pedoman Kegiatan Belajar Mengajar Bahasa Sunda* (2004).

Réa ngayakeun panalungtikan basa jeung budaya Sunda katut pangajaranana, di antarana, (1) *Pewatas Nomina*, (2) *Frasa Atributif*, (3) *Glosaria Dialék Sunda*, (4) *Tatabasa Baku Basa Sunda*, (5) *Buku Teks SLTP*, (6) *Pembelajaran Mulok*, (7) *Sémantik Léksikal*, (8) *Istilah Tatabasa Sunda*, (9) *Pengkajian Kesenian Jawa Barat*, (10) *Fonologi*, (11) *Kompeténsi Sintaktis*, (12) *Pendekatan Alamiah*, (13) *Pendekatan Humanistik*, (14) *Struktur Pragmatis Kalimah*, (15) *Struktur Diatésis Kalimah*, jeung (16) *Analisis Bentuk Léksikal BS-BI* (1997).

Sering midangkeun makalah dina acara-acara kayaning (a) Penyuluhan Guru-guru SD, SMP, SMA sa-Jawa Barat (Dinas P & K), (b) Penataran Guru-guru SMP ka Kota/Kabupatén di sakuliah Jawa Barat, (c) Seminar Basa jeung Sastra (UNSIL, UPI), (d) Konférénsi Internasional Budaya Sunda (2000), (d) Temu Sastra dan Budaya se-Indonésia (2002), (e) Artikel-artikel dina Jurnal FPBS UPI jeung Jurusan., (f) Tim panyusun Kurikulum Basa jeung Sastra Sunda SD-SMP (1994, 2004), (g) Editor buku pangajaranbasa Sunda SD-SMP.

Kungsi dilélér Pinunjul I Hadiah Basa LBSS (2003), Satyalencana Karya Satya Presiden RI (2000), jeung Karya Bakti Satya Rektor UPI (2003).

Abud Prawirasumantri lahir di Bandung, 8 Agustus 1938. Tamat SD Cisondari (1951), SGB Subang (1953), SGA III (1957), Sarjana Muda FKIP UNPAD (1961), Sarjana IKIP Bandung (1964).

Jabatan struktural anu kungsi dicangkingna nya éta Ketua Jurusan Sunda IKIP Bandung (3 entragan), Pembantu Dekan II FKSS IKIP (2 entragan), Pembantu Dekan IV FKSS IKIP, jeung Dekan FPBS IKIP (2 entragan). Kungsi nyangking Jabatan nonstruktural jadi Staf ahli Lembaga Penelitian Pengajaran Bahasa, Koordinator MKDU Bahasa

Indonesia IKIP, Koordinator Bidang Studi Bahasa Daerah PGSD IKIP, Anggota Senat FPBS, Anggota Senat IKIP, Anggota Tim Penilai Angka Kredit Kenaikan Pangkat IKIP.

Pangalaman ngajarna kaitung euyeub, di antarana, dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS IKIP/UPI, Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia, jeung Akta Mengajar V Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia. Di luar tugas lulugu IKIP/UPI, anjeunna kungsi jadi guru SMP PGRI Ciwidey, KPGA PGRI Ciwidey, dosen Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia di sawatara PTS (Unpas Bandung, UNINUS, STKIP UNISI Cimahi, STKIP/FKIP UNSUR Cianjur, UNSAP Sumedang, STKIP Garut, jeung FKIP UNSIL Tasikmalaya, STKIP Galuh Ciamis, MKDU Bahasa Indonesia ITB), jeung Akta Mengajar V Tingkat Nasional.

Hal-hal lianna, di antarana waé, Sekretaris/Pimpinan Proyék Penelitian Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah Jawa Barat, Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Sunda, Ketua UPT Penelitian STKIP UNISI Cimahi, Seksi Pangajaran LBSS, Anggota Tim Ahli Pengembang Kurikulum Mulok Bahasa dan Sastra Sunda 1994, Penatar/Penyuluh Bahasa Indonesia bagi Guru-guru SMP dan SMA se-Jawa Barat, Penatar/Penyuluh Bahasa Sunda bagi Guru-guru SMP dan SMA se-Jawa Barat, Pemakalah Kongres Bahasa Indonesia V (1988), Kongres Bahasa Sunda (1988, 1993, 2001), jeung Ketua Tim Pengkaji/Penilai Pengadaan Buku Pelajaran Mulok Bahasa Sunda Propinsi Jawa Barat.

Tulisan-tulisan anu kungsi medal, di antarana, Buku-buku seri *Bahasa Indonesia: Kapita Selektia I—V* (BPG Tertulis), *Sistem Morfologi Kata Kerja Bahasa Sunda* (Pusat Bahasa, 1979), *Bahan Pelajaran Bahasa Sunda untuk SD* (Pusat Bahasa, 1984), *Pendalaman Bahan Pengajaran Bahasa Sunda di SD* (Dinas PDK, 1982), Buku Materi Kebahasaan 1-6 (UT, 1986), Serat-Sinerat Basa Sunda (Rahmat Cijulang, 1989), Turus pikeun Guru dina Ngajembaran Bahan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda (Dinas PDK Jabar, 1989), *Wacana, Adegan Kecap, Frase, jeung Klausa Basa Sunda* (Andira, 1993), *Kamekaran, Adegan, Kandaga Kecap Basa Sunda* (GS, 1994), *Semantik Bahasa Indonesia* (PPG SLTP, 1997), *Pedoman Pengembangan KBK Bahasa Sunda* (GS, 2003). Artikel-artikel ngeunaan basa Sunda jeung basa Indonesia nu dimuat dina majalah *Prisma, Budaya Jaya, Mangle, Kalawarta LBSS, Suara Daerah, Mimbar Pendidikan Bahasa dan Seni*, sarta koran *Pikiran Rakyat*.

Tulisan-tulisan nu sipatna lokal (lingkungan IKIP/UPI), di antarana, *Idiomatik Sunda* (1973), *Bahan, Tehnik, jeung Model Pangajaran Struktur Bahasa Sunda keur SMP* (1990), *Sintaksis Transformasional* (1997), *Fonetik Basa Sunda* (1996), *Fonemik Basa Sunda* (1997), *Sintaksis Basa Sunda* (2000), *Semantik Bahasa Indonesia* (2001). *Jaba ti eta, aya sawatara laporan panalungtikan ngeunaan Upacara Tradisional Sunda tina segi Etika* (1995), *Kualitas Buku Teks Bahasa Sunda SMP* (1996), *Tinjauan Pendekatan Komunikatif terhadap Pembelajaran Bahasa Sunda di Kota Bandung* (1995), *Analisis Kontrastif Bentuk Leksikal BS-BI* (1997), *Penggabuynagn Klausa dalam Pembentukan Kalimat Majemuk Bahasa Sunda* (1999), jeung *Struktur Pragmatis Kalimat dalam Bahasa Sunda* (2002).

Karna Yudibrata lahir di Rancah Ciamis, 17 September 1936. Tamat SD Tambaksari (1951), SGB Subang (1954), SGA Bandung (1957), Sarmud FKIP Unpad (1961), Sarjana IKIP Bandung (1969), jeung Program Doktor IKIP Malang (1984-?).

Karierna ditaratas ku jadi dosen FKIP Unpad (1961), Ketua ASTI Bandung (1970-1979), Kajar FKSS IKIP Bandung (1971-74), Karo Orkespra IKIP (1975-1980), Sekretaris LPM IKIP Bandung (1984-186), PR III IKIP Bandung (1986-95).

Icikibung di dunya organisasi seni, sastra, basa, jeung budaya saperti Ketua II PPSS (1966), Sekretaris Dewan Kebudayaan Jabar (1974-80), Ketua Umum Bapomi Jabar (1987-92), Ketua OC Asean Sport Council (1990), Ketua Umum LBSS (1994-98), Ketua Pelaksana GK Kabumi (1985-95).

Karya anu kungsi dipedalkeun, di antarana, *Nganti-nganti Dawuh* (1967), 11 rumpaka lagu dina buku *Haleuang Tandang* (1975), *Istilah Seni Tari dan Karawitan Sunda* (1979), *Kanyaah Kolot* (1985), *Ensiklopedi Sastra Sunda* (1986), *Bagbagan Makena Basa Sunda* (1989), *Perbandingan Strukur Bahasa Sunda-Indonesia* (1991), *Undak-usuk Basa Sunda* (1991), jeung *Psikologi Linguistik* (1998).

Kungsi dilélér penghargaan President Asean University Sports Council (1990), Satyalencana Karya Satya (1992), President CIOFF France (1994), Duta Besar RI di sababaraha nagara dina widang kasenian.

